Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JÁHÁN TARIYXÍ

# 9

Qayta islengen hám tolıqtırılǵan tórtinshi basılımı

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń 9-klası ushın sabaqlıq sıpatında tastıyıqlaǵan*

«O'QITUVCHI» BASPA-POLIGRAFIYALÍQ
DÓRETIWSHILIK ÚYI
TASHKENT — 2019

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**UO‘K: 94(100)(075.3)**
**KBK 63.3(0) ya 72**
**J 60**

Tariyxıy ádebiyatlardı baspaǵa tayarlaw hám basıp shıǵarıw boyınsha ekspert toparı juwmaǵına muwapıq Respublikalıq bilimlendiriw orayınıń tariyx pánleriniń oqıw-metodikalıq keńesi tárepinen baspaǵa usınıs etilgen.

*Avtorlar:*

**M. Lafasov, U. Jurayev,**
**E. Xoliqov, D. Qodirova**

**Juwaplı redaktor: E. Z. Nuriddinov** – tariyx ilimleriniń doktorı, professor.

**Pikir bildiriwshiler**: **R.R. Nazarov** — filosofiya ilimlerinin kandidatı;
**B. Abdullayev** — joqarı kategoriyalı oqıtıwshı.

## SHÁRTLI BELGILER

Tema ústinde óz betinshe islew.

Este saqlań.

Disput ushın tema.

Atamalar mazmunı.

Soraw hám tapsırmalar.

Ózbek tilinen qaraqalpaq tiline
awdarmaǵa pikir bildiriwshi:

**M. Tájimuratov** — *Shımbay rayonı 10-sanlı mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı.*

**Respublikà màqsetli kitàp qorı qàrjıları esàbınàn bàsıp shıǵàrıldı.**

© M. Lafasov hám b.
© «Bilim» baspası, 2019.
© „O‘qituvchi“ BPDÚ, 2019
Qaraqalpaqsha awdarma

ISBN 978-9943-22-401-8

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

Áziz oqıwshılar!

Siz ǵárezsiz Ózbekstannıń perzentlerisiz. Jáhán tariyxın úyreniwde elimiz basshısı Shavkat Mirziyoyevtiń «...dúnyada, átirapımızda jámiyetimizdegi turaqlı jaǵdaydı buzıw, adamlar arasına alawızlıq tuwdırıw, dushpanlıq etiw, túrli kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarıw hám hátte qan tógiliwin qáleytuǵın kúshler de joq emes», degen sózlerin este saqlańız hám onıń tamırları XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarına barıp taqalıwın biliwińiz zárúr.

Siz 9-klasqa qádem qoydıńız. Siz 8-klasta «Jáhán tariyxı» boyınsha XVI ásir baslarınan XIX ásirdiń ekinshi yarımına shekemgi bolǵan dáwirdi úyrendińiz. Bul dáwirde jámiyet rawajlanıwında ósiw kúsheydi. Óndiris keńeydi. Siyasiy demokratiya rásmiylestirilip, joqarı qatlamlardıń húkimdarlıq formaları jetilisti. Siz jáhán tariyxınıń eń qızıqlı, quramalı dáwirin úyrenesiz. Sebebi, bul dáwirde dúnyada úlken ózgerisler júz berdi. Bul dáwirdiń tiykarǵı belgisi — óndiriste monopolistlik kapitalizm ornadı. Hár túrli sindikatlar, karteller, koncernler júzege keldi. Óndiris oraylastı, shet elge kapital shıǵarıw baslandı. Bir qatar mámleketler 100 jılda erise almaǵan rawajlanıwǵa eristi.

Bazar ekonomikasına tán bolǵan bunday ózgerislerdi házirde biziń elimiz óz basınan ótkermekte. Jámiyet rawajlanıwınıń tariyxıy tájiriybelerinen búgingi kúnde paydalanıw, jol qoyılǵan qátelerdi tákirarlamaw elimizde ullı jámiyet dúziwdi hám dúnya jámiyetshiliginde múnásip orın iyelewimizdi tezlestiredi. Sol sebepli rawajlanǵan eller tariyxın tereń úyrenip, onıń unamlı tárеplerinen respublikamız gúlleniwi ushın paydalanıw hárbirimizdiń ádiwli minnetimiz.

Bul sabaqlıq tariyxtı jańasha dáwirlestiriw tiykarında tayarlanǵan bolıp, XIX ásirdiń 70-jıllarınan 1918-jılǵa shekemgi dáwirdi óz ishine aladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I BÓLIM | JÁHÁN XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ — XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA

## I BAP — DÚNYANÍŃ SOCIAL-EKONOMIKALÍQ HÁM SIYASIY KÓRINISI

### 1-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında kapitalizmniń rawajlanıwında júz bergen túpkilikli ózgerisler

**Óndiristiń koncentraciyalasıwı**

XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında kapitalizm rawajlanıwında jańa basqısh — monopolistlik kapitalizm dep atalıwshı basqısh ornadı. Monopolistlik kapitalizm — kapitalizmniń ekonomikalıq turmısında monopoliyalar rawajlanğan, finans oligarxiyası qáliplesken, óndiris koncentraciyalasqan hám milletler aralıq korporaciyalar júzege kelgen, siyasiy turmısta bolsa olardıń jámiyet turmısı ústinen ústemligi ornatılğan basqısh bólıp esaplanadı.

Kapitalizmniń bul basqıshı erkin kapitalizm basqıshınan tómendegi tiykarğı belgileri menen ajıralıp turadı:

**1. Óndiris tarawında monopoliyalardıń júzege kelgenligi.**

Monopoliya — óndiris yamasa sawdanıń bir tarawında jekke ústemlikti iyelegen úlken kárxana yaki sonday kárxanalar birlespesi bolıp tabıladı. Monopoliyalar industrial mámleketlerdiń barlığında júzege kelgen edi.

Olar kartel, sindikat, trest hám koncern kórinisinde mámleket xojalığınıń ol yaki bul tarawın iyelegen edi. Máselen, Germaniyada dúzilgen Reyn-Vestfaliya kómir sindikatı elde qazıp alınatuğın hám satılatuğın kómirdiń tiykarğı bólegin óz qolında toplağan.

XIX ásirdiń aqırında Germaniyada 250, AQSHta bolsa 185 monopoliya xızmet kórsetken.

**2. Finans oligarxiyasınıń júzege kelgenligi.**

Bul jağday sanaat hám bank kapitalınıń qosılıwı nátiyjesinde payda bolğan. Óndiristiń oraylasıwı hám sanaattıń monopoliyalasıw procesi bank xızmetinde kapitaldıń oraylasıwına alıp keldi. Kúshli báseki sebepli kishi bankler kriziske ushırap, úl-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ken bankler quramına qosıldı. Nátiyjede, júdá úlken finanslıq qúdiretke hám óz elinde úlken siyasiy tásirge de iye bolǵan finanslıq oraylar — bank-gigantlar (iri bankler) júzege keldi. XX ásirdiń baslarında usınday banklerden Franciyada úsh, AQSHta bolsa ekew edi.

Bank kapitalı menen sanaat kapitalınıń birlesip ketiwi kapitaldıń jańa formasın — finans kapitalın júzege keltirdi. Polat, neft, gazeta hám basqa taraw «korollarınıń» júdá úlken bank-sanaat imperiyaları payda boldı.

AQSHta mámlekettiń ekonomikalıq turmısın qadaǵalawshı 60 shańaraqtıń usınday imperiyaları bar edi. XIX ásirdiń aqırında bul shańaraqlardan «úlken úshlik» — Rokfeller (neft), Morgan (finans), Karnegi (polat) bólinip turdı. XX ásirdiń baslarında Karnegi óziniń kóp millionlı múlkin satqannan soń amerikalılar názerinde isbilermenliktegi tabıs hám baylıqtıń qúdireti Morgan hám Rokfellerde jámlesti. Solay etip, Rokfellerdiń neft tresti eldegi neft óniminiń derlik barlıǵın islep shıǵardı, Morgannıń polat tresti bolsa polattıń 66 % tin berdi. Franciyada bolsa finanslıq qúdirettiń tımsalı francuz bankiniń úlken amanatshıları bolǵan «200 shańaraq» edi.

**3. Sırtqa kapital shıǵarıw úlken áhmiyetke iye boldı.**

Monopoliyalar, finans oligarxiyası paydanı kóbeytiwge háreket etip, sırtqa endi tovarlardı emes, al kapital shıǵarıwǵa ayrıqsha áhmiyet bere basladı. Sebebi, endi tovar shıǵarıwǵa qaraǵanda, sırt ellerge kapital shıǵarıw, yaǵnıy olarǵa procent esabına kreditler beriw, tábiyiy baylıqlardı arzanǵa satıp alıw, ol jerlerde eń arzan jumısshı kúshi esabına baylıq arttırıw imkanın beriwshi kárxanalar qurıw paydalı bolıp qaldı.

Solay etip, monopoliyalar sırtqa kapital shaǵırıwdı onı óz elleri ekonomikasına salıwdan abzal kóretuǵın edi, bul jaǵday metropoliyalardıń rawajlanıwına tosqınlıq ete basladı.

Usı sebepli, 1900—1913-jılları industrial eller sırtqa shıǵarǵan kapitaldıń kólemi eki ese kóbeygeni tosınnan emes edi.

**4. Xalıqaralıq monopoliyalardıń dúnyanı ekonomikalıq jaqtan bólip alıwı.**

Eń iri monopoliyalar, finans oligarxiyasınıń túrli toparları bazarlar, shiyki zat derekleri ústinen qadaǵalaw ornatıwǵa um-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tıldı. Sol tárizde, milletler aralıq korporaciyalar júzege kelgen. 1910-jılı olardıń sanı 100 ge jetken. Nátiyjede, milletler aralıq korporaciyalar ortasında jáhán xojalıǵı hám baylıǵın qadaǵalaw ushın gúres baslanǵan. Solay etip, eki finans toparı — Rokfeller (AQSH) hám Rotshildler (Ullı Britaniya, Franciya) toparı jáhánniń kerosin bazarın bólip alǵan.

1907-jılı úlken monopoliyalar — «Ulıwma elektr kompaniyası» (AQSH) menen «Ulıwma elektr jámiyeti» (Germaniya) ortasında da jáhán elektr bazarın bólip alıw hám óz ara birge islesiw haqqında shártnama dúzilgen. Sol sebepli, derlik barlıq basqa kúshsiz, artta qalǵan mámleketler eń iri industrial mámleketlerdiń finans oligarxiyasına kóbirek ǵárezli bolıp qalǵan.

**5. Dúnyanı industrial mámleketler tárepinen aymaqlıq jaqtan bólip alıw ushın gúres kúsheydi.**

Finans oligarxiyası qúdiretiniń bekkemleniwi menen industrial mámleketlerdiń óz koloniyaların keńeytiwge umtılıwları jáne de kúsheydi. Bul jaǵday industrial mámleketler ortasında dúnyanı aymaqlıq jaqtan bólip alıwdı tezlestirdi.

XIX ásir aqırı hám XX ásir baslarına shekem olar arasında pútkil jer júziniń yarımınan kóbi bólip alınǵan edi.

Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiya júdá úlken koloniyalarǵa iye bolıp aldı.

Germaniya, Italiya hám Yaponiya bolsa onsha úlken bolmaǵan aymaqlar menen shekleniwge májbúr boldı.

Ekonomikalıq rawajlanıwda dúnyada ekinshi orınǵa, Evropada bolsa birinshi orınǵa shıqqan Germaniyanı dúnyanıń bunday bólistiriliwi hesh qanaatlandırmaǵan.

AQSH júdá úlken aymaq, bay shiyki zat qorları, keń ishki bazarǵa iye bolǵanlıǵı ushın koloniyalar basıp alıwdı qálemedi. Bunıńústine, ekonomikalıq jaqtan dúnyanıń jetekshi mámleketine aylanǵan AQSH, ashıq qurallı hújim jasawdan góre basqa mámleketlerge, birinshi náwbette, Latın Amerikası elleri ekonomikasına kirip barıwdı abzal kórdi. Biraq bul AQSH olardıń jańa aymaqlardı basıp alıwdan pútkilley waz keshpegenligin ańlatpaytuǵın edi. XIX ásirdiń aqırına kelip, AQSH Gavaya atawların annekciya etti. Filippindi basıp aldı, Puerto-Riko hám Guam atawların óziniń yarım koloniyasına aylandırdı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Koloniyalıq siyasatı nátiyjesinde, XIX ásirdiń aqırına kelip «iyelenbegen jerler»di basıp alıw juwmaqlandı. (8—9 bettegi kartaǵa qarań) Ekonomikalıq jaqtan qúdiretli mámleketlerdiń Aziya, Afrika hám Latın Amerikasındaǵı tómen rawajlanǵan ellerine tásiri barǵan sayın kúsheydi. Kún tártibinde koloniyalardı hám tásir sheńberlerin qayta bóliw máselesi payda boldı. Kóplegen mámleketler mashqalanı sheshiwdiń quralı sıpatında kúshke tayanıwdı lazım taptı. Aqıbetinde, qurallanıw jarısı baslanıp, turmıstı áskeriylestiriw barǵan sayın háwij aldı.

Qurallanıw jarısına úlken tásir kórsetken faktorlardan biri Evropa mámleketleri arasındaǵı aymaqlıq kelispewshilikler edi. Evropa mámleketleri ortasında qatnasıqlardı keskinlestiriwdiń taǵı basqa bir sebebi, olardıń bir-birinen ekonomikalıq hám áskeriy-strategiyalıq ústinlikke erisiw ushın gúresi edi. XIX ásirdiń aqırında, ekonomikalıq kórsetkishler boyınsha Evropada birinshi, dúnyada AQSHtan keyingi 2-orındı iyelegen Germaniya Ullı Britaniya hám Franciyanıń ǵázebin keltirdi. Rossiya bolsa, óz náwbetinde Germaniyanıń arqayınlıǵına zıyan keltirip atır edi. Solay etip, dúnyanıń rawajlanǵan ullı mámleketler ortasında bóliniwi, ekonomikalıq hám siyasiy báseki, áskeriy-strategiyalıq ishki qarsılıq hám qurallanıw jarısı baslanıp ketti.

**Monopolistik kapitalizmniń ornı**

Monopoliyalardıń júzege keliwi tómendegi aqıbetlerge alıp keldi, birinshiden, óndiriske jańa texnika hám texnologiyalardı keńirek engiziwge imkan jarattı. Bul bolsa, miynet ónimdarlıǵınıń keskin ósiwin támiyinledi.

Ekinshiden, jámiyettiń júdá azshılıq toparı qolında úlken hákimshiliktiń toplanıwına alıp keldi. Sonlıqtan, AQSH monopoliyashıların biykarǵa «Amerikanıń tajsız korolları» dep atamaǵan edi. Olar AQSH húkimetiniń ishki hám sırtqı siyasatına úlken tásir kórsetken. Germaniyada «Kruppqa ne jaqsı bolsa, ol Germaniya ushın da jaqsı», degen. Sebebi, olar úlken muǵdardaǵı baylıqqa iyelik etken.

Úshinshiden, monopolistlik kapitalizm qırǵınshılıq koloniyalıq urıslardı kúsheyttirgenligi menen de ajıralıp turadı. Bunday urıslardıń kúsheyiwi XIX ásirdiń aqırında «imperializm» atamasınıń keń qollanılıwına alıp keldi. Bul atama dáslep industrial



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




AZIYA HÁM AFRIKANÍŃ RAWAJLANǴAN



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




MÁMLEKETLER TÁREPINEN BÓLIP ALÍNÍWÍ



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mámleketlerdiń koloniyashılıqtan ibarat sırtqı siyasatqa qarata qollanıldı. Keyin ala imperializm ataması «monopolistlik kapitalizm atamasınıń sinonimi retinde qollanılatuǵın boldı. Sol sıyaqlı bul eki atama, bir mánini ańlata basladı.

***Monopoliya*** (grekshe, mono — jeke, poleo — sataman) — ekonomikanıń bir tarawındaǵı jeke húkimdarlıq.

***Finans*** — maqsetli pul qorların júzege keltiriwshi, jámlew, bólistiriw hám jumsaw menen baylanıslı qatnasıqlar.

***Oligarxiya*** (grek. — azshılıq hákimiyatı) — ekonomikalıq hám siyasiy húkimdarlıqtıń bir topar úlken kapital iyeleri qolında toplanıwı.

***Kartel*** (italyansha — qaǵaz, hújjet) — bir tarawdaǵı ǵárezsiz kompaniyalar, firmalardıń óndiris hám satıwdıń ulıwma kólemleri, bahaları, satıw bazarları, hárbir qatnasıwshınıń úlesi hám basqalar haqqındaǵı pitimi negizindegi dúzilme.

***Koncentraciya*** — óndiristiń bir jerge (bir qolǵa) toplanıwı.

***Koncern*** (qatnasıw, máp) — máptiń ulıwmalıǵı tiykarında birlesken kárxanalardıń úlken birlespesi.

***Sindikat*** (grekshe — birgelikte islew) — bir túrdegi ónimlerdi islep shıǵaratuǵın kárxanalar birlespesi.

***Trest*** — óndiris hám sawdanı ózlerinshe emes, oraylıq basqarıw qararı tiykarında alıp baratuǵın kárxanalar birlespesi.

***Annekciya*** (latınsha — birlestiriw) — bir mámleket aymaǵın pútkilley yamasa jartısın iyelep alıw

***Imperializm*** — kapitalizmniń jámiyetiniń eń joqarǵı hám aqırǵı dáwiri.

1. Monopolistlik kapitalizm degen ne?
2. Monopolistlik kapitalizmniń tiykarǵı belgileri nelerden ibarat?
3. Finans oligarxiyasına mısallar keltiriń.
4. Sırtqa kapital shıǵarıw qalay júz berdi?
5. Dúnyanı bólip alıw zárúrligi degen ne?

1. Kartadan paydalanıp, Ullı Britaniya koloniyalarına túsinik beriń.
2. Házirgi dáwirdegi milletleraralıq korporaciyalar menen XX ásirdiń basındaǵı monopoliyalardı salıstırıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 2-§. Industrial civilizaciya

**Industrial civilizaciya haqqında**

Siz 8-klass «Jáhán tariyxı» sabaqlıǵınan XIX ásirdiń 50—60-jıllarında Batıs Evropa hám AQSHta sanaat awdarıspaǵı aqırına jetkenligin bilip aldıńız. Solay etip, industrial civilizaciya úzil-kesil ornadı. Bul civilizaciya—tiykarǵı qádiriyatı texnika rawajlanıwı bolǵan civilizaciya edi. Siz bul haqqında 10-klasta jáne de kóbirek maǵlıwmat alasız.

«Industrial civilizaciya» ataması ornına «industrial jámiyet» ataması da qollanıladı hám olar birdey mánisti ańlatadı.

Industriallıq civilizaciyanıń belgilerinen biri — qalalardıń júdá tez rawajlanıwı. Bul, birinshiden, awıl xojalıǵında texnikanı paydalanıw nátiyjesinde bir bólek awıl xalqınıń artıqsha kúsh bolıp, jumıssız qalıwı, olardıń jumıs izlep qalalarǵa keliwi sebebinen júz berdi.

Ekinshiden, kishi qalalarda mayda sawdagerler hám ónermentshilik óndirisiniń tómenlep ketiwi, sonday-aq, transporttaǵı ózgerisler, temir jollar qurılısı, sanaat oraylarınıń úlken qalalarǵa kóshiwi esabınan boldı. Adamlar jumıs izlep hám kún kóriw ushın turaq jayların ózgertiwge májbúr boldı. Júz jıllar dawamında óz jerlerinde jasap kelgen xalıq háreketke kelip, óz jerlerin taslap qalalarǵa kete basladı. Awıldan ketiw immigraciyanı da júzege keltirdi. Endi adamlar basqa ellerge de kete basladı. Biraq, kóshiwdiń úlken bólegin óz elleri ishindegi migraciya quradı.

**Qalalardıń rawajlanıwı**

Industriallıq rawajlanıw procesinde qalalar ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Sanaat óndirisi derlik pútkilley qalalarda jaylastı. Jámiyettiń tiykarǵı ideyaları, áhmiyetli siyasiy waqıyalar da qalalarda júz beretuǵın edi. Qalalar úlken pát penen ósti. XIX ásirdiń ortalarına kelip, industrial mámleketlerde xalıqtıń derlik yarımı qalalarda toplandı. Manufaktura óndirisi dáwirinde qalalar onsha úlken emes edi.

Qalalardıń tez pát penen rawajlanıwı industriyalawdıń tiykarın jaratqan sanaat awdarıspaǵı, fabrika-zavod óndirisi aqı-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

betinde edi. Ullı Britaniyada bul process erterek baslandı. Basqa orınlarda keshirek, máselen, Germaniyada XIX ásirdiń 70-jıllarında háwij aldı. AQSHta urbanizaciya procesi shama menen usı dáwirge tuwrı keldi. Ulıwma, XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń basında industrial ellerde qala xalqı júdá tez ósti.

Eski qalalardıń ósiwi, jańalarınıń rawajlanıwı sanaattıń jaylasıwı menen baylanıslı edi. Kópshilik xalıq qalalarǵa jumıs tabıw úmitinde keletuǵın edi. Ásirese, paytaxt, úlken qalalar tez ósti. Mısalı, Parij xalqı 1850-jılı bir million bolǵan bolsa, 1880-jılı eki million adamnan ibarat boldı.

XIX ásirdiń ortalarında qalalar qurılısında da ózgerisler boldı. Mısalı, Parij 1853-jıldan baslap 20 jıl dawamında qurılıs maydanına aylandı. Zamanagóy keń kósheler, úlken maydanlar, qıyabanlar hám baǵlar jaratıldı. XIX ásirdiń aqırında, ishimlik hám aqaba suw tarmaqlarına, tramvay hám metroǵa iye boldı. Basqa ellerde de qalalardıń xalqı tez ósti.

**Eski hám jańa aristokratiya**

XIX ásirde aristokratlardıń tiykarǵı baylıǵın dáslepkidey jer múlkleri quradı. Aristokratlardıń turmısı ele de qalalarǵa qaraǵanda kóbirek awıl menen baylanıslı edi. Keń hám qolaylı imaratlardaǵı onlaǵan jataqxanalar, kitapxanalar, jeke kórkem kollekciyalar, qabıl etiw saltanatları, ań awlawlar — bulardıń barlıǵı elege shekem aristokratlar turmısınıń ajıralmas bólegi edi. Nekeler qaǵıydaǵa muwapıq «óz sheńberinde» dúzilgenligi sebepli, aristokrat shańaraqlar óz ara tuwısqanlıq qatnasıqlar menen baylanısqan edi. Ullı Britaniyadaǵı bunday shańaraqlarda er balalardı jaslayınan-aq siyasiy xızmetke tayarlaytuǵın edi. Dáslep olar jeńilletilgen jeke mekteplerde, al keyin bolsa Oksford yamasa Kembridj universitetlerinde oqıytuǵın edi. Sonnan keyin xızmet maydanı parlament boladı.

XIX ásirdiń ortalarında Ullı Britaniya parlamenti jámiyetshilik palatasınıń 652 aǵzasınan 489 jer iyeleri edi. 1906 — 1916-jılları Ullı Britaniya wázirleriniń úshten eki bólegi eń saylandı bilim ornı pitkeriwshileri edi. Biraq, industrial civilizaciya rawajlanıwı menen aristokratiya óziniń húkimdarlıq halatın barǵan sayın joyta basladı. Jerdiń bir bólegi qalalar qurılısına berildi, toǵay múlikleri de qısqardı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jańa dáwir belgili adamlardıń aldına jańa talaplar qoya basladı. Burın jer iyeleri bolǵan aristokratlar endi banklerde, sanaat kompaniyalarında, koloniya hákimshiliklerinde basshılıq lawazımların iyeley basladı. Kópshilik múlkinen ayırılǵan eski aristokratlar jańa baylar menen aǵayin tutınıwı aristokratiyanıń burjuaziya menen qosılıp ketiwine alıp keldi.

XIX ásirde mámlekettiń ekonomikalıq hám siyasiy turmısında burjuaziya barǵan sayın úlken rol oynay basladı. Iri sanaat kárxanaları hám bankler basında millionlap baylıq jıynaǵan burjuaziya wákilleri turatuǵın edi. Burjuaziyanıń eń joqarı wákilleri úlken siyasiy dárejege de erise basladı.

**Orta qatlam**

XIX ásirde jámiyet turmısınıń áhmiyetli waqıyalarınan biri «orta qatlam»nıń qáliplesiwi boldı. «Erkin kásip» iyeleri bolǵan injenerler, oylap tabıwshılar, shıpakerler, oqıtıwshılar, oficerler, huqıq qorǵawshılar hám sol sıyaqlılar jámiyettiń orta qatlamın quradı. Bul qatlamǵa tiyisliliktiń tiykarǵı belgilerinen biri materiallıq awhaldıń hár tárepleme molshılıǵı edi.

XIX ásirdiń ekinshi yarımında orta qatlam wákilleri arasında, ásirese, huqıq qorǵawshılar toparı ajıralıp turdı. Huqıqıy mámlekettiń qáliplesiwi, puqaralıq jámiyettiń dúziliwi, ekonomikalıq turmıstıń rawajlanıwı sebepli huqıq qorǵawshılarǵa bolǵan talap artıp bardı. Olar konstituciyalar, nızamlar jazıw, kodeksler dúziw, miyrastı rásmiylestiriw, banklerge, isbilermenlerge másláhátler beriw hám sud jumıslarında qatnasıw sıyaqlı jumıslardı orınlaǵan. Kóplegen siyasiy ǵayratkerler de maǵlıwmatına qaray huqıq qorǵawshı edi. Orta qatlam jámiyetke turaqlılıqtı inam etti. Sebebi, ádette, orta qatlam jámiyetlik tartıslardı maqullamaydı, revolyuciyadan reformalardı abzal kóredi.

**Jumısshılar klası**

XIX ásirde jańa jumısshılar klası qáliplesti. Sanaat awdarıspaǵı júz bergen úsh úlken mámleket — Ullı Britaniya, Franciya hám AQSHta 70-jıllarǵa kelip sanaat jumısshıları 12—13 mln. adamdı, awıl xojalıǵındaǵı jumısshılar menen birgelikte bolsa 20 mln. adamdı quradı. Jumısshılardıń awhalı bir qıylı emes



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

edi. Olardıń yarımınan kóbiregi tómen awhalda jasasa, tájiriybeli qánige jumısshılar bolsa kóbirek haqı alıp, «jumısshı aristokratiya»nı quradı. XX ásirdiń baslarında «jumısshı aristokratiyası» Ullı Britaniyada ulıwma jumısshılar sanınıń úshten birin qurap, júdá jaqsı jasadı.

XX ásirdiń basında AQSH sanaat jumısshılarınıń sanı jaǵınan birinshi orındı iyeledi. Bul jerde 10,4 mln. sanaat jumısshıları bar edi. Germaniyada bolsa sanaat jumısshılarınıń sanı 1907-jılı 8,6 mln. adamǵa jetti. Evropa hám Arqa Amerikadaǵı jumısshılar sanı 40 mln. adamdı quradı. Awıl xojalıǵı, xızmet kórsetiw tarawı, transport hám basqa tarawlardaǵı jumısshılar birgelikte 80 mln. adamǵa jaqınlastı.

Jallanba jumısshı kúshiniń tájiriybesinde de ayrıqsha ózgerisler júz berdi. Sanaattıń jańa tarawları tájiriybeli miynetti talap etetuǵın edi. Maman jumısshılardıń salmaǵı Ullı Britaniya mashinasazlıǵında, keme soǵıwda tiykarǵı bólegin quradı. AQSHta ulıwma sanaat jumısshılarınıń 2/3 bólimi, Germaniyada yarımınan kóbiregi maman jumısshılar edi.

XIX ásirdiń 70-jıllarına shekem jumıs kúniniń uzınlıǵı industrial mámleketlerde 10 — 16 saattı quraǵan edi.

Hayallar hám balalar miynetine is haqı kem tólenetuǵın edi. «Fabrika hayalları», tiykarınan, 13 — 14 jaslı qızlardan ibarat bolǵan.

10 — 12 jaslı balalar temeki fabrikalarınan baslap, taskómir shaxtalarında da miynet etti. Olar miyneti ushın hayallardan da kem is haqı alatuǵın edi.

Bul dáwirde hayal-qızlar teń huqıqlılıq ushın tınımsız gúres alıp bardı. XX ásirdiń baslarına kelip, hayal-qızlar azatlıǵı hám ǵárezsizligi ideyaları, olardıń teń huqıqlıq ushın gúresleri jańa civilizaciya jámiyetiniń belgilerinen biri bolıp qaldı.

Bul dáwirde 1889-jılı dúzilgen II Internacional qıyın sharayatta jumıs alıp bardı. Jumısshı klası óz partiyaların bir sapqa birlestire almadı. Nátiyjede, revolyuciyalıq hám narazılıq aǵım payda boldı hám óz ara gúresti. Óz ara kelispewshilik nátiyjesinde II Internacional saplastırıldı hám jańa tipte Internacional dúziw ushın háreket kúsheydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Immigrant*** (latınsha — kóship keliwshi) — bir mámleketten basqa bir mámleketke turaqlı yamasa uzaq waqıt jasaw ushın kóship kelgen shaxs.
***Industriya*** (latınsha — xızmet) — sanaat, tiykarınan, iri sanaattı ańlatıwshı atama.
***Migraciya*** (latınsha — kóshemen) — ol yamasa bul mámleket xalqınıń bir aymaqtan basqa aymaqqa yaki bir mámleketten ekinshi mámleketke kóshiwi.
***Urbanizaciya*** (francuzsha hám latınsha — qalaǵa tiyisli) — jámiyet turmısında qalalar roliniń hám qala xalqınıń salmaǵınıń artıp barıwı.
***II Internacional*** — 1889-jılı dúzilgen xalıqaralıq socialistik jumısshı partiyaları birlespesi.

1. Industriallıq civilizaciya qalay ornadı?
2. Industriallıq civilizaciya nátiyjesinde qalalar turmısında qanday ózgerisler júz berdi?
3. Siz XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarındaǵı urbanizaciya hám migraciyanı qalay túsindiresiz?
4. Xalıqtıń orta qatlamın kimler quraydı? Orta qatlamnıń kóbeyiwi jámiyet turmısında qanday áhmiyetke iye?
5. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarındaǵı Watanımız tariyxın Batıs Evropa hám AQSH tariyxı menen salıstırıń.
6. Búgingi kúnde xalıqaralıq huqıqta balalar miynetine neshe jastan ruqsat beriliwin anıqlań.

1. Ózbekstanda kishi biznes hám jeke isbilermenlerdiń mámlekettiń ekonomikalıq turmısında tutqan ornına tiyisli faktlerdi toplań.
2. Bul dáwirde mámleketler rawajlanıwına sebep bolǵan faktorǵa sıpatlama beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BÓLIM | EVROPA HÁM AMERIKA MÁMLEKETLERI

## II BAP | BATÍS EVROPA MÁMLEKETLERI XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ HÁM XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA

### 3-§. Franciya – Prussiya urısı hám onıń juwmaqları

**Franciya – Prussiya urısınıń sebepleri**

XIX ásirdiń 60-jıllarınıń ekinshi yarımınan baslap Franciya imperatorı Napoleon III tiń abıroyı túsip ketti. Buǵan sebep — Franciyanıń ekonomikalıq rawajlanıwı boyınsha óz qońsıları bolǵan Ullı Britaniya hám Germaniyadan barǵan sayın artta qalıp atırǵanlıǵı boldı.

Sol waqıtta, Franciya sırtqı siyasatta da sátsizlikke ushıray basladı. Sonlıqtan Prussiyanıń Germaniyanı birlestiriwine tosqınlıq ete almadı. Germaniya bir mámleketke birlesetuǵın bolsa, Franciyanıń xalıqaralıq maydandaǵı abıroyına úlken zıyan tiyip, Evropadaǵı ekinshi mámlekettey abırayı joq bolar edi.

Franciyanıń ústem toparları 1860-jılǵı Ullı Britaniya — Franciya sawda shártnamasınan da narazı edi. Sebebi, inglis tovarlarınıń Franciyaǵa kóplep kirgiziliwi francuz tovarları menen básekilikti kúsheyttirip atır edi. Bunnan tısqarı, eldegi jumıssızlıq, qımbatshılıq miynetkeshlerdiń turaqlı joldası bolıp qalǵan edi. Bul jaǵday jumısshılardıń keskin narazılıǵın keltirip shıǵardı.

Bunday sharayatta, Napoleon III ushın Prussiyaǵa qarsı jeńisli urıs zárúr edi. Bul urıs Franciyanıń, sonday-aq, Napoleon III tiń de abırayın tikler edi. Bul ushın urısta jeńiske erisiw, Germaniyanıń birlesiwine jol qoymaw hám Germaniyanıń ayırım aymaqların basıp alıwı zárúr edi.

Prussiya da birneshe jıllardan beri Franciyaǵa qarsı urısqa tayarlanıp atır edi. Onıń maqseti Germaniyada Prussiyanıń ústemligin bekkemlewge tosıq bolǵan Franciyanı jeńiw hám Germaniyanı birlestiriw edi. Táreplerge urıstı baslaw ushın báne kerek edi. Tez arada bunday báne de tabıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Urıstıń baslanıwı

Ispaniya taxtına kimdi otırǵızıw máselesi urıstıń baslanıwı ushın báne boldı. Bul qalay júzege keldi? Óziniń bir waqıtlardaǵı qúdiretin joǵaltqan Ispaniyada 1868-jılı revolyuciya júz berdi. Koroleva Izabella II Franciyaǵa qashıwǵa májbúr boldı. Franciya imperatorınıń hayalı (milleti ispan) Izabellaǵa taxttı qaytarıp alıwına járdem beriwge qarar etti.

Biraq, Evropanıń ullı mámleketleri ortasında Ispaniya taxtı ushın baslanǵan gúres buǵan imkan bermedi. Buǵan Germaniyanıń da Ispaniya taxtına óz kandidaturasın qoyıwǵa háreket etiwi sebep boldı. Franciya húkimeti Germaniyadan óz kandidaturasınan waz keshiwdi talap etti. Prussiya korolı Vilgelm I buǵan ırazı boldı. Biraq, bul Franciyanı qanaatlandırmadı. Endi, Franciya Germaniyadan keleshekte de Ispan taxtı ushın talabandı kórsetpewin, házir kórsetken talabannan taxttan pútkilley bas tartıwına erisiwin talap etti.

Urısqa asıqqan Prussiya kancleri Bismark bolsa gazetada korol hám Franciya elshisiniń sóylesiwin bile tura buzıp járiyaladı. Gazetadaǵı xabar boyınsha, tap korol Franciya elshisi menen sóylesiwdi qálemey hám elshige arqasın qaratıp alǵan (bul waqıya tariyxqa «Ems depeshası» atı menen kirgen).

Bul xabardı Franciya óz abıroyı ushın qorlıq dep esapladı.

1870-jılı 17-iyulde Franciya Prussiyaǵa urıs járiyaladı. Solay etip, Franciya — Prussiya urısı baslandı. Biraq, tez arada, Franciya áskeriy kúshleriniń urısqa tayar emesligi, Franciyanıń Prussiya qúdiretin jeterli bahalamaǵanlıǵı málim bolıp qaldı.

### Imperiyanıń qulawı

1870-jıl 1-sentyabrde quramında Napoleon III de bolǵan Franciya armiyası Sedan qorǵanı janında qorshap alındı. Franciya armiyası nemislerdiń 140 mıńlıq áskerine qarsı kele almadı. Ilajsız Napoleon III 2-sentyabrde bayraq kóteriwge buyrıq beriwge, óziniń qılıshın Prussiya korolına jóneltiwge májbúr boldı. Solay etip, bul jerdegi 80 mıń adamlıq armiya Napoleon basshılıǵında baǵındı. Napoleon III Sedanda óz Vaterloosın taptı. 100 mıń adamlıq ekinshi armiya da Mets qorǵanında qorshawǵa alındı. Endi Franciya Germaniyaǵa qáwip sala almaytuǵın edi. Bul jeńilis, ekinshi imperiya hákimiyatınıń qulawı da boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Depesha*** — asıǵıslı xabar.
***Vaterloo*** — házirgi Belgiyadaǵı awıldıń atı. Bul awılda 1815-jılı 18-iyunda Napoleon I armiyası qıyratılǵan sawash bolǵan.

1. Nege Franciya — Prussiya urısınıń júz beriwi múmkin edi?
2. 1868-jılı qanday basqınshılıq boldı. Aytıp beriń.
3. Franciya armiyası ne sebepten jeńiliske ushıradı?

1. Nege adamzat orta ásirlerde de, jańa dáwirde de urıslardan qutıla almaǵan?
2. Nege búgingi kúnde de Jer júzinde urıs boldırmawdıń ilajı bolmay atır?
3. Tómendegi kesteni tolıtırıń:

| T/s | Urıstaǵı tiykarǵı sawashlar atı | Urıslardıń aqıbeti |
|---|---|---|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |

Franciya tariyxında 1- hám 2-imperiyalar qalay qálipleskenin esińizge túsiriń.

## 4-§. Franciyada Úshinshi Respublika hám 1871-jıl 18-mart mámleket awdarıspaǵı

**4-sentabr revolyuciyası**

Jeńilis haqqındaǵı xabardı esitken Parij xalqı 3-sentyabrde qozǵalań kóterdi. Olar Respublika dep daǵazalawdı hám Watandı qorǵawdı talap etti. Xalıq talabı menen 4-sentyabrde Franciyanıń nızam shıǵarıwshı Korpusı imperator awdarılǵanlıǵın járiyalawǵa májbúr boldı. Sol waqıtta, Franciya Respublika dep járiyalandı. Bul mámleket tariyxında Úshinshi Respublika edi. (Franciyada 1- hám 2- Respublikalar qashan bolǵanlıǵın esleń).

Nızam shıǵarıwshı Korpus general Troshyu basshılıǵında Waqıtsha milliy-qorǵanıw húkimetin dúzdi.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Prussiya Franciyanı kóbirek haldan taydırıwdı qáleytuǵın edi. Olar Franciyadan salıq óndiriwge hám de paydalı qazılmalarǵa bay wálayatlar bolǵan Elzas hám Lotaringiyanı tartıp alıwǵa umtıldı. Endi urıs Prussiya ushın basqınshılıq urısına aylandı.

19-sentyabrde Parij Prussiya armiyası tárepinen qorshap alındı. Waqıtsha húkimet ilajsız baǵındı.

1871-jıl fevralda Franciyada Milliy Májiliske asıǵıs saylaw ótkerildi hám Tyer basshılıǵında jańa húkimet dúzildi hám Franciya — Germaniya tınıshlıq shártnamasın tastıyıqladı.

### 1871-jıl 18-mart waqıyaları

Prussiyaǵa qarsı urıstaǵı jeńilis hám ayanıshlı shártler tiykarında tastıyıqlaǵan jarasıw shártnaması parijlilerdiń húkimetke qarsı ǵázebin kúsheyttirdi. Bunıń ústine, Parijde mútájlik, jumıssızlıq, azıq-awqat ónimleri bahasınıń keskin ósiwi júz berdi. Orta qatlam wákilleriniń de jaǵdayları tómenley basladı.

Parijlilerde húkimetke isenimsizlik payda boldı. Buǵan qamaldan soń xalıqtıń qarızları boyınsha tólemlerdi tólewge májbúrliligi hám húkimet orayı etip Versal qalası tańlanǵanlıǵı sebep boldı.

Bul waqıtta, Bas wázir Tyer Milliy gvardiyanı quralsızlandırıwdı buyırdı. 18-martta keshqurın húkimet armiyası Milliy gvardiyaǵa hújim etti. Bul waqıya Parij xalqın ayaqqa turǵızdı. Olar húkimet armiyasın sheginiwge májbúr etti. Tyer húkimetti Versalǵa kóshiriw haqqında kórsetpe berdi. Buǵan juwap retinde Parij miynetkeshleri qozǵalań kóterdi. Olar Milliy gvardiya menen birge háreket etip, qalanıń áhmiyetli jerlerin qolǵa kirgizdi.

Kóp ótpey húkimet imaratı, áskeriy kazarmalar hám barlıq mámleket mákemelerin de qozǵalanshılar qolǵa aldı.

Parijde húkimet Milliy gvardiya Oraylıq komiteti qolına ótti. Bul komitet waqıtsha húkimet wazıypasın atqardı. Mámleketlik mákemelerge jumısshılar, zıyalılar hám qozǵalańnıń basqa qatnasıwshı wákilleri basshılıq ete basladı. 26-martta Parij Kommunasına saylaw ótkerildi hám Kommuna Keńesi dúzildi. Bul keńes óz aǵzalarınan ibarat 10 komissiya (wázirlik) dúzdi. Solay etip, Parij qalası kishi bir mámleketke aylandı. Bul mámleket Parij miynetkeshleriniń mámleketi edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Parij Kommunası bir qatar social-ekonomikalıq ilajlardı ámelge asırdı. Sonıń ishinde, iyeleri taslap ketken kárxanalar usı kárxana jumısshılarına tapsırıldı. Májbúriy hám biypul oqıtıw engizildi. Shirkew mámleketten, mektep shirkewden ajıratıldı. Miynetkeshlerdiń úy-jay haqısın tólew múddetleri keshiktirildi. Jumıssızlardı jumıs penen támiyinlew mákemesi dúzildi. Jeke múlik bolǵan temir jol mákemelerin Kommuna qolına aldı hám óndiris ústinen qadaǵalaw ornattı. Biraq, Kommuna óz xızmetinde bir qatar kemshiliklerge jol qoydı.

*Birinshiden,* Parijden qashıp ketken Tyer húkimetin qadaǵalamadı. Bul bolsa Tyerge Kommunaǵa qarsı gúres ushın zárúr kúsh toplawǵa imkan berdi. Nátiyjede, húkimet armiyası Parijdi qamalǵa alıwǵa eristi.

*Ekinshiden,* eldiń qalǵan bólegi Kommunanı qollap-quwatlamadı. Bul húkimettiń kommunashılardı eldi dushpan jawlaǵan waqıtta bas kótergen kóterilisshiler dep ataǵan ǵázepli úgitlewiniń nátiyjesi edi. Diyqanlardı, Kommuna tolıq jeńiske erisse, mal-múlkinen ayırılıp qalıw múmkinligi menen qorqıttı.

*Úshinshiden*, Kommuna mámleket ǵáziynesin, banklerdi tolıq óz qolına almadı.

*Tórtinshiden,* Kommuna keńesi ishinde Kommuna ishki siyasatı boyınsha birlikke erise almadı.

Kommunanı saplastırıwda Germaniya Tyer húkimetine járdem berdi. Bismark 40 mıń francuz ásker hám oficerlerdi tutqınlıqtan azat etip, olardı Tyer húkimeti ıqtıyarına jiberdi.

**Kommunanıń jeńiliwi**

Húkimet armiyası 21-mayda hújimge ótti hám Parijge kirip keldi. Kommunashılar mártlik penen sawash qıldı. Biraq, kúshler teń emes edi. 28-may kúni Kommuna tolıq qıyratıldı. Qolǵa alınǵan 30 mıńǵa jaqın kommunashı atıp taslandı. 50 mıńǵa jaqın kommunashılar qamaqqa alındı. Bular arasında mıńlaǵan hayal-qızlar hám balalar da bar edi. Solay etip, 72 kún jasaǵan Kommunaǵa juwmaq jasaldı.

Parij Kommunası saplastırılıwı menen Franciyada revolyuciyalar dáwiri aqırına jetti. Kommuna jeńilisiniń aqıbetleri húkimet penen puqaralardıń óz ara mápdar kelisimi tiykarında jasawı zárúrligin dálillep berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Frankfurt pitim shártnaması**

1871-jılı 10-mayda Germaniyanıń Frankfurt qalasında Franciya — Germaniya pitim shártnaması dúzildi. Oǵan muwapıq, Franciya Germaniyaǵa 5 mlrd. frank salıq tóleytuǵın boldı. Bul salıq tólengenshe, Germaniya óz quralli kúshleriniń bir bólimin Franciya aymaǵında saqlaytuǵın boldı. Bunnan basqa, Franciyanıń Elzas hám Lotaringiya wálayatları Germaniyaǵa berildi.

***Parij Kommunası*** — Parij qalasınıń ózin-ózi basqarıw organı bolıp, ol nızam shıǵarıwshı hákimiyattı ámelge asırǵan; miynetkeshlerdiń 1871-jıl martta dúzgen hákimiyat organı.

1. Franciyada qay tárizde Úshinshi Respublika ornadı?
2. Urıstıń Franciya hám Prussiya ushın aqıbetlerin salıstırıń.
3. Parij Kommunası qalay júzege keldi?
4. Parij Kommunası nege jeńildi hám Franciya tariyxında tutqan ornı haqqında ne ayta alasız?

1. Mámleket awdarıspaqları, revolyuciyalardıń payda bolıwı?
2. Tyerdiń xızmeti haqqında shıǵarma jazıń.

## 5-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Franciyada ekonomikalıq hám siyasiy turmıs

**Ekonomikalıq awhal**

XIX ásirdiń sońǵı shereginde Franciyanıń ekonomikalıq rawajlanıwı tómenledi. Sonlıqtan, dúnyada sanaat óndirisiniń kólemi boyınsha ekinshi orınnan tórtinshi orınǵa túsip qaldı. Xosh, Franciyanıń ekonomikalıq jaqtan tómenlewiniń tiykarǵı sebepleri nelerden ibarat edi?

Franciyanıń ele mayda tovar islep shıǵarıwshılar mámleketi bolıp qalǵanlıǵı eksport kóleminiń importtan artıq bolıwına alıp kelmedi. Bul bolsa, ishki bazardıń shekleniwine sebep bolǵan. Franciya tábiyiy baylıqları kem mámleket edi. Prussiya menen bolǵan urıs Franciyaǵa úlken materiallıq zıyan keltirdi. Urısta Franciya 13 mlrd. frank zıyan kórdi. Germaniyaǵa 5 mlrd. frank salıq tólewge májbúr boldı. Ishki siyasiy jaǵdaydıń turaqsızlıǵı eldiń ekonomikalıq awhalına keri tásir etti. Diyqan-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lar satıp alıw quwatınıń tómenligi sanaat óndirisiniń ósiwine keri tásirin tiygizdi. Franciya sırtqa kóp kapital shıǵarıp jibergen edi. Bul kapitalistlerge úlken payda keltirdi. Sonıń ushın da, kapitalistler óz kapitalın eldiń óndirisine emes, al sırtqa (úlken procent esabına) shıǵarıwdı abzal kórdi.

**Hakimiyat ushın gúres**

Prussiya menen urıs tamam bolǵan soń, ústem toparlar arasında hákimiyat ushın gúres kúsheydi. Olardı eki toparǵa bóliw múmkin: monarxiya tárepdarları, respublika tárepdarları.

1873-jılı Germaniyaǵa salıq tólep bolındı. Aqırında, Germaniya óz áskerlerin Franciyadan alıp shıǵıp ketti.

Respublikashılar mámleket parlamentinde (Milliy Májilis) azshılıqtı quraǵan. Biraq, Franciya xalqınıń úlken bólimi monarxiyaǵa qarsı bolǵanlıǵı olarǵa mádet boldı.

Milliy Májiliste kópshilikti quraǵan monarxiyashılar óz talabanların eki márte prezidentlikke saylaǵan bolsa da, monarxiyanı tiklewge urınıwı nátiyjesiz boldı. Keskin ishki siyasiy gúreste respublikashılar jeńiske eristi.

**Úshinshi Respublika Konstituciyası**

1875-jıl Úshinshi Respublika Konstituciyası qabıllandı. Oǵan muwapıq, prezidentlik lawazımı saqlandı. Sol waqıtta eki palatalı (Deputatlar palatası hám Senat) parlament (Milliy Májilis) dúzildi. Onıń wákillik múddeti 4 jıl etip belgilendi.

Parlament hár eki palatasınıń qospa májilisi 7 jıl múddetke mámleket prezidentin saylaytuǵın edi. Atqarıw hákimiyatı prezidentke hám húkimetke tiyisli edi. Prezident wázirlerin tayınlaw, respublika atınan sırtqı siyasat júrgiziw, sonday-aq, urıs járiya etiw hám pitim dúziw, ulıwma keshirim járiya etiw sıyaqlı wákilliklerge iye edi. Húkimet aǵzaların prezident saylasa da, olar parlament aldında juwapker edi.

«Marselyeza» qosıǵı mámleket gimni etip belgilendi. Ullı francuz revolyuciyası baslanǵan (1789-jıl) 14-iyul francuz xalqınıń Milliy bayram kúni dep járiyalandı.

Sol dáwir ushın áhmiyetli bir qatar huqıq hám erkinlikler járiyalandı. Baspasóz hám jıynalıs ótkeriw, siyasiy úgit-násiyat penen shuǵıllanıw sıyaqlı erkinlik hám huqıqlar solar qatarına kiredi. Biraq, hayal-qızlarǵa saylaw huqıqı berilmedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Parlament*** — (fr. sóylew) — saylaw tiykarında dúziletuǵın nızam shıǵarıwshı joqarı mámleketlik organı.
***Respublika*** — (lat. jámiyet jumısı) — puqaralardıń ulıwma saylawı tiykarında basqarılatuǵın mámleket.
***Monarxiya*** (grekshe) — jeke basqarıw.

1. Ne ushın XIX ásirdiń sońǵı shereginde Franciya ekonomikalıq rawajlanıwda dúnyada 4-orınǵa túsip qaldı?
2. Nege hákimiyat ushın gúreste respublikashılar jeńiske eristi?
3. Úshinshi Respublika Konstituciyası mazmunı haqqında nelerdi bilip aldıńız?

1. Franciyadaǵı ekonomikalıq jaǵdaydı ashıp beriń.
2. Hákimiyat ushın gúres qalay ótti?

## 6-§. Franciyanıń ishki siyasatı

### Úshinshi Respublika ishki siyasatı

Respublika húkimeti ishki siyasatta bir qatar áhmiyetli ilajlardı ámelge asırdı. Sonday-aq, 1881—1882-jılları bilimlendiriw haqqındaǵı nızam qabıl etildi. Onda, mektep shirkewden ajıratıldı. Bilimlendiriwdiń zamanagóyligi támiyinlendi. 13 jasqa shekemgi balalar ushın májbúriy biypul bilim beriw engizildi. Mekteplerde oqıtıw arnawlı mámleketlik baǵdarlamalar tiykarında alıp barılatuǵın boldı.

Joqarı pedagogikalıq oqıw orınlarında oqıtıwshı kadrlar tayarlaw jolǵa qoyıldı. Májbúriy oqıtıw baǵdarlamasında er balalar ushın gimnastika sabaǵı májbúriy dep belgilendi. Bunnan óspirimlerdi áskeriy xızmetke fizikalıq jaqtan jetik tayarlaw kózde tutıldı. Qız balalar ushın liceyler ashıldı. Arnawlı joqarı oqıw orınlarında hayal oqıtıwshılar da tayarlana baslandı. 1884-jılı kásiplik shólkemlerdiń erkin xızmetine hám de jumıs taslawǵa ruqsat etiwshi nızam qabıl etildi. Jumısshılar óz kásiplik shólkemleri hám miynet birjaların dúzdi. Bul birjalar jumıssızlar haqqında, olardıń turmısı haqqında ǵamxorlıq ete basladı.

Jergilikli keńeslerge óz basshıların saylaw huqıqı berildi. Buǵan shekem olar oraylıq hákimiyat tárepinen saylanatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Bay mámleketler ushın koloniyalar kapital kirgiziletuģın eń qolaylı obyekt... Men aytaman... Franciya barlıq waqıt artıqsha kapitalģa iye bolģan, úlken-úlken summalar eksport etilgen. Mırzalar... Joqarı qatlamlar tómengi qatlamlarģa qaraģanda ayrıqsha huqıqlarģa iye, dep ashıq aytatuģın waqıt keldi». (Franciya húkimetiniń baslıģı J. Ferridiń 1885-jılı deputatlar palatasında sóylegen sózinen)

**Siyasiy jaģday**

Elde respublikanı bekkemlew barģan sayın háwij aldı. 1876-jılģı Senat saylawında respublikashılardıń qolı bálent keldi. Buģan shekem Mámleketti basqarģan monarxiya tárepdarı bolģan Prezident Mak-Magon otstavkaģa shıģıwģa májbúr boldı. Mámlekette ishki siyasiy turmıstıń tiykarģı ózgesheligi — bul kóp partiyalılıqtıń ornawında edi. Olardıń ishinde radikallar, socialistler hám respublikashılar partiyaları úlken abırayģa iye edi.

Franciyanıń siyasiy turmısında, sol waqıtta, demokratiyaģa qarsı kúshler tásiri de ósip baratırģan edi. Mámlekette milletshilik, shovinizm ideyaları tarqala basladı. Bul ideyalar tárepdarları qúdiretli armiya ģana Elzas hám Lotaringiyanı qaytarıp alıwı múmkinligine isener edi. Franciya ishki siyasiy turmısında anarxistler hám monarxiyashılar xızmeti de kúsheydi. Olardıń maqseti — bar bolģan dúzimdi awdarıw edi. Buģan erisiw ushın anarxistler gúrestiń terror usılın qolladı. Olar parlament imaratına bomba tasladı.

1894-jılı prezident Sadi Karno da óltirildi. Franciya kontrrazvedkası mámleket áskeriy kúshleri haqqında jansız tárepinen Germaniyaģa jasırın maģlıwmatlar berilgenligin anıqladı.

Arnawlı xızmet bul máselede Franciya armiyası Bas shtabında xızmet etiwshi, evrey milletine tiyisli kapitan A. Dreyfustan gúmanlanıp, satqınlıqta ayıplanıp, jınayıy juwapkershilikke tartıldı. Tiykarında, A. Dreyfus jansız emes edi. Biraq, jalģan hújjetler hám jalģan gúwalar járdeminde onıń «satqın»lıģı ashıldı. Áskeriy sud onı ómirlik súrgin jazasına húkim etti.

Siyasiy kúshler «Dreyfus isi»nen mámlekette demokratiyaģa qarsı úgit-násiyatti kúsheyttiriw, milletshilik, shovinistlik keypiyatlardı jáne de kúsheytiw ushın paydalandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Elde A. Dreyfustıń satqın emesligine iseniwshiler bar edi. Olar haqıyqıy satqındı anıqlaw ushın tekseriwdi dawam etti hám haqıyqıy jansızdı anıqladı. Ol bas shtab mayorı Estergazı bolıp shıqtı.

Biraq, Bas shtab hám onıń menen bekkem baylanısqan kúshler bul haqıyqattı áshkara etiwdi ózleri ushın úlken shermendelik dep esapladı. Biraq, bul haqıyqat sırlılıǵınsha qalıp ketpedi. 1897-jılı ol baspasózde járiyalandı.

Franciyanıń barlıq demokratiyalıq kúshleri A. Dreyfus isin qayta kóriwdi talap ete basladı. Shermende bolıwdı qálemegen kúshler jasalma gúwanı óltiriwdi shólkemlestirdi. Estergazı bolsa Franciyadan qashıp ketiwge miyasar boldı.

«Dreyfus isi» boyınsha gúres uzaq dawam etti. Aqırında, húkimet onı azatlıqqa shıǵarıwǵa májbúr boldı. Biraq ayıpsızlıǵı ushın emes, al «salamatlıǵı jamanlasqanlıǵı» ushın azat etildi. A. Dreyfus 1906-jılı tolıq aqlandı.

**Ekonomikalıq turmıstaǵı ózgerisler**

XX ásirdiń baslarında elde ortasha siyasiy turaqlılıq támiyinlendi. Buǵan XIX ásirdiń 90-jıllarınıń ortalarınan baslanǵan ekonomikalıq jetiskenlik sebepli eristi. Bul dáwirde Franciya temir rudasın qazıp shıǵarıw boyınsha AQSH hám Germaniyanı artta qaldırdı.

Sanaatta jańa tarmaqlar (elektrotexnika, avtomobil hám ximiya) tez rawajlandı. Nátiyjede, sanaatta xızmet etiwshi xalıqtıń sanı 36 % ke jetti. 40 % xalıq awıl xojalıǵında bánt edi.

Franciya eksportında jún birinshi, jip-gezleme ekinshi, shayı gezleme úshinshi, francuz vinoları tórtinshi orındı iyeledi. Franciyanıń shetke kapital shıǵarıw quwatı jáne de ósti. Bul baǵdarda ol dúnyada Ullı Britaniyadan soń ekinshi orınǵa shıqtı. 1914-jılǵa kelip Rossiya, Ullı Britaniya, AQSH hám Qubla Amerika mámleketlerine 24 mlrd. frank muǵdarında kapital shıǵardı. Bul kapitallar procent esabında Franciyaǵa úlken muǵdarda daramat keltirip qoymay, sol waqıtta, siyasiy awqamlaslardı da júzege keltirdi.

**Jámiyetlik háreket**

Franciya miynetkeshleriniń jaǵdayı awır edi. Olar kúnine 10 — 12 saat, geyde 14 — 16 saatqa shekem islewge májbúr edi. Miynetkeshler óz huqıqları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ushın gúrese basladı. Bunday sharayatta jumısshılar háreketin shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye edi. 1880-jılı jumısshı shólkem wákilleri «Franciya jumısshı partiyası»sın dúzdi. Jumısshılar miynet birjaları dúzildi. Olar jumıssızlar hám is taslawda qatnasqanlarǵa ǵamxorlıq ete basladı.

Sonday-aq, miynet nızamları Kodeksine muwapıq, jumıs waqtında alınǵan jaraqat ushın tólem tólenetuǵın boldı. Háptede bir kún — demalıs kúni dep belgilendi.

1910-jılı pensiya haqqında nızam qabıllandı. Onda pensiya jası 65 jas dep belgilendi (bul kórsetkish Germaniya hám Ullı Britaniyada 70 jas edi). Jámiyetlik hárekette 2 tiykarǵı aǵım boldı. Birinshisi, jámiyetti parlament jolı menen (reformalar arqalı), ekinshisi nızamsız jol menen (quralllı kóterilis) qayta quriw jolı edi. Ekinshi jol bara-bara óz tásirin pútkilley joǵalttı.

***Anarxizm*** (grekshe — hákimiyatsızlıq, óz basımshalıq) — ayırım shaxstıń erk-ıqrarın tán alıp, hárqanday hákimiyat hám mámleket dúzimin biykarlawshı táliymat.
***Shovinizm*** — rasalıq ayırmashılıq hám milliy qarama-qarsılıqtı háwij aldırıwǵa urınıwshı asa ketken milletshilik.
***Siyasiy reakciya*** — rawajlanıwǵa qarsı, eskirgen jámiyetlik tártiplerdi saqlap qalıw tárepdarı bolǵan siyasiy kúsh.

1. Franciya húkimeti ishki siyasatta qanday áhmiyetli ilajlardı ámelge asırdı?
2. «Dreyfus isi»nen gózlengen tiykarǵı maqset ne edi?
3. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Franciya ekonomikalıq awhalında qanday ózgerisler júz berdi?
4. Franciya miynetkeshleri óz haq-huqıqları ushın júrgizgen gúreslerinde nelerge eristi?

1. Nege aqır-aqıbette Franciyada jámiyetti reformalar jolı menen qayta quriw jolı jeńiske erisken?
2. Estergazı haqqında maǵlıwmat toplań hám túsindiriń.
3. Franciya eksportında qaysı tarawlar jetekshi orındı iyeledi? Ne ushın?
4. Franciya qaysı mámleketlerge kóbirek kapital shıǵardı? Túsinik beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 7-§. Franciyanıń sırtqı siyasatı

**Mámlekettiń xalıqaralıq awhalı**

XIX ásirdiń 70-jıllarınan baslap, Franciyanıń xalıqaralıq maydandaǵı awhalı tómenledi. Prussiya menen bolǵan urıstaǵı jeńilisten soń Evropa materigindegi jetekshi mámleketlerden biri bolǵan Franciyanıń abırayı joqqa shıqtı. Franciya Germaniya hújiminen qáwipsirep jasaytuǵın mámleketke aylandı.

Ásirese, 1879-jılı Germaniya hám Avstriya-Vengriya awqamlıq shártnaması Franciyanıń xalıqaralıq abırayın jáne de tómenletip jiberdi. Solay bolsa da, Franciya basqa ullı mámleketler ortasındaǵı kelispewshiliklerden sheberlik penen paydalanıp, óz koloniyalıq imperiyasın keńeyttiriw imkanına iye boldı.

**Koloniyalıq imperiyasınıń jaratılıwı**

XIX ásirdiń 70-jıllarınıń aqırınan baslap koloniyalıq siyasatınıń baǵdarı dáslep basıp alınǵan koloniya aymaqların ózlestiriw hám jańa koloniyalar basıp alıwǵa qaratıldı.

1881-jılı Arqa Afrikada jaylasqan Tunistiń basıp alınıwı jańa koloniyalar basıp alıw jolındaǵı dáslepki qádem boldı. Germaniya Franciyanıń Tunisti basıp alıwına bile tura qarsılıq kórsetpedi. Onıń maqseti Franciya hám Italiya qatnasıqların keskinlestiriw edi. Sebebi, Germaniya Italiyanıń da Tuniske dawager ekenligin biletuǵın edi.

Franciya menen múnásibetleri keskinlesken Italiya Germaniya menen jaqınlasa basladı. Aqıbetinde, bul jaqınlasıw 1882-jılı Italiyanıń 1879-jılı Germaniya hám Avstriya-Vengriya imperiyaları menen dúzilgen áskeriy-siyasiy awqamǵa qosılıwına alıp keldi. Solay etip, Evropada jáhán tariyxına «Úshlik awqamı» atı menen kirgen áskeriy-siyasiy awqam dúzildi.

Franciyanıń Afrikadaǵı basqınshılıq siyasatı Tunis penen ǵana sheklenip qalmay, 1891 — 1896-jıllar dawamında Gvineya, Senegal, Madagaskar hám Mavritaniyanı da basıp aldı. 1912-jılı bolsa Marokko ústinen óz protektoratın ornattı.

Franciya Aziyada da óz koloniyaların kóbeytip bardı. 1884-jılı Vietnamdı iyeledi. 10 jıldan soń, Laos ústinen protektorat



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ornattı. Solay etip, 20 mln. xalıq jasaytuǵın koloniyalıq imperiyası dúzildi. Bul koloniyalıq imperiyası sebepli Franciya úlken dáramat deregine iye boldı.

### Ullı Britaniya menen jaqınlasıw

Germaniya Ullı Britaniyanıń Evropadaǵı birinshi mámleket dárejesine eń kóp dárejede qáwip salıp atırǵan mámleketke aylanıp baratırǵanlıǵı Ullı Britaniya ústem toparların táshwishlendirmey qalmadı. Germaniya bul dáwirde siyasiy maydanda «quyashtıń barlıq mámleketlerge birdey nur shashıwı lazımlıǵı»n dawa etip atır edi. Bul úlken úsh koloniyalıq mámleket — Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiya imperiyası koloniyaların qayta bóliwge dawagerlik, degeni edi. Bul dawa Franciyanı da táshwishke saldı. Franciya ushın usı waqıtqa shekem xalıqaralıq maydanda tiykarǵı qarsılası bolıp kelgen Ullı Britaniya menen jaqınlasıw jolların izlewden basqa jol joq edi. Bul waqıtta, Ullı Britaniya ushın da Franciya menen jaqınlasıw onıń máplerine say keletuǵın edi. Sebebi, bul dáwirde xalıqaralıq maydanda Germaniya onıń birinshi qarsılasına aylanıp qalǵan edi.

Aqırında, Franciya — Ullı Britaniya jaqınlasıwı júz berdi. Bul jaqınlasıw 1904-jılı olar arasında pitimge qol qoyılıwı menen juwmaqlandı. Bul pitimde olardıń koloniya máselesi boyınsha kelisimi keltirildi. Atap aytqanda, Franciya Ullı Britaniyanıń Mısrdaǵı háreketlerine tosqınlıq etpewin, Mısrdıń Ullı Britaniya tásir sheńberinde ekenligin tán aldı. Óz náwbetinde, Ullı Britaniya Franciyanıń Marokkodaǵı máplerin tán aldı.

Marokko sultanı óz wazıypasın atqara almawı itimalı barlıǵın hám solay bolıp qalsa, Marokko aymaǵınıń Gibraltar buǵazına tikkeley tutas bolǵan bólimin Ispaniyaǵa beriwin belgilep qoydı. Marokkonıń qalǵan bólegin Franciya óz qolına alıwı kózde tutıldı.

Ullı Britaniya ushın Gibraltar buǵazı Franciyanıń emes, basqa ózi ushın qáwipsizirek bolǵan Ispaniya qaramaǵında bolıwı maqul edi.

1904-jılǵı eki mámleket ortasındaǵı pitim tiykarında Ullı Britaniya hám Franciya ortasında áskeriy-siyasiy awqam haqqında shártnama dúzilgenin de ańlatatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Rossiya menen jaqınlasıw**

XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Rossiya hám Avstriya-Vengriya qatnasıqları barǵan sayın tómenledi. Buǵan eki imperiya máplериniń Balkan yarım atawında keskin dus kelgenligi sebep boldı.

1879-jılı Germaniya hám Avstriya-Vengriya áskeriy-siyasiy awqamınıń dúziliwi hám de bul awqamǵa Italiyanıń qosılıwı jaǵdaydı jáne de qıyınlastırdı. Sonday sharayatta Franciya hám Rossiyanıń jaqınlasıwı tábiyiy bir jaǵday edi. Germaniyanıń jáne de kúsheyip ketiwin qálemegen Rossiya Germaniyanıń Franciyaǵa qarsı jańa urıs ashıw rejelerine tosqınlıq etip keldi.

1882-jılı «Úshlik awqam»nıń dúzilgenligi Franciya menen Rossiyanı jaqınlasıwǵa májbúr etti.

Aqırında, 1891-jılı bul eki mámleket arasında awqamlıq pitim dúzildi. Pitim boyınsha, bul eki mámleketten birine sırtqı hújim bolǵan jaǵdayda hár eki tárep bir waqıttıń ózinde áskeriy júris járiya etiwi kózde tutıldı.

1907-jılı bolsa Rossiya 1904-jılı Ullı Britaniya hám Franciya ortasında dúzilgen áskeriy-siyasiy awqamǵa qosıldı. Solay etip, Antanta júzege keldi hám Evropanıń ullı mámleketleri eki áskeriy-siyasiy awqamǵa bólinip ketti.

1. Evropa materigindegi jetekshi mámleketlerden bolǵan Franciyanıń abırayı qanday sebeplerge baylanısı joqqa shıqtı?
2. Franciya koloniyalıq imperiyası qay tárizde dúzildi?
3. Franciyanı Ullı Britaniya hám Rossiya imperiyası menen jaqınlasıwına májbúr etken faktorlardıń uqsas hám ózine tán tárеplerin anıqlań.

1. Nege burın óz ara qatnasıqları jaman bolıp kelgen mámleketler waqıt ótiwi menen bir-birine awqamlas yaki kerisinshe, óz ara qatnasıqları jaqsı bolıp kelgen mámleketler bolsa qarsılas mámleketlerge aylanıp qalǵan?
2. Franciya—Germaniya qatnasıqları haqqında qısqasha shıǵarma jazıń.
3. Antanta qalay payda boldı? Túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-§. XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Germaniya. Imperiyanıń dúziliwi

### Germaniyanı birlestiriwdiń tamamlanıwı

Franciya — Prussiya urısı waqtında, yaǵnıy 1871-jıldıń 18-yanvarında barlıq german mámleketleriniń monarxları Versalda jıynalıp, Prussiya korolı Vilgelm I di Germaniya imperatorı dep járiyaladı. Bul Germaniyanıń ekinshi márte imperiya dep járiya etiliwi edi. (Esleń: Germaniya qashan birinshi márte imperiya dep daǵazalandı?) Solay etip, pútkil Germaniya aymaǵınıń 2/3 bóliminde jaylasqan, xalqınıń bolsa 60 % jasap atırǵan Prussiya monarxiyası jetekshiliginde Germaniyanıń birlesiwi tamamlandı. Birden-bir hám bir pútin Germaniya imperiyası dúzildi.

### 1871-jılǵı imperiya konstituciyası

1871-jıl imperiya german konstituciyasın qabılladı. Germaniya imperiyası awqamlaslar mámleketi bolıp qaldı. Elzas-Lotaringiya imperiya quramına hákim (shtatgalter) basqaratuǵın «arnawlı imperiya wálayatı» bolıp kirdi. Hákimdi imperatordıń ózi tayınlaydı. Imperiyanıń ayırım mámleketler óz konstituciyaları hám parlamentlerin (landtagların) saqlap qaldı.

Konstituciyaǵa muwapıq, imperiyanıń joqarı wákillikli shólkemleri Awqam Keńesi (Bundesrat) menen Reyxstag edi. Konstituciyada birlesken Germaniyada Prussiya gegemonlıǵı bekkemlenip qoyıldı. Imperator urıs járiyalap, kelisim dúzedi, xalıqaralıq qatnasıqlarda imperiya atınan is alıp baradı. Sonday-aq, ol imperiya qurallı kúshleriniń bas komandiri de edi. Imperator óz ıqtıyarı menen Reyxstag hám Awqam Keńesi sessiyaların shaqırıw, ashıw, tarqatıp jiberiw yamasa múddetin sozıw, imperiya kanclerin tayarlaw hám azat etiw huqıqlarına iye edi.


Otto fon Bismark

1871-jılı konstituciyaǵa muwapıq, imperator Prussiya koroli dep te esaplanǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Germaniyanıń birinshi imperiya kancleri lawazımına Otto fon Bismark tayınlandı. Ol úlken tájiriybege iye bolıp, derlik 20 jıl dawamında (1871—1890) húkimetti basqardı. Bismark Germaniya tariyxında «Temir kancler» laqabı menen at qaldırdı.

Reyxstag, konstituciya boyınsha, ulıwma saylaw huqıqı tiykarında 5 jıl múddetke saylanatuǵın edi. Biraq ámelde saylaw huqıqı tek atına ǵana ulıwma edi. Áskeriy xızmetkerlerden basqa, 25 jasqa tolǵan erler saylaw huqıqınan paydalandı.

**Germaniyanıń ekonomikalıq rawalanıwı**

70 — 80-jılları Germaniya ekonomikası rawajlana basladı. Sanaat ónimleri barlıq kontinent mámleketleri bazarlarına kirip bardı. Qanday faktorlar Germaniya ekonomikasınıń gúrlep rawajlanıwına sebep boldı?

Bas faktor — Germaniyanıń birlestirilgenligi edi. Bul sebepli birden-bir ishki bazar júzege kelip, bajıxana tosıqları alıp taslandı. Birden-bir pul, ólshew hám awırlıq birlikleri engizildi.

Ekinshi faktor — Franciyanıń talanıwı boldı. Franciya 3 jıl ishinde 5 mlrd. frank kontribuciya tólewge májbúr boldı. Onnan tartıp alınǵan hám temir rudasına bay Lotaringiya menen Saar taskómir káni hám Germaniya awır sanaatı rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı.

Úshinshi faktor — Germaniya isbilermenleri basqa mámleketler tájiriybelerinen tabıslı paydalandı. Óndiriske eń aldıńǵı texnologiya hám de ilim hám texnika tabısların engizdi. Ásirese, Tomson tárepinen fosfor alıw procesiniń ápiwayılastırılıwı Germaniya sanaatınıń gúrlep rawajlanıwına úlken imkan jarattı. Sebebi, Germaniya fosfor rudalarınıń tiykarǵı mákanı edi.

Tórtinshi faktor — sanaattıń tez pát penen áskeriylestiriliwi boldı. Franciyadan óndirilgen kontribuciyanıń belgili bólegi áskeriy buyırtpalar ushın tólendi.

Bul faktorlar, Germaniyanı agrar mámleketten industrial mámleketke aylandırdı.

Germaniya ximiya sanaatında dúnyada birinshi orınǵa shıqtı. Temir hám polat óndiriwde AQSHtan soń ekinshi orınǵa shıqtı. Shoyın óndiriw 1912-jıl 17,6 mln. tonnaǵa jetti.

Sanaat rawajlanıwı menen óndiris úlken kárxanalarda toplanıp bardı. Sanaatta óndiristiń oraylasıwı kúsheydi. Mısalı,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Shnayder zavodında toplardı jıynaw procesi.**

kómir qazıp shıǵarıw, shoyın hám polat eritiw, tiykarınan, 4 monopoliya qolına ótti.

1914-jılǵa kelip, Germaniyada sanaat óndirisi 1871-jılǵa salıstırǵanda 7 ese kóbeydi. Sanaat óndiris kólemi boyınsha Germaniya dúnyada AQSHtan keyin ekinshi orındı iyeleydi. Awıl xojalıǵı da tez pátler penen rawajlana basladı.

***Bundesrat*** (Awqam Keńesi) — Germaniya parlamentiniń joqarı palatası.
***Reyxstag*** — Germaniya parlamentiniń tómengi palatası.
***Kancler*** — Bas wázir.

1. Germaniya qashan imperiya dep járiyalanǵan?
2. Germaniyanı birlestiriw procesi haqqında aytıp beriń.
3. Imperiya mámleket hákimiyatınıń joqarı organların aytıń.
4. Qanday faktorlar Germaniyanıń ekonomikalıq jaqtan gúrkirep rawajlanıwın támiyinledi?

1. Otto fon Bismark haqqında referat tayarlań.
2. Búgingi Germaniya Federativ Respublikası hám Ózbekstan Respublikası qatnasıqlarına tiyisli maǵlıwmatlar toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 9- §. Imperiyanıń ishki siyasatı

**Ishki siyasat**

Germaniya húkimeti ishki siyasatta mámleketti pruslastırıw máselesine ayrıqsha itibar berdi. Imperiya konstituciyasında Prussiya korolı ǵana Germaniya imperatorı bola alıwınıń kórsetilgeni bunıń ayqın dálili edi.

Polsha hám Franciyanıń Germaniyaǵa ótken aymaqlarında da pruslastırıw siyasatı júrgizildi. Polyak tilinde oqıtılatuǵın mektepler jabıldı. Sol sebepli 1906-jılı 100 mıńnan aslam polyak balaları mektepke barıwdan bas tarttı.

Bismark húkimeti katolik shirkewiniń tásirin kemeyttiriwge urındı. Mektep shirkewden ajıratıldı. Ruwxanıylardıń siyasiy is júrgiziwi qadaǵan etildi. Ruwxanıy kadrlar tayarlaw, olardı wazıypalarǵa tayınlaw jumısın mámleket óz qolına aldı.

Puqaralıq halatı aktlerin dizimge alıw jumısları (tuwılıw, neke, qaytıs bolǵanlıǵı) mámleket mákemeleri ıqtıyarına ótkerildi. Bismarktıń katolik shirkewi tásirine qarsı qollaǵan ilajları «Kulturkampf» (Mádeniyat ushın gúres) degen at aldı.

Bismark húkimeti sol waqıtta jumısshılar hám socialistlik háreketti bastırıw siyasatın júrgizdi. Bul dáwirde 1875-jılı dúzilgen Germaniya social-demokratiyalıq partiyasınıń (GSDP) tásiri ósip baratırǵan edi.

1878-jılı socialistlerge qarsı ayrıqsha nızam («Social-demokratlardıń qáwipli umtılıwlarına qarsı nızam») qabıl etildi. Onıń qabıl etiliwine imperator Vilgelm I ge qarsı eki ret shólkemlestirilgen qastıyanlıq báne boldı. Bul qastıyanlıqtı socialistler shólkemlestirmegen bolsa da, Bismark olardı jámiyet tártibin buzıwshılar dep esapladı. Bul nızam partiya xızmetin ámelde qadaǵan etti. Nızam 2,5 jıl múddetke qabıllanǵan bolsa da, 12 jıl dawamında ámel etti.

Bismark húkimeti qadaǵalawlar menen elde siyasiy turaqlılıqtı támiyinley almaytuǵının jaqsı túsindi. Ol jumısshılarǵa tiyisli nızamlar da qabıl etiw lazım dep esapladı hám buǵan eristi. Sonday-aq, bular jumısshılar nawqas bolǵanında, jaraqatlanǵanda, qartayǵanda hám miynet qábiletin joǵaltqanda qamsızlandırıw haqqındaǵı nızamlar edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1888-jılı Vilgelm I qaytıs boldı. Taxttı 28 jaslı Vilgelm II (1888 — 1918) iyeledi. Ol hákimiyattı heshkim menen, hátte Bismark penen de bólisiwdi qálemey, jeke húkimdarlıqqa umtıldı.

1889-jılı Bismark Reyxstag aldına socialistlerge qarsı nızamǵa turaqlılıq kirgiziw máselesin qoydı. Biraq, Reyxstag bunnan bas tarttı. Imperator da Bismarkti quwatlamadı. Bismark buni ózine kórsetilgen qorlıq dep bilip, 1890-jılı otstavkaǵa shıqtı. Jańa húkimet ayrıqsha jaǵdaydaǵı nızamdı biykarladı.

GSDP ashıq halatta islewge ótti. Partiya miynetkeshler mápin qorǵaw siyasatın dawam ettirdi. Ol eń kúshli hám massalıq partiyalarǵa aylandı. 1891-jıldan baslap ekshembi demalıs kúni dep belgilendi. 13 jastan kishi balalarǵa miynet etiwge ruqsat etilmedi. Hayal-qızlar ushın 11 saatlıq jumıs kúni belgilendi.

**Awıl xojalıǵındaǵı awhal**

Awıl xojalıǵında barlıq súriletuǵın jerlerdiń 25% ke jaqını yunkerler (úlken jer iyeleri) qolında boldı. Yunkerler xojalıq júrgiziwde jallanba miynetten paydalandı. Awıl xojalıǵında qollanıw ushın jaratılǵan texnikadan nátiyjeli paydalanıwǵa ayrıqsha itibar berildi. Keń kólemde mineral tóginlerden paydalanıwǵa ótildi.

Bular, óz náwbetinde, miynet ónimdarlıǵınıń ósiwin, zúráátliliktiń artıwın támiyinledi.

Awıl xojalıǵında texnikanıń keń qollanılıwı artıqsha jumısshı kúshlerdiń jumıs izlep qalaǵa kóshiwine alıp keldi. Bul bolsa rawajlanıp atırǵan sanaattı jumısshı kúshi menen támiyinlewge keń jol ashtı.

Germaniyanıń agrar mámleketten industrial mámleketke aylanıwında bul faktor da áhmiyetli rol oynadı.

**Miynetkeshler mápleri ushın gúres**

Germaniya qanshelli rawajlanbasın, mámleket jumısshıları AQSH hám Ullı Britaniya jumısshılarına qaraǵanda az is haqı alatuǵın edi. 1900 — 1903-jıllardaǵı jáhán ekonomikasınıń krizisi jumıssızlıqtıń kóbeyiwine, is haqınıń jáne de kemeyiwine alıp keldi.

Aqıbetinde, jumısshılardıń materiallıq awhalı tómenledi. Sonday sharayatta GSDP jumısshılar máplerin parlament jolı menen qorǵay basladı. 1912-jılǵı parlament saylawında bul partiya 34,8% dawıs alıwǵa miyasar boldı. Bul jetiskenlik húki-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

metti de boysınıwǵa májbúr etti. Nátiyjede, is haqı az bolsa da kóbeytildi, jumıs kúniniń qısqartılıwına erisildi. Biraq, jumısshılar buniń menen gúresti toqtatpadı. Olar 8 saatlıq jumıs kúni belgileniwin talap etti.

GSDP jumısshılardıń mápi ushın gúrestiń tınısh, parlament jolın tańlaǵan edi. Bul Parij Kommunası sabaqlarınan tańlanǵan birden-bir tuwrı jol edi. GSDPnıń parlament jolı menen gúres taktikasınıń tiykarında jámiyettegi áhmiyetli, tiykarǵı mashqalalardı reforma jolı menen sheshiw maqseti turar edi. Sonday-aq, bul jol puqaralar tatıwlıǵın názerde tuttı.

1. «Germaniyanı pruslastırıw» sóziniń mánisin túsindiriń.
2. «Kulturkampf» degen ne?
3. Bismark ne ushın otstavkaǵa shıqtı?
4. GSDP miynetkeshler mápleri ushın gúres jolında qanday tabıslarǵa eristi?

1. Eldiń awıl xojalıǵı qalay rawajlandı?
2. Jumısshılar mápi kimler tárepinen qorǵaldı?
3. Búgingi Germaniyada qaysı partiya húkimetti basqarıp atırǵanın anıqlań.

## 10- §. Imperiyanıń sırtqı siyasatı

**Dúnyanı qayta bóliwge dawagerlik**

Ullı Britaniya hám Franciya úlken koloniyaǵa iye bolǵan halda Germaniya bunday koloniyaǵa iye emes edi. Germaniya ústemlik sheńberleri «quyashtıń hámmege birdey nur shashıwı» talabı menen shıqtı.

Bismark Germaniyanıń xalıqaralıq maydandaǵı tásirin kúsheytiwdi óz aldına wazıypa etip qoydı. Jańadan dúzilgen francuz armiyasın ósh alıwshı armiya, dep esaplay basladı. Sonlıqtan, Franciya ele tolıq bekkemlenip almastan, onıń menen urısıwǵa asıqpaqta edi. Biraq, Rossiya menen Ullı Britaniya Germaniyanıń kúsheyiwin qálemeytuǵın edi.

Bismark eki frontta urısıwdan qorqatuǵın edi. Sonday sharayatta ol ózine awqamlas izledi hám tez arada onı taptı. Bul



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Avstriya-Vengriya imperiyası edi. 1879-jılı Germaniya Avstriya-Vengriya menen awqam dúzdi. 1882-jılı Avstriya-Vengriya—Germaniya awqamına Italiya qosıldı. Buǵan Italiyanıń Franciya menen qatnasıǵınıń keskinlesiwi sebep boldı. Sonlıqtan, Franciya Italiya dawagerlik etip júrgen Tunisti basıp aldı. Avstriya-Vengriya imperiyası bul waqıtta Balqan yarım atawında Rossiya menen básekilespekte edi. Solay etip, úsh pikirles kúshler birlesip, 1882-jılı áskeriy awqam — «Úshler awqamın» dúzdi. Germaniya Franciya hám Rossiyaǵa qarsı qaratılǵan koaliciyaǵa bas boldı. Bismark Rossiyanı óziniń siyasiy rejeleri jolındaǵı tosqınlıq dep bildi. Biraq, Bismark bir waqıtta hám Franciyaǵa, hám Rossiyaǵa qarsı gúresiw ańsat emesligin ańlaytuǵın edi.

1891-jılı shovinistlik shólkem — «German awqamı» dúzildi. «Korol Prussiya ústinde, Prussiya Germaniya ústinde, Germaniya dúnya ústinde» degen shaqırıq alǵa súrildi.

**Germaniyanıń koloniyalıq ekspansiyası**

Germaniya Evropada urısqa tayarlanıw menen bir waqıtta koloniyalardı basıp alıwǵa da kiristi. 1882-jılı Bremen sawdagerleri Afrikanıń qubla-batıs jaǵasındaǵı Angra — Peken buxtasına keldi. Olar 200 eski mıltıq hám 2000 marka ushın ruw baslıǵınan ádewir aymaqtı satıp aldı. Tez arada Germaniya bul jerdi óz protektoratı dep járiyaladı. Afrikaǵa hámeldarlar hám áskerler jiberildi. Olardıń jańa jerlerdi basıp alıwǵa urınıwı jergilikli xalıqtıń qarsılıǵına ushıradı.

Germaniya Afrikanıń Togo hám Kamerun aymaqların, Gvineyanıń arqa bólimin hám oǵan jaqın atawlardı iyeledi. Afrikanıń shıǵıs bólimindegi aymaqlardı hám Zanzibardı basıp aldı. Bul aymaq «Germaniya Shıǵıs Afrikası» degen ataq aldı.

Vilgelm II Germaniya ústem toparlarınıń basqınshılıq siyasatınıń «jarshısı» hám belsendi ámelge asırıwshısı boldı. 90-jıllardıń aqırında Shandun (Qıtay) provinciyasınıń bir bólimi basıp alındı. Sol waqıtta-aq, Germaniya Tınısh okeandaǵı Karolina, Mariana atawların hám de Samoa atawınıń bir bólimin iyelegen edi. Kóp ótpey Marshall atawların basıp aldı.

Arqa teńizdi Baltik teńizi menen tutastırǵan Kil kanalı ashıldı. Reyxstag áskeriy flot dúziwdiń úlken baǵdarlamasın qabıl etti. Bul nárse Ullı Britaniya menen qatnasıqların jáne



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

de keskinlestirdi. Marokkoǵa bolǵan dawası Franciya menen qatnasıqların taǵı da tómenletti.

Afrikada «bizdi qurı qaldırdı» dep bilgen german ústem toparları «qoldan ketkenlerdiń» ornın Jaqın Shıǵısta toltırmaqshı boldı. Olar Kishi Aziya, Siriya, Mesopotamiya hám Palestinada jaylasıp almaqshı edi. Sebebi, bul jerde dúnyadaǵı eń bay neft kánleri, ǵálle hám paxta shiyki zatı bar edi. Nemis bankiri Simens baslaması menen Berlindi Persiya qoltıǵı menen tutastırıwshı temir jol salıw rejesi dúzildi.

1889-jılı Vilgelm II «házireti Isa qábiri»n zıyaratlaw bánesi menen Palestinaǵa bardı. Ol sapar waqtında Osmaniyler mámleketi sultanı menen ushırasıp, reje boyınsha Bosfordan Kishi Aziya arqalı Baǵdadqa hám onnan Persiya qoltıǵına shekem temir jol qurıwdı kelisip aldı. Bul jol «Baǵdad temir jolı» degen at penen tariyxqa kirdi.

Nemislerdiń Persiya qoltıǵına shıǵıwı Ullı Britaniyanıń bul aymaqtaǵı máplerine qáwip salatuǵın edi. Sol sebepli, Ullı Britaniya «Baǵdad temir jolı»nıń Persiya qoltıǵına shıǵıwına jol qoymaw ushın Kuveytte óz protektoratın ornattı. Soǵan qaramay, Ósmaniyler mámleketi menen Germaniya ortasında temir jol máselesinde juwmaqlawshı pitim dúzildi.

Usı waqıtta, Germaniya zor berip qurallanıwdı kúsheytti. Qurallı kúshler sanı keskin kóbeyttirildi. Reyxstag úlken áskeriy kemeler soǵıwǵa hám suw astı flotı ushın qarjı ajırattı. Biraq, 1907-jılı dúzilgen Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiya awqamı Germaniyanıń sırtqı awhalın qıyınlastırıp jiberdi.

**Germaniya — Osmaniyler mámleketi qatnasıqları**

XIX ásir aqırında, Germaniya — Osmaniyler mámleketi múnásibetleri jaqınlasıp bardı. Osmaniyler mámleketi Germaniya kórinisinde óz qutqarıwshısın kórgendey edi.

Xosh, buǵan sebep ne? Evropanıń ullı mámleketleri bolǵan Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiya Osmaniyler mámleketi ushın imperiya aymaqların kóz astına alǵan yaki izbe-iz olardı basıp alǵan ulıwma dushpan mámleketlerine aylanǵan edi.

Qara teńizdi Jer Orta teńizi menen baylanıstırıwshı Osmaniyler mámleketine qaraslı Bosfor hám Dardanell buǵazlarına, Istanbul qalasına Rossiya dawagerlik ete basladı. Bunday sha-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rayatta Germaniya Osmaniyler mámleketi kóz aldında onıń imperiyası aymaqlarına dawa etpey atırǵan birden-bir mámleket edi.

Ullı mámleketlerdiń qısımına shıdaw ushın Osmaniyler mámleketine Germaniyaday awqamlas zárúr edi. Germaniya ushın Baǵdad temir jolın qursa, keleshekte pútkil Jaqın Shıǵısqa iyelik etiwi múmkindey edi. Sonlıqtan, Germaniya Osmaniyler mámleketin hám finanslıq, hám áskeriy jaqtan qollap-quwatladı.

Bul eki mámleket ortasındaǵı jaqınlıq, aqır-aqıbetinde, Osmaniyler mámleketin ózi sezbegen halda Germaniyanıń derlik vassalına aylandırıp qoydı. Endi, Osmaniyler mámleketi qálesin, qalemesin jaqınlap kiyatırǵan Birinshi jáhán urısında Germaniya tárepinde turıp urısqa qatnasıwǵa májbúr edi.

**Urıstıń sózsizligi**

XIX ásirdiń 90-jıllarında Germaniya iyelegen koloniyalar aymaǵı óziniń aymaǵınan derlik bes ese artıq edi.

*Birinshiden*, Germaniyanıń Evropada ústemlik etiwi haqqındaǵı dawaları kúsheydi.

*Ekinshiden*, jáhán bazarında Germaniya Ullı Britaniyanıń tiykarǵı qarsılasına aylandı.

*Úshinshiden*, Afrikanı qayta bólistiriwdi talap etip atırǵanı onıń hám Franciya, hám Ullı Britaniya menen qatnasıqların jáne de keskinlestirip jiberdi.

*Tórtinshiden*, Germaniyanıń Balkanǵa, Jaqın, Orta hám Uzaq Shıǵısqa kirip keliwi tezlesti, bul háreket tariyxqa «Shıǵısqa hújim» («Grang nach osten») atı menen kirdi.

Endi, Germaniya ústem toparları bul jaqtı dúnyadan jay talap ete basladı. Sonday-aq, xalıqaralıq kelispewshiliklerden óz mápi jolında paydalanıwǵa urındı. Rossiya imperiyasınıń Balkan yarım atawındaǵı máplerin mensinbey, Avstriya-Vengriyanıń Balkan siyasatın qollap-quwatladı.

Dúnyanıń barlıq noqatlarında Germaniya ekspansiyası Ullı Britaniya máplerine tiyisti hám onıń qarsılıǵına dus keldi.

Germaniya imperatorı Vilgelm II «Germaniyanıń keleshegi teńizde» degen úndewdi járiya etti. Bul úndew teńiz húkimdarı — Ullı Britaniya áskeriy flotına teń keletuǵın flot shólkemlestiriw zárúrligin ańlatatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Germaniya áskeriy teńiz flotı qúdireti jaǵınan ekinshi orınǵa shıǵıp alǵan edi. Imperator maqsetin iske asırıw ushın jańa áskeriy kemeler qurıw jumısı tezlestirildi.

1905-jılı Germaniya qurallı kúshleri Bas shtabı eki frontta, yaǵnıy Batısta hám Shıǵısta (Rossiyaǵa qarsı) urıs alıp barıw rejesin islep shıqtı.

Germaniya hám áskeriy, hám ekonomikalıq, hám ideologiyalıq jaqtan urısqa tayarlanıwda qarsılaslarınan ozıp ketti.

***Koaliciya*** (latınsha — birlesken) — bir yaki birneshe mámleketlerge qarsı birlesip háreket etiw ushın eki yaki onnan kóp mámleketlerdiń dúzgen waqıtsha áskeriy-siyasiy awqamı.

***Ekspansiya*** (latınsha — keńeyttiriw) — koloniyalıq mámleketlerdiń ózgeler aymaǵın hám bazarların, shiyki zat dereklerin basıp alıwǵa, siyasiy hám ekonomikalıq tásir sheńberlerin keńeyttiriwge qaratılǵan siyasatları.

1. Germaniya sırtqı siyasatınıń tiykarǵı maqseti ne edi?
2. Germaniya, Avstriya-Vengriya hám Italiya áskeriy-siyasiy awqamı qalay júzege keldi?
3. Nege Germaniya Evropanıń ullı mámleketleri esaplanǵan Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiyanıń hesh bolmaǵanda birewi menen de awqamlas shártnamasın dúze almadı?
4. Germaniyanıń I jáhán urısına puqta tayarlıǵın mısallar menen túsindiriń.
5. Búgingi Germaniya Federativ Respublikası hám Franciya qatnasıqlarına tiyisli maǵlıwmatlardı toplań.

1. «German awqamı»nıń maqseti haqqında referat tayarlań.
2. Kartadan Germaniya koloniyaların anıqlań hám túsindiriń.
3. «Baǵdad temir jolı» túsinigin sıpatlań.
4. Germaniya nege Osmaniyler mámleketi menen jaqınlastı?

## 11-§. XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Ullı Britaniyanıń siyasiy hám ekonomikalıq awhalı

**Eldiń siyasiy dúzimi**

Ullı Britaniya bul dáwirde sheklengen monarxiya edi. Biraq, Germaniyadan parqı, mámlekette korol hákimiyatı rol oynamaytuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ullı Britaniya korolları mámleket baslıǵı edi. Olar mámleketti ámelde basqarmadı. Mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatın basqarıw parlament dúzetuǵın húkimet qolında edi.

Ullı Britaniyada qaysı partiya parlament saylawında jeńip shıqsa, sol partiya húkimet dúzetuǵın edi. Elde kúshli eki partiyalı sistema ornap, biri Konservatorlar, ekinshisi Liberallar partiyası dep ataldı. Konservatorlar partiyasınıń tiykarǵı tayanıshı iri jer iyeleri hám anglikan shirkewi, Liberallar partiyasınıń tiykarǵı tayanıshı bolsa orta klass wákilleri edi.

Konservatorlar partiyası dástúrlerge sadıqlıǵı menen ajıralıp tursa, Liberallar partiyası zaman ruwxına say reformalar ótkeriw baslaması menen ajıralıp turdı. Sol payıtta, olardı birlestiriwshi máplerdiń tiykarın Ullı Britaniyanıń dúnyada jetekshi mámleket poziciyasın saqlap qalıwǵa umtılıwı, koloniya imperiyanı taǵı da keńeytiw, dúnya bazarlarınan óz qarsılasların kóbirek qısıp shıǵarıwǵa umtılıw sıyaqlı maqsetler quraǵan.

XIX ásirdiń ortalarına kelip Ullı Britaniyada demokratiyalıq jámiyet tiykarları ornadı. Bular — sóz, mitingler ótkeriw, baspasóz erkinligi sıyaqlılarda óz kórinisin taptı. Sonday-aq, qatlamlıq jeńillikler tamamlandı. Birinshi orınǵa insannıń qaysı qatlamǵa tiyisliligi emes, shaxstıń erkinligi, qábileti, ǵárezsizligi, individuallıǵı qoyıldı.

1867-jılı ótkerilgen parlament reforması sebepli saylawda qatnasıwshılar ushın múlik cenzi kemeyttirildi. Nátiyjede, er adamlar xalqınıń 50 % saylaw huqıqına iye boldı.

Liberallar partiyasınan U. Gladston bas wázirlik dáwirinde (1864—1874-jıllar) húkimet bir qatar reformalar ótkerdi. Sonlıqtan, tred-yunionlarǵa óz huqıqların sudta qorǵaw huqıqı berildi hám is taslawlar ótkeriwge ruqsat etildi. Parlamentke saylawlardıń jasırın dawıs beriw jolı menen ótkeriliwi engizildi. Mektep reforması ótkerildi.

B. Dizraeli bas wázirligi dáwirinde áhmiyetli ilajlar ámelge asırıldı. 1875-jılı háptede 54 saatlıq jumıs waqtı belgilendi. 10 jastan kishi balalardı jumısqa qabıllaw qadaǵan etildi. 1911-jılı jáne bir márte parlament reforması ótkerildi. Bul reformalar Ullı Britaniyada demokratiyalıq jámiyeti hám huqıqıy mámleketshilik rawajlanıwı jolında áhmiyetli basqısh boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ekonomikalıq rawajlanıwdan artta qalıwı**

XIX ásirdiń sońǵı shereginde Ullı Britaniya ekonomikalıq jaqtan artta qala basladı. «Jáhán ustaxanası» dep atalǵan Ullı Britaniyanıń XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında sanaat óndirisiniń kólemi 2 ese qısqardı. Sanaat óndirisiniń kólemi boyınsha 3-orınǵa tústi. Eldiń jáhán ustaxanası dárejesi ótmishke aylanıp qaldı. Bunıń tiykarǵı sebebi — birinshiden, kapitaldıń tiykarınan shetke shıǵarılıwı edi. Inglis kapitalistleri koloniyalarda zavod, fabrika hám basqa kárxanalar qurıwdı abzal kórgen. Sebebi, koloniyalar shiyki zat hám arzan jumısshı kúshiniń dáregi edi. Olardı metropoliyaǵa alıp keliw qımbatqa túsetuǵın edi.

Shetke kapital shıǵarıw júdá úlken dáramat keltirgen. Onıń keltirgen paydası sırtqı sawda keltirgen paydadan 5 ese kóp bolǵan. Payda izinen quwıw aqıbetinde Ullı Britaniyadaǵı kárxanalar zamanagóy texnika hám texnologiyalar menen qayta úskenelenbey qaldı. Bunıń nátiyjesinde Ullı Britaniya sanaat ónimleriniń básekilik quwatı páseydi. Germaniya hám AQSH tovarları jáhánniń barlıq bazarlarında Ullı Britaniya tovarların qısıp shıǵara basladı. Sebebi, Germaniya hám AQSH tovarları hám sapalı, hám arzan edi. Sol sebepli 20 jıl ishinde, yaǵnıy 80-jıllardan baslap XX ásir baslarına shekem Germaniyanıń Ullı Britaniyaǵa eksportı 41 % kóbeygen, AQSHtan eksport etiw bolsa eki eseden zıyatıraq kóbeygen.

Bunnan tısqarı, jas rawajlanıp atırǵan mámleketler inglis tovarlarına úlken bajı tólemlerin engizgen edi. Ullı Britaniya bolsa bajı tólemisiz sawda dástúrlerine sadıq bolıp qala berdi.

Ekinshiden, xalıqaralıq maydanda bólingen dúnyanı qayta bóliw ushın gúres kúsheygen bir waqıtta Ullı Britaniya áskeriy qárejetlerin kóbeytiwge májbúr boldı. Solay bolsa da, Ullı Britaniya ekonomikalıq jaqtan ele qúdiretli edi. London jáhán finans orayı edi. Jáhán sawdasında esap-sanaq ele Ullı Britaniya pul birligi (funt sterling) tiykarında ámelge asırılatuǵın edi.

Inglis kapitalizmi sanaat tarawında aldınǵı birinshiliginen ayırılǵan bolsa da, júdá úlken payda alıw imkanın saqlap qaldı. Buǵan kópten-kóp koloniyalardaǵı júdá úlken bazarların óz qolında saqlap qalıw arqalı eristi. Bunnan basqa,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ullı Britaniyanıń sanaat ústinligi áste qoldan ketkeni menen, jáhán dáldalshılıq sawdasınan, qamsızlandırıw, bank, keme-sazlıq tarawındağı monopol ústemliginen qol úzgen joq edi. Ullı Britaniya burjuaziyası bul monopol ústemlikti dáslep óziniń koloniya imperiyası sebepli uzaq waqıt saqlap qala aldı.

***Kapital*** (latınsha — bas, tiykarǵı) — qarjı; óz iyesine payda keltiriwshi jámi qurallar hám qarjılar. Yaǵnıy, payda keltiretuǵın, ózin-ózi kóbeyttiriwshi qun; pul tabıwshı pul.

1. «Siyasiy dúzim» hám demokratiyalıq jámiyet túsinigine sıpatlama beriń.
2. «Kúshli eki partiyalıq sistema» degende neni túsinesiz?
3. Konstituciyalıq monarxiya degen ne?.
4. XIX ásirdiń sońǵı shereginde Ullı Britaniyanıń ekonomikalıq rawajlanıwda jetekshilik abırayın joǵaltqanlıq sebeplerin túsindirip beriń.

1. «Jáhán ustaxanası» túsinigin táriyipleń.
2. Ullı Britaniyadağı reformalar boyınsha referat jazıń.

## 12-§. Ullı Britaniyanıń ishki siyasatı

**Irlandiya mashqalası** Ullı Britaniya ishki siyasatındağı keskin mashqalalardan biri — Irlandiya mashqalası edi. Irlandiyanıń ijaraǵa jer alıp kún kóriwshi diyqanları oǵada mútájlikte jasadı. Sebebi, jerlerdi Britaniya lendlordları ózleriniki etip alǵan edi. Kópshilik irlandiyalılar tirishilik jolında Amerikaǵa kóship ketti. Ashlıq, ólim hám kóship ketiw nátiyjesinde xalıq azayıp ketti.

1875-jılı Ullı Britaniyanıń parlamenti deputatı, olsterlik protestant, jer iyesi Parnell Irlandiyaǵa avtonomiya huqıqı beriliwi haqqında nızam qabıllawdı (gomrul) talap etti. Sonday-aq, ol ijaranıń turaqlı bolıwı, ijara haqınıń insap penen alınıwı hám ijaraǵa alınǵan jerdiń qoldan-qolǵa erkin ótiwin kózde tutıwshı agrar reformanı ámelge asırıwdı talap etken birlesken jámiyet — Irland qarsılas toparın óz átirapına birlestirdi.

Parnell basshılıq etken qarsılası abıraylı kúshke aylandı. Irland diyqanlarınıń «Jer-suw ligası» atlı ǵalaba shólkemi usı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qarsılastıń tayanıshı boldı. Ijarashılardıń jerden aydalıwına juwap retinde «Jer-suw ligası» Irlandiyadaǵı úlken jer iyelerine qarsı ǵalaba terror baslap jiberdi. Usınıń menen, Britaniya tovarlarına boykot kúsheydi.

Ullı Britaniya húkimeti 1881-jılı irlandlarǵa gomrul ornına «Jer-suw akt»in usınıs etti. Onda 15 jıl múddetke ijara muǵdarın ádillik penen belgileytuǵın hám ijarashıǵa óz jer maydanın basqa bir shaxsqa ótkeriw huqıqın beretuǵın komissiya dúziliwin kózde tutqan edi.

Irland «Jer-suw ligası» bul tártipke qarsı shıqtı hám boykottı kúsheyttirip, britaniyalıq pomeshiklerdi qorqıtıw kompaniyasın baslap jiberdi hám gomruldı talap etti. Buǵan juwap retinde, húkimet qadaǵalawdı kúsheytti. Panell qamaqqa alındı. «Jer-suw ligası» toqtatıp qoyıldı.

Ullı Britaniya húkimetiniń bul háreketleri janıp turǵan jalınǵa may quyǵan menen barabar edi. Irland diyqanları Parnelldiń baslaması menen britaniyalıq lendlordlarına renta (ijara haqı) tólewden bas tarttı. Toqtatılǵan «Jer-suw ligası» ornına «Hayal-qızlar jer ligası» dúzildi. Sonday-aq, «Ay shuǵlası bahadırları», «Aq uǵlanlar», «Jeńilmes batırlar» sıyaqlı milletshi jawınger irland shólkemleri payda boldı.

Irlandiyada ashıqtan-ashıq puqaralar urısı qáwpi kúsheydi. Sonnan keyin Ullı Britaniya húkimeti Parnell hám onıń tárepdarlarına kelisimge keliwdi usınıs etti. 1881-jılı Parnell menen dúzilgen pitimge muwapıq, irland ijarashı diyqanları ijara haqı tólewdi dawam etiwi hám is taslawdı toqtatıwı, pomeshikler bolsa ijarashılardıń qarızların keship jiberiwleri lazım edi.

Biraq, Parnell tutqan kelisim jolı Irlandiyadaǵı mayda terrorshı toparlardı aktivlestirdi. 1882-jılı Dublinda Irlandiya isleri boyınsha stats-sekretar hám Irlandiya lord-hákimi óltirildi. Britaniya tárepinen qáwip hám policiya terrorı baslandı. Buǵan juwap retinde irland awılında jańa terrorshılıq tolqını kóterildi.

Aqır-aqıbetinde, 1886-jılı húkimet gomrul beriwge qarar etti. Biraq, parlament onnan bas tarttı.

Usınday sharayatta Irlandiya burjuaziyasınıń bir bólegi Irlandiyaǵa avtonomiya beriliwi talabı menen shıqtı. Irlandiya burjuaziyasınıń sawda-sanaat sheńberleri máplerin gózlewshi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bólegi bolsa Irlandiyanıń ekonomikalıq ǵárezsizligin támiyinlewge qaratılǵan birqansha keskin talaplardı ortaǵa qoydı.

Usı topardıń baslıǵı A. Griffit 1905-jılı «Shinfeyn», («Biz ózimiz») partiyasın dúzdi. Ol Irlandiya ǵárezsiz parlamentin dúziw baslamasın alıp bardı. Britaniyanıń tovarların boykot jasaw kúsheydi. Húkimet 1912-jılı parlamentke jańa gomrul haqqındaǵı nızam joybarın usındı. Biraq, parlament onı tastıyıqlamadı. Nátiyjede, Irlandiyada siyasiy awhal keskinlesti.

Biraq baslanıp ketken jáhán urısı parlamentti gomrul haqqındaǵı nızamdı tastıyıqlawǵa májbúr etti. Sebebi, urıs dáwirinde ishki siyasiy turaqlılıq hawaday zárúr edi.

**1911-jılǵı parlament reforması**

1911-jılı Ullı Britaniyada Parlament reforması haqqındaǵı nızam qabıllandı. Bul nızam parlamenttiń joqarı palatası—Lordlar palatasınıń veto huqıqların shekledi.

Parlamenttiń tómengi — Jámáátler palatası bir nızam joybarın 3 ret maqullasa, ol Lordlar palatası tárepinen tastıyıqlanbasa da nızam kúshke iye bolatuǵın boldı. Lordlar palatası finans máselelerin de sheshiwden shetletip qoyıldı. Parlamenttiń wákillik múddeti 5 jıl etip belgilendi. Deputatlarǵa aylıq belgilendi.

Ullı Britaniya miynetkeshleri óz huqıqları ushın bárha gúres alıp bardı. Ullı Britaniya jumısshıları háreketinde tred-yunionlar (kásiplik shólkemleri) úlken rol atqarǵan. Tred-yunionlarǵa aǵza bolǵanlar sanı da jıldan-jılǵa asıp barǵan.

**Jámiyetlik háreket**

Ullı Britaniya tred-yunionları gúrestiń parlament jolın tańlaǵan. Nızam jumısshılarǵa is taslaw huqıqın bergen. Is taslaw waqtında kárxanalar kórgen zıyan tred-yunionlar esabınan óndirilgen. Bul qaǵıyda ámelde is taslawdı gúres usılı sıpatında joqqa shıǵardı. Tred-yunionlar óz partiyaların dúziwge qarar etti. Bul partiya 1900-jılı dúzilip, ol 1906-jıldan baslap Leyboristler partiyası dep ataldı.

Leyboristler partiyası parlament jolı menen jumısshılar máplerin qorǵawdı óz maqseti, dep daǵazaladı. Liberallar húkimeti basshısı D. Lloyd-Djorj «Leyboristler partiyasınıń dúziliwi Liberallar húkimetiniń qátesi», dep ókinish penen kórsetken edi. Leyboristler partiyası birinshi parlament saylawında-aq 29 deputatlıq ornın iyeledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekonomikalıq rawajlanıw pátiniń tómenlewi zárúr tutınıw ónimleriniń bahasınıń kóteriliwine alıp keldi. Bul bolsa jumısshılardı is taslawǵa májbúrledi. Eń úlken is taslaw 1911-jılı júz berdi. Kómir qazıwshılardıń 6 háptelik is taslawı húkimetti zárúr ilajlar kóriwge májbúr etti. Sonlıqtan, «Is haqı minimumı haqqında»ǵı nızam qabıl etildi. Nızamda, is taslawlar waqtında kárxanalar kórgen zıyannıń tred-yunionlardan óndiriliwi qadaǵan etildi.

Óndiris procesinde baxıtsız hádiyse sebepli jábirlengenlerge kárxana iyeleri esabınan napaqa tólew belgilendi. 70 jasqa tolǵan adamlarǵa pensiya tayınlandı. Kánshiler ushın 8 saatlıq is kúni belgilendi. Nawqaslıq hám jumıssızlıq boyınsha qamsızlandırıw tólemlerin tólew engizildi.

Bir sóz benen aytqanda, Ullı Britaniya ústemlik toparları Birinshi jáhán urısı qabatında ishki siyasiy mashqalalardı jumsartıwǵa hám xalıqtı birlestiriwge muwapıq boldı.

***Gomrul*** — óz-ózin basqarıw (Irlandiyada).
***Boykot*** — biykarlaw.

1. Irlandiya mashqalası qalay júzege kelgen edi?
2. Irland xalqınıń óz azatlıǵı jolında alıp barǵan gúresi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
3. Gomrul haqqında nızam qabıl etpewi múmkin be edi?
4. 1911-jılı Ullı Britaniyada ótkerilgen parlament reforması haqqında aytıp beriń.
5. Leyboristler partiyasınıń dúziliwi haqqında aytıń.
6. Ullı Britaniya qashan Irlandiyanı basıp alǵan edi?

1. Gomruldıń mánisin túsinip alıń.
2. «Jer-suw ligası» shólkeminiń xızmetin úyreniń.
3. «Shinfeyn» shólkemi qanday jumıslardı ámelge asırdı?
4. 1911-jılı qanday reformalar ótkerildi?

## 13-§. Ullı Britaniyanıń sırtqı siyasatı

**Eń kóp koloniyaǵa iye mámleket**

Ullı Britaniyanıń ekonomikalıq rawajlanıwı AQSH hám Germaniyaǵa qaraǵanda tómenlegen bolsa da, áskeriy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jaqtan ele dúnyanıń eń qúdiretli mámleketi bolıp qalǵan edi. Qúdiretli áskeriy teńiz flotı Ullı Britaniyanı teńizde birden-bir ústem mámleketke aylandırǵan edi. Sol sebepli, Ullı Britaniya XIX ásirden baslap dúnyanıń barlıq kontinentlerinde júdá úlken aymaqlardı basıp aldı hám olardı óz koloniyasına aylandırdı.

XIX ásirdiń aqırında, koloniyalarǵa aylandırılǵan aymaqlar 33 mln.kv.km.di quradı. Olarda 370 mln. xalıq jasaytuǵın edi.

Koloniyalardan keletuǵın dáramat alınıp atırǵan paydanıń úlken bólegin quradı.

Sol dáwir tariyxshıları Ullı Britaniya ushın koloniyalardıń áhmiyetin bılay jazdı: «Hindstan Ullı Britaniyanı baǵıwshı tárbiyashı. Mısr bolsa Britaniya imperiyası basına kiydirilgen taj».

### Koloniyalıq imperiyasınıń dúziliwi

Britaniyanıń teńizdegi jeke ústemligi, hátte mámleket gimninde de óz kórinisin taptı. Ullı Britaniya ul-qızları gimnnen orın alǵan «Britaniya, teńizlerdi basqar, ústemlik et!» degen qatarlardı yoshlanıp atqaratuǵın edi.

Ekonomikalıq jaqtan Ullı Britaniyanıń eń aldıńǵı mámleket sıpatında abırayınıń páseyiwi onı jáne jańa koloniyalar basıp alıwdı kúsheyttiriwge iytermeledi. Sol waqıtta bolsa, dáslepki koloniyalarda óz abırayın jáne de bekkemlewge umtıldı.

1875-jılı dáslep Mısr húkimetinen Jer Orta teńizinen Hind okeanına shıǵıwǵa imkan beriwshi Suec kanalınıń 45 % akciyasın satıp aldı. Tez arada, kanaldıń basqa, jeke adamlar qolında jıynalǵan akciyalardı da qolǵa kirgizdi. Sol arqalı Hindstanǵa shıǵatuǵın teńiz jolların qadaǵalaw tolıq Britaniya qolına ótti.

1876-jılı Britaniya óz korolevası Viktoriyanı Hindstannıń imperatorı dep járiyaladı. Solay etip, Ullı Britaniya imperiyası dúzildi. Endi Ullı Britaniya imperiya dep, parlament bolsa imperiya parlamenti dep júrgiziletuǵın boldı.

### Ullı Britaniya hám Rossiya imperiyası

Ullı Britaniya óz aldına Orta Aziyanı da iyelewdi maqset etti. Sol waqıtta, Jer sharınıń bul kontinentine Rossiya imperiyası da dawagerlik etpekte edi. Imperator húkimetiniń maqseti Orta Aziyanı iyelew arqalı Awǵanstanǵa shıǵıw hám sol arqalı Hindstanǵa tikkeley qáwip salıw menen xalıqaralıq máselelerde Ullı Britaniyanı boysınıwǵa májbúr etiw edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rossiya imperiyası Orta Aziyanı basıp alıwdı baslaǵanı Ullı Britaniyanı táshwishke saldı. Aqırı, eki mámleket mápleriniń óz ara ulıwmalıǵına eristi. Yaǵnıy, Rossiya Hindstanǵa qáwip salıw, Ullı Britaniya bolsa Orta Aziyanı iyelew niyetinen bas tarttı. Awǵanstan bul eki koloniyalı mámleket mápleriniń tıyıǵın qaytarıp turıwshı aymaq wazıypasın ótewi lazım edi.

Ullı Britaniya hám Rossiya máplerine qarsı keletuǵın jáne bir aymaq Balkan yarım atawı, sonday-aq, Qara teńizdi Jer Orta teńizi menen tutastıratuǵın Osmaniyler mámleketine qaraslı Bosfor hám Dardanell buǵazları hám de Istanbul qalası edi. XIX ásir aqırlarında Balkan yarım atawı xalıqlarınıń belgili bólegi Osmaniyler mámleketi zulımı astında edi.

Rossiya imperiyasınıń Balkanda bekkem ornalasıwǵa umtılıwı, Osmaniyler mámleketiniń bolsa Balkandaǵı slavyan xalıqların óz zulımı astında saqlawǵa urınıwı 1877-jılı Rossiya — Osmaniyler mámleketi urısın keltirip shıǵardı. Bul urısta qolı bálent kelgen Rossiya Osmaniyler mámleketin ózi ushın qolay San-Stefano pitim shártnamasına qol qoyıwǵa májbúr etti. Biraq, Rossiyanıń kúsheyip ketiwin qálemegen Ullı Britaniya Rossiyanı San-Stefano shártnamasın ullı mámleketlerdiń Berlin kongresinde qayta kórip shıǵıwǵa májbúr etti. Osmaniyler mámleketi mápleri qatań qorǵaldı. Bul xızmet ushın Osmaniyler mámleketi Ullı Britaniya paydasına Kipr atawınan bas tarttı.

Biraq, Ullı Britaniya patsha Rossiyasına dushpanlıq múnásibetlerin ózgertiwge májbúr boldı. Buǵan Germaniya áskeriy qúdiretiniń barǵan sayın artıp baratırǵanlıǵı, onıń hátteki Ullı Britaniya koloniyalarına da dawa etkenligi sebep boldı. Eń kóp koloniyalı mámleketler bolǵan Ullı Britaniya hám Rossiya imperiyası óz koloniyaların Germaniya menen birge bólisiwin hesh qálemeytuǵın edi. Endi, bul eki mámleket ulıwma dushpan qáwpine qarsı turıw ushın óz ara jaqınlasıw jolların izley basladı.

**Afrikadaǵı koloniyalar**

Ullı Britaniya tábiyiy qazılmalarǵa bay Afrika kontinentinde de úlken koloniyalar basıp alıwǵa kiristi. 1882-jılı Mısrdı iyeledi. Keyingi jıllarda Nigeriya, Somali, Keniya, Ugandanı basıp aldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1899-jılı Afrikaǵa Gollandiya, Franciya hám Germaniyadan kóship barǵan adamlar áwladları basqarıp atırǵan Bur Respublikalarına qarsı urıs háreketlerin basladı. 1902-jılı Bur Respublikaları baǵındırıldı (Transvaal va Oranj Respublikaları).

Ullı Britaniya Qubla Afrikada basıp alǵan barlıq aymaqlardı birden-bir birlikke — Qubla Afrika Awqamına birlestirdi.

### Ullı Britaniyanıń xalıqaralıq ahwalı

Bazarlar hám koloniyalar ushın koloniyalıq mámleketler ortasında básekiniń kúsheygenligi Ullı Britaniyanıń xalıqaralıq awhalın tómenletti. Ásirese, Germaniya menen Ullı Britaniya qarama-qarsılıqları kúsheydi. Usınday sharayatta Ullı Britaniya Germaniyaǵa qarsı mámleketler menen til tabısıw jolın izlewge májbúr boldı. 1901-jılı Panama kanalı qurılıwı huqıqın AQSHqa berdi. Yaponiya, Franciya hám Rossiya menen jaqınlastı.

Ullı Britaniya húkimeti, sol waqıtta, basqa mámleketlerdiń ishki islerine de aralasıwın dawam ettirdi. Sonday-aq, Irandaǵı (1905 — 1911-jıllar) revolyuciyanı bastırdı. Qıtayda 1911-jılǵı revolyuciyaǵa qarsı shıqqan kúshlerdi qollap-quwatladı.

Sol waqıtta, Ullı Britaniyadan kóship barǵan inglisler jaylasqan koloniyalarda bekkemlenip alǵan milliy burjuaziyanıń qısımı astında húkimet bul koloniyalarǵa rásmiyetshilik jaqtan gárezsizlik huqıqın (dominion) beriwge májbúr boldı. Avstraliya, Jańa Zelandiya hám Qubla Afrika Awqamı dominionlıq huqıqın aldı (1867-jılı Kanada usınday huqıqtı alǵan edi).

1. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Ullı Britaniyanıń eń úlken koloniya mámleket ekenligin dálilleń.
2. Ullı Britaniya koloniyalıq imperiyası qalay dúzilgen?
3. Ullı Britaniya—Rossiya qatnasıqları haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Ullı Britaniya dominionları qanday huqıqlarǵa iye boldı?

1. «Hindstan Ullı Britaniyanı baǵıwshı tárbiyashı, Mısr bolsa Britaniya imperiyası basına kiydirilgen taj» degen gápke túsinik beriń.
2. Ullı Britaniya imperiyası qashan dúzilgenligin aytıp beriń.
3. Rossiya menen Ullı Britaniyanıń Orta Aziya ushın gúresi haqqında qosımsha materiallar jıynap referat tayarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BAP XIX ÁSIR AQÍRÍ — XX ÁSIR BASLARINDA AMERIKA MÁMLEKETLERI

## 14- §. Amerika Qurama Shtatları

### Ekonomikalıq rawajlanıwı

Puqaralar urısınan keyin ishki bazardıń júzege keliwi, qulshılıqtıń saplastırılıwı, qul iyelewshilik latifundiyalarınıń biykarlanıwı, ónimdarlı jerlerdiń, paydalı qazılma baylıqlarınıń kópligi, suwlı dáryalar hám sheksiz toǵaylar, Amerika xalqınıń isbilermenligi mámleket ekonomikalıq rawajlanıwınıń júdá tezlesiwine sebep boldı. Bul payıtta, AQSHqa qońsı mámleketler (Kanada hám Meksika) kúshsiz edi. Bul jaǵday AQSHtı artıqsha áskeriy qárejetlerden qutqardı. Bunnan basqa, AQSHqa jasaw ushın kelgenlerdiń úlken bólegi ámelde joqarı tájiriybeli qánigeler edi.

1870 — 1914-jılları AQSHqa 25 mln. adam kóship keldi. Bul AQSHtıń rawajlanıwında áhmiyetli boldı. Jumısshı kúshine bolǵan talap jańa texnika hám texnologiyalardıń óndiriske engiziliwine jol ashtı. Bular da AQSHtıń rawajlanıwına alıp keldi.

XIX ásirdiń aqırǵı otız jılı AQSH tariyxında rawajlanıwdıń jetiskenligi, júdá áhmiyetli ekonomikalıq hám siyasiy waqıyalar bolǵanlıǵı menen xarakterlenedi. 1860-jılı AQSH sanaat óniminiń kólemi jaǵınan dúnyada tórtinshi orında turǵan bolsa, 1894-jıl birinshi orınǵa shıqtı. Bul dáwirde AQSHtıń sanaat ónimi Batıs Evropadaǵı barlıq ellerdiń óniminiń yarımına teń edi.

AQSHta keń ishki bazardıń júzege keltiriliwi kapitalizmniń rawajlanıwı ushın júdá úlken áhmiyetke iye boldı. Buǵan awıl xojalıǵındaǵı kapitalizm rawajlanıwınıń «amerikalıq jolı» (egislik maydanlardı keńeytiw esabına ónimdi kóbeytiw) tabısqa eriskenligi, batıs aymaqlardıń tezlik penen ózlestirilgenligi, úlken tezlik penen temir jollarınıń qurılǵanlıǵı hám immigraciya nátiyjesinde xalıqtıń tez kóbeyiwi de járdem berdi.

AQSH sanaatınıń ósiwinde Evropa kapitalı áhmiyetli boldı. Evropa mámleketleriniń AQSHqa qoyǵan kapitalı 1890-jılı 3 mlrd. dollarǵa jetti. Biraq, AQSH shetke kapital shıǵarıwda Ullı Britaniya, Franciya hám Germaniyadan arqada edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Óndiristiń oraylasıwı**

XX ásirdiń basında elde óndiristiń oraylasıwı hám de bank kapitalı menen sanaat kapitalınıń qosılıwı dawam etti. Sanaat óniminiń qunı 1909-jılı 20 mlrd. dollardan astı. I jáhán urısı dáwirinde AQSHta qazıp alınıp atırǵan tas kómirdiń, islenip atırǵan shoyın hám polattıń muǵdarı Ullı Britaniya, Franciya hám Germaniya erisken ulıwma muǵdarǵa teń edi. Sanaattıń barlıq tarawlarında AQSH jer júzinde 1-orınǵa shıqtı. Óndiristiń barlıq tarawlarında trestler shólkemlestirildi. Polat, neft, mıs, elektr hám sol sıyaqlı sanaat tarawları «korollarınıń» qúdiretli dinastiyaları júzege keldi. Ford avtomobil korolına aylandı.

1901-jılı Morgan 1 milliard dollarlıq kapitalǵa iye bolǵan «Polat korporaciyası» dep atalǵan úlken trestti dúzdi.

Rokfellerdiń «Standart oyl» tresti neft óniminiń 90 % in, okeanlarda qatnaytuǵın júzlegen paroxodlardı óz qolına aldı.

1914-jılǵa kelip xalıqtıń 2 % in quraǵan kapitalistler milliy baylıqtıń 60 % ne iyelik ete basladı.

**Awıl xojalıǵındaǵı túpkilikli ózgeris**

Awıl xojalıǵındaǵı túpkilikli ózgeristiń tiykarın qol miyneti ornın mashinanıń barǵan sayın kóbirek iyelewi quradı. 1860 — 1910-jılları AQSHta fermerler sanı 3 ese kóbeydi.

AQSHta Batıs Evropaǵa uqsas korol shańaraǵı da, Shıǵıs ellerindegi sıyaqlı iri jer iyeleri de, úlken-úlken múliklerge iye bolǵan shirkew jer iyeligi de joq edi.

Aldıńǵı awıl xojalıq texnikaları oylap tabıldı. Bular shóplerdi presleytuǵın mashina, dánli eginlerdi oratuǵın hám jıynaytuǵın mashina (kombayn), egiwshi, qırqıwshı, qabıǵın ajıratıwshı, jerdi jumsartıwshı, tógin shashıwshı, kartoshka egiwshi, saban keptiriwshi, úy quslarınıń inkubator sıyaqlılardan ibarat boldı. Awıl xojalıǵında ilim-pán tabısları da keń qollanıla baslandı.

Arqa Afrikadan mákke, Rossiyadan biyday, Túrkstannan jońıshqa ósimlikler ákelinip mádeniylestirildi hám joqarı ónim alındı. Jańa jerlerdi ashıw esabına ónimlerdi kóbeyttiriw awıl xojalıǵın rawajlandırıwdıń «amerikalıq jolı» dep ataldı.

**Qubladaǵı jaǵday**

Qublada puqaralar urısınan keyin úlken ózgerisler júz berdi. Qulshılıq saplastırıldı. 1870-jılı AQSH Konstituciyasına dúzetiw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kirgizildi. Onda, «rasası, terisiniń reńi yamasa burıńģı qullıq halatın báne etip» saylawlarda qatnasıwdı sheklew biykarlandı. Qubladaģı shtatlardıń jańa húkimetleri quramında negrler de qatnasa basladı. Mámleket mektepleri sisteması, ádil salıq sisteması engizildi. Rasalıq kemsitiw nızamları biykarlandı. Jergilikli hákimiyat organları demokratlastırıldı. Jası úlkenler, mayıplar hám jetim-jesirler ushın qayırqomlıq jámiyetleri dúzildi.

Kongress 1872-jılı Qubladaģı burıńģı kóterilisshilerge keshirim beriw haqqında nızam qabılladı. Qozģalań basshılarınan 500 ge jaqınınıń mámleketlik wazıypalarda islewi qadaģan etildi. Bul jaģday plantatorlardıń eski tártiplerin qayta tiklew ushın gúres baslawına sebep boldı. Qublada «Ku-kluks-klan» usaģan rasashıl-terrorshı shólkem jáne bas kóterdi. Alģa ilgerilewshi zıyalı xızmetkerlerden ósh alıw hám «Linch sudları» jáne ápiwayı jaģdayģa aylandı. Qubla negr xalqı ushın «tyurma» bolıp qaldı. Prezident saylawları aldınan eki qubla shtat (Qubla Karolina hám Luiziana) respublikashılar qolı astında qaldı.

**Eki partiyalıq sistema**

AQSHta prezidentlik respublikası ornadı. Kúshli eki partiyalıq sistema da en jaydı. Demokratiyalıq partiya puqaralar urısı waqtındaģı jeńilisinen ózin tez «ońlap alıp», iri jer iyeleri, bay fermerler, Qubla burjuaziyası hám Arqa sanaatshıları, finansistler máplerin qorģaytuģın partiya bolıp qaldı. Respublikashılar partiyası iri sanaatshılar hám finansistler partiyasına aylandı.

Amerika burjuaziyası eki partiyalı sistemadan paydalanıp keldi. Eger hákimiyat basında respublikashılar tursa, demokratlar húkimetti sınģa alıp, ózlerin xalıq mápin qorģawshılar etip kórsetip, narazılardıń kópshiligin óz tárepplerine aylandırıp alatuģın edi. Demokratlar jeńiske erisken jaģdayda qarsı tárepttegi partiya rolin respublikashılar oynaytuģın edi. Bul nárse ámelde basqa úshinshi partiya dúziliwine tosıq bolıp keldi.

***Korporaciya*** (latınsha—birlespe) — monopolistlik akcionerler birlespesi.
***Latifundiya*** (latınsha) — úlken jer-múlik.
***Ku-kluks-klan*** — rasalıq, terrorshı shólkem.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Linch sudi*** — AQSHta negrler hám demokratiyalıq háreket qatnasıwshıların sudsız hám sorawsız jazalaw.

1. Qanday faktorlar AQSHtıń tez rawajlanıwına sebep boldı?
2. AQSHtıń dúnyada jetekshi mámleketke aylanǵanlıǵın sıpatlawshı dáliller keltiriń.
3. AQSH awıl xojalıǵında júz bergen túpkilikli ózgerislerdiń mazmunı neden ibarat?
4. Rasalıq qay dárejede júzege kelgen? Ol keltirgen ayanıshlı aqıbetlerge mısallar keltiriń.
5. «Kúshli eki partiyalıq sistema»nıń mazmunın túsindiriń.
6. Házir ámeldegi AQSH prezidenti qaysı partiya wákili? Ol haqqında bilgen maǵlıwmatlarıńızdı qaǵazǵa túsiriń.

1. AQSH shetke kapital shıǵarıw boyınsha nege basqa rawajlanǵan mámleketlerden artta qalǵan edi? Pikirlesiń.
2. «Polat korporaciyası» hám «Standart oyl» trestleri ne ushın bayıp ketti?
3. «Ku-kluks-klan» hám «Linch sudları» degen ne? Olardıń xızmeti haqqında mısallar keltiriń.

## 15-§. AQSHtıń ishki siyasatı

**Jámiyetlik háreket**

AQSH ekonomikasınıń rawajlanıwı hám dúnyada birinshi mámleketke aylanıwı jámiyet turmısındaǵı barlıq sociallıq mashqalalardı sheshbedi. AQSHta da jumısshılar klası óz huqıqları ushın kúshli gúres alıp barıwǵa májbúr bolǵan. Bul dáwirdegi jumısshılar háreketiniń tiykarǵı maqseti jumıs kúnin qısqarttırıwǵa erisiw edi.

1886-jıl 1-may kúni ǵalaba is taslawlarda 350000 nan aslam jumısshı qatnastı. Usınıń nátiyjesinde 200000 ǵa jaqın jumısshı 8 saatlıq jumıs kúnine eristi. Biraq keyin bul jetiskenlik derlik joqqa shıqtı.

8 saatlıq is kúni ushın baslanǵan háreket Chikagoda oǵada keskin tús aldı. Qalanıń Senno maydanında bolǵan ǵalaba miting waqtında policiya is taslaǵanlarǵa qarap oq attı. Nátiyjede, 6 adam óltirildi hám kóp jumısshılar jaradar boldı. Ashıwǵa mingen Chikago jumısshıları bul qan tóǵiwshilikke



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qarsı narazılıq bildirip, ǵalaba miting shólkemlestirdi. Qurallı policiyashılar toparı jumısshılarǵa qarsı jiberildi. Sudtıń qararı menen, háreket basshılarınan 4 adam darǵa asıldı. Olar ólimge tik qaradı. Asıp óltiriwge húkim etilgenlerden biri — Shpis aqırǵı sózinde «Sonday zaman keledi, biziń únsizligimiz sóylegen sózlerimizden de ótkirrek boladı», degen edi.

XIX ásirdiń aqırında, jámiyetlik háreketke basshılıq «Qurama Shtatlar hám Kanada shólkemlesken tred-yunionları hám jumısshı awqamı federaciyası»na ótti. 1886-jılı ol Amerika Miynet Federaciyası dep ataldı. AMF tiykarınan joqarı mamanlıqtaǵı jumısshılar mápin qorǵadı. Jıldan jılǵa onıń aǵzalarınıń sanı ósip bardı.

Shólkem jumısshılar mápi jolındaǵı gúreste Kongress aǵzaları hám de kárxana iyelerine tásir ótkeriwge itibar berdi. Húkimet 1894-jılı sentyabrdiń birinshi dúyshembisin «Miynet kúni» bayramı dep járiyaladı. Bul bayram búgingi kúnde belgilenbekte.

1913-jılı sentyabrde kán jumısshıları awır miynetke qarsı is tasladı. Olar 8 saatlıq jumıs kúnin engiziwdi hám is haqını asırıwdı talap etti. Húkimet olarǵa qarsı kúsh isletti. Kolorado shtatında áskeriy jaǵday járiyalandı. Jumısshı lagerleri oqqa tutıldı. Kóplegen jumısshılar nabıt boldı hám jaraqatlandı. Is taslawshılardıń basshıları atıp taslandı. Jumısshılar májbúriy kánlerge qaytarıldı.

**Negrlerdiń awhalı**

Puqaralar urısınan soń negrler azatlıqqa eristi. Biraq, olar teńlikke erise almadı. Elde segregaciya tártibi ornadı. Negrler aq deneliler oqıytuǵın mektepke, aq deneliler qatnaytuǵın shirkewge bara almaytuǵın edi. Aq deneli mingen transportqa da mine almadı. Hátteki, qoyımshılıqları da bólek edi. Sol tárizde, elde rasalıq háwij aldı. Ásirese, Qublada jasaytuǵın negrlerdiń awhalı awır edi. Olar Arqaǵa qashıp ótetuǵın edi. Biraq, bul jerde de olar ayırım kvartallarda jasawǵa májbúr edi. Qarızdar negr qamaqqa alınıwı hám qarızdan qutılıwı ushın qálegen adamǵa shártnama tiykarında jumısshı etip beriletuǵın edi. Qubla shtatlarda negrler saylaw huqıqına iye bolmadı. Olardıń aldıńǵı zıyalı toparları negr xalqınıń teń huqıqlı puqara bolıwları jolındaǵı gúreske basshılıq etti. Olar gúrestiń tınısh jolın tańladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Indeecler awhalı**

AQSHtıń túpkilikli xalqı — indeecler azap-aqıbetlerge duwshar boldı. Indeecler ózleriniń huqıqları ushın kúshleri jetkenshe gúresti. Biraq, kúshler teń bolmaǵan gúreste olar jeńiliske ushıradı.

1880-jılǵı aqırǵı urısta jeńilgen indeecler ayırım rezervaciyalarǵa ısırıp shıǵarıldı. Bul rezervaciyalar eń ónimdarsız taslandı jerler edi. Bul jerde olar húkimet «qáwenderligi»ne alındı. Indeecler mashqalası mine usınday jol menen sheshildi.

Sol waqıtta, AQSH Kongresi indeeclerge fermerlik xızmet penen shuǵıllanıwǵa imkaniyat beriwshi nızam qabıl etti.

Biraq, nızam ámelge aspay qala berdi. Buǵan, birinshiden, indeeclerge ajıratılǵan jer maydanlarınıń ónimsizligi, ekinshiden bolsa, fermerlik xızmeti menen shuǵıllanıw indeeclerdiń jámáálik turmıs tárizine qarsı keliwi sebep boldı.

**T. Ruzvelt hám V. Vilsonlar dáwirinde ishki siyasat**

1900—1914-jıllar AQSH tariyxına «alǵa ilgerilew dáwiri» atı menen kirgen. Buǵan AQSH prezidentleriniń monopoliyalarǵa qarsı gúres alıp barǵanlıqları sebep bolǵan.

Monopoliyalarǵa qarsı gúresiwden maqset — orta qatlamlar mápin qorǵaw edi. Monopoliyalarǵa qarsı gúres tárepdarları *alǵa ilgerilewshiler* dep ataldı. Olardıń qatarında 1901-jılı AQSH prezidenti bolǵan Teodor Ruzvelt te bar edi. Ol Amerika—Ispaniya urısında ózi qatnasıp húrmetke eristi. T.Ruzvelttiń monopoliyalarǵa qarsı gúres siyasatı «Ádalatlı jol» dep ataldı. Onıń húkimeti, jumısshılar menen jumıs beriwshiler ortasındaǵı kelispewshiliklerge tóreshilik etiw wazıypasın atqardı. Húkimet trestlerge qarsı sud procesin shólkemlestirdi. Sud qararı menen Morgan qadaǵalaytuǵın temir jol kompaniyası ekige bólindi. Temir jollar jumısın tártipke salıwshı nızam qabıllandı.

1912-jılǵı prezident saylawlarında demokrat Vudro Vilson jeńiske eristi. Ol I jáhán urısı qarsańında bajıxana tarifleri haqqında jańa nızam qabıl etti. Nızamda, tarif stavkası 10 % ke kemeyttirildi. Dáramattıń ósiwine qarap, qosımsha salıq salınatuǵın boldı.

Saylaw sistemasında da reforma ótkerildi. Aldın ayırım shtatlardıń nızam shıǵarıwshı organları tárepinen saylanatuǵın senatorlar endi xalıqtıń dawıs beriwi menen saylanatuǵın boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1914-jılı AQSH Kongresi trestlerge qarsı nızam qabıl etti. Nızam is taslaw dáwirinde trestlerge jetkerilgen zıyandı kásiplik awqamlarınan óndirip alıw tártibin biykarladı.

***Rezervaciya*** (latınsha — saqlayman) — ayırım mámlekette jergilikli xalqınıń aman qalǵan bólimin zorlap jaylastırıw ushın ajıratılǵan aymaq.
***Segregaciya*** (latınsha — bóliw) — ayırım mámleketlerde xalıqtı májbúriy rasalıq toparlarǵa bóliw.

1. AQSHta jumısshılar klası óz huqıqları ushın gúreste aldına qanday maqsetlerdi qoyǵan edi?
2. AMFnıń jumısshılar háreketinde tutqan ornı haqqında nelerdi bildińiz?
3. AQSHta negr xalqınıń awhalı qalay ótti?
4. Túpkilikli xalıq — indeeclerge qanday siyasat júzgizildi?
5. T. Ruzvelt hám V. Vilsonnıń ishki siyasatın salıstırıń.

1. Kartadan Chikago qalası hám Kolorado shtatın tawıp, bolǵan waqıyalardı túsindiriń.
2. Negrlerdiń jaǵdayı haqqında shıǵarma jazıń. Házirgi kún menen salıstırıń.
3. Ne ushın Franciyada úsh márte Respublika járiyalanǵan bir sharayatta AQSHta bunday waqıya júz bermegen?

## 16- §. AQSHtıń sıtqı siyasatı

**AQSH áskeriy qúdiretiniń kórinisi**

Eldiń sheksiz aymaqları hám Rossiyadan satıp alıngan Alyaskanı ózlestiriw menen bánt bolǵan AQSH koloniyalar hám óz tásir sheńberlerin qolǵa kirgiziwge Evropa mámleketlerinen keyin kiristi. Onıń itibarı dáslep Latın Amerikası, Karib basseyni hám Tınısh okeanı boyında jaylasqan ellerge qaratıldı.

AQSH Latın Amerikasında ústemlik etiw ushın gúresip, hiylekerlik penen «Barlıq Amerika elleriniń mápleri bir», degen ideyanı en jaydırdı. 1889-jılı AQSH Mámleket departamenti baslaması menen Vashingtonda birinshi Panamerika konferenciyası shaqırıldı. Birinshi Panamerika konferenciyasınıń anıq nátiyjesi xalıqaralıq «Amerika respublikaları syezdi» associa-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ciyasın dúziwden ibarat boldı. AQSHtıń Batıs yarımshardaǵı mámleketler ústinen jeke ústemlik etiwge qaratılǵan Pan-amerikanizm siyasatı usılay júzege keldi. «Monro doktrinası»na tayanıp, kóp ótpey Samoa atawları qolǵa kirgizildi.

1898-jılı Tınısh okeanınıń eń orayında, Aziyaǵa alıp baratuǵın strategiyalıq jaqtan áhmiyetli bolǵan teńiz jolları kesisken jerdegi Gavaya atawları basıp alındı.

XIX ásirdiń aqırında AQSH qúdiretli mámleketke aylandı. Ispaniyaǵa qaraslı Kuba atawı Amerika ústem sheńberleriniń háwesin keltiretuǵın edi. AQSH Ispaniyaǵa qarsı urısqa tayarlandı. AQSH puqaralarınıń mápin qorǵaw bánesi menen 1898-jılı Kuba jaǵalarına áskeriy kemesin jiberdi. Bul áskeriy keme Gavana reydinde belgisiz sebeplerge baylanıslı partlap ketti. AQSH bunda Ispaniyanı ayıpladı. Kongress Ispaniyaǵa qarsı urıs háreketlerin baslaw haqqında qarar qabıl etti.

Bul — dúnyanı qayta bólip alıw jolındaǵı birinshi urıs edi. 3 ay dawam etken urısta Ispaniya jeńildi hám pitim sorawǵa májbúr boldı. 1898-jılı 10-dekabrde Parij qalasında AQSH — Ispaniya tınıshlıq shártnamasına qol qoyıldı. Oǵan muwapıq, AQSH Puerto-Riko hám Guam atawlarına, Ispaniyaǵa 20 mln. dollar tólep Filippinge de iye boldı. Kubaǵa kózabaǵa ǵárezsizlik berildi. Ámelde bolsa AQSHqa ǵárezli bolıp qaldı.

**Panama kanalı** AQSH Karib teńizi basseyninde de agressiv siyasat júrgizdi. 1903-jılı Kubaǵa májbúriy shártnama qabıl ettirdi. Oǵan muwapıq AQSHtıń ruqsatısız bir de mámleket penen awqam dúziw yaki óziniń ishki siyasatına bir de bir ózgeris kirgiziw huqıqınan ayrıldı.

AQSHtıń Meksikaǵa kirgizgen kapitalı 1911-jıldıń aqırında 1,5 mlrd. dollarǵa jetti. Tiykarǵı óndiristiń derlik kóp bólegi AQSH monopolistleriniń qolına ótti. AQSH Gvatemala, Kosta-Rika, Nikaraguaǵa qıyın ahwalǵa salatuǵın shártler menen qarızlar berdi. Bul qarızlardı beriwde qoyılǵan shártler AQSHtıń bul mámleketlerdiń ishki islerine aralasıwına imkan berdi.

Gavaya hám Filippin atawları basıp alınǵanlıǵı hám de Tınısh okean boyında jaylasqan eller menen sawda-satıqtıń kúsheygenligi sebepli, AQSH Tınısh hám Atlantika okeanların birlestiriwshi kanal qurıw máselesine ayrıqsha áhmiyet berdi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**XIX asirdiń aqırı – XX asirdiń baslarında AQSH tásiriniń tiykarǵı jónelisleri**

Franciyadan Panama kanalın qurıp atırǵan hám bankrotqa ushıraǵan akcionerlik jámiyetiniń barlıq akciyaların arzan satıp aldı. Kanal Kolumbiya aymaǵında edi. Endi kanal qurıw hám onnan paydalanıw huqıqına Amerikanıń tolıq túrde iye bolıwına Kolumbiya Senatı qarsılıq etti. Sonnan keyin, 1903-jılı AQSH Panamada Kolumbiyaǵa qarsı qozǵalań basladı hám bul jerde «quwırshaq» húkumet dúzdi. Panama ǵárezsiz respublika dep járiyalandı. AQSH Panama Respublikasınıń ǵárezsizligin tán aldı. Panama húkimeti AQSH penen kanal qazıw, temir jollar hám Panama kanalı boyında qorǵanlar salıw ushın Amerikaǵa júdá keń huqıqlar bergen shártnamaǵa qol qoydı. Bunıń esesine Panama 10 mln. dollar aldı hám jılına renta alıp turatuǵın boldı. AQSH Panama kanalı qurılısına itibardı kúsheytti. Qurılıs 1914-jılı tamamlandı.

Kanal AQSHtıń Atlantika okeanı jaǵalarınan Tınısh okean jaǵalarına baratuǵın teńiz jolın qısqarttırıp, AQSH ushın strategiyalıq hám ekonomikalıq jaqtan áhmiyetke iye boldı.

**Panamerika awqamı** 1910-jılı Buenos-Ayreste ótkerilgen IV Panamerika konferenciyasında Amerika Respublikaları awqamı shólkemi «Panamerika awqamı» dep ataldı hám AQSH mápi ushın nıqap boldı. Prezident Taft



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«dollar diplomatiyası» siyasatın járiyaladı. Bul siyasat, tiykarınan, ekonomikası tómen bolǵan Latın Amerikasına qarata qollandı. «Járdem beriw» nıqabı astında satıp alıw, mámleketlik awdarıspaqların shólkemlestiriw ádettegi halǵa aylanıp qaldı.

Latın Amerikasın boysındırıw ushın basqa mámleketlerge qarsı gúreste AQSH 1823-jılı qabıllanǵan «Monro doktrinası» («Amerika amerikalılar ushın» shaqırıǵı)na súyenip is alıp bardı. Bul doktrinanı Teodor Ruzvelt AQSHqa qolaylap bayan etti. Bunda Amerika elleriniń birinde tártipsizlikler turaqlı tús alǵan jaǵdayda xalıqaralıq policiya rolin atqarıw AQSHtıń minneti bolıwı kerek edi. Sonlıqtan «juwan tayaq» ataması payda boldı. «Juwan tayaq» siyasatı AQSHtı «Batıs yarımshardıń policiyasına» aylandırdı.

**«Ashıq esikler hám teń imkaniyatlar» doktrinası**

AQSH XX ásirdiń baslarında Qıtayǵa ekspansiya etiwdi kúsheytti. Biraq, basqa mámleketler Qıtaydı óz tásir sheńberine bólip alǵanlıqtan, AQSH ushın óz tovarların usı «tásir sheńberleri»ne alıp kiriwge, keyin óziniń jeke ústemligin ornatıwǵa imkan beretuǵın doktrina tabıw zárúr bolıp qaldı.

1899-jılı AQSH mámleketlik xatkeri Xey Ullı Britaniya, Germaniya, Rossiya, Yaponiya, Franciya hám Italiyaǵa birdey mazmunda nota jiberdi. Bunda tariyxqa «Ashıq esikler hám teń imkaniyatlar» atı menen kirgen doktrina óz kórinisin taptı.

Doktrinaǵa muwapıq, AQSH Qıtaydaǵı bar bolǵan «tásir sheńber»in tán aldı. Bul waqıtta bolsa, Amerika tovarları ushın usı «tásir sheńberler»in ashıp qoyıwdı, yaǵnıy sawda-satıq erkinligin talap etti. Sonday-aq, basqa mámleketler Qıtayda sawda etiw ushın heshqanday jeńillikler almawı tiyis edi. AQSH Qıtaydın basqa mámleketlerge bergen jeńilliklerin Amerika kapitalınıń Qıtayǵa kirip keliwine hám Aziyada óziniń ústemligin ornatıw rejesiniń iske asırıwına tosqınlıq dep bildi.

Prezident V. Vilson sırtqı siyasatta óziniń jaqın ótmishlesleri qatarı AQSHtıń dúnyada qúdiretli bolıwı ushın gúresti. Solay etip, Vilson bılay dep jazǵan: «Jańa dáwir qarsańında turmız. Bul dáwirde biz amerikalılar dúnyanı basqarıwımız kerek».

Awa, tez arada sonday boldı da. Birinshi jáhán urısı AQSH maqsetleriniń orınlanıwına imkan jarattı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Mámleket departamenti*** — AQSH sırtqı isler wázirligi.
***Doktrina*** (latınsha táliymat) — siyasiy basshılıq principi.
***Nota*** (latınsha) — bir mámlekettiń basqa mámleketke jazǵan rásmiy múrajáátnaması.

1. AQSH sırtqı siyasatınıń áhmiyetin túsindirip beriń.
2. «Juwan tayaq», «Dollar diplomatiyası», «Monro doktrinası» sózleriniń mazmunın túsindirip beriń.
3. Panama kanalı qurılısı qalay ámelge asırıldı?
4. «Ashıq esikler hám teń imkaniyatlar» mazmunın aytıń.

1. «Barlıq Amerika elleriniń mápleri bir» shaqırıǵınıń mazmunı neden ibarat edi?
2. Kartadan paydalanıp AQSH tásirin ótkeriwdiń tiykarǵı baǵdarların túsindirip beriń.
3. Panama kanalınıń qurılısı hám házirgi jaǵdayı haqqında referat jazıń.

## 17-§. XIX ásirdiń aqırı, XX ásirdiń baslarında Latın Amerikası mámleketleri

**Ulıwma sıpatlama**

Amerika kontinenti shártli ráwishte Arqa hám Qubla Amerikaǵa bólindi. Bazda Latın Amerikası ataması da qollanıladı. Qubla Amerikanı ispanlar hám portugallar basıp alǵanlıǵı belgili. Olardıń tili latın tilinen kelip shıqqanlıǵına salıstırılıp, bul materik Latın Amerikası dep atalǵan. Biraq, Latın Amerikası Qubla Amerikaǵa qaraǵanda keń túsinik. Oǵan Qubla Amerikadan tısqarı, Meksika (Arqa Amerikanıń bir bólimi) hám Oraylıq Amerika aymaqları da kiredi (qosımshaǵa qarań).

Arqa hám Latın Amerikasınıń rawajlanıwı birdey bolǵan joq. Arqa Amerikada jaylasqan AQSH dúnyanıń birinshi mámleketine aylanǵan bolsa, Latın Amerikası rawajlanıwda arqada qalıp ketti. Buniń tiykarǵı sebebi Latın Amerikası mámleketlerin dúzgen ústem sheńberler hám olardıń wákili bolǵan siyasiy ǵayratkerler kelip shıǵıwı boyınsha ispaniyalı hám portugaliyalılar bolǵanlıǵı menen túsindiriledi.

Ispaniya hám Portugaliya bul dáwirde Batıs Evropanıń ekonomikalıq rawajlanıwda artta qalǵan mámleketleri edi. Bul eki



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mámleket jamiyeti turmısında orta ásir feodal tártipleriniń ele saqlanıp kelingenligi buniń tiykarǵı sebebi edi.

Latın Amerikası mámleketleri ústem sheńberleri usı eki mámlekettegi húkim súrip atırǵan orta ásir feodal qatnasıqlarına tiykarlanǵan tártiplerdi ózlerinde de saqlaǵan. Sebebi, usı tártipler olarǵa hákimiyattı óz qollarında bekkem saqlap turıwdıń kepili bolǵan orta ásir feodallıq tártiplerdiń saqlanǵanlıǵı Latın Amerikasında da jámiyet rawajlanıwınıń arqada qalıwına sebep bolǵan.

Latın Amerikasında siyasiy jaqtan ǵárezsiz bolǵan mámleketlerdiń dúziliw procesi 1870-jılǵa kelip, derlik tamamlandı. Argentina, Meksika, Chili, Urugvay, Venesuela hám Kolumbiya elleri Ispaniya zulımlıǵına qarsı óz ǵárezsizligin saqlaw hám feodallıq monarxiyanı awdarıp taslaw ushın gúresti.

Latın Amerikası elleriniń kópshiliginde XIX ásirdiń aqırǵı shereginde sanaat rawajlanıwı endi baslanǵan edi. Olardıń ekonomikasında kapitalistlik qatnaslar menen birge, feodallıq qatnasıqlar, qulshılıq qaldıqları hám indeeclerdiń ápiwayı ruwqáwimshilik jámáátleri de bar edi. Bul ellerdiń ásirlik artta qalǵanlıǵınan Ullı Britaniya, Franciya, AQSH hám Germaniya usaǵan rawajlanǵan mámleketlerdiń monopolistleri paydalanıp qaldı. XIX ásirdiń aqırında, Latın Amerikası elleri ámelde Ullı Britaniya hám AQSHtıń yarım koloniyalarına aylandı.

Latın Amerikası mámleketlerinde kapitalizmniń ornawı uzaq hám júdá mashaqatlı joldan bardı. Bul regionǵa eń kóp kapital kirgizgen mámleket Ullı Britaniya edi. Tiykarǵı qarjılar portlarǵa, temir jollar qurılısına, banklerge hám de tropikalıq ósimliklerdi ósiriwge hám gósh sanaatına jumsalatuǵın edi.

XIX ásirdiń aqırında Latın Amerikasına AQSH kapitalı da kirip kele basladı.

**Kubanıń ǵárezsizlik ushın gúresi**

1868—1878-jılları Kuba xalqı ispan kolonizatorlarına qarsı azatlıq gúresin alıp bardı (Ispaniya Kubanı 1510-jılı basıp alǵan edi). Biraq, Ispaniyaǵa ǵárezlilikten azat bola almadı. Lekin qulshılıqtıń biykar etiliwine eristi. Tez arada Kubaǵa AQSH dawagerlik etti. Ol Kubanı satıp alıw niyetinde Ispaniyaǵa múrájáát etti. Biraq, Ispaniya kelisim bermedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1895-jılı Kuba xalqı milliy qaharmanı Xose Marti hám de Maksimo Gomesler basshılıǵında qozǵalań kóterdi.

Parijde tastıyıqlaǵan Ispaniya — AQSH shártnamasında Kuba ǵárezsiz dep járiyalansa da, ámelde AQSHqa ǵárezli boldı.

**Meksikada Dias diktaturası**

XIX ásirdiń 70-jıllarında AQSH — Meksika (Meksika 1821-jılı ǵárezsizlikti alǵan edi) qatnasıqları keskinlese basladı. Buǵan AQSHtıń Meksikanı ózine siyasiy hám ekonomikalıq boysındırıwǵa umtılıwı sebep boldı. AQSH ózine shegaralas Meksikanıń arqa rayonlarında Amerika kárxanaları hám temir jollar qurıw ushın Meksika húkimetinen ruqsat soradı. Biraq, húkimet bunnan bas tarttı. Nátiyjede, mámleket awdarıspaǵı shólkemlestirildi. AQSH hám jergilikli pomeshikler reakciyasına tayanǵan Porfirio Dias 1876-jılı prezident dep daǵazalandı hám bul lawazımda az ǵana tánepis penen 1911-jılǵa shekem turdı.

Dias diktaturası dáwiri Meksikanı shet el monopoliyalarınıń yarım koloniyasına aylandırıw dáwiri boldı.

Dias basqarǵan dáwirdiń aqırına barıp, AQSHtıń Meksikaǵa qoyǵan kapitalı 1 mlrd. dollardan astı. AQSH Meksikanıń neft kánlerin, sırtqı sawdasın óz qadaǵalawına boysındırdı.

1909-jılı Meksikada zúráát bolmadı. Aqıbette, diyqanlar kóterilisi baslandı. Diyqanlar kóterilisine Emiliano Sapata basshılıq etti. Sapata «Diyqanlardı qorǵaw xuntası»n dúzdi. Onıń súreni «Jer hám azatlıq» degen shaqırıǵınan ibarat edi.

**1910-jılǵı prezidentlik saylawı**

1910-jıl iyulde Meksikada prezidentlikke saylawlar boldı. Diktator Diastı prezidentlikke qayta saylawǵa qarsı turǵan kópshilik qarsılas (muxolifat) jetekshisi Madero átirapına birlesti.

Prezidentlikke saylawda Madero óz kandidaturasın qoydı. Saylaw aqıbetinen qorqqan Dias Maderonı tyurmaǵa taslattı.

Saylawlar tınısh ótip, ádettegidey, Dias jeńiske eristi. Aradan biraz waqıt ótkennen keyin tyurmadan bosatılǵan Madero saylawlardıń jalǵanlıǵın áshkara etip, ózin bolsa nızamlı prezident dep atadı. Diktatura dáwirinde indeeclerden tartıp alınǵan nızamsız jerlerdi qaytarıp beriwge, pomeshiklerge qaraslı jerlerdiń bir bólimin haqı tólew esesine diyqanlarǵa beriwge



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

wáde berdi. Xalıqtı qozǵalańǵa shaqırdı. Xalıq qozǵalańınan qorqıp ketken Dias Meksikadan qashıwǵa májbúr boldı.

Madero bolsa paytaxtqa kelip, prezidentlik lawazımın iyeledi. Biraq, Meksikadaǵı ishki siyasiy jaǵday sebepli anıq ózgerisler isley almadı. Solay bolsa da, jumıs kúnin 10 saatqa sheklep qoydı hám óndiriste járiyma sistemasın biykar etti. Sırt el kapitalın sheklewge hám milliy ekonomikanı qorǵawǵa umtıldı.

**Uerta diktaturası**

AQSH Maderonıń siyasatına dushpanlıq kózi menen qaradı hám diktator Diastıń sheriklesi, general Uertanı Maderoǵa qarsı qoya basladı. AQSHtıń qollap-quwatlawınan ruwxlanǵan Uerta 1913-jılı mámleket awdarıspaǵın ótkerdi. Madero atıp taslandı.

Uerta diktaturası Meksikadaǵı awhaldı jáne de awırlastırdı. Tek ápiwayı xalıq emes, al milliy burjuaziya hám burjualasqan pomeshiklerdiń bir bólimi de Uertaǵa qarsı shıqtı. Elde puqaralar urısı baslandı. Milliy watandı súyiwshi kúshler general Uerta diktaturasın awdarıp tasladı.

**Meksika revolyuciyası**

XX ásirdiń basında Meksikada diyqanlar háreketi baslandı. Bunıń sebebi diyqanlardıń jersizligi edi. Diyqanlar háreketi revolyuciyaǵa aylandı. Bul revolyuciya (1910 — 1917) Meksika tariyxına «Burjuaziyalıq revolyuciya» atı menen kirgen. Mámleket qublasındaǵı diyqanlar háreketiniń basshısı Emiliano Sapata 1911-jılı agrar rejesin járiyaladı. Bul reje indeeclerden tartıp alınǵan jerlerin qaytarıp beriw, qalǵan barlıq jerlerdi mámleketke ótkeriw hám olardı jersiz diyqanlarǵa bólip beriw sıyaqlı talaplardan ibarat edi.



**Emiliano Sapata**

Mámleket arqasındaǵı diyqanlar háreketi basshısı Francisko Vilya bayraǵına «Jer hám azatlıq» uranı jazılǵan edi. E. Sapata hám F.Vilya quralllı kúshleri 1914-jılı paytaxt Mexiko qalasın iyeledi. Biraq, kóp ótpey húkimet áskeri olardı sheginiwge májbúr etti. 1917-jılı diyqanlar qozǵalańı bastırıldı. E.Sapata hám F.Vilyalar túrli jıllarda jallanba jınayatshılar tárepinen óltirildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Diyqanlar qozǵalańı jeńilgen bolsa da, izsiz ketpedi. Húkimet agrar máseleni az bolsa da sheshti. Latifundistler tárepinen nızamsız basıp alınǵan jerler diyqanlarǵa qaytarıldı. Sonday-aq, 1917-jılı demokratiyalıq ruwxtaǵı konstituciya qabıl etildi.

***Diktatura*** (latınsha — sheklenbegen húkimet) — heshqanday nızam menen sheklenbegen, zorlıqqa súyeniwshi hákimiyat. ***Muxolifat*** — ámeldegi húkimet siyasatına qarsı kúshler.

1. Latın Amerikasınıń rawajlanıwdan arqada qalıp ketiwiniń sebeplerin aytıń.
2. Kuba qanday jaǵdayda ámelde AQSHqa ǵárezli bolıp qaldı?
3. AQSH Latın Amerikası mámleketlerin siyasiy hám ekonomikalıq ǵárezlikte tutıw jolında qanday usılların qollaǵan?
4. Meksikada diktatorlıq rejimlerdiń uzaq húkim súrgenlerin qalay túsindiresiz?
5. 1910—1917-jıllardaǵı Meksika revolyuciyasınıń áhmiyetin aytıp beriń.

1. Siyasiy ǵárezsizlik ushın gúres qaysı dáwirlerde kúsheygen? Olarǵa túsinik beriń.
2. Meksikada R.Dias húkimdarlıǵı jıllarında neler júz berdi?
3. Búgingi Meksikanıń awhalı haqqında maǵlıwmat toplań hám ótmish penen salıstırıń.

## 18- §. Latın Amerikasınıń basqa mámleketleri

### Braziliyada qulshılıqtıń biykar etiliwi

Braziliya Qubla Amerikadaǵı iri mámleketlerden bolıp, 15 mln. xalıq jasaǵan. Braziliya, sol waqıtta, eń artta qalǵan mámleket edi. Braziliyada qulshılıq, ash-jalańashlıq, sawatsızlıq hám huqıqsızlıq keń háwij alǵan edi. Qullardı satatuǵın bazarlar, óz shańaraǵına, óz úyine iye bolıw huqıqınan ayrılǵan adamlardı satıw, miynetkesh quldı qadaǵalawshılar tárepinen qamshılap isletiw bul dáwirde ádettegi jaǵday edi.

Usınday sharayatta qullar da óz insanıylıq huqıqların qorǵawǵa májbúr bolǵan. Qul Bonifacio basshılıǵında qant qamısı plantaciyasında islewshi qullar qozǵalańı buniń dálili. Qullar ózleriniń negrler respublikasın járiyaladı hám Bonifacionı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

onıń prezidenti etip sayladı. Bonifacio qurallı gúres arqalı barlıq qullardı azat etiw zárúr dep esapladı. Biraq, húkimet áskerleri Bonifacio áskerin qıyrattı. Qullıqqa qarsı kúshler qullardı azatlıqqa shaqırıwshı «Azatlıq manifest»in dağazaladı.

Qulshılıqqa qarsı bolǵan ayırım plantatorlar abolicionistlik háreketti quwatladı. Máselen, olardan biri plantator Antonio Predo óz qulların azat etti. Ol mámleket wáziri bolǵannan keyin, qullardı azat etiw haqqında usınıs kirgizdi. Nawqaslıǵınan wazıypasın orınlay almay atırǵan imperator Pedru II ornında waqtınsha mámleketti basqarıp turǵan malika Izabel 1888-jılı Braziliyada qullardı azat etiw haqqındaǵı «Altın nızam» atlı belgili nızamǵa qol qoydı. Elde bul waqıtta 750 mıń qul bar edi.

**Respublikanıń járiyalanıwı**

Qulshılıq biykar etilgennen keyin, respublika ushın gúres kúsheydi. Rio-de-Janeyroda respublika tárepdarlarınıń úlken demonstraciyası bolıp ótti. Demonstraciyada talabalar, ónermentler, sawdagerler qatnastı. Bul demonstraciya respublika dúzimi tárepdarı bolǵan áskerler tárepinen qollap-quwatlandı.

Aqıbetinde, 1889-jılı 19-noyabrde Pedru II taxttan bas tartıp, Britaniya kemesinde Portugaliyaǵa ketti. Hákimiyat áskerler qolına ótti. Jańa húkimet mámleketti Respublika dep járiyaladı. 1891-jılı qabıl etilgen jańa konstituciyaǵa muwapıq mámleket Braziliya Qurama Shtatları dep ataldı. Barlıq puqaralardıń nızam aldında teńligi járiyalandı. Jazıw hám oqıwdı biletuǵın puqaralarǵa ulıwma saylaw huqıqı berildi.

Eldiń ekonomikalıq awhalı awır edi. Bunnan inglis, francuz, german hám Arqa Amerika monopoliyaları paydalandı. Olar sheshiwshi tarawlardı iyelep aldı.

**Argentinadaǵı awhal**

Uzaq dawam etken ishki gúres, Paragvay menen bolǵan urıs aqıbetinde Argentinada ekonomikalıq turmıs derlik toqtap qaldı.

Mámleket húkimeti ishki awhaldı turaqlastırıwda úlken tabıslarǵa eristi. Buenos-Ayreste milliy bank ashıldı. Immigraciyanı qollap-quwatladı. Nátiyjede, qısqa waqıtta Argentinaǵa 300 mıń adam kóship keldi. Evropadan kelgenler jeńillikli shártler menen mámleketten jer aldı. Kóplegen qalalar, jollar salınıp,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keńeyttirildi. Bilimlendiriw hám ilim-pán tez rawajlana basladı. Buenos-Ayreste piyada áskerler hám áskeriy teńiz mektebi ashılıp, áskeriy bilimge tiykar salındı.

1876-jılı immigraciya hám kolonizaciya haqqında nızam qabıllandı. Onda, ele xalıq iyelemegen mámleket jerleri 80 ga aspaytuǵın maydanlarǵa bólinip satıldı. Indeeclerdiń ónimli jerleri tartıp alınıp, oficerler hám áskerlerge biypul bólip berildi.

Húkimet, sol waqıtta, shet el kapitalı kirgiziliwin xoshametlep bardı. Bir ǵana Ullı Britaniyanıń kirgizgen kapitalı 1,5 mln. dollardı quraǵanlıǵı tosınnan emes edi.

Biraq, miynetkeshlerdiń awhalı ele tómenliginshe qalmaqta edi. Aqıbetinde, jumısshılar klası óz huqıqları ushın gúres basladı. Olar 8 saatlıq jumıs kúnin talap etti. 1895-jılı Socialistlik partiya dúzildi. Partiya diniy bilimdi biykar etiw, birden-bir salıq engiziw, kásiplik shólkemlerdi birlestiriw hám demonstraciyalarǵa ruqsat ushın gúres alıp bardı. 18 jasqa tolǵan er puqaralarǵa (ruwxanıy hám áskerlerden basqa) ulıwma saylaw huqıqların beriw haqqında nızam shıǵarılıwǵa erisildi.

**Oraylıq Amerikadaǵı awhal**

Oraylıq Amerikada AQSHtıń tásiri tez pátler menen kúsheyip bardı. Bunıń aqıbetinde, ishki gúresler nátiyjesinde haldan tayǵan Gvatemala AQSHqa ǵárezli bolıp qaldı.

Gonduras, Salvador hám Nikaragua 1895 — 1896-jılları birden-bir mámleket — Ullı Oraylıq Amerika Respublikasına birlesti. Mine, usı birlik AQSHtı táshwishke salıp qoydı. Sebebi, AQSHqa Oraylıq Amerikada onıń siyasatına tosqınlıq etiwshi mámleketler awqamı kerek emes edi. AQSH monopoliyaları bul ellerdegi húkimetke, qarsı toparlarǵa súyenip, Ullı Oraylıq Amerika Respublikasın tarqatıp jiberiwge eristi.

Panama kanalı ashılǵannan keyin, kanal zonasında AQSH gubernatorı ózine boysınatuǵın iri áskeriy kúshler menen Oraylıq Amerika ellerine qáwip salıp turdı.

***Abolicionizm*** (latınsha — joǵaltıw, biykar etiw) — negrlerdi qullıqtan azat etiw háreketi.
***Milya*** – 1609,3 metrge teń uzınlıq ólshemi.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Braziliyada qulshılıq qay tárizde saplastırıldı?
2. Braziliyada Respublika dúziminiń ornatılıwın aytıp beriń.
3. Argentina húkimeti eldi awır ekonomikalıq jaǵdaydan alıp shıǵıw ushın qanday sharalar kórdi?
4. Oraylıq Amerika mámleketleriniń rawajlanıwına tán tiykarǵı ishki ózgesheliklerdi aytıp beriń.

1. «Altın nızamı»nıń mánisin aytıp beriń.
2. Argentinada kolonizaciya haqqındaǵı nızam qalay ámelge asırıldı?
3. Socialistik partiya qanday maqsetlerdi alǵa súrdi?
4. Pikirleń: mámleket hám xalıqlardı bir-birine qarsı qoyıw qanday aqıbetlerge alıp kelgen? Házir she?

AQSH penen Panama Respublikası ortasında Panama kanalı haqqında dúzilgen shártnamadan. 1903-jıl.

**«...2 statya.** Panama Respublikası atı tilge alınǵan kanaldı qurıw, saqlap turıw, onnan paydalanıw, onı sanitariya jaǵdayına keltiriw hám de qorǵaw ushın 10 milyalik zona sheńberindegi jerler hám suw astındaǵı qurılmalardan paydalanıw, olardı iyelew hám qadaǵalaw huqıqın Amerika Qurama Shtatlarına burotala tapsıradı.

**3-statya.** Panama Respublikası Amerika Qurama Shtatlarına zonadaǵı barlıq huqıqlardı, wákilliklerdi hám pútin hákimiyattı tapsıradı.....»

# IV BAP. XIX ÁSIR AQÍRÍ – XX ÁSIR BASLARÍNDA ROSSÍYA IMPERIYASÍ, ORAYLÍQ HÁM QUBLA-SHÍǴÍS EVROPA MÁMLEKETLERI

## 19-§. XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Rossiya imperiyasınıń jámiyetlik-siyasiy hám ekonomikalıq awhalı

### Rossiyanıń siyasiy dúzimi

Rossiya bul dáwirde sheklenbegen monarxiya bolıp, pútkil hákimiyat imperator qolında toplanǵan edi. (Tariyx kitaplarında Rossiya hákimiyatına salıstırma «carizm» «samoderjavie» atamaları da qollanıladı).



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Imperator hákimiyatınıń tiykarǵı tayanıshı pomeshikler hám de Pravoslav shirkewi edi. Imperator shańaraǵı úlken pomeshik bolıp, 7 mln. desyatina (1 desyatina-1,1 gektar) jerge iyelik etti. Pomeshik xojalıǵı Rossiyanıń kapitalistlik rawajlanıw jolındaǵı tiykarǵı tosıq edi. Pomeshikler jan-táni menen eski tártiplerdiń saqlanıp qalıwına háreket etti.

Rossiyada burjuaziya klası da bar edi. Olardıń kapitallarınıń kólemi ósip bardı. Biraq, burjuaziyanıń siyasiy abırayı tómen, mámleketti basqarıwdaǵı qatnası derlik sezilmeytuǵın edi.

**Ekonomikalıq awhal**

Rossiya agrar-industrial mámleket edi. Eldegi xalıqtıń tiykarǵı awıllarda jasadı. Solay bolsa da, Rossiyada kapitalizm tezlik penen rawajlanıp bardı. Shet el kapitalınıń kirip keliwi sebepli awır sanaat tezlik penen ilgeriledi. Onıń metallurgiya, mashinasoǵıw, neft hám kómir qazıp alıw tarmaqları jetilisti. Rossiya qısqa waqıtta neft qazıp shıǵarıw boyınsha AQSHtı da artta qaldırıp, dúnyada birinshi orınǵa shıqtı. Shetke kerosin eksport etildi.

Rossiyanıń ekonomikalıq rawajlanıwındaǵı ózgeshelik — monopoliyalardıń júzege keliwi edi. Rossiya qara metallurgiyasında «Prodmet», kómir sanaatında «Produgol» monopoliyaları júzege keldi. Reńli metallurgiyada «Med» jámiyeti (1907) sheshiwshi orındı iyeledi.

Rossiya ekonomikalıq rawajlanıwına tán jáne bir ózgeshelik — shetke kapital shıǵarıwǵa qaraǵanda shetten Rossiyaǵa kapital kirgiziwdiń ústinligi edi. Bul, bir tárepten, Rossiya kapitalizminiń tómenligi aqıbetinen bolsa, ekinshiden, Rossiyada shet el kapitalına úlken payda keltiriwshi tarawlardıń, regionlardıń kópligi hám de arzan jumısshı kúshiniń barlıǵı menen de túsindiriledi. Mámleket sanaatına qoyılǵan shet el kapitalınıń tiykarǵı bólegi Franciya kapitalı edi.

Rossiya awıl xojalıǵı da ástelik penen rawajlandı. Awıl xojalıq ónimlerin eksport etiw ósti. Tiykarǵı eksport ónimi — ǵálle edi.

Rossiyada kapitalizm rawajlanıwı menen finans kapitalı da júzege keldi. «Peterburg xalıqaralıq banki», «Azov-Don» hám «Rus-Aziya» bankleri mámleket turmısında jetekshi rol oynaydı.

XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Rossiya ekonomikalıq rawajlanıwda basqa ullı mámleketlerge qaraǵanda keyinde boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ishki siyasat** Rossiya imperiyasında 100 den aslam millet hám xalıq jasaytuǵın edi. Olardıń aymaqları túrli ásirlerde hám tariyxıy sharayatlarda Rossiya tárepinen basıp alınıp, ruslastırıw siyasatı alıp barıldı. Basqınshılar zulımına qarsı milliy-azatlıq háreketleri ayawsız bastırıldı.

Demek, Rossiya imperiyasında puqaralardıń úlken bólegi, sonday-aq, koloniya xalıqları awır turmıs keshiretuǵın edi. Bul bolsa qay waqıtta da úlken revolyuciya júz beriwine alıp keliwine gúman joq edi. Bunıń ústine, 1904-jıldaǵı Rossiya — Yaponiya urısı xalıq massasınıń turmıs dárejesin jáne de awırlastırıp jiberdi. Aqır-aqıbetinde, bul — 1905-jılı birinshi rus revolyuciyanıń júz beriwine alıp keldi. Durıs, revolyuciya jeńildi. Ústem qatlamlar bul revolyuciyadan zárúr sabaqlar da shıǵardı. Onıń tiykarǵısı diyqanlardı revolyuciyalıq háreketten shetletiw haqqındaǵı sabaq edi. Ekinshisi, awıllarda carizmniń kúshli sociallıq tayanıshın júzege keltiriw mashqalası boldı.

Bul maqsetlerdi júzege shıǵarıw ushın agrar reformasın ótkeriwge qarar etildi. Imperator Nikolay II 1906-jılı agrar reforma ótkeriw hám diyqanlardı kóshiriw haqqında párman shıǵardı. Bul reforma bas wázir P.A. Stolıpin usınısı menen baylanıslı bolǵanlıqtan «Stolıpin agrar reforması» dep ataldı. Onda kórsetiliwinshe diyqanlardıń óz menshik jerine iyelik etiw máselesi tómendegi 3 usıl arqalı ámelge asırılıwı belgilendi:

— jámáát jer iyeligin biykarlaw hám diyqanlarǵa satıp alǵan jámáát jerin jeke menshikke aylandırıw hám diyqanǵa óz jerin satıw huqıqın da beriw;

— diyqanlardıń mámleket hám pomeshiklerge qaraslı jerlerdi satıp alıwı ushın olarǵa «Diyqanlar banki» arqalı járdem beriw;

— jer jetispewshiligi kúshli bolǵan oraylıq regionlardaǵı diyqanlardıń bir bólegin Sibir, Túrkstan, Uzaq Shıǵıs hám imperiyanıń milliy shetki úlkelerine kóshiriw.

Stolıpin agrar reforması awıl xalqınıń qatlamlanıwın hám ishki bazardı kúsheytti. Bay diyqanlardıń jaǵdayın bekkemledi. Biraq, agrar reforma pomeshik jer iyeligin toqtata almadı.

Bunnan tısqarı, kóship ketkenler qaytadan kóship keliwge májbúr bola basladı. Sebebi, kóshiriw materiallıq jaqtan jeterli támiyinlenbedi. Bunnan tısqarı, kóshiriw siyasatı milliy shetki



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

úlkelerdegi siyasiy jaǵdaylardı keskinlestirdi. Buǵan shetki úlkelerdegi, ásirese, Túrkstandaǵı jergilikli xalıqqa qaraslı eń jaqsı jerlerdiń kóship kelgenlerge berilgenligi, jerli xalıqtıń bolsa ónimsiz jerlerge qısıp shıǵarılǵanlıǵı sebep boldı.

Solay etip, Stolıpinnıń reformaları eldi «tınıshlandıra» almadı. Ústem qatlamlar onıń otstavkaǵa shıǵıwın talap ete basladı. Buǵan erise almaǵannan keyin, 1911-jılı Stolıpin atıp óltirildi. Biraq, barlıq kemshiliklerge qaramay, Stolıpinniń agrar siyasatı awılda kapitalizmniń rawajlanıwına jol ashtı.

***Samoderjaviye*** – Rossiyada monarxiyanıń sheklenbegen mámleketlik sisteması, zalım hákimiyat.
***Reforma*** — qanday da bir tarawdaǵı bar bolǵan tártiplerdi túpten ózgertiw.
***Agrar reforma*** — jer-suw, jerge iyelik hám jer-suwdan paydalanıwǵa tiyisli tártipti qayta ózgertiw.
***Carizm*** — Rossiya imperatorınıń, monarxiyanıń sheklenbegen hákimiyatına tiykarlanǵan mámleket dúzimi.

1. Rossiya siyasiy dúzimin Ullı Britaniya, Germaniya hám Franciya siyasiy dúzimi menen salıstırıń.
2. Rossiyanıń ekonomikalıq rawajlanıwın sıpatlap aytıp beriń.
3. Stolıpin agrar reforması haqqında nelerdi bilip aldıńız?

Rossiya awıl xojalıǵında eksport etiletuǵın tiykarǵı tovar ǵálle ekenligin túsindirip beriń.

## 20- §. Rossiya imperiyasınıń sırtqı siyasatı

**Rossiya imperiyası — koloniyalıq mámleket**

Rossiya da qúdiretli koloniyalıq mámleketlerden biri bolǵan. Basqınshılıq urısları jolı menen úlken imperiya júzege keltirildi. Sol payıtta, Rossiya koloniyalıq imperiyası Ullı Britaniya yamasa Franciya koloniyalıq imperiyasınan parıqlanatuǵın edi. Bul parıq — Rossiya basıp alǵan aymaqlardıń imperiya quramına tikkeley qosıp alınıwında edi. Ózine qońsı mámleketlerdi basıp alǵanlıǵı sebepli Rossiyanıń okean yamasa teńiz artı koloniyaları joq edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonday-aq, Orta Aziyanıń basıp alınǵan bólegi imperiya quramına qosılıp, bul aymaqta Túrkstan general-gubernatorlıǵı dúzilgenligi sizge «Ózbekstan tariyxı» sabaqlıǵınan belgili.

Rossiya basqınshılıq siyasatınıń tiykarǵı baǵdarları Balkan, Uzaq Shıǵıs, Qara teńiz benen Jer Orta teńizin tutastırıwshı Osmaniyler mámleketine qaraslı Dardanell hám Bosfor buǵazları hám de Orta Aziyada óz ústemligin ornatıw edi.

Rossiya XIX ásirdiń 70-jıllarınan keyin Orta Aziyada basqınshılıq siyasatın dawam etti. 1873-jılı Xiywa xanlıǵı vassal mámleketke aylandırıldı. Orta Aziya 1885-jılı tolıq boysındırıldı.

**Rossiya — Osmaniyler mámleketi urısı**

1875-jılı Bosniya hám Gercegovina Osmaniyler mámleketi kolonizatorlıǵına qarsı qozǵalań kóterildi. Olar milliy ǵárezsizlikti talap etti. Bolgariyada da usınday qozǵalań kóterildi. Biraq, qozǵalań jawızlıq penen bastırıldı.

Balkan krizisi ullı mámleketlerdiń mápin júzlestirdi.

1876-jılı Serbiya — Osmaniyler mámleketi urısında Osmaniyler mámleketiniń qolı bálent kele basladı. Bul jaǵdayda Rossiya Osmaniyler mámleketinen Serbiya menen jarasıw kelisimin dúziwdi hám armiyasın demobilizaciyalawdı talap etti.

Osmaniyler mámleketi Serbiya menen tınıshlıq shártnamasın dúzgen bolsa da, óz armiyasın demobilizaciya etpedi. Bul Rossiya ushın júdá maqul boldı. Rossiya 1877-jılı 24-aprelde Osmaniyler mámleketine urıs járiyaladı. Serbiya hám Chernogoriya da urıs háreketlerinde qatnastı. Rossiya Osmaniyler mámleketine úlken zıyan keltirdi.

Rossiyanıń tabısları Ullı Britaniyanı táshwishke saldı hám óz áskeriy kemelerin Mramor teńizine kirgizdi. Rossiya armiyası Konstantinopol qalasına bastırıp kirse, Rossiya menen diplomatiyalıq baylanısın úzetuǵının málim etti.

**San-Stefano shártnaması**

1878-jılı San-Stefanoda Rossiya—Osmaniyler mámleketi shártnamasına qol qoyıldı. Shártnama Balkan yarım atawınıń siyasiy kartasın ózgertip jiberdi. Bolgariya Osmaniyler mámleketine qaraslı degen atı bolmasa, ámelde ǵárezsiz mámleketke aylandı. Chernogoriya, Serbiya hám Rumıniya tolıq ǵárezsiz mámleketler dep tán alındı. Osmaniyler mámleketiniń Rossiyaǵa kóp muǵdarda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

salıq tólewi belgilendi. Biraq, San-Stefano shártnamasın Ullı Britaniya tán almadı. Ol bul shártnamanı qayta kórip shıǵıwdı talap etti. Germaniya hám Avstriya-Vengriya da bul talapqa qosıldı. Jekkelenip qalǵan Rossiya xalıqaralıq kongress — Berlin kongresiniń shaqırılıwına ilajsız kelisim berdi.

**Berlin kongresi**

Kongress 1878-jıldıń 13-iyunında ashıldı. Kongreste «Berlin traktatı» dep atalǵan hújjet tastıyıqlandı. Bul hújjet Rossiyanıń San-Stefano shártnaması nátiyjesinde qolǵa kirgizgen úlken tabıslarınıń áhmiyetin kemeyttirip jiberdi. Sonday-aq, Ullı Britaniya áskeriy kemeleri Qara teńizge kiriw huqıqına iye boldı, Kipr atawı Ullı Britaniyaǵa, Bosniya hám Gercegovina Avstriya-Vengriyaǵa inam etildi. Bolgariya ekige bólindi. Osmaniyler mámleketi tólewi lazım bolǵan salıqtıń úlken bólegi esabına Rossiyaǵa Kavkazdıń Botumi, Kars hám Ardagan aymaqları berildi. Chernogoriya, Serbiya hám Rumıniyanıń mámleket ǵárezsizligi tán alındı.

**Uzaq Shıǵıs siyasatı**

Rossiyanıń sawda-sanaat sheńberleri Uzaq Shıǵıstıń qolǵa kirgiziliwinen mápdár edi. Sonlıqtan, Amurboyı hám Primore úlkelerin basıp aldı.

Sol sebepli Rossiya Yaponiya menen jaqsı múnásibette bolıwǵa umtıldı. AQSH, Ullı Britaniya hám Franciyanıń Yaponiyaǵa qarsı qaratılǵan áskeriy ekspediciyalarında qatnaspadı. 1875-jılı Yaponiya húkimeti Qubla Saxalinge bolǵan dawasınan bas tartıw shárti menen Kuril atawlarınıń arqa bólimin Yaponiyaǵa beriliwi haqqında shártnama dúziwge eristi.

**Orta Aziya máselesinde qarama-qarsılıqlar**

70-jılları Rossiya húkimeti menen Britaniya húkimeti ortasında Orta Aziyadaǵı tásir sheńberlerin anıqlaw ushın sóylesiwler baslandı hám ol 1873-jılı pitim dúziw menen juwmaqlandı. Onda kórsetiliwinshe, Rossiya Awǵanstandı óz tásirinen tısqarıda dep taptı. Ullı Britaniya bolsa Xiywaǵa dawagerlik etpeytuǵın boldı. Biraq Ullı Britaniya Awǵanstanǵa qarsı basqınshılıq háreketlerin basladı. Awǵan xalqı basqınshılarǵa qarsı qozǵalań kóterdi. Qozǵalańǵa Awǵanstannıń Rossiya tásirinde bolǵan siyasiy iskeri Abdiraxman basshılıq etti. Qozǵalańshılar tez arada inglisler ústinen jeńiske eristi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Óziniń strategiyalıq maqsetine erisken Rossiya házirgi Túrkmenstan aymaqların basıp alıwǵa kiristi. Sol payıtta, túrkmen qáwimleri arasında óz ara kelispewshilikler, olardıń birden-bir kúsh sıpatında birlese almawı da Rossiyaǵa júdá qolay keldi.

Nátiyjede, 1885-jılı Kushka qalasın basıp aldı. Sonnan soń Ullı Britaniya hám Rossiya ortasında Awǵanstannıń táǵdiri hám onıń shegarasın belgilew máselesi sheshildi. 1891-jılı Rossiya basıp alǵan Orta Aziya aymaǵı hám Awǵanstan ortasındaǵı shegaranıń Pamirden ótiwi haqqında shártnamaǵa qol qoyıldı.

### Rossiya — Yaponiya urısı

Rossiya — Yaponiya qatnasıqları Qıtay hám onıń Manshjuriya provinciyası sebepli júdá keskinlesti. Eki mámleket ortasında urıs kelip shıǵatuǵının jaqsı bilgen Yaponiya endi ullı mámleketler menen jaqınlasıw jolların izley basladı. Aqırında, 1902-jılı Yaponiya — Ullı Britaniya pitimi dúzildi. Olar hár-qanday sharayatta da bir-birin qollap-quwatlawǵa kelisti.

AQSH Yaponiyanı Rossiyaǵa qarsı urısıwǵa tayarlanıwǵa xoshametley basladı. Áskeriy jaqtan urısqa tayar bolǵan Yaponiya flotı 1904-jılı urıstı daǵazalamay turıp, Port-Arturdaǵı Rossiya áskeriy teńiz kúshlerine hújim etti hám onı úlken shıǵınǵa ushırattı (155-bettegi qosımshaǵa qarań).

Rossiya áskeriy-ekonomikalıq jaqtan urısqa tayar emes edi. Bunıń aqıbetinde hám teńizde, hám qurǵaqlıqta jeńiliske ushıradı. Aqırında, Port-Artur baǵındı. 1905-jılı Susima janında rus flotı qıyratıldı. Solay etip, derlik pútkil Tınısh okeanı flotı qıyradı. Sonday sharayatta Rossiyanıń Yaponiya menen tınıshlıq shártnamasına qol qoyıwdan basqa ilajı qalmadı.

AQSHtıń dáldalshılıǵında 1905-jıldıń 23-avgustında sonday shártnamaǵa qol qoyıldı.

Shártnama boyınsha, Rossiya Koreyanı Yaponiya tásir sheńberi dep tán aldı.

Yaponiya Port-Arturdı ijaraǵa alıw huqıqına iye boldı. Saxalin atawınıń qubla bólimi Yaponiyaǵa berildi.

***Demobilizaciya*** — áskeriy xızmetten bosatıw.
***Traktat*** — xalıqaralıq shártnama, pitim.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Rossiya koloniyalıq imperiyası basqa imperiyalardan qay jağınan parıqlanğan?
2. Rossiyanıń mápleri kóp dárejede júzlesken Osmaniyler mámleketi bolğanlığın qanday faktorlar menen túsindiresiz?
3. 1877 — 1878-jıllardağı Rossiya — Osmaniyler mámleketi urısı hám onıń aqıbetleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Rus—Yapon urısı aqıbetleri nelerden ibarat boldı?

1. Rossiya Orta Aziyanı qanday jol menen basqardı?
2. San-Stefano shártnamasınıń mánisin túsindirip beriń. Ol keyin qalay ózgerdi?
3. Germaniya birleskennen keyin ishki bazardıń júzege keliwi onıń rawajlanıwına alıp keldi. Rossiya birneshe ásirler dawamında pútin bir mámleket bolsa da, ekonomikalıq jaqtan tómenliginshe qaldı. Bunı qalay túsindire alasız?

## 21-§. Rossiyada Mámleketlik dumasınıń dúziliwi

**Jámiyetlik háreket** Rossiya xalqınıń turmıs dárejesi Batıs Evropa mámleketlerine salıstırğanda júdá tómen edi. Bul jağday mámlekette ekonomikalıq-siyasiy reformalar ótkeriliwin talap etiwge tiyisli konstituciyalıq qarsılasınıń joqlığı aqıbetinen edi. Ústem sistema bolsa tereń sociallıq reformalardıń ayqın dushpanı edi.

Kárxanalarda jumıs waqtı orta esapta 12 — 14 saat dawam etti. Fabrikağa jallanğan jumısshı xojayın dúkánınan ónimdi nesiyege alıwğa májbúr edi. Dúkán kárxana iyeleri ushın jumısshılardı qosımsha ekspluataciya quralı wazıypasın atqarğan.

Shetki úlkelerde jumısshılar awır hám huqıqsız awhalda edi.

Jámiyette bar dúzimdi ózgerttiriw haqqında oylawshı túrli toparlar, awqamlar júzege keldi. Olardan bir — G. V. Plexanov basshılıq etken «Miynetti azat etiw» toparı. Ol topar 1883-jılı dúzildi. Ol jumısshılar klasın revolyuciyalıq kúsh dep esaplağan. Biraq, ol hákimiyattı qurallı qozğalań jolı menen basıp alıwğa qarsı hám jámiyetti reformalar jolı menen jańalaw tárepdarı edi.

1895-jılı Peterburgta «Jumısshılar klasın azat etiw ushın gúres awqamı» dúzildi. 1898-jılı Rossiyadağı barlıq social-demo-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kratiyalıq toparlar «Rossiya social-demokratiyalıq jumısshılar partiyası» (RSDRP) dep atalǵan partiyaǵa birlesti. 1903-jıldan baslap bul partiyaǵa V.I. Ulyanov (Lenin) basshılıq etti. Ol RSDRPdaǵı bolshevikler aǵımınıń jetekshisi boldı.

Bolshevikler Rossiyada jeke múlik bolmaytuǵın, jámiyet aǵzaları eziwshi hám eziliwshilerge bólinbeytuǵın, mámleket hákimiyatı, tiykarınan, jumısshılar klası qolında bolatuǵın, barlıq múlik mámlekettiki esaplanatuǵın jámiyetti ornatpaqshı boldı. Bunday jámiyetti qurıw ushın bar dúzimdi jumısshılardıń quralli qozǵalańı (tiykarında mámleket awdarıspaǵı) arqalı awdarıp taslaw ideyasın usınǵan.

**1905-jıl revolyuciyasınıń baslanıwı**

1905-jılı 9-yanvarda Rossiya tariyxında birinshi revolyuciya baslandı. Bul revolyuciya Rossiya miynetkeshleriniń turmısı rus—yapon urısı sebepli tómenlep ketiwi aqıbetinde júz berdi.

Imperatordıń «ádilligi»ne isengen Peterburg jumısshılarınan 250 mıń adam 9-yanvar, ekshembi kúni óziniń ótinishlerin patshaǵa bildiriw ushın tınısh demonstraciyaǵa shıqtı. Ótinishnamada Shólkemlestiriw májilisin shaqırıw, demokratiyalıq erkinlikler beriw, 8 saatlıq jumıs kúnin engiziwdi talap etti.

Biraq, Nikolay II tınısh demonstraciyanı oqqa tuttı. Bul waqıya Rossiya tariyxına «Qanlı ekshembi» atı menen kirgen. Peterburgdaǵı «qanlı» waqıyalarǵa juwap retinde Moskva, Riga, Varshava, Baku qalalarınıń jumısshıları is tasladı, demonstraciyalar baslandı. Mámlekette diyqanlar háreketi de baslandı. Revolyuciyalıq háreket, hátte ayırım áskeriy bólimlerge de tásir kórsetti. Sonday-aq, Qara teńiz flotına qaraslı «Potyomkin» bronenoseci matrosları 1905-jıldıń jazında qozǵalań kóterdi.

**Rossiyada parlamenttiń shólkemlestiriliwi**

Revolyuciyalıq háreketiń bunday tús alıwı Nikolay II ni baǵınıwǵa májbúr etti. Ol Manifestti daǵazaladı. Onda, hújdan, sóz, baspasóz erkinligi, jıynalıs ótkeriw hám túrli awqamlar dúziw huqıqı, sonday-aq, nızam shıǵarıwshı hákimiyat — Mámleket duması (parlament)ın engiziwdi wáde etti.

1905-jıldıń dekabrinde Mámleket dumasına saylaw haqqında nızam qabıllandı. 1906-jılı aprelde 1-Mámleket duması óz jumısın basladı. Duma jumısındaǵı tiykarǵı másele agrar másele



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

edi. Deputatlardıń 1/4 bólimine jaqını diyqan wákilleri edi. Olar hámme jerlerdiń diyqanlar ortasında bólistiriliwin usınıs etti. Ámelde pomeshik jer iyeliginiń saplastırılıwın ańlatar edi.

Nikolay II bolsa Dumadaǵı jaǵdaydan táshwishte edi. Duma ol oylaǵanday juwas bolıp shıqpadı. Sonıń ushın Nikolay II Dumanı tarqatıp jiberdi.

1907-jıldıń yanvarında 2-Mámleket dumasına saylaw ótkerildi. Bul Dumada da agrar másele tiykarǵı másele boldı.

Agrar máselede Duma húkimet jobasın tastıyıqlamadı. Húkimet, tez arada Dumadaǵı social-demokratlarǵa mámleket awdarıspaǵın tayarlamaqta, dep ayıp qoydı. Olardı Duma quramınan shıǵarıwdı talap etti. Bul talapqa juwaptıń sozılıp ketkenligi bánesinde Nikolay II 3-iyunda jáne Dumanı tarqatıp jiberdi. Sol tárizde, birinshi rus revolyuciyası jeńilis penen tamamlandı.

**Saylaw haqqındaǵı jańa nızam**

1907-jıl 3-iyunda saylaw haqqında jańa nızam qabıllandı. Jańa nızam ózinde ústem qatlam máplerin tolıq dárejede kórsetti. Sonday-aq, bir pomeshiktiń dawısı 4 iri burjuaziya wákiliniń, 260 diyqannıń hám 543 jumısshınıń dawıs beriwine teń edi.

Rossiya parlamenti eki palatalı parlamentke aylandı. Mámleket Keńesi parlamenttiń joqarı palatası wazıypasın atqardı. Mámleket Keńesi aǵzalarınıń 50 % imperator tayınlaytuǵın edi. Húkimet imperator aldında juwapker edi. Oǵan «veto» huqıqı berildi. Sırttan qaraǵanda Rossiya konstituciyalıq monarxiyaǵa aylanǵanday edi.

Tiykarında, carizm hákimiyati sheklenbegenliginshe qala berdi hám xalıqqa bazı bir huqıqlar berildi. Jumısshılarǵa kásiplik awqamlarına birlesiw huqıqı berildi.

Is taslaǵanı ushın jınayıy juwapkershilikke tartıw, diyqanlardıń bolsa jer ushın haqı tólewleri biykarlandı.

Carizm hákimiyatı qaramaǵında bolsa da, wákillikli shólkem — parlament engizildi.

***Manifest*** (latınsha) — húkimettiń júdá áhmiyetli waqıya múnásibeti menen xalıqqa qılǵan jazba múrájáátı.
***Ekspluataciya*** (francuzsha) — múlik iyeleriniń basqalar miynetiniń ónimin ózlestirip alıwı.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Rossiyadaǵı sociallıq hárekettiń ayırmashılıǵın túsindiriń.
2. Bolsheviklerdiń jámiyetti qayta qurıw haqqındaǵı táliymatın búgingi kún kózqarası menen bahalań.
3. Birinshi rus revolyuciyasınıń sebepleri hám aqıbetleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Rossiyada Mámleket duması (parlament) qalay júzege keldi?

1. Rossiya kárxanalarındaǵı jaǵday haqqında pikirlesiń.
2. «Qanlı ekshembi» nelerge alıp keldi?
3. Rossiyada saylaw haqqında nızamlar boyınsha referat jazıń.

Búgingi Rossiya Federaciyası Mámleket duması haqqında maǵlıwmat toplań.

## 22-§. XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Avstriya-Vengriya imperiyası

**Siyasiy dúzim**

Avstriya-Vengriya imperiyası 1867-jılı Avstriya hám Vengriyanıń ústem qatlamları arasındaǵı pitim tiykarında júzege keldi.

Imperiyanıń Avstriya korollıǵı quramına Chexiya, Moraviya, Galiciya hám Bukovina, Vengriya quramına bolsa Slovakiya, Xorvatiya hám Transilvaniya kirgen.

Sol jılı imperiyanıń jańa konstituciyası qabıl etildi. Oǵan muwapıq, imperiyanıń ulıwma húkimdarı Avstriya imperatorı bolǵan. Imperator Gabsburglar áwladı wákili edi. Áwladlar imperiyanı 1867-jıldan 1918-jılǵa shekem basqarǵan.

Avstriyada imperator hákimiyatı rásmiy túrde Reyxstag, Vengriyada bolsa Seym tárepinen sheklengen. Demek, Avstriya-Vengriya konstituciyalıq monarxiya edi.

Imperiya dúzilgennen keyin, 3 ulıwma imperiya wázirligi dúzildi: 1. Sırtqı isler. 2. Áskeriy hám teńiz. 3. Finans. Basqa wázirlikler imperiyanıń hár eki bóliminde de ǵárezsiz jumıs júrgizgen. Vengriya óz parlamentine, atqarıw hákimiyatına, siyasiy hám administrativlik avtonomiyasına iye bolǵan. Imperiya xalqınıń kópshiligin boysındırılǵan slavyan xalıqları quraǵan.

**Avstriya-Vengriyanıń ekonomikalıq rawajlanıwı**

XIX ásirdiń sońǵı shereginde Avstriya-Vengriya Evropanıń rawajlanǵan mámleketlerine qaraǵanda artta qalǵan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

edi. Elde orta ásir feodalizm qaldıqlarınıń saqlanǵanlıǵı aldınǵı Evropa ellerine qaraǵanda sanaattıń rawajlanıw pátiniń tómenlewine alıp keldi. Qala xalqı pútkil Avstriya-Vengriya xalqınıń tek 1/3 quradı. Hátteki, imperiyanıń eń rawajlanǵan bólimi bolǵan Avstriyada da awıl xalqı kópshilikti quradı.

Avstriya-Vengriya pitimi Vengriyanıń ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwına túrtki boldı. Vengriya kómir bazasında sanaattıń metallurgiya tarawı rawajlandı. Vengriyanıń tiykarǵı tarawı azıq-awqat sanaatı bolıp qaldı. Vengriyanıń islep shıǵarılǵan azıq-awqat ónimleri imperiyada óndirilgen ónimniń yarımın quradı.

Imperiyanıń industrial rayonları Tómengi Avstriyada hám Chexiyada óndiristiń oraylasıwı hám monopoliyalardıń júzege keliw procesi tez pát penen ósti.

XX ásirdiń baslarına kelip, ssuda kapitalı, tiykarınan, Venadaǵı iri banklerde toplandı. El turmısında finans oligarxiyasınıń tásiri kúsheyip bardı.

Imperiya rawajlanıwınıń jáne bir ózgesheligi — onıń shet el kapitalına ǵárezliliginiń kúsheyip barıwında edi. Franciya, Belgiya, Germaniya bankleri qarız beriw, sanaatqa qarjı ótkeriw menen Avstriyanı óz kapitalları menen toltırıp jiberdi.

Avstriya-Vengriya sanaatınıń metallurgiya, mashinasazlıq, elektrotexnika hám sol sıyaqlı tarmaqları Germaniya firmaları tárepinen finanslıq jaqtan támiyinlendi. Nemis kapitalınıń toqımashılıq hám mashinsazlıq kárxanalarında da poziciyası joqarı edi. Nemis kapitalı awıl xojalıǵına da kirip keldi.

**Jámiyetlik háreket**

Imperiya miynetkeshleri óz huqıqları ushın gúresti. Imperiya paytaxtı Vena qalasında jumısshılardıń ǵalaba demonstraciyası ótkerildi. Demonstrantlar demokratiyalıq erkinlik beriliwin talap etti.

Húkimet buǵan juwap retinde, Avstriya jumısshılar háreketiniń basshıların mámleketke qıyanette ayıpladı. Sud olardı uzaq múddetke azatlıqtan ayırdı.

Avstriya húkimeti de Bismarktan úlgi alıp, 1884-jılı jumısshılar háreketine qarsı «Ayrıqsha nızam» engizdi. Nızam jumısshılar háreketine qarsı policiya terrorınıń kúsheyttiriliwine ruqsat berdi. Kásiplik awqamlar tarqatıp jiberildi. Jumısshı gazetaların basıp shıǵarıw toqtatıldı. Solay bolsa da, jumısshılar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

gúresi dawam etti. 1889-jılı Avstriya social-demokratiyalıq partiyası (ASDP) dúzildi. Partiya baǵdarlamasında siyasiy erkinliklerdi engiziw, parlamentti ulıwma, teń, durıs, jasırın dawıs beriw jolı menen saylaw haqqında nızam qabıl etiw, shirkewdi mámleketten, mektepti shirkewden ajıratıw, jumıs kúnin qısqartıw usaǵan talaplar bar edi.

Jumısshılar háreketi barǵan sayın kúsheygennen soń, 1907-jılı húkimet saylaw sistemasınıń reforması haqqında nızam qabıl etiwge májbúr boldı.

**Milliy azatlıq háreketi** Imperiyada hárqanday sharayatta da slavyan xalıqlarınıń koloniyasın saqlap qalıwǵa umtılıwshı shovinistlik keypiyattaǵı kúshler óz siyasiy partiyaların dúzdi. Bul partiyalardan biri Pangerman partiyası, ekinshisi bolsa Xristian socialistler partiyası dep ataldı.

Kópshiligi avstriyalı katoliklerden ibarat bolǵan Xristian socialistler partiyası ǵayratkerleri «Ullı Germaniya» ideyasın klaslıq tınıshlıqtı propagandalaw, barlıq jámiyetlik kelispewshiliklerdi «tatıwlıq hám súyispenshilik ruwxında» sheshiwge shaqırıw hám antisemitizmdi propagandalaw menen qosıp alıp bardı. Biraq, ústem sheńberler slavyan xalqınıń milliy azatlıq háreketin toqtata almadı.

Chex qarsılası Chexiyaǵa da siyasiy huqıqlar beriliwin talap etti. Húkimet buǵan juwap retinde qadaǵalaw sharaların kúsheytti. Chexiyada qamal jaǵdayı engizildi. Biraq, bul chex qarsılasın «sındıra» almadı. Gúres dawam etti. Nátiyjede, Chexiyada sud hám administrativlik jumıslar ushın eki til engizildi. Praga universitetinde de oqıtıw eki tilde (nemis hám chex) alıp barılatuǵın boldı.

Galiciyadaǵı ukrain hám polyak xalqı da milliy zulım astında edi. Avstriya húkimeti Galiciyadaǵı ústem toparlar menen pitim dúzip, aymaqtı basqarıwda olarǵa basshılıq rolin berdi.

XIX ásirdiń sońǵı on jıllıǵında milliy eziwshilik taǵı da kúsheydi. Zakarpatyedegi ukrain xalqı «vengrlestirildi». Xorvatiya turaqlı áskeriy yamasa ayrıqsha jaǵdayda boldı, xalıq narazılıǵı qadaǵalawlar menen ayawsız bastırıldı.

**Ekonomikalıq krizis** 1912-jılı Avstriya-Vengriyada awır ekonomikalıq krizis júz berdi. Aqıbette, iri



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sanaat hám sawda kárxanaları jabıldı. Imperiya eksportınıń keskin kemeyiwi ekonomikalıq krizisti tereńlestirip jiberdi. Miynetkesh xalıqtıń turmıs dárejesi páseydi. Imperiya ústem qatlamları milliy zulımlıqtı jáne de kúsheyttirdi.

Imperiyadaǵı awır jaǵdayǵa qaramay, Vengriya ústem toparları Avstriyanıń Balkandaǵı basıp alıwshılıq siyasatında aktiv qatnasa basladı. Hátte, armiya qaytadan dúzildi. Bul — imperiyanıń urısqa tayarlıq kórip atırǵanlıǵın ańlatar edi.

Eldi áskeriylestiriwge, urısqa tayarlıq kórilip atırǵanına hám milliy zulımlıqqa qarsı Vengriyanıń tiykarǵı qalası Budapesht qalasında kóp mıń adamlıq demonstraciya ótkerildi.

Ulıwma narazılıq ǵalaba is taslawǵa alıp keldi. Demonstrantlarǵa qarsı policiya kúshleri jiberildi. Nátiyjede, Budapesht barrikadalarǵa tolıp ketti. Kúshler teń emes edi. Sol sebepli, jumısshılar demonstraciyanı toqtatıwǵa májbúr boldı.

Jámiyetlik háreket hám imperiya quramındaǵı slavyan xalıqlarınıń milliy azatlıq ushın gúresi Avstriya-Vengriya imperiyası tereń krizis dáwirine kirgenligin ańlatatuǵın edi.

Sonday bir sharayatta, ayırım siyasatshı ǵayratkerler trializm (úshlik) talabı menen shıqtı. Trializm ideyası imperiyanı Avstriya, Vengriya hám imperiya quramındaǵı slavyan xalıqları jerlerin óz ishine alıwshı, hár úsh tárepti teń huqıq tiykarında birlestiretuǵın federaciyaǵa aylandırıw, degeni edi. Biraq, federaciyanıń slavyan bólimi kúsheyip ketiwinen qorqqan ústem toparlar trializm ideyasın biykarladı. Bul jaǵday I jáhán urısı qarsańında imperiyada ishki qarama-qarsılıqlardıń keskinliginshe qalıwına sebep boldı.

***Federaciya*** (lat. — awqam) — aymaqlıq jaqtan siyasiy ǵárezsizlikke iye bolǵan birneshe mámleketlerden ibarat birden-bir awqam mámleket.

***Ssuda*** — materiallıq baylıqlar girewi esabına procent tólew hám qaytarıp beriw shárti menen belgili múddetke qarızǵa beriletuǵın pul yamasa materiallıq baylıq.

***Antisemitizm*** – evreylerge qarsı milliy, rasalıq dushpanlıqtı háwij aldırıw siyasatı.

***Barrikada*** – jasalma tosıq qoyıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Avstriya-Vengriya hám Germaniya imperiyalarınıń siyasiy dúzimin salıstırıń.
2. Avstriya-Vengriyanıń ekonomikalıq rawajlanıwında artta qalıwına sebep bolǵan faktorlardı aytıp beriń.
3. Jámiyetlik háreket degen ne hám ol Avstriya-Vengriyada qalay ótti?
4. «Milliy azatlıq háreketi»ne túsinik beriń. Avstriya-Vengriyada milliy azatlıq háreketiniń sebepleri nelerden ibarat edi?

1. Avstriya-Vengriyanıń rawajlanıwında shet el kapitalı qanday rol oynadı?
2. «Ayrıqsha nızam»nıń mazmunı neden ibarat edi?
3. Chexiyada hújjetlerdiń eki tilde júrgiziliwine sebep ne?
4. Avstriya-Vengriya urısqa qalay tayarlandı?

## 23-§. Avstriya-Vengriya imperiyasınıń sırtqı siyasatı

### Germaniya menen jaqınlasıwı

Avstriya-Vengriya imperiyası sırtqı siyasatınıń orayında, tiykarınan, Balkan yarım atawı jatqan. Sonlıqtan ol Balkanda slavyan xalıqları iyelegen jerlerinde bekkem ornawǵa, Rossiyanıń Balkan yarım atawındaǵı tásirin keskin kemeytiwge háreket etken.

Avstriya-Vengriyanıń jekke ózi bul wazıypanı orınlay almas edi. Sonlıqtan da, ol Germaniya menen jaqınlastı. Germaniya da bul jaqınlasıwdan mápdar edi. Sebebi, bul dáwirde Germaniya ullı mámleketler ortasında bólinip bolǵan dúnyanı jáne qayta bóliwge umtılıp atırǵan edi. Bul maqsettiń iske asıwı ushın Germaniyaǵa, álbette, awqamlas zárúr edi.

### Avstriya-Vengriya hám Rossiya qatnasıqları

Bul eki imperiya, tiykarınan, Balkan yarım atawındaǵı jerlerdi gózledi. Avstriya-Vengriya bul jerde slavyan xalıqların ózine boysındırıwǵa, olardıń mámleketlerin bolsa koloniyaǵa aylandırıwǵa urınatuǵın edi. Sol waqıtta, Balkanda Osmaniyler mámleketi úlken koloniya aymaqlarına iye edi.

Slavyan xalıqları óz milliy azatlıǵı ushın turaqlı gúres alıp barǵan. Bul gúreste olar Rossiyaǵa súyengen. Rossiya slavyan xalıqlarınıń milliy azatlıq gúresin quwatlaw arqalı ózi de Bal-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kanda bekkem ornalasıp alıwǵa umtılǵan. Demek, bul úsh imperiyanıń mápleri Balkanda mudamı soqlıǵısıp turǵan.

Avstriya-Vengriyanıń Balkanda júrgizgen siyasatı Rossiya menen qatnasıqlarınıń jamanlasıwına alıp kelgen. Bul eki imperiya ortasında qashan bolsa da urıs bolıwı anıq edi.

Berlin kongresinde Avstriya-Vengriya Balkandaǵı Bosniya hám Gercegovinanı basıp alıw huqıqın qolǵa kirgizdi. Aqırında, 1908-jılı bul aymaqlardı iyeleydi. Bul bolsa Avstriya-Vengriya hám Rossiya qatnasıqların keskinlestirip jiberdi.

Sol waqıtta bul waqıya slavyan xalıqları arasında Rossiya abırayına da zıyan keltirdi. Sebebi, Rossiya Avstriya-Vengriya basıp alıwınıń aldın ala almadı. Buǵan Germaniyanıń Avstriya-Vengriyanı qollap-quwatlawı, onıń Rossiyaǵa qarsı urıs járiyalawı múmkinligi haqqındaǵı abayları sebep boldı.

### Avstriya-Vengriyanıń urısqa tayarlıq kóriwi

Osmaniyler mámleketi hám Italiya mápleriniń Arqa Afrikada soqlıǵısıwı aqıbetinde 1911-jılı olar ortasında urıs kelip shıǵıwına sebep boldı. Bul urısta Osmaniyler mámleketiniń jeńiliwi onı jáne de ázziletti. Bul sebep qubla slavyan xalıqlarınıń Osmaniyler mámleketiniń zulımınan azat bolıwları ushın alıp barılıp atırǵan gúresleriniń jáne de kúsheyiwine qolay sharayat jarattı. Bul qolaylı sharayattan paydalanǵan Balkannıń ǵárezsiz mámleketleri Bolgariya, Serbiya, Chernogoriya hám olarǵa qosılǵan Greciya tez arada Balkan awqamın dúzdi. Awqam 1912-jılı Osmaniyler mámleketine qarsı urıs basladı. Bul urıs tariyxqa «Birinshi Balkan urısı» atı menen kirgen. Bul urıs Balkan slavyanları hám greklerdiń Osmaniyler mámleketiniń ústemliginen azat bolıwı menen tamamlandı. Biraq, awqamlaslar Osmaniyler mámleketinen azat etilgen aymaqlardı bóliw máselesinde óz ara kelispedi. Buǵan Bolgariyanıń hámmeden kóp úles alıwǵa urınıwı sebep boldı. Onıń dawaları Avstriya-Vengriya tárepinen qollap-quwatlandı. Avstriya-Vengriya usı jol menen Ullı Britaniya, Franciya hám Rossiya quwatlawına súyengen Balkan awqamın buzıp jibermekshi edi. Sebebi, bul awqamnıń bar bolıwı Avstriya-Vengriyaǵa Balkanda bekkem ornalasıwına múmkinshilik bermeytuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Avstriya-Vengriya óz maqsetlerine eristi. Aqıbetinde, 1913-jılı Bolgariya Serbiya hám Greciyaǵa hújim jasadı. Solay etip, Ekinshi Balkan urısı baslandı. Bul urısta Chernogoriya hám Rumıniya Serbiya hám Greciyaǵa járdem berdi. Keshegi ulıwma dushpan — Osmaniyler mámleketi de Bolgariyaǵa qarsı urısqa qatnastı.

Ekinshi Balkan urısında Bolgariya jeńildi hám qolǵa kirgizgen aymaqlarınıń bir bólimin joǵalttı.

Urıs nátiyjesinde Serbiya Balkannıń jetekshi mámleketine aylandı. Endi Astriya-Vengriya hám Germaniya óz aldına kúsheyip baratırǵan Serbiyanı jenship taslaw hám sol arqalı Rossiyanıń Balkandaǵı tásirine zıyan keltiriw maqsetin qoydı.

Avstriya-Vengriyanıń maqsetleri onı sırtqı siyasatta Germaniyaǵa birotala ǵárezli etip qoydı. Avstriya-Vengriya urısqa tayarlıq kóre basladı. Elde mobilizaciya ótkerildi. 1914-jılı parlament tarqatıp jiberildi. Usı qolaysız jaǵdayda, serb milletshileri tárepinen 1914-jılı 28-iyulde Avstriya-Vengriya taxt miyrasxorı Franc Ferdinandtıń óltiriliwi Avstriya-Vengriya ústem qatlamlarınıń urıstı baslap jiberiwleri ushın báne boldı. Elde áskeriy diktatura ornatıldı.

***Áskeriy diktatura*** — áskerlerdiń sheklenbegen hákimiyatı.

1. Avstriya-Vengriya nege Germaniya menen jaqınlasıw siyasatın júrgizdi?
2. Avstriya-Vengriya hám Rossiya qatnasıqları qalay ótti?
3. Balkan urısı haqqında nelerdi bilip aldıńız?

1. Ne ushın Balkan xalıqları ortasında Rossiyanıń abırayı tústi?
2. Balkan awqamı qalay júzege keldi?
3. Avstriya-Vengriya Birinshi jáhán urısına qanday tayarlıq kórdi?
4. Bolgariya mısalında keshe awqamlas bolǵan mámleketlerdiń búgin birden dushpanǵa aylanıp qalıwı múmkinligin qalay túsindiresiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 24-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Italiya

**Italiyanıń siyasiy dúzimi**

Franciyanıń Prussiya menen urısta jeńiliwi Italiyanı birlestiriwdegi tosıqtı joq etti.

1870-jılı 3-oktyabrde Rim qalası Italiya korolligi paytaxtına aylandırıldı. Papa hákimiyatı Vatikan sarayı menen sheklendi. Buǵan shekem papa Piy IX Rim qalasınıń Italiyaǵa qosılıwına qarsılıq etip atırǵan hám onı Franciya armiyası qorǵap turǵan edi.

Italiya siyasiy dúzimi boyınsha, konstituciyalıq monarxiya bolıp qaldı. Konstituciya boyınsha, eki palatalı (Senat hám deputatlar palatası) parlament dúzildi. Korol Viktor Emmanuil II nızam shıǵarıwshı hákimiyattı parlament penen bólip aldı. Senatorlar korol tárepinen ómirlikke saylanatuǵın edi. Atqarıwshı hákimiyat Bas ministr qolına toplandı.

Konstituciyada puqaralardıń nızam aldında teńligi, úy-jayǵa qol qatılmaslıǵı, sóz hám baspasóz erkinligi, jıynalıs ótkeriw huqıqı kórsetildi. Xristian dininiń katolik aǵımı jalǵız din bolıp qaldı. 1871-jılı shirkew hám mámleket qatnasıqların tártipke salıwshı nızam qabıllandı. Nızam Rim papasın muqaddes hám qol qatılmaydı dep daǵazaladı hám ol jaylasqan mámleket-qala—Vatikanǵa basqa mámleketler menen diplomatiyalıq baylanıs ornatıw huqıqı berildi.

**Ekonomikalıq awhal**

Italiyanıń milliy mámleket bolıp birlestiriliwi elde kapitalistlik dúzimdi turaqlastırıw procesin tezlestirdi. Biraq, Italiya ele agrar mámleket bolıp qala berdi. Iri jer iyeleriniń jerge iyelik etiwi saqlanıp qaldı. Bunıń ústine, jerden paydalanıwdıń artta qalǵan formaları húkim súrdi. Pomeshikler jeriniń kópshiligi mayda uchastkalarǵa bólinip, júdá awır shártler menen (ónimniń 3/4 bólimin tólew) diyqanlarǵa ijaraǵa berildi. Mámleket aldında úlken finanslıq mashqalalar boldı. Buǵan Italiyanıń ishki hám sırtqı qarızınıń oǵada kóbeyip ketkenligi sebep boldı.

Ósip baratırǵan qárejetlerdi qaplaw ushın húkimet mámleket zayomların shıǵarıwǵa, el ishindegi hám de sırtındaǵı kapital iyelerine járdem sorap múrájáát etiwge májbúr boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aqıbetinde, Italiyanıń mámleketlik qarızı tezlik penen kóbeyip bardı. Soǵan qaramay, kapitalizm barǵan sayın bekkem ornasa basladı. Húkimet, dáslep, temir jol qurılısın keńeyttirdi.

Sawda flotın qurıw keń en jaydı. Italiya sawda flotı dúnyada 3-orınǵa shıqtı. Húkimet Italiyanı Franciya hám Shveycariya menen baylanıstıratuǵın eki tunnel qurdı. Jańa sanaat tarawları akcionerlik jámiyetleri túrinde júzege keldi. 1906-jılı dúzilgen «Fiat» akcionerlik jámiyeti ximiya, rezina, mashinasazlıq, elektr, avtomobil sanaatı hám basqa ónimler islep shıǵarıwda joqarı orındı iyelep aldı.

I jáhán urısına shekem Italiya agrar mámleketliginshe qalıp, jumısqa jaramlı xalqınıń kópshiligi awıl xojalıǵında bánt edi. Lekin olardıń sanı jıldan-jılǵa azayıp bardı.

**Jámiyetlik háreket**

Elde miynetkeshler awhalı awır edi. Italiya xalqı jan basına dáramat bólistiriwde Batıs Evropada eń keyingi orında turdı.

Awhal, ásirese, eldiń qublasında awır edi. Aqıbetinde, Italiyanıń kóplegen puqaraları jumıs izlep shet ellerge ketti.

Italiya xalqı óz awhalın jaqsılaw hám óz huqıqları ushın gúres alıp bardı. Bul gúres aqıbetinde, Italiya Socialistlik partiyası dúzildi.

Diyqanlardıń awhalı da awır edi. Bul awır turmıs Ciciliyada diyqanlar qozǵalańına alıp keldi. 1898-jılı Milanda júz bergen ulıwma is taslaw 5 kúnlik barrikada urıslarına aylanıp ketti. Húkimet jumısshılar háreketin armiya kúshi menen bastırdı.

1903 — 1914-jılları (arada belgili úzilisler menen) Italiya húkimetin óz dáwiriniń belgili siyasiy ǵayratkeri J.Jolitti basqardı. J. Jolitti xalıqtıń satıp alıw quwatın asırmay turıp, sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa bolmaytuǵının jaqsı túsinetuǵın edi. Bunıń ushın bolsa miynetkeshlerge jaqsı is haqı tólew zárúr edi. Bul haqqında ol «Sanaattıń rawajlanıw basında is haqı joqarı bolǵan eller turadı», dep kórsetken edi. Onıń dáwirinde kásiplik awqamlar dúziliwine, is taslaw ótkeriliwine ruqsat etiwshi, túngi smenada balalar hám hayallar miynetinen paydalanbaw, saylawshılardıń múlik hám sawat ashıw cenzini biykarlaw haqqında nızamlar qabıl etildi. Sol waqıtta, ol mámlekettiń el ekonomikasındaǵı rolin arttırıw tárepdarı edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Onıń pikirinshe, mámleket miynet hám kapital ortasında tóreshi wazıypasın orınlawı lazım edi.

**Sırtqı siyasat**

Italiya sırtqı siyasatında «irredentizm» tárepdarlarınıń tásiri kúsheydi. Bul jaǵday onıń qońsı mámleketler menen qatnasıqların tómenletti.

Italiya dawa etip atırǵan Arqa Afrika mámleketleri aymaǵın izbe-iz Franciya iyeley basladı. Bul jaǵday Italiyanı Germaniya menen jaqınlastırdı. Italiya Germaniya hám Avstriya-Vengriya Awqamına qosıldı. Awqamlaslarǵa iye bolǵan Italiya tez arada Somali hám Eritreyanı boysındırdı. Efiopiyanı basıp alıw maqsetinde bul mámleketke hújim jasadı.

Biraq, 1896-jıldıń 1-avgustında Adua janında Italiya áskerleri qıyratıldı. Aqıbetinde, 5 mıń italyan áskeri nabıt boldı. Bul waqıya Italiyada milliy shermendelik sıpatında qabıl etildi.

Jańa koloniyalar basıp alıw ushın qolaylı sharayat zárúr edi. Italiya húkimeti tap sonday sharayattı jarata aldı.

Italiya Franciya menen keskin qatnasıqların saplastırıwǵa eristi. 1902-jılı bul eki mámleket arasında pitim dúzildi. Pitim boyınsha, tárepler eki mámlekettiń biri basqa mámlekettiń hújimine ushırasa, óz ara qatań biytáreplik minnetlemesin aldı.

Italiya Bosniya hám Gercegovinanı Avstriyanıń basıp alıwına narazılıq bildirdi. 1909-jılı Rossiya menen Balkan yarım atawındaǵı óz máplerin quwatlawshı pitim dúzdi. Bul eki mámleket Avstriya-Vengriyanıń Balkan ellerine basıp kiriwine qarsılıq kórsetiwge kelisip aldı.

Qolaylı diplomatiyalıq sharayat jaratılǵan soń, Italiya 1911-jılı Liviyaǵa hújim etti. Liviya rásmiy túrde Osmaniyler mámleketi imperiyası quramında edi. Bul jaǵday Italiya — Osmaniyler mámleketi urısın keltirip shıǵardı. Urısta Italiya jeńiske eristi. 1912-jıldan baslap Liviya Italiya koloniyasına aylandı.

***Múlik cenzi*** — saylawda qatnasıw ushın puqaranıń málim dárejedegi múlikke iye bolıwı (basqa mámleketlerde de bolǵan).

***Irredentizm*** — Italiyaǵa qońsılas bolǵan mámleketlerde italiyanlar az muǵdarda jasaytuǵın aymaqlardı qosıp alıwdı úgit-násiyatlawshı milletshilik háreketi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Italiyanıń basqa Batıs Evropa mámleketlerine qaraǵanda ekonomikalıq jaqtan ázzi, agrar mámleket bolıp qalıw sebeplerin aytıń.
2. Italiyanıń ekonomikalıq rawajlanıwınıń ózine tán ózgesheliklerin túsindirip beriń.
3. Italiya miynetkeshleriniń awır turmısı haqqında nelerdi bildińiz?
4. J. Jolitti húkimeti ishki siyasatta qanday ilajlardı ámelge asırdı?

1. Italiyanıń siyasiy dúzimine túsinik beriń.
2. Italiya sanaatınıń qaysı tarawları tez rawajlandı?
3. «Fiat» akcionerlik jámiyetiniń xızmeti haqqında maǵlıwmat toplap, referat tayarlań.
4. Italiya–Rossiya qatnasıqları haqqında pikir júrgiziń.

## 25- §. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Balkan mámleketleri

**Balkan xalıqlarınıń Osmaniyler mámleketi tárepinen eziliwi**

XIX ásirdiń 70-jıllarında qubla slavyanlardıń kópshiligi shet el zulımı astında edi. Tek Chernogoriya hám Serbiya jerleriniń bir bólegi ǵárezsiz edi. Qubla slavyanlar — bolgarlar, makedoniyalılar, Bosniya hám Gercogovina slavyanları, serbiyalılardıń biraz bólegi Osmaniyler mámleketi ústemliginde edi.

Xorvatlar, slovenler, batıs slavyanlar (chex, slovak, polyak) dıń bir bólimi Gabsburglar qol astında edi. Polyaklardıń ekinshi bólimi Germaniya, úshinshisi Rossiya imperiyası zulımlıǵınan azap shekti. Shet el zulımlıǵı slavyan xalıqlarınıń siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına tosqınlıq etti.

**Milliy azatlıq háreketi**

XIX ásirdiń 70-jıllarınan slavyan xalıqlarınıń milliy-azatlıq gúresi kúsheydi. Bolgar revolyucioneri Vasil Levskiy ǵárezsiz demokratiyalıq Bolgariya Respublikasın dúziw rejesin alǵa súrdi. Ol Bolgariyada jasırın qozǵalańshı komitetler dúzdi. 1872-jılı V.Levskiydi óltirgen bolsa da, azatlıq háreketi toqtamadı. 1876-jılı Bolgariyada kóterilis baslandı. Kóterilisshiler bayraqlarına «Azatlıq yaki



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ólim» uranın jazǵan. Talantlı publicist hám shayır Xristo Botev azatlıq háreketine basshılıq etti. Ol 1876-jılı 1-iyunde túrkler menen bolǵan sawashta qaza taptı. Ol qazalanǵan kún Bolgariyada Eske túsiriw kúni sıpatında belgilenedi.

Bolgar xalqınıń gúresi awır ótti. Kúshler teń emes edi. Túrkler kóterilisshilerdi ayawsız qırdı hám awıllardı kúlge aylandırdı. Bul jawızlıqlar kóplegen ellerdi qattı ǵázeplendirdi. Rus húkimeti Balkanda óz tásirin bekkemlew ushın kóterilislerden paydalanıwǵa qarar etti hám Balkan slavyanların jaqlap shıqtı.

Osmaniyler mámleketi Chernogoriya hám Serbiyanıń ǵárezsizligin tán alıwǵa májbúr boldı. Olardıń aymaǵı ádewir keńeydi. Rumıniya ǵárezsiz mámleket dep tanıldı.

Rossiya húkimeti 1877-jıl 24-aprelde Osmaniyler mámleketine qarsı urıs járiyaladı. Urısta Osmaniyler mámleketi jeńildi, ǵárezsiz Bolgariya mámleketi dúzildi.

**Bolgariyanıń qayta tikleniwi**

Jańadan júzege keltirilgen Bolgariyanıń mámleketlik dúzimin 1878-jılı qabıllanǵan Bolgariya konstituciyası belgilep berdi. Onda Bolgariya konstituciyalıq monarxiya dep járiyalandı. Konstituciya Bolgariya ǵárezsizligin ámelde tastıyıqladı.

Biraq, Ullı Britaniya hám Avstriya-Vengriya Balkanda Rossiya poziciyasınıń bekkemliginen hám de qúdiretli Bolgariya mámleketi dúzilgenliginen táshwishte edi. Sonlıqtan da, olar Rossiyanı San-Stefano pitim shártnamasın qayta kórip shıǵıwǵa ırazılıq beriwge májbúr etti. Berlinde shaqırılǵan xalıqaralıq Kongress mine usı máselege baǵıshlandı. Kongress kóp ǵana máseleler menen birge Bolgariya máselesin de kórip shıqtı hám onıń San-Stefano shártnamasına muwapıq iye bolǵan aymaqların qısqarttırıw haqqında qarar qabıl etti.

**Ǵárezsizlikten keyingi ishki siyasiy awhal**

Rossiya imperatorı Aleksandr II qáynisi hám bir waqıttıń ózinde Pruss oficeri bolǵan Aleksandr Battenbergdi Bolgariya mámleketiniń baslıǵı etip saylawdı usındı. Bolgariya Ullı Xalıq májilisi bul usınıstı maqulladı.

Biraq, jańa húkimdar Rossiyadan ǵárezsiz siyasat júrgiziwge urındı. Bunıń ushın oǵan súyenetuǵın mámleketler de kerek edi. Sonlıqtan, A. Battenberg Batıs mámleketleri menen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jaqınlasıw siyasatın júrgizdi. Onıń negizgi niyeti — Bolgariya armiyasında xızmet etip atırǵan rus oficerlerin nemis oficerleri menen almastırıwda anıq kórindi. Endi, Rossiya húkimeti oǵan Rossiyanıń dushpanı sıpatında qaray basladı.

Elde óz poziciyasın bekkemlegen Aleksandr Battenberg qubla hám arqa Bolgariyanıń jańadan birden-bir mámleketke birleskenligin járiyaladı. Bul jaǵdaydı Balkandaǵı basqa slavyan mámleketleri óz máplerine qarsı háreket, dep bahaladı.

Rossiya olardıń da máplerin esapqa alıwı kerek edi. Sonıń ushın, Aleksandr II húkimeti narazılıq belgisi sıpatında Bolgariyadan óz oficerlerin shaqırıp aldı. Oficerlerdiń bir toparı 1886-jılı Aleksandr Battenbergti taxttan bas tartıwına májbúr etti. Biraq, húkimet kúshleri bul oficerlerdi qamaqqa aldı. Nátiyjede, Rossiya hám Bolgariya ortasındaǵı diplomatiyalıq qatnasıqlar úzildi. Bunıń ústine, Bolgariya taxtına Avstriya-Vengriya kandidaturası Ferdinand Kaburg ótırǵızıldı.

1908-jılı Avstriya-Vengriyaǵa súyengen Bolgariya ózin Osmaniyler mámleketinen tolıq ǵárezsiz mámleket dep járiyaladı.

Ekinshi Balkan urısında Bolgariyanıń jeńiliske ushırawı onıń keyingi sırtqı siyasatınıń baǵdarın belgilep berdi. Hákimiyat basına germanshıl húkimet keldi. Bul húkimet sırtqı siyasatta Bolgariyanıń milliy máplerin «Úshlik awqamı» (Germaniya, Avstriya-Vengriya hám Italiya) járdeminde qorǵawdı málim etti. Bul bayanat Evropada bolajaq úlken urısta Bolgariya «Úshlik awqam»ı tárepinde turıwın ańlatatuǵın edi.

### Serbiyanıń ǵárezsizlikke erisiwi

XIX ásirdiń aqırında Serbiya Osmaniyler mámleketine atına ǵana ǵárezli edi. Serbiya sırtqı siyasatınıń tiykarǵı maqseti — Osmaniyler mámleketi qolastında qalǵan serb jerlerin tolıq qaytarıp alıw hám olardı birden-bir Serbiya mámleketine birlestiriwden ibarat edi. Sonıń ushın da, Serbiya Rossiyanıń Osmaniyler mámleketine qarsı urıslarında aktiv qatnasqan.

Berlin kongresi Serbiyanıń Osmaniyler mámleketinen ǵárezsiz ekenligin tastıyıqladı. Usı payıtta, Serbiyaǵa shet el tovarlarınan tranzit bajı almaw minneti hám oǵan Osmaniyler mámleketinen alıp berilgen jańa aymaqlarǵa sáykes muǵdarda Osmaniyler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mámleketiniń shet el mámleketleri aldındaǵı qarızın tólew minnetlemesi júklendi. Serbiyada Rossiya tárepdarları bolǵan kúshler úlken tásirge iye bolǵan. Nátiyjede, usı faktorlar bir waqıtları Avstriya-Vengriya hám Rossiya mápleriniń keskin soqlıǵısıwın keltirip shıǵarıwı sózsiz edi.

**Albaniyanıń ǵárezsizlikke erisiwi**

Balkannıń basqa xalıqları qatarı, Osmaniyler mámleketi koloniyası bolǵan Albaniya da óz ǵárezsizligi ushın gúresin kúsheytti. Albaniyadaǵı barlıq siyasiy kúshler Albaniyanı bólisip alıw rejelerin dúzip atırǵan shet el mámleketleri siyasatına qarsı shıqtı. Bolgariyada shıǵıp atırǵan «Kalendarı kombiar» («Milliy kalendar») jurnalı bılay dep jazǵan: «Biz uyqıda jatırmız, bul waqıtta bolsa biziń ústimizde sawdalaspaqta». 1909 — 1911-jılları Albaniyada qozǵalań kóteriledi. Bunda xalıqtıń barlıq qatlamları qatnastı.

Birinshi Balkan urısında Osmaniyler mámleketiniń jeńilisi nátiyjesinde, 1912-jıl 28-noyabrde Albaniya ǵárezsizlikke eristi. Túrklerdiń derlik bes ásirge shamalas dawam etken ústemligine shek qoyıldı.

1. Aldıńǵı klaslarda alǵan bilimlerińizge súyenip, Balkannıń qalay etip Osmaniyler mámleketi koloniyasına aylanǵanlıǵı haqqında aytıp beriń.
2. XIX ásirdiń sońǵı shereginde Balkandaǵı siyasiy awhal qanday edi?
3. 1877—1878-jıllardaǵı Rossiya — Osmaniyler mámleketi urısı Balkan xalıqlarınıń táǵdirinde qanday rol oynadı?
4. Bes ásirge jaqın Osmaniyler mámleketi zulımlıǵı astında qalıp kelgen slavyan xalıqları nege XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında azatlıqqa eristi?

Tema ústinde isleń, kesteni toltırıń.

| T/s | Mámlekettiń atı | Basıp ótken jolı |
|---|---|---|
| 1. | | |
| 2. | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BÓLIM | AZIYA HÁM AFRIKA MÁMLEKETLERI

## V BAP | XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ – XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA AZIYA MÁMLEKETLERI

### 26-§. XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında Yaponiya

**Túpkilikli ózgerisler jolında**

1867—1868-jılları Yaponiyada júz bergen Meydzi reforması elde bazar qatnasıqlarına tiykarlanǵan jámiyet qurılısına keń jol ashtı. Tiykarǵı wazıypa—yapon xalqınıń milliy dástúrleri tiykarında jámiyetti Batıs modelinde qayta qurıw edi. Imperator Mutsixito óndiris kúshleriniń rawajlanıwına tosqınlıq etiwshi nızam hám tártiplerdi biykarladı. Yaponiya dúnyanıń barlıq mámleketleri ushın ashıp qoyıldı. Mámleketti modernizaciyalaw baslandı. Dáslep, birden-bir pul birligi — yena engizildi.

Ayırım hákimlikler shegarasındaǵı bajıxanalar hám tosıqlar alıp taslandı. Bul ilaj elde sawda-ekonomikalıq baylanıslarǵa keń jol ashtı. Jollarda diyqanlardıń qalaǵa qashıp ketiwine qarsı, olardı tutıp ornına qaytarıw ushın qoyılǵan saqshılıq orınları saplastırıldı. Sebebi, sanaat awıldan jumısshı kúshi «aǵılıp» keliwinen mápdar edi. Bul ilajlar Yaponiyada ishki bazardıń, sanaat tarawlarınıń rawajlanıwına xızmet ete basladı. 1869-jılı Yaponiyada tórt qatlam haqqındaǵı nızam biykar etildi. Feodal jer iyesi samuray, diyqan, ónerment hám sawdager qatlamları rásmiy teń huqıqlı dep járiyalandı.

Pútkil mámleket kóleminde oraylasqan húkimet basqarıwı júzege keldi. Ulıwma áskeriy xızmet haqqında nızam qabıllandı.

1871—1878-jılları awıl xojalıǵında reformalar ótkerilip, jerdi erkin aldı-sattı etiwge, qálegen eginlerdi egiwge ruqsat etildi. Zúráátten úles kórinisindegi salıq pul salıǵı menen almastırıldı. Jerdiń mayda bóleklerge bólinip ketiwine qarsı nızam shıǵarıldı.

**Sanaattı rawajlandırıwda mámlekettiń roli**

Jaǵday qanshelli awır bolmasın, Yaponiyada bazar qatnasıqları tez rawajlana basladı. Shıǵısta birinshi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolıp Yaponiya Evropa tájiriybelerinen paydalandı. Evropada uzaq waqıt dawamında júzege keltirilgen aldınǵı sanaat texnikasın Yaponiya tayar halda satıp ala basladı. Mámleket sanaattı rawajlandırıw isine qáwenderlik etti.

Birinshi gezekte Yaponiyada toqımashılıq sanaatı tez rawajlandı. 1890-jılı ol barlıq sanaat tarawlarınıń 45 %in quradı. Sherek ásir dawamında 1300 sanaat kárxanası qurıldı. Olar dáslep bay sanaatshılarǵa ijaraǵa berildi. Keyinirek bolsa sanaat kárxanaları óz bahasınıń yarımına, hátte 10—15 % ke jeke menshikke aylandırıp satılatuǵın boldı. Nátiyjede, bank kapitalı menen sanaat kapitalı qosılıp bardı. Yaponiyada sanaat óndirisi Rossiyadan on ese tez rawajlandı.

**Yaponiya rawajlanıwınıń ózgeshelikleri**

Yaponiyada monopolistlik kapitalizm feodal-monarxiya qaldıqları menen baylanısıp ketti. Bul jaǵınan Yaponiya Rossiyaǵa uqsap keter edi.

Ullı Britaniya, Franciya, AQSHtan ózgesheligi, Yaponiyada hákimiyat burjuaziya qolında bolmay, al pomeshik-burjuaziya bloki qolında edi. Yaponiya, sol payıtta armiya hám flottı da qayta qura basladı. Yaponiya húkimeti awır industriyanı rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar berdi. Nátiyjede, 1900—1913-jılları sanaat óndiris kólemi boyınsha Italiyadan ozıp, Franciyaǵa jaqınlastı. Elde sanaat, sawda-satlıq hám bankler oraylasıp, monopoliyalar júzege keldi.

**Sociallıq turmıs**

Yaponiyada kapitalizmniń rawajlanıwı diyqanlardıń jerden ajıralıwı menen birgelikte ótti. Agrar reforması boyınsha, jer alǵan diyqanlardıń tek 1/3 bólimi ǵana alǵan jerlerdi saqlap qaldı. Básekige shıdam bere almaǵanlar ijaraǵa jer alıp xojalıq júrgiziwge májbúr boldı. Qalǵanları qalaǵa ketip, jallanba jumısshılarǵa aylandı. Sanaat iyeleri jańasha, aldınǵı óndiristi keń jolǵa qoyıp, eldi jańa rawajlanıw basqıshına alıp shıqtı. Sanaat kárxanalarınıń sanı jıldan-jılǵa kóbeydi.

Biraq, usı sanaat kárxanalarında islep atırǵan jumısshılardıń ekonomikalıq jaǵdayı awır edi. Sebebi, is haqı tómen edi. Kárxanada texnika qáwipsizligine juwapkershilik joq edi. Bunıń ústine, yapon jumısshıları hám miynetkeshleri siyasiy yamasa



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sociallıq huqıqlardan paydalana almaytuģın edi. Yaponiya jumısshılar klası kásiplik shólkemlerge birlese basladı. Yaponiya jámiyetiniń aldınģı qatlamı parlament ornatıw ushın gúresti.

**1889-jıl konstitutsiyası**

Ekonomikalıq reformalar burjuaziyanıń ósiwine hám siyasiy jaqtan kúsheyiwine sebep boldı. Burjuaziya mámleketke basshılıqtı óz qolına alıwdı talap ete basladı. Sonday sharayatta húkimet kelisimge keliwge qarar etti. 1889-jılı Prussiya konstituciyası úlgisi tiykarında dúzilgen konstituciya qabıllandı Elde eki palatalı (joqarı (perler) hám tómengi (wákiller)) parlament engizildi.

Konstituciya imperatordıń barlıq huqıqların saqlap qalmay, al oģan jáne de keń huqıqlar berdi: parlamentti shaqırıw, ashıw, tarqatıp jiberiw, nızamlar ornına joqarı pármanlar shıģarıw, armiyanıń Joqarı Bas komandiri bolıw, urıs járiyalaw, pitim dúziw sıyaqlı huqıqlardı ózinde saqlap qaldı. Konstituciyaģa muwapıq, Ministrler Keńesi tek imperatorģa esap beretuģın edi.

Parlamenttiń barlıq qararları imperator qabıllawındaģı Jasırın Keńesten ótiwi zárúr edi. Saylaw huqıqı mal-múlik cenzi menen sheklendi. Saylaw jası 25 jas dep belgilendi. Soģan qaramay, Yaponiyadaģı kibi orta ásir dástúrlerine bay elde konstituciya qabıl etiliwiniń ózi úlken waqıya edi.

**Sırtqı siyasat**

Xalıqtıń kámbaģallıģı sanaat ónimleriniń satıp alınıwın qıyınlastırdı. Bul waqıya Yapon ústem toparların qońsı mámleketler aymaqların basıp alıwģa iytermelegen. Bul maqsetti júzege shıģarıw ushın Yaponiya kúshli qurallandı. Yaponiyanıń basıp alıwshılıq maqsetleri Koreya, Qıtay, Tınısh okeanı basseynine qaratıldı. Tez arada Yaponiya basqınshılıq urısların baslap jiberdi. 1879-jılı Yaponiya Qıtaydıń narazılıģına qaramastan, Ryukyu atawın basıp aldı. 1875-jılı Qubla Saxalin esabınan Kuril atawların Rossiyadan bólip, ózine qosıp aldı. 1876-jılı yaponlar ushın Koreya ashıq el dep járiyalandı. Yapon tovarları bajısız satılatuģın boldı. Usı jol menen Koreya Qıtay tásirinen ajıratıp alındı. Maqset Koreyanı annekciya etiw edi.

**1894—1895-jıllardaģı Yaponiya—Qıtay urısı**

1894-jılı Yaponiya Seulde saray awdarıspaģın ótkerip, yaponshıl húkimet dúzdi hám paytaxt garnizonın qural-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sızlandırdı. Bul Yapon — Qıtay urısınıń baslanıwına alıp keldi. Qıtay áskeriy flotınıń transport kemeleri shóktirildi. Yapon áskerleri urıs dağazalamastan Koreyada turğan Qıtay áskeriy bólimlerine hújim jasadı. 1894-jılı Qıtay áskerleri Pxenyan janında sátsizlikke ushıradı. Bul jağday Yaponiyanıń Uzaq Shığısta ústinlikke erisiwine jol ashtı. Yaponiyanıń zamanagóy qurallar menen támiyinlengen áskeriy kúshleri hám qurğaqlıqtan, hám teńizden hújim shólkemlestirip, Qıtay áskerlerin qıyrattı. 1895-jılı bul eki mámleket ortasında Simonoseki pitimi dúzildi. Qıtay Koreyanıń ğárezsizligin tán aldı. Lyaodun, Tayvan, Penxu (Peskador) atawların Yaponiyağa berdi. Sonday-aq, Yaponiyağa kóp muğdarda salıq tólewge májbúr boldı.

Shártnamda, Yaponiya óz sawdası ushın Qıtayda sanaat kár-xanaların qurıw hám olardan paydalanıw huqıqın aldı. Maqseti Uzaq Shığıstağı tiykarğı qarsılası — Rossiyanı jeńiw edi.

Yaponiya 10 jıllıq qurallanıw bağdarlamasın qabılladı. Rossiya menen urıs bolğanda, ullı mámleketlerdiń biytárepligin támiyinleytuğın shártnamalar dúzdi. Solay etip, sózsiz bolatuğın urısta Rossiya jekkelenip qaldı. 1904—1905-jıllardağı Rossiya — Yaponiya urısındağı jeńisi Yaponiyanıń qúdiretin arttırdı.

1910-jılı Yaponiya Koreya yarım atawın áskeriy kúsh penen ózine qosıp aldı. Koreyada Yapon general-gubernatorı sheklen-begen hákimiyatqa iye boldı. Koloniyashı húkimetti qollap turıw maqsetinde Yaponiya úlken áskeriy kúshlerdi Koreyağa jaylastırdı.

Yaponiya barlıq itibarın Qıtayğa qarattı. Evropa mámleketleri hám AQSHtıń Qıtay baylıqlarınan paydalanıwı Yaponiyanı da Qıtay múliklerinen paydalanıwğa iytermeledi. Bul háreketi AQSH hám Ullı Britaniya menen qatnaslarınıń jamanlasıwına alıp keldi. Yaponiya Uzaq Shığısta qáwipli qarsılasqa aylandı. Solay etip, Yaponiya da jańa urıs maydanına kirip bara berdi.

***Anneksiya*** (latınsha — birlestiriw) — bir mámleket aymağın zorlıq penen pútkilley yaki bir bólimin óz mámleketine qosıp alıw.

***Salıq (tovon)*** — (parsısha) — urısta jeńiliske ushırağan mámle-ketten jeńip shıqqan mámleket paydasına májbúriy óndirile-tuğın haqı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Meydzi reformasınıń áhmiyetin revolyuciyaǵa teń ekenligin dáliller menen tiykarlap beriń.
2. Yaponiyanıń rawajlanıwınıń ózine tán ózgeshelikleri menen Rossiya rawajlanıwınıń ózine tán ózgesheliklerin salıstırıń.
3. Yaponiya ekonomikasına mámleket aralasıwı qay baǵdarda ámelge asırıldı?
4. 1889-jılǵı Yaponiya Konstituciyası 1875-jılǵı Franciya konstituciyasınan qaysı tárepleri menen parıqlanadı?
5. Yaponiya agressiv sırtqı siyasat júrgizbewi múmkin be edi?

1. Xalıq qatlamlarınıń teńligi ne ushın járiyalandı?
2. Yaponiyada qaysı tarawlar keń rawajlandı?
3. Ne ushın bazar ekonomikasına ótiw dáwirinde mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıwı zárúr bolıp qaldı?
4. Tómendegi hújjetti talqılań:

**Qosımsha material**

Yaponiya Koreyaǵa 1910-jılı zorlap qabıl ettirgen shártnamadan

1. Joqarı mártebeli Koreyanıń imperatorı Koreya ústinen iye bolǵan barlıq suveren huqıqların Joqarı mártebeli Yaponiyanıń imperatorına tolıq hám máńgi tapsıradı.
2. Yaponiyanıń imperatorı ... Yaponiya imperiyasınıń Koreyanı tolıq annekciya etiliwine ırazılıq beredi.

## 27-§. XIX ásirdiń aqırında Qıtay

**Qıtaydıń yarım-koloniyaǵa aylandırılıwı**

XIX ásirdiń aqırında Qıtay tómen, yarım feodal mámleket edi. Jerdiń tiykarǵı bólimi feodal baylardıń qolında edi. Kópshilik diyqanlar jer iyelerinen jerdi ijaraǵa alatuǵın, ijara haqını pul menen yaki zúráát esabınan tóleytuǵın edi. Jeri bar diyqanlar júdá az edi. Diyqanlar qalaǵa jumıs izlep keletuǵın edi. Biraq, hárdayım da jumıs tabılmaytuǵın edi. Sebebi, Qıtay sanaatı júdá ásten rawajlanıp atırǵan edi.

XIX ásirdiń sońǵı shereginen baslap elde kapitalistlik qatnasıqlar da rawajlana basladı. Dáslepki temir jollar qurıldı. Ekonomikalıq baylanıslar keńeydi. Iri qalalar payda boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jumısshılar sanı kóbeydi. Sanaattıń júzege keliwi menen milliy burjuaziya qáliplese basladı. Milliy burjuaziyanıń kópshiligi kompradorlardan ibarat edi. Olar ámelde sırt el firmalarınıń jallanǵan wákilleri edi. Olar sırttan keltirilgen tovarlardı satıw hám arzan shiyki zat satıp alıw esabınan bayıytuǵın edi.

Pulǵa mútáj bolǵan Chin dinastiyası sırt mámleketleri menen awır shártler tiykarında shártnamalar dúzip hám milliy mápke qılaplıq túrde olarǵa kelisim berdi. 70-jılları-aq sırt ellikler Qıtaydıń 26 portına erkin kirip, xojayınlarday is júrgizdi.

Temir jollar qurılısı shet ellikler qaramaǵında edi. Kómir shaxtaları, kánlerdiń úlken bólimi de olardıń ıqtıyarında bolıp, Qıtay shet mámleketleriniń shiyki zat bazasına aylanıp qaldı. Sırt ellikler úlken qalalarda óz mákanların dúzip, Qıtay administratorların mensinbesten, ózinshe is júrgizetuǵın edi.

Qıtaydıń Yaponiya menen 1894—1895-jıllardaǵı urısta jeńiliwi sırt el monopolistleriniń Qıtaydı kóbirek talawı, eziwlerine sebep boldı. 1897—1898-jılları Germaniya Szyaochjouvan (Chin-dao) portın basıp aldı hám Shandun wálayatın óz qol astına aldı. Franciya Guamchjuvan qoltıǵın iyeledi hám Yunan wálayatında ústemlik tásirin ótkerdi. Rossiya Port-Arturdı (Lyushun), Ullı Britaniya Veyxayvey portın ijaraǵa aldı. Eń bay aymaq — Yanczi dáryası basseyni Ullı Britaniyanıń qolastına ótti. Fucziyan wálayatında yapon basqınshıları ústemlik etip aldı. Qıtaydaǵı hárqanday ózgerisler ullı mámleketler tárepinen qadaǵalanıp barıldı. Solay etip, Qıtay yarım koloniyaǵa aylandı.

**Sanaat rawajlanıwı hám shet el ústemligi**

XIX ásirdiń aqırında Qıtayda dáslepki sanaat kárxanaları payda boldı. 1881-jılı Arqa Qıtayda 1-temir jol iske tústi. 1897-jılı bul jerde 600 ge jaqın shet el firmaları boldı. Biraq, sanaat kárxanalarınıń ósiwi hám kóbeyiwi ástelik penen júrdi.

Import eksporttan ádewir kóp edi. Qıtay menen Ullı Britaniya arasında dúzilgen konvenciya Qıtaydı jáne de qıyın awhalǵa saldı. Konvenciya Ullı Britaniyaǵa Qıtaydıń 10 nan aslam portına erkin kiriw, ayırım wálayatlarda jeńillikli sawda etiw huqıqın berdi.

1884-jılı Franciyanıń Vyetnamdı basıp alıwı sebepli Franciya — Qıtay qatnasıqları buzıldı. Usı jılı Qıtay Oraylıq Vyetnam



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ústinen rásmiy ústemliginen bas tarttı hám ol jerde Franciya protektoratın tán aldı. Qıtay húkimeti Franciya menen asıǵıs pitim dúzip, Franciyaǵa bir qatar máselelerde kelisim berdi.

**Jámiyetlik háreket**

Qıtay endi ǵana sanaatlasıw jolına ótkende shet mámleketler tárepinen talan-taraj etiliwi xalıqtıń awhalına awır tásir etti. Qıtaydı tuwrı rawajlanıw jolına alıp shıǵıw haqqında túrli pikirler qáliplesti. Bul reformalawshı háreket delindi. Bul dáwir jámiyetlik háreketinde Sun Yat Cenniń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Ol Qıtaydı revolyuciya jolına baslaǵan jolbaslawshı edi. Sun Yat Cenniń «Qıtay oyanıw jámiyeti» shólkemi manjurlardıń Cin dinastiyasın awdarıp taslaw, Qıtayda demokratiyalıq milliy mámleket dúziw ushın gúresti.

Qıtaydaǵı jámiyetlik hárekette «Ixetuan» — «Tınıshlıq hám ádillik ushın kóterilgen mush» jasırın shólkem de úlken rol oynadı. «Ixetuan»lar «Manjur cinlerin aydap shıǵaramız, shet elliklerdi saplastıramız» uranı astında is tutatuǵın edi.

1899-jılı «Ixetuan» háreketi qozǵalań túsin aldı. Ixetuanlar Yaponiyaǵa salıq tólewdi toqtatıw, Tayvandı Qıtayǵa birlestiriw talapların qoydı. Chin húkimeti qozǵalańnan qorqıp qaldı. Sebebi, Ixetuanlar paytaxt hám wálayatlardıń derlik yarımın iyelep alǵan edi. 1900-jılı húkimet qozǵalańshılarǵa qarsı jibergen áskerler jeńildi. Qozǵalańshılardıń jaqsı shólkemlesken otryadları Pekinge júris basladı hám bul jerde óz hákimiyatın ornattı.

**Qıtayǵa qarsı intervenciya**

Bul waqıya Pekinge shet ellikler intervenciyası baslanıwına báne boldı. Intervensiyada segiz mámleket—Germaniya, Yaponiya, Italiya, Ullı Britaniya, AQSH, Franciya, Rossiya hám Avstriya-Vengriya qatnastı. Olardıń hárbiri Qıtayda úlkenirek úleske iye bolıw maqsetin gózleytuǵın edi.

1899-jılı sentyabrde AQSH mámleket xatkeri Xeydiń «Ashıq esikler hám teń imkaniyatlar» siyasatı járiyalandı hám «Xey» doktrinası dep ataldı.

1900-jılı iyul ayında shet el interventleri jalpı hújimge ótti hám Pekindi iyeledi. Shet ellikler qalanı hám imperator sarayın qıyrattı. Segiz mámleket Qıtaydı qulshılıqqa túsiretuǵın shártnamaǵa qol qoyıwǵa májbúr etti. Shártnamada qozǵalańda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qatnasqan belgili adamlardı óltiriw yamasa súrginge jiberiw talap etildi. Sonday-aq, Pekin menen teńiz boyı ortasındaǵı jollardı qorǵaw ushın shet mámleketlerge Qıtayda óz áskerlerin saqlawǵa ruqsat berildi. Bunnan tısqarı, Qıtay shet el interventlerine 33 mln. dollar salıq tólewge májbúr etildi. Qıtayǵa qural-jaraq kirgiziw qadaǵan etildi. Shet elliklerdiń Qıtaydaǵı jeńillikleri kóbeydi. Nátiyjede, Qıtay jáne de qorǵanıwsız qaldı. Sol payıtta, Ixetuan qozǵalańı kolonizatorlardı abaylılıq penen háreket etiwge májbúr etti.

***Intervenciya*** — (latınsha — aralasıw) — ózge mámleket aymaǵın basıp alıw, óz ústemligin ornatıw maqsetinde usı mámleket ishki islerine zorlıq penen aralasıw.
***Komprador*** (ispansha — sawda etiwshi) — ekonomikalıq qalaq hám ǵárezli mámleketler burjuaziyasınıń shet el kapitalı menen ishki bazar ortasındaǵı dáldalshılıq etiwshi bólegi.
***Konvenciya*** (latınsha — shártnama) — hár tárepleme xalıqaralıq shártnama túrlerinen biri.

1. Qıtay hám Yaponiyanıń rawajlanıwınıń uqsas hám ózine tán ayırmashılıqların salıstırıń.
2. Qıtay qalay etip yarım koloniyaǵa aylanıp qaldı?
3. 1876-jılǵı Qıtay — Ullı Britaniya konvenciyası Qıtay ushın qanday aqıbetlerdi alıp keldi?
4. Ixetuanlar qozǵalańı hám onıń aqıbetleri haqqında aytıń.
5. «Xey» doktrinası qanday maqsetlerdi gózlegen edi?

1. Ne ushın Qıtay shet mámleketlerdiń shiyki zat bazasına aylanıp qaldı?
2. Qıtay — Ullı Britaniya hám Qıtay — Franciya qatnasıqları qalay ótti?
3. «Ixetuanlar» kimler edi?

## 28-§. XX ásirdiń baslarında Qıtaydıń social-ekonomikalıq hám siyasiy awhalı

### Social-ekonomikalıq awhalı

XX ásirdiń baslarında Qıtayda social-lıq qarama-qarsılıqlar kúsheyip ketti. Manjurlardıń Chin dinastiyasınıń ústem-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ligi kriziske ushıradı. Reforma ilajları jámiyettiń awhalın jaqsılamadı. Qıtayda sanaattıń rawajlanıwı menen oǵan tosıq bolǵan feodal jer iyelewshiligine tán artta qalǵan óndiris qatnasıqları arasında qarama-qarsılıq tereńlesti. Xalıq arasında manjurlar basqarıwına qarsı háreket kúsheydi. Qıtay sanaatınıń rawajlanıwı ádewir artta qaldı. Degen menen, hár jılı 50 den kóbirek kárxana iske qosıldı. Nátiyjede, eksport kólemi 2 ese ósti. Shet mámleketler ishinde Ullı Britaniya tovar almaslawda 1-orında turatuǵın edi. Qıtaydıń shet mámleketlerden qarızı barǵan sayın artıp bardı.

**Sun Yat Cen**

Revolyucioner demokrat Sun Yat Cen (1866—1925) Qıtaydaǵı milliy-azatlıq háreketiniń iskeri edi. Ol Guanchjou (Kanton) janında diyqan shańaraǵında tuwıldı. Ol 90-jıllardıń basında Gonkongta inglis medicina institutın tamamladı. Keyingi ómirin ol siyasiy taraw menen baylanıstırdı. 1905-jılı «Qıtay shólkemleri awqamı» (Tunminxay) degen siyasiy shólkem dúzdi. Iri qalalarda bul awqamnıń jasırın bólimleri ashıldı. Bul awqam 1905-jılı noyabrde «Minbao» (Xalıq gazetası)nı shıǵara basladı. «Awqam» Sun Yat Cen basshılıǵında baǵdarlama qabılladı. Onda Chin monarxiyasın awdarıp taslaw, Respublika shólkemlestiriw hám jerge iyelik huqıqın teńlestiriw, ǵárezsizlikti tiklew kózde tutılǵan edi.

Sun Yat Cen social-ekonomikalıq jaqtan tómen rawajlanǵan Qıtayda jerge iyelik huqıqın teńlestiriw jolı menen sociallıq ádil dúzim jaratıw múmkin, degen pikirde edi.

**Waqtınsha Respublika húkimetiniń dúziliwi**

Sun Yat Cen shólkemi respublika dúzimin ornatıw maqsetin qoydı. Bul manjurlarǵa qarsı háreketti jáne de kúsheytti. Bul háreket 1911-jılı shet elliklerden temir jol qurılısı ushın qarız alıw haqqında pitim dúzilgennen keyin, qurallı qarsılıq tús aldı. Hátteki, armiyada da narazılıq baslandı.

Uxan qalasında áskerler jataqxanasın tintiwge kirgen manjur tárepdarların áskerler óltirdi. Qural-jaraq qoymasın basıp aldı. Basqa ásker bólimleri de olarǵa qosıldı. Revolyucionerler 11-oktyabrde Uxandı qolǵa aldı. Olar Respublika húkimetin dúzdi hám barlıq Qıtay wálayatların Respublika átirapında birlesiwge shaqırdı. Manjur dinastiyası ústemligi qulatılǵanlıǵı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

járiyalandı. Bul revolyuciya «Cinxay revolyuciyası» dep atalıp, ol qurallı qozǵalań jolı menen Qıtayda XVII ásirden baslap húkim súrgen manjurlar hákimiyatın awdarıp tasladı.

1911-jılı kóp jıllıq emigraciyadan soń Sun Yat Cen Qıtayǵa qaytıp keldi. 29-dekabrde Nankinde revolyuciyalıq wálayatlar wákillerinen ibarat Millet Májilisi jıynaldı. Millet Májilisi Qıtaydı Respublika dep járiyaladı hám emigraciyadan qaytıp kelgen Sun Yat Cendi Qıtay Respublikasınıń waqıtsha prezidenti etip sayladı. Millet Májilisi qabıl etken konstituciyada barlıq puqaralardıń teńligi hám túrli demokratiyalıq erkinlikler járiyalansa da, diyqanlardıń arzıw-ármanları bolǵan «jerge iyelik etiwde teń huqıqlı bolıw» shaqırıǵı óz kórinisin tappadı. Bunıń sebebi — jerge iyelik etiwde teń huqıqqa iye bolıwǵa qarsı kúshlerdiń úlken abırayǵa iye bolǵanlıǵı edi.

**Yuan Shikay diktaturası**

Revolyuciya nátiyjesinde Qıtayda eki hákimiyat júzege keldi. Biri — Qıtay Respublikası hákimiyatı, ekinshisi — Arqada saqlanıp qalǵan imperator hákimiyatı edi. Pekindegi imperator húkimetiniń baslıǵı Yuan Shikay edi.

Ullı mámleketlerdi Qıtaydaǵı poziciyasınıń qanday bolıwı táshwishke saldı. Sonlıqtan, olar túrli báneler menen Qıtaydıń ishki jumıslarına aralasa basladı. Olar Qıtaydaǵı revolyuciyanı qural kúshi menen bastırıw maqsetinde óz kúshlerin birlestirdi.

Ullı mámleketlerdiń Pekin húkimetin qollap-quwatlawdaǵı maqseti Qıtaydıń ishki islerine aralasıw edi. Biraq, bul Qıtayda ulıwma narazılıq keltirip shıǵardı. Xalıq shet el tovarların boykot ete basladı. Usınday sharayatta respublikaǵa qarsı kúshler Bas wázir Yuan Shikay átirapına birlesti.

Pekin saray xalqı oǵan monarxiyanıń qáwenderi dep qaraytuǵın edi. Biraq, Yuan Shikay revolyuciyalıq hárekettiń qısımı menen 1912-jıl 12-fevral kúni Chin dinastiyasın taxttan waz keshiwine májbúr etti. Ústem qatlamlar pútkil hákimiyattı oǵan tapsırıwǵa urındı. Bul waqıtta, ullı mámleketler de Sun Yat Cenniń húkimiyattan ketiwin ashıq talap etti hám Qıtayǵa intervenciya uyımlastırıwǵa ashıq túrde tayarlıq kóre basladı. Qıtayǵa qarsı intervenciya qáwpi astında Sun Yat Cen prezidentlik lawazımın Yuan Shikayǵa tapsırıwǵa májbúr boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Pútkil hákimiyattı iyelegen Yuan Shikay demokratiyalıq erkinliklerdi joqqa shıǵara basladı. Ol jumısın revolyuciya áskerlerin pútkilley quralsızlandırıwdan basladı. Húkimetke qarsı dúzilgen topar aǵzalarınıń táǵdiri ólim menen juwmaqlanatuǵın edi. Hárbir awılda jazalaw toparı jumıs isledi. Soǵan qaramay, demokratiyalıq kúshler 1912-jılı Gomindan (Milliy partiyanı)dı dúzdi. Partiya basqarıwı lawazımına Sun Yat Cen saylandı.

Óz jeńisinen ruwxlanǵan Yuan Shikay Millet Májilisin ózin bes jıl múddetke prezident etip saylawǵa májbúr etti. Ullı mámleketler menen jańa gedeylikke túsiretuǵın qarız haqqında shártnamaǵa qol qoydı. Sonnan keyin, ullı mámleketler Qıtay Respublikasın tán alǵanlıǵın bildirdi. Qıtaydıń ekonomikalıq awhalı awırlastı. Xalıqtıń turmıs dárejesi tómenledi. Usınday bir jaǵdayda Gomindan xalıqtı qozǵalań baslawǵa shaqırdı. 1913-jılı Qıtaydıń qublasında húkimettiń siyasatına qarsı «Ekinshi revolyuciya» dep atalǵan qozǵalań baslanıp ketti.

Biraq, kúshler teń bolmaǵanlıǵı sebepli shet mámleketlerden áskeriy járdem alǵan húkimet áskerleri tárepinen «Ekinshi revolyuciya» háreketi qıyratıldı.

1914-jılı Yuan Shikay Konstituciyalıq Keńes shaqırdı. Onda «Jańa Qıtay Konstituciyası» qabıl etildi. Yuan Shikay prezident sıpatında sheklenbegen hákimiyatqa iye boldı. Mámlekette áskeriy diktatura ornatıldı. Respublika basqarıw organları saplastırıldı.

***Cinxay*** — sinxay «jıl» degen mánisti ańlatadı. Qıtay ay kalendarı boyınsha, revolyuciya bir jıl dawam etkeni ushın ol Cinxay (bir jıl dawam etken revolyuciya) dep atalǵan.
***Chin dinastiyası*** — 1628 — 1644-jıllardaǵı diyqanlar urısı nátiyjesinde saplastırılǵan Min dinastiyasınan keyingi dinastiya. Bul dinastiya 1644 — 1911-jılları ústemlik etken.

1. Cinxay revolyuciyası qalay júz berdi hám onıń aqıbetleri nelerden ibarat edi?
2. Sun Yat Cen iskerligin qalay bahalaysız?
3. Yuan Shikay diktaturasınıń ornatılıwı haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Shet mámleketleriniń Qıtay menen qatnasıǵı qanday edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Sizler bul pikirlerdiń qaysı birin durıs dep esaplaysız? Óz pikirlerińizdi dáliller menen túsindiriń.*

| | |
|---|---|
| 1. Qıtay húkimeti eldiń yarım koloniya jaǵdayına túsip qalıwınıń aldın alıw múmkinshiligine iye edi. | 2. Qıtay húkimeti eldiń yarım koloniya jaǵdayına túsip qalıwınıń aldın alıw múmkinshiligine iye emes edi. |

## 29-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Hindstan

**Kolonizatorlıq**

Hindstan bul dáwirde Ullı Britaniya koloniyası edi. Ol Hindstandı vice-korol basshılıǵındaǵı hámeldarlar hám policiya járdeminde basqaratuǵın edi.

Inglis kolonizatorlıǵı sharayatında Hindstanda kapitalizmge tiykarlanǵan jergilikli óndiris sisteması júzege keldi. Iri sanaat kárxanaları qurıla basladı. 1886-jılı toqımashılıq sanaatında 95 fabrika bar edi. Kánler sanı, temir jol tarmaqları kóbeydi. Bul shiyki zat tayarlaw hám tasıwda úlken áhmiyetke iye boldı.

Ullı Britaniya Hindstanda sanaattı ózine qolaylı etip jaylastırıwǵa háreket etti. Tiykarǵı sanaat kárxanaları teńiz boyı port qalaları janında edi. Maqset Hindstan baylıqların arzan hám ańsat alıp shıǵıp ketiwden ibarat edi. Hindstan menen Ullı Britaniya sawdası barǵan sayın ósip bardı. Hindstan inglis burjuaziyasınıń kapital kirgiziw aymaǵına aylanıp qaldı.

Diyqanshılıqta agrotexnika mádeniyatı tómen edi. Kolonizatorlar tárepinen qurılǵan suwǵarıw qurılmaları tek 20% jerdi suwǵarıwǵa jetetuǵın edi. Jer zúrááttiń úlken bólimin tólew shárti menen diyqanlarǵa ijaraǵa berildi. Qarız esabınan islep beriwge májbúr bolǵan adamlar sanı barǵan sayın kóbeydi.

Awıl xojalıǵınıń eń paydalı tarawlarına (shay, kenep, paxta) kapital jumsaw inglislerge kóp payda keltiretuǵın edi.

Hindstan XIX ásirdiń aqırında dúnya bazarına úlken muǵdarda sanaat hám awıl xojalıǵı tovarların shıǵara basladı. Biraq, alınǵan dáramat inglis kolonizatorların bayıttı. Awıl xojalıǵında monokultura júzege keldi. Bengaliya kenep, Assam



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shay, Bombey hám Oraylıq Hindstan paxta, Panjab biyday jetistiriwge qánigelesti. Jer iyeleri, bank iyeleri, sútxorlar diyqanlardı qarızdar etip, olardı ayanıshlı awhalǵa saldı. Hindstanda asharshılıqtan kóp adam qırılıp ketti.

Inglis hákimshiligi Hindstandaǵı milliy tillerde shıǵatuǵın baspasóz haqqında nızam qabıl etti. Nızam boyınsha barlıq gazetalar inglisler qadaǵalawına ótti. Tez arada oq atar qurallardı saqlamaw haqqında akt qabıl etildi.

Ullı Britaniya jergilikli burjuaziyaǵa boysınıw siyasatın júrgizdi. Olardıń wákilleri qalalar hákimshiligine saylana basladı.

**Ekonomikalıq awhal**

XX ásirdiń baslarında Hindstanda kapitalizm áste, rawajlana basladı. 1910-jılǵa kelip kenep-talshıq fabrikaları sanı eki ese kóbeydi. Paxta shiyki zatın tayarlaw, bóz gezleme toqıw kárxanalarınıń bir bólimi hind kapitalistleriniń qolında edi. Sanaat jumısshılarınıń sanı biraz kóbeydi. Ullı Britaniya barlıq kómir basseynleri, kenep sanaatı, shay maydanların, transport, sawda hám qamsızlandırıw jámiyetlerin óz qolına aldı hám pútkil Hindstan óndiris sisteması ústinen qadaǵalaw ornattı.

Ullı Britaniya kapitalı júdá tez ósip bardı. Biraq, xalıq massasınıń turmısı júdá awırlasıp barǵan. 1896 — 1906-jılları 10 mln. nan aslam adam ashlıqtan óldi.

Universitetlerge kiriw pulı eki ese arttırıldı. Huqıq fakultetleri jawıp qoyıldı. Demokratiyalıq ruwxtaǵı, xalıq mápin gózleytuǵın adamlardıń universitetlerge kiriwi pútkilley qadaǵan etildi.

**Milliy azatlıq háreketi**

Hindstan xalqı koloniyalıq zulımlıqqa qarsı gúresti. 1885-jılı Bombey qalasında belgili baǵdarlamaǵa iye — «Hindstan milliy kongresi» (HMK) siyasiy partiyası dúzildi. Sol payıtta «Musılmanlar ligası» da dúzildi. Endi inglisler hind-musılman básekesin jáne de kúsheyttirip jiberdi.

Kongress óz qatarına iri sawda-sanaat kapitalı wákillerin, liberal pomeshikler hám milliy zıyalılardı birlestirdi. Dáslepki waqıtta Hindstan milliy kongresine inglis koloniya hákimligi qarsılıq etpedi. Bunday qatnasıqtı Hindstan vice-koroli lord Dafferin «Milliy kongress revolyuciyadan arzanıraq» dep dálilledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Inglisler oylaǵanınday, Milliy kongresstiń talapları dáslepki payıtlarda sheklengen edi. Bul talaplar Britaniya ústemligin saqlaǵan halda, reformalar ótkeriwdi názerde tuttı. Yaǵnıy, shetten keltirilgen jip gezlemelerge bajı belgilew, jergilikli wákillik mákemeleriniń huqıqın keńeytiw, hindlerdi basqarıw islerine tartıw, texnikalıq bilimdi shólkemlestiriw h.b. edi. Biraq, waqıt ótiwi menen bul partiya úlken abırayǵa iye bola basladı.

1890-jılı «sol» — radikal aǵım qáliplesti. Oǵan Bal Gangadxara Tilak (1856 — 1920) basshılıq etti. Ol hind xalqınıń milliy sanasın oyatıw, milliy maqtanıshın kóteriw jolınan bardı. Dinge, onıń xalıqtı birlestiriwshi kúshin joqarı bahaladı. Tez arada Puna qalasında óz aldına orta mektep shólkemlestirdi. Mektep oqıwshılar sanasına watandı súyiwshilik ideyaların sińdire basladı. Tilak «Kesari» (Arıslan) gazetasın shólkemlestirdi. Jaslar arasında watandı súyiw ideyaların úgit-násiyatladı. Hindstan sharayatında qurallı qozǵalań menen azatlıqqa erisiwdiń ilajı joqlıǵın ańlaǵan Tilak «kúsh jumsamaw» jolın tańladı. Bunda tiykarǵı itibar inglis tovarların boykot etiwge qaratıldı. «Quday Hindstandı shet ellerge heshqashan sıylıq etken emes», — degen edi Tilak.

Tilak tárepdarları xalıqtı kolonizatorlarǵa qarsı tárbiyalaytuǵın edi. Bunnan qáwipsingen inglisler Tilaktı bir yarım jılǵa qamadı. Biraq, tez arada onı azat etiwge májbúr boldı.

**Bengaliyanıń bóliniwi**

Milliy-azatlıq háreketin buwıwǵa umtılıp, inglis kolonizatorları 1905-jılı Bengaliyanı ekige bólip tasladı. Sebebi, Bengaliya kolonizatorlıqqa qarsı gúrestiń eń kúshli háreket oraylarınan edi. Bul ilaj keri tásirge iye boldı. Hindstanda milliy-azatlıq háreketi jańadan kúsheyip ketti. Kalkuttada demonstraciya boldı. Narazılıq shıǵıwları izli-izinen mámlekettiń úlken bólimin iyeledi.

1906-jılı dekabrde «sol» radikal aǵım talabı menen Hindstan milliy Kongresi qosımsha qarar qabılladı. «Svaraj» («Óz hákimiyatımız»), «Svadeshi» («Óz óndirisimiz»), «Inglis tovarlarına boykot» xalıq arasında úlken itibarǵa iye boldı. Tilak tek inglis tovarlarınan ǵana emes, al inglis basqarıwınan da waz keshiwge shaqırdı. Basqarıwdı hindlestiriwge, jergilikli burjuaziyanı fabrika hám zavodlar qurıwǵa shaqırdı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bombey wálayatınıń Surat qalasında Hindstan milliy Kongresiniń quraltayı shaqırıldı. Ortasha ağım inglis imperiyası quramında qalıw hám ózin-ózi basqarıw huqıqı beriliwi maqullandı. Radikal ağım (Tilak basshılığında) HMK quramınan shıǵarıldı.

Inglis hákimshiligi nızamǵa qarsı májilisler hám baspasóz haqqında sheklewshi nızamlar shıǵardı hám jawızlarsha jazaladı.

**Urıs qarsańında** Hindstannıń jergilikli ústem toparları inglis kolonizator hákimshiligi menen kelisip, «Hindstan keńesleri haqqında nızam» hújjetin qabılladı. Oǵan muwapıq, xalıqtıń tek 0,5 %i ǵana saylaw huqıqın aldı. Saylawlar diniy jámáát tiykarında ótkeriletuǵın boldı (yaǵnıy, hindler hám musılmanlar bólek dawıs beretuǵın boldı). Bunnan maqset hindler hám musılmanlar ortasına alawızlıq salıw edi.

Bul dáwirde Hindstan Ullı Britaniyanıń aldıńǵı jáhán urısı rejelerinde áhmiyetke iye boldı. Sonıń ushın, ol Hindstandaǵı jaǵdaydı jumsartıwǵa umtıldı. Koloniya hákimshiligi jumıs waqtın 12 saat penen sheklew haqqında nızam qabılladı.

1911-jılı miynetkeshlerdiń háreketlerinen shorshınǵan koloniya hákimleri bólip taslanǵan Bengaliyanı birlestiriwge májbúr boldı. Paytaxt qáwipsizirek aymaqta jaylasqan Delige kóshirildi.

1. Hindstan qalay Ullı Britaniya koloniyasına aylandı?
2. Inglis koloniya zulımınıń ayanıshlı aqıbetlerin aytıń.
3. Hindstan xalqınıń milliy-azatlıq háreketinde HMKnıń tutqan ornı haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Salıstırma analiz isleń: Hindstan hám Qıtaydıń rawajlanıwınıń uqsas hám ózine tán ózgesheligin aytıń.

1. Oylap kóriń, nege HMK gúrestiń tınısh jolın tańlaǵan?
2. Awıl xojalıǵında monokulturanıń ne ekenligine túsinik beriń.
3. Ullı Britaniya Hindstandaǵı joqarı bilimlendiriwge qanday tásir kórsetti?
4. Ne ushın huqıq fakultetleri jawıp qoyıldı?
5. Tilak táliymatınıń mazmunın túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 30-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Iran

**Ullı Britaniya hám Rossiyaǵa ǵárezliliktiń kúsheyiwi**

XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında Iran jer júzi kapitalistlik mámleketleriniń yarım koloniyasına aylandı. Shah dúzimi hám kolonizatorlardıń zulımlıǵı xalıq awhalın jáne de awırlastırdı. Elde narazılıqlar kúsheydi.

Irandaǵı zulım hákimiyat iri jer iyeleri, wálayat hákimleri hám de ruwlardıń xanlarına súyenetuǵın edi. Iranda sanaattıń burjualasıwı áste-aqırın boldı. Jer jer iyeleriniń qolında boldı. Qalalarda jasawshı ónermentler hám mayda sawdagerler sıyaqlı diyqanlar da sútxorlar tárepinen qarızǵa batırıldı.

Iran iri jer iyeleri, sawdagerleri hám sútxorlar shah húkimetin sheklep qoyıwdı, óz múlikleriniń qol qatılmaslıǵın, gubernatorlar hám xanlardıń óz basımshalıǵın saplastırıwdı, iranlıq kapitalistlerdiń huqıqların shet ellik kapital iyeleri menen teń etip qoyıwdı talap etti.

Iranǵa kapital shıǵarıw boyınsha Ullı Britaniya birinshi orında edi. 1872-jılı Iran neft kánlerinen paydalanıw, tas hám temir jol qurıw koncessiyaları alındı. 1889-jılı inglis monopolisti Reyter Iranda «Shahanshahbank» ashıwǵa eristi. Shártnama boyınsha, bank qaǵaz pullar shıǵarıw hám eldiń jer astı baylıqlarınan erkin paydalanıw huqıqın aldı. Iran Ullı Britaniyadan 9,6 million funt sterling qarızdar bolıp qaldı.

Irandı ǵárezli etiwde Rossiya da qatnastı. I jáhán urısı qarsańında Iranniń Rossiyadan qarızı 164 million rubldi quradı. Iranniń ekonomikalıq ǵárezliligi siyasiy ǵárezlilikti de kúsheytti. Ásirese, ruslardıń shah sarayına tásiri kúshli edi. Inglisler bolsa basqa joldan bardı. Olar Parsı wálayatındaǵı baxtıyarlar qáwimlerin, Huzstan xanların orayǵa, shah ústemligine qarsı ǵıjaq berip turdı.

**Iran revolyuciyası**

Ishki sociallıq narazılıqlar, sırtqı ekonomikalıq hám siyasiy qısımlar Iranda 1905-jılı revolyuciyalıq háreketke sebep boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalıq sanaat tarawlarına xojayınlıq etiwshi rus-inglis kapitalistlerin el aymaǵınan shıǵarıp jiberiwdi talap etti. Elde ǵalaba is taslawlar júz berdi. Shah húkimeti is taslawshılardan ayawsız ósh aldı. Buǵan juwap retinde xalıq qozǵalańı baslandı. Onda gúrestiń *best usılı* qollandı. Bestte otırǵan adamǵa qarsı jaza sharasın qollanıw múmkin emes edi. Demonstrantlar «ádalatxana» shólkemlestiriw, jawız hámeldarlardı joq etiw talabı menen shıqtı.

Shah xalıq háreketine qarsı áskerlerden paydalanbaqshı boldı. Biraq, áskerler xalıqqa oq atıwdan bas tarttı. Nátiyjede, 1906-jıldıń avgustında shah konstituciya qabıllaw haqqında párman járiyalawǵa májbúr boldı. Biraq, párman orınlanbadı, xalıq jáne qozǵaldı. Aqıbetinde, Tabrizde Iran tariyxında birinshi parlament — Májilis dúzildi. Májilis Iran social-demokratları tásiri astında edi. Shah xalıq qısımı menen Májiliske saylawlar ótkeriw haqqında párman berdi. Kojarlar (yaǵnıy, shah ruwına tiyisliler), ruwxanıyler, sawdagerler, jer iyeleri hám diyqanlar, ónermentler — jámi 6 sociallıq qatlam saylaw huqıqına iye boldı.

1906-jılı Májiliske saylaw ótkerildi. Shah Muzaffariddin konstituciyanıń birinshi bólimin tastıyıqladı. Onda, shahqa barlıq nızamlardı tastıyıqlaw, byudjet qabıllaw, onıń orınlanıwın qadaǵalaw huqıqı berildi. Shet ellikler menen dúziletuǵın ekonomikalıq pitimge Májilistiń kelisimi alınıwı belgilep qoyıldı.

1907-jılı shah Muzaffariddin qaytıs bolǵannan keyin, taxtqa zulımlıq dúzim tárepdarı, jańalıqqa qarsı Muhammed Alishah otırdı. Ol revolyuciyalıq ózgerislerge qarsı gúresti rejelestirdi. Jańa shah Májiliske qatań qarsı edi. Biraq, revolyuciyalıq háreket onı Iranda konstituciyalıq tártipti saqlap turıwǵa májbúr etti. Solay etip, 1905 — 1907-jıllardaǵı Iran revolyuciyasınıń birinshi basqıshı tamamlandı.

**Revolyuciyanıń ekinshi dáwiri**

1907—1911-jıllar Iran revolyuciyasınıń ekinshi dáwiri delinedi. Háreket, tiykarınan, kolonizatorlarǵa qarsı qaratıldı.

Ásirese, mujohidler shólkemi úlken tásirge iye boldı. Olar jasırın saylaw huqıqı, jámiyetler dúziw, shaxs erkinligi, shah jerlerin konfiskaciyalaw, jumıs waqtın 8 saat etip sheklew, biypul hám májbúriy bilimdi engiziw talapları menen shıqtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demokratiyalıq háreket sebepli shah jer iyeleri aqsúyekleriniń napaqasın qısqarttı. Feodallıq zamanǵa tán bolǵan ataqlardı biykarladı. Paraxorlıq, dámegóylikke qarsı nızam járiyalandı. Shah Iran konstituciyasınıń eń áhmiyetli demokratiyalıq mazmundaǵı statyaların tastıyıqladı. Nızam aldında hámme teń, shaxs hám múlik qol qatılmaslıǵı, jámiyetler dúziw, májilisler ótkeriw, dúnyalıq sud (shááriyat sudı menen bir qatarda), nızam shıǵarıwshı hám atqarıwshı mámleket organların ajıratıw sıyaqlı statyalar ayrıqsha áhmiyetke iye edi.

Shahqa úlken huqıqlar da berildi. Sebebi, shah juwapkershilikten azat shaxs, Bas komandir sıpatında urıs járiyalaw, pitim dúziw, wázirlerdi tayınlaw hám bosatıw sıyaqlı huqıqlarǵa iye edi. Shahtıń konstituciya hám nızamlarǵa sadıqlıq haqqında ant beriwi lazım boldı. Qabıl etilgen nızamlardıń sháriyatqa muwapıqlıǵın qadaǵalap turıw ushın bes ullı ulama tayınlanatuǵın boldı.

**Ullı Britaniya — Rossiya pitimi**

Inglis — rus kolonizatorları Irandaǵı jaǵdayǵa biypárwa bolmadı. Olar Iranǵa zorlıq siyasatın júrgizdi. 1907-jılı Ullı Britaniya — Rossiya pitimine qol qoyıldı. Bunda, Iran 3 bólimge bólindi. Arqa Irannıń Rossiya, Qubla Irannıń Ullı Britaniya tásir sheńberinde boldı. Irannıń orta bólimi biytárep dep járiyalandı. Bul dáwirde shah inglisler hám ruslar járdeminde 1908-jılı kontrrevolyuciyalıq mámleket awdarıspaǵın ótkerdi. Rossiya kazak áskerleri Májilis imaratın topqa tuttı. Májilis tarqatılıp jiberildi. Demokratiyalıq baspasóz qadaǵan etildi.

Májilis saplastırılǵannan keyin, revolyuciyalıq háreket orayı Tabrizge kóshti. Shah áskerleri Tabrizge hújim jasadı hám qalanı qamal etti. Nátiyjede, asharshılıq baslandı. Sırtqı dúnyadan bólip taslanǵan Tabriz qozǵalańı jeńildi.

**Ullı mámleketlerdiń Irandaǵı siyasatı**

Tabriz qozǵalańı bastırılǵanı menen shahqa qarsı háreketler toqtamadı. 1909-jılı Tegeranda Muhammad Alishah taxttan túsirildi. Ornına balası Axmad shah dep jáˈriyalandı. Konstituciya tiklendi. Húkimet mámleket ekonomikasın tiklew maqsetinde shet elden qarız aldı. Ishki kontrrevolyuciyalıq kúshler Rossiya hám Ullı Britaniya járdeminde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

revolyucionerlerge qarsı hújimge tayarlandı. Nátiyjede, Rossiya armiyası 1911-jılı kontrrevolyuciyalıq mámleket awdarıspağı ótkeriliwinde qatnastı. Usı tárizde Iran revolyuciyası bastırıldı.

Irandağı 1905—1911-jıllar revolyuciyası — feodallıq-monarxiya dúziminen konstituciyalıq monarxiyağa ótiw basqıshı boldı.

Birinshi jáhán urısı qarsańında Irannıń shet elge ǵárezliligi jáne de kúsheydi. 1912-jılı 1907-jılğı Rossiya—Ullı Britaniyanıń tásir zonaları haqqındağı pitimin tán alıwğa májbúr boldı.

***Best*** — meshit hám qábirstanlarda tınısh otırıp, passiv qarsılıq kórsetiw.

***Koncessiya*** (latınsha — ruqsat etiw) — mámleket organlarınıń belgili shártler tiykarında jer astı baylıqları, jer ústi obyektlerin ekspluataciyağa beriw haqqındağı pitim.

1. Iran qalay Ullı Britaniya hám Rossiyanıń ekonomikalıq hám siyasiy tásirine túsip qaldı?
2. 1906-jılı qanday sebepler shahtı konstituciya engiziwge májbúr etti? Konstituciya shahqa qanday kepillikler berdi?
3. Iran revolyuciyası basqıshlarınıń ózine tán ózgeshelikleri.
4. Iran revolyuciyası qalay etip bastırıldı?

1. 1906-jılğı Iran Konstituciyasında elde qabıl etilgen nızamlardıń sháriyatqa muwapıqlığın 5 ulama qadağalawı belgilengen edi. Bul jağdaydı házirgi Konstituciyalıq sudtıń ótmishtegisi dep esaplaw múmkin be?
2. «Shahanshahbank» qanday shólkem edi?
3. 1907-jıldağı Rossiya — Ullı Britaniya pitiminiń mazmunın aytıń.

## 31- §. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Awǵanstan

### Ullı Britaniya hám Rossiya soqlığısıwı

70-jılları Awǵanstan Rossiya menen Ullı Britaniya ortasında básekige sebep el bolıp qaldı. Ullı Britaniya Hindstan — Awǵanstan shegarasında áskeriy kúsh jıynadı. Awǵanstan ámiri Sheralıxan Rossiyadan járdem sorap, elshi jiberdi. Rossiya áskeriy bólimin shegarağa jaqın jaylastırdı. Qabulǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

general Stoletov basshılığında elshilik missiyası jiberildi. Biraq, bunnan artıq háreketler isley almadı. Buǵan Orta Aziyanı tolıq boysındırıw hám de jaqınlasıp qalǵan Rossiya — Túrkiya urısı mashqalaları imkan bermedi.

**Ekinshi inglis — awǵan urısı**

1878-jılı Sheralıxan inglis missiyasın Qabul qalasında qabıl etiwden bas tarttı. Ullı Britaniyaǵa bul Awǵanstanǵa qarsı urıs ashıwǵa báne boldı hám urıs háreketleri baslandı. Sheralıxan ólgennen soń taxtqa otırǵan balası Yaqubxan 1879-jılı Gandamak pitimine qol qoydı. Onda, Awǵanstan ámelde ǵárezsizligin joq etti. Qabulda inglis rezidenciyası ashıldı. Onıń wazıypası awǵan ámiri taktikaların hám de Ullı Britaniyadan jiberiletuǵın qarızlardıń sarplanıwın qadaǵalap barıw edi.

Ámir Yaqubxannıń sheginiwshilik siyasatı qarsılıqqa ushıradı hám Qabulda oǵan qarsı qozǵalań boldı. Qalalılar inglis rezidenciyasın iyeledi. Inglisler Gandamak pitiminen keyin alıp ketken áskerlerin jáne Awǵanstanǵa ákeldi hám Qabuldı iyeledi.

Bul arada Awǵanstannıń burıńǵı ámiri M. Afzalxannıń ulı Abdurahmannıń qozǵalańshı áskeri Qabuldı qorshap aldı. Inglisler awır awhalda qaldı. 1880-jıldıń basında Abdurahman Arqa Awǵanstanda óz hákimiyatın ornattı. Inglisler Abdurahman menen sóylesiwler júrgizdi, Qabul Abdurahmanǵa tapsırıldı. Kandahar Ullı Britaniya tásir sheńberinde qaldı. Bunıń esesine Awǵanstan Ullı Britaniya hám de inglis Hindstanınan basqa heshbir shet el menen diplomatiyalıq baylanıs jasamawı kerek edi. Abdurahman tek ishki siyasatta ǵana belgili dárejede ǵárezsizlikti saqlap qalıwǵa eristi.

Awǵanstan taxtınıń nızamlı miyrasxorı ámir Sheralıxannıń balası Ayubxan Kandaharǵa júris basladı. 1880-jılı inglis áskeriy brigadası jeńship taslandı. Inglisler jańa áskeriy bólimler shaqırdı. Olar Ayubxandı Hiratqa sheginiwge májbúr etti. Biraq, xalıqtıń qarsılıǵı sebepli inglisler Kandahardı taslap ketiwge májbúr boldı. Ekinshi inglis awǵan urısı Ullı Britaniyanıń jeńiliwi menen tamamlandı.

**Ishki kelispewshilikler**

Tez arada taxt dawagerleri arasında urıs baslandı. 1880-jılı Abdurahman Ayubxan áskerlerin sátsizlikke ushırattı. Ayubxan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shet elge qashıwǵa májbúr boldı. Awǵanstanda Abdurahmannıń tolıq hákimiyatı ornatıldı. Ámir Abdurahman dáwirinde (1880 — 1901-jıllar) Awǵanstan tómen social-ekonomikalıq awhalda edi. Inglisler menen urıslar óndiristi izden shıǵardı. Qabul hám basqa qalalar wayran etildi.

Ámir elde jabıq siyasat alıp bardı. Shet ellikler, ásirese, evropalılardıń elge kiriwi qadaǵan etildi. Ámir eldi siyasiy jaqtan birlestiriw ushın gúresti. Hákimshilik policiya basqarması dúzildi. Onıń háreketi menen ǵáziynege salıqlar túsiwi jaqsılandı. Kárwan jolları qáwipsizligi támiyinlendi. Qaraqshılar ayawsız jazalandı. Olardı temir qápeske salıp, jol jaǵasındaǵı ústinlerge asıp qoyılıp, ashlıq hám shólden ólimge húkim etildi. Diniy ulamalardı óz tárepinde uslaw ushın Abdurahman olarǵa aylıq belgiledi. Waqıp múlkin belgili dárejede mámleketke ótkerdi. Birden-bir pul birligi, mámleket ushın birdey awırlıq hám uzınlıq ólshemleri engizildi. Bul ilajlar sebepli Awǵanstanda sawda-satıq, óndiris hám ónermentshilik rawajlandı.

**Dyurand pitimi**

Awǵanstannıń XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında xalıqaralıq awhal Rossiya hám Ullı Britaniyanıń óz ara qatnasıqlarına baylanıslı edi. Ámir Abdurahman bul qıyın sharayatta eki iri kolonizator mámleket kelispewshiliginen paydalandı. Nátiyjede, Abdurahman óziniń siyasiy poziciyasın bekkemledi. Eldiń jerlerin arqada Ámiwdáryaǵa shekem keńeytip aldı. 1887-jılı túrkmenler jasaytuǵın orınlarda awǵan-rus shegaraları qatań belgilep alındı.

Bunnan keyin, Abdurahman qublada — Hind dáryası boyında jasaytuǵın, biraq 1849-jılı inglislerge baǵındırılǵan awǵan qáwimlerin óz átirapında birlestiriw háreketin basladı. Ámir Abdurahman ózin olarǵa diniy qáwenderi etip kórsetti hám inglislerge qarsı gúreske shaqırdı. Bul bolsa Ullı Britaniya menen jańa urıs qáwpin tuwdırdı. Bunnan qorıqqan Abdurahman inglisler menen pitim dúzdi. Oǵan muwapıq, Awǵanstan qublasındaǵı awǵan qáwimleriniń aymaqları Ullı Britaniya qol astında qalatuǵın boldı. Inglisler kelisilgen Dyurand sızıǵına (sóylesiwler júrgizgen inglis wákili Dyurand atı menen atalǵan) ásker jiberdi. Buǵan qarsı tawlı awǵanlar qozǵalań kóterdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Habibullaxan dáwiri**

1901-jılı Abdurahman qaytıs boldı. Ámirlik taxtın balası Habibulla iyeledi. Ol ákesi jolınan barıp, awǵan qáwimlerin birlestiriw siyasatın alıp barıp, inglislerge qarsı gúresti. Rossiya menen sawda baylanısların ornatıwǵa urındı. Buǵan juwap retinde, Ullı Britaniya Awǵanstanǵa qarsı ekonomikalıq qamal siyasatın qollandı. Ullı Britaniya Awǵanstanǵa pitim usınıs etti. Onda, sırtqı sawda Ullı Britaniya qadaǵalawında bolıwı, elde inglislerdiń temir jol qurıwına ırazılıq beriw, inglis puqaralarınıń Awǵanstanǵa erkin kirip-shıǵıwına ruqsat beriwler talap etildi. 1907-jılı usı máselelerde pitimge qol qoyıldı. Awǵanstan Ullı Britaniya mápleri zonası dep ataldı. Rossiya ushın tek sawda huqıqları berildi.

Awǵanstan XX ásir basında artta qalǵan mámleket bolıp qaldı. Salıqlar pul menen emes, ónim sıpatında alınatuǵın edi.

**Aǵartıwshılıq**

Awır sharayatqa qaramay, Awǵanstanda da respublikashılıq háreketi payda boldı. Bul háreket tárepdarları «Jas awǵanlar» atalıp, olar mektep-aǵartıw, mádeniyat, ilim, texnika tarawların rawajlandırıw ideyasın alǵa súrdi. Olar ámirlik hákimiyatı menen bara-bar konstituciya da bolıwın talap etti. Ónim salıǵın biykarlaw, ishki bajı tólemlerin saplastırıw, qáwimler teńligine erisiw hám kóp máselelerdi alǵa súrdi. «Jas awǵanlar» háreketine «Siroj ul-axbori afǵaniya» («Awǵan xabarları shıraǵı») gazetası redaktorı Muhammad Tarziy basshılıq etti. Ol Habibullaxannıń úshinshi balası Amanullaxannıń qáyin atası edi. Reformashılardıń pútkil úmiti «jas awǵanlar» ruwxında tárbiyalanǵan Amanullaxanǵa qaratıldı

***Missiya*** (lat.) — joqarı minnet, juwapkershilikli wazıypa; bir mámlekettiń ekinshi mámleketke arnawlı tapsırma menen jibergen wákilleri.
***Rezidenciya*** (lat.) — mámlekettiń diplomatiyalıq wákilleri jayı.

1. Ekinshi inglis — awǵan urısınıń sebep hám aqıbetleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
2. Nege XIX ásirdiń ekinshi yarımında Awǵanstan Ullı Britaniya hám Rossiya ortasında «talas» el bolıp qaldı?
3. Nege Awǵanstandı boysındırıw ushın Ullı Britaniyanıń alıp barǵan gúresi uzaq dawam etken?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Ámir Abduraxmannıń jabıq siyasatınıń mazmunı neden ibarat ekenligin túsindiriń. Qanday reformalar ótkerildi?
2. Dyurand sızıǵı degen ne?
3. Habibullaxan qanday siyasat ótkerdi?
4. «Jas awǵanlar» alǵa súrgen maqsetlerin anıqlań.

## 32-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Osmaniyler mámleketi

### Osmaniyler mámleketiniń social-ekonomikalıq awhalı

Osmaniyler mámleketi monarxiya bolıp, onı sultan basqardı. Elde orta ásir feodal tártipleri ústem edi. Osmaniyler mámleketi ekonomikasınıń tiykarı bolǵan awıl xojalıǵı oǵada artta qalǵan edi. Súriletuǵın jerlerdiń kópshiligi úlken jer iyeleri hám ruwxanıylarǵa qaraslı bolıp, ol jersiz hám az jerli diyqanlarǵa ijaraǵa berildi. Miynet ónimdarlıǵı kem bolǵanlıqtan kúshli asharshılıq aqıbetinde kóplegen adamlar qırılıp ketti.

Qala xalqınıń da awhalı awırlastı. Eski tártipler hám shet el tovarlarınıń kópligi elde ekonomikanıń rawajlanıwına tosıq boldı. Sanaatda, ónermentshilikte ósiw bolmadı. Sultan húkimeti óziniń finanslıq awhalın jaqsılaw ushın shet elden qarız ala basladı. Mámlekettiń finanslıq awhalı tómenledi. Sırtqı qarız kóbeyip, 5,5 mlrd. frankqa jetti. 1876-jılı húkimet Osmaniyler mámleketin finanslıq bankrot dep járiyalawǵa májbúr boldı.

Awır ekonomikalıq awhal Osmaniyler mámleketin shet el mámleketleriniń yarım koloniyasına aylandırdı. Evropa mámleketleri imperiyanıń koloniyaların tartıp ala basladı. Tek Germaniya imperiyadan úles ala almaǵan mámleket edi. Sonıń ushın da, Osmaniyler mámleketi húkimeti XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Germaniya menen jaqınlastı. Germaniya kapitalı úlken jetiskenlikti qolǵa kirgizdi. Bolajaq Baǵdad temir jolı jobasınıń Izmir—Ankara bólimin qurıw olarǵa tiyisti. 1903-jılı nemisler bul jobanı (Baǵdad arqalı Persiya qoltıǵına shekem temir jol qurıw) tolıq qolǵa kirgizdi.

### Konstituciyalıq monarxiya ushın gúres

Osmaniyler mámleketi qarızlar ushın úlken procent tólewi lazım edi. Osmaniyler mámleketi qarızdı tólew



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bılay tursın, jumısshılardıń is haqısın tólewge de ilajı bolmadı. Nátiyjede, xalıqtıń awhalı tómenledi. Sonday sharayatta «Jańa osmaniyler háreketi» júzege keldi. Bul háreket aǵzaları sultan hákimiyatın saplastırıw ideyasın alǵa súrdi.

Hárekettiń «Ibrat» gazetası aldıńǵı demokratiyalıq ideyalar taratıwshısına aylandı. Millet súyiwshi zıyalılar, aldıńǵı pikirli hámeldarlar hám oficerler de bul háreketke qosıldı.

Elde sultan hákimiyatın saplastırıw ideyası qáliplesti.

1876-jılı xalıq qozǵalańı baslandı. Bul qozǵalań ústem qatlamlardı qorqıtıp jiberdi. Aqıbetinde, Abdulaziz Shayx ul-Islam ruqsatı menen taxttan túsirildi. Birqansha waqıttan soń taxttı Abdulhamid II iyeledi.

1876-jıl 23-dekabrde Osmaniyler mámleketinde konstituciya járiyalandı. Oǵan muwapıq, elde eki palatalı parlament engizildi. Tómengi palata Deputatlar palatası dep, joqarı palata bolsa Senat dep ataldı. Konstituciya sultanǵa úlken wákillikler berdi. Puqaralardıń júdá az bólegi ǵana saylaw huqıqına iye boldı.

## «Birlik hám progress» partiyasınıń hákimiyatqa keliwi

Abdulhamid II dáwiri Osmaniyler mámleketi tariyxında «zulımlıq dáwiri» atın aldı. Sultan tez arada parlamentti tarqatıp jiberdi. Konstituciya tárepdarların quwǵınǵa ushırattı. Kópshiligi ólimge húkim etildi. El qáhár zulmetinde qaldı. 1889-jılı Istanbulda áskeriy-medicina oqıw ornı kursantları jasırın «Birlik hám progress» shólkemin dúzdi. Shólkemniń bólimleri pútkil Osmaniyler mámleketine tarqaldı hám elde konstituciyalıq tártipti ornatıw haqqında úgit-násiyatladı. Keyin bul jámiyet kúshli siyasiy partiyaǵa aylandı. Sultan Abdulhamid II shólkem ústinen sud uyımlastırdı. 13 adam ólimge húkim etildi. «Birlik hám progress» partiyası aǵzaları hám soǵan uqsas siyasiy dógerekke qatnasqanlar ulıwma at penen «Jas túrkler» dep ataldı.

«Jas túrkler» Parij qalasında ózleriniń 1-qurıltayın ótkerdi. Onda biykarlanǵan konstituciyanı tiklew haqqında qarar qabıllandı.

1908-jılı 3-iyulde «Jas túrkler»den bolǵan armiya oficerleri basshılıǵında qozǵalań boldı. 1908-jılı 20-iyulde Monastir qalasında «Birlik hám progress» partiyası konstituciya tiklen-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

genligin járiyaladı hám sultannan bul máselede párman beriwdi talap etti. Armiya «Jas túrkler» tárepinde ekenligi Abdulhamidti shorshıttı. Ol 1908-jıldıń 24-iyul kúni konstituciyanı tiklewge májbúr boldı. Parlamentke saylaw ótkeriwdi wáde etti. 1908-jılı Osmaniyler mámleketi revolyuciyası jeńip shıqtı.

**1909-jıl 13-aprel kóterilisi**

Biraq, eski tártip tárepdarları reformaǵa qarsı edi. Olardıń ishinde ruwxanıylardıń ornı kúshli edi. Ruwxanıylerdiń «Ittihodi Muhammadi» partiyası «Jas túrkler»di qudaysızlıqta ayıpladı.

«Ittihodi Muhammadi» partiyasınıń tárepdarı bolǵan áskerler kontrrevolyuciyalıq kóterilis basladı. Kóterilisshiler parlamentti biykarlaw, sháriyat hám sultan hákimiyatınıń tikleniwin talap etti. Abdulhamid II ge usı kerek edi hám ol bul talaptı tez orınladı.

«Jas túrkler» ǵayratkerlerinen bir bólimi Saloniki hám Adrianopolǵa qashıp ketti. Saloniki hám Adrianopoldaǵı áskeriy bólimler «Jas túrkler» tárepinde boldı. «Jas túrkler» ózlerine sadıq áskeriy bólimleri menen 26-aprelde kóterilisshiler húkimetin awdardı. Sultan Abdulhamid taxttan awdarıldı.

**Ishki hám sırtqı awhalı**

«Jas túrkler» revolyuciyası ullı mámleketlerdi táshwishke saldı. Olar Osmaniyler mámleketindegi ishki siyasiy turaqsızlıqtan paydalanıp, kóbirek oljaǵa iye bolıwǵa háreket etken.

Italiya Liviyanı basıp alǵannan soń, Ullı Britaniyaǵa tilekles «Azatlıq hám Birlik» partiyası «Jas túrkler» húkimetin ılayıqlı emes dep ayıpladı. Olar 1912-jıl 5-avgustta elde mámleket awdarıspaǵın ótkerdi.

Tez arada, Osmaniyler mámleketiniń sırtqı awhalı taǵı da tómenledi. Birinshi hám ekinshi Balkan urıslarında Osmaniyler mámleketi Balkandaǵı tásirinen derlik tolıq ajıraldı. Bul waqıya «Azatlıq hám birlik» húkimetin awır awhalǵa salıp qoydı.

Usınday sharayatta, «Jas túrkler» basshılarınan biri Anvarbey basshılıǵında 1913-jıldıń yanvarında kóterilis boldı. Hákimiyat «Jas túrkler» qolına ótti.

Hákimiyat 3 adamnan ibarat «Úshlik» dep atalǵan topar (Anvar, Talat hám Jamal) qolına ótti. Úshlikke Anvar pashsha



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basshılıq etti. «Úshlik» Germaniya menen jaqınlasıw siyasatın dawam ettirdi. Bul jaqınlasıw Germaniyanıń Osmaniyler imperiyası aymaqlarına dawagerlik etpegenligi menen túsindiriledi.

Germaniya *pantúrk* hám *panislam* ideyalogiyaların ózine uran etip alǵan «Úshlik»ti qollap-quwatlay basladı. Bul ideologiya ideyaları Antanta máplerine qarsı edi.

Bunday sharayatta Germaniya «Jas túrkler» kóz aldında Osmaniyler mámleketiniń birden-bir «qorǵawshısı»na aylandı. Endi Germaniya Osmaniyler mámleketin awqam shártnamasın dúziwge iytermeley basladı. Sońında, 1914-jıldıń 2-avgustında jasırın tezlikte awqam shártnaması dúzildi. Bul shártnamanı tastıyıqlaw menen Osmaniyler mámleketi ústem sheńberleri imperiyanı qulattı.

***Panislamizm*** — XIX ásirdiń aqırında pútkil musılman álemin kolonizatorlarǵa qarsı gúreste birlestiriw haqqındaǵı háreketke Rossiya hám Ullı Britaniya imperiyaları, sonday-aq, Burınǵı Awqam tárepinen berilgen jasalma atama.
***Panturkizm*** — túrkiy xalıqlardı birlestiriw ideyasına Rossiya hám Ullı Britaniya imperiyaları, sonday-aq Burınǵı Awqam tárepinen berilgen rásmiy atama.
***Senat*** (lat) — áyyemgi Rimde respublika dáwirine shekem ruw aqsaqallarınıń jıyını.
***Jas túrkler*** — 1889-jılı dúzilgen túrk burjua-pomeshik partiyası. «Birlik hám progress» partiyası aǵzalarınıń evropasha atı.

1. Bul waqıtları dúnyanıń kúshli mámleketi bolǵan, koloniyaları úsh kontinentke jayılǵan Osmanli túrkler imperiyası nege XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında ámelde yarım koloniya jaǵdayına túsip qaldı?
2. Osmaniyler mámleketinde qanday tárizde konstituciyalıq monarxiya ornadı?
3. Ne ushın sultan Abdulhamid II ústemligi dáwiri Osmaniyler mámleketi tariyxında «Zulımlıq dáwiri» dep atalǵan?
4. «Jas túrkler» revolyuciyası qalay jeńiske eristi?
5. «Jas túrkler» húkimetiniń Germaniya menen jaqınlasıwınan gózlegen maqsetleri neden ibarat edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. «Ekonomikalıq bilim tiykarları» páninen alǵan bilimlerińizge súyenip, «finanslıq bankrot» túsinigin aytıp beriń.
2. «Jas osmaniyler háreketi» shólkeminiń xızmeti nelerden ibarat edi?
3. «Jas túrkler» kimler edi? Olar qanday siyasat júrgizdi?
4. Osmaniyler mámleketi Germaniya menen awqam shártnamasın tastıyıqlamawı múmkinbedi? Ne ushın?

# VI BAP XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ – XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA AFRIKA ELLERI

## 33- §. Arqa Afrika elleri

### Jámiyetlik-siyasiy turmıs

Afrikanıń arqa bóliminde, Saxaranıń qubla shegarasına shekem xalıqtıń kópshiligin arablar quraytuǵın edi. Bul aymaqlar barbarlar, efioplar hám basqa xalıqlar jasaytuǵın edi.

XIX ásirdiń 70-jıllarına shekem Afrikanıń arqa hám arqa-shıǵısında, yaǵnıy arablar jasawshı aymaqlarda monarxiya húkim súretuǵın edi. Olardan rásmiy Osmaniyler imperiyasına kirgen Mısr, Tripolitaniya, Kirenaika (házirgi Liviya) hám Tunis ámelde Osmaniyler mámleketi sultanına baǵınbaytuǵın edi.

XIX ásir aqırı, XX ásir baslarında Mısr hám Sudan Ullı Britaniyanıń, Tunis, Aljir hám Marokko Franciyanıń, Marokkonıń bir bólegi Ispaniyanıń, Liviya Italiyanıń koloniyasına aylandı.

### Mısrdıń qulıqqa túsiwi

Mısrdıń XIX ásir aqırı—XX ásir baslarındaǵı tariyxı Osmaniyler mámleketi ústemligine hám inglis kolonizatorlıq siyasatına qarsı gúresken ózgerisler dáwiri boldı.

Musılman ruwxanıylarınan al-Azhar medireseside mudarris Jamaliddin al-Afǵaniy hám onıń shákirtleri milliy-azatlıq háreketinde abırayǵa eristi. Olar barlıq musılmanlardı kolonizatorlarǵa, Osmaniyler mámleketi zulımlıǵına qarsı birlesiwge, konstituciyalıq dúzim ornatılıwına shaqırdı. 1871-jılı Jamaliddin al-Afǵaniy «Xizb ul-Vatan» («Watan partiyası») partiyasın dúzip, shet ellilerge qarsı «Mısr mısrlılardiki» shaqırıǵı astında gúresti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Suec kanalı**

«Watan»shılar húkimdar (Hadiv)dıń huqıqın sheklewshi konstituciya ushın gúresti. 1882-jılı Hadiv jańa nızam tastıyıqladı. Onda, húkimet Deputatlar palatasına baǵınatuǵın, parlament byudjet ústinen qadaǵalaw huqıqın alatuǵın, bir de nızam Deputatlar palatası ruqsatısız qabıl etilmeytuǵın boldı. Bulardıń barlıǵı feodallıq dúziminen burjua parlament dúzimine ótiwdegi úlken jeńisi edi. Shet ellikler Mısr húkimetine ultimatum qoyıp, húkimetti tarqatıwdı talap etti. Biraq, bul talabı orınlanbadı. Buǵan juwap retinde Ullı Britaniya 1882-jılı Aleksandriyanı toplardan oqqa tuttı. Onıń desantı qalanı iyeledi. Buǵan qarsı, Mısr armiyasınıń basshılarınan Axmad Orabibey Kairda joqarı mámleket organı — Waqıtsha keńes dúzdi. Ol úlken armiya topladı. Kóp ótpey inglisler Suecti basıp aldı hám Kairǵa júris basladı. Mısr áskerleri jeńildi. Polkovnik Axmad Orabibey Ceylon atawına ómirlikke súrgin etildi. Mısr Ullı Britaniya koloniyasına aylandı. Ullı Britaniya Mısrda Osmaniyler imperiyası hákimiyatın rásmiy túrde tarqatpadı. Mısr hadivleri dinastiyası, Wázirler keńesi atına bolsa da saqlandı. Finans ústinen qadaǵalaw inglis másláhátshilerine ótti.

1888-jılı Stanbulda Suec kanalınan paydalanıw boyınsha Ullı Britaniya, Germaniya, Ispaniya, Italiya, Rossiya, Osmaniyler mámleketi, Franciya mámleketleri konvenciyaǵa qol qoyıstı. Ol boyınsha, kanaldan barlıq mámleketler meyli urıs, meyli tınıshlıq waqtında bolsa da erkin paydalanıw huqıqın aldı.

Milliy-azatlıq gúresiniń tárepdarı bolǵan «Watan» partiyası inglisler ushın eń qáwipli bolıp shıqtı. Onı kúshsizlendiriw ushın keskin sharalar kórildi. Nátiyjede, «Watan» partiyası siyasiy gúres jolınan jekke terror jolına ótti.

Biraq, azatlıq háreketi basqa kórinislerde dawam etti. Majilis vice-prezidenti Saad Zaglul demokratiyalıq, milliy azatlıq ruwxındaǵı deputatlardı óz átirapına jıynap, Májilis atınan inglis ústemligine qarsı hújjetti ótkeriwge eristi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Mahdiylar qozǵalańı**

XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Shıǵıs Sudan Mısr qolastında edi. 1881-jılı sudanlılardıń jetekshisi Muhammed Axmed xalıqtı Mısr — Osmaniyler mámleketi zulımına hám evropalılarǵa qarsı urısqa shaqırdı. Ol ózin Mahdiy dep járiyaladı. Gubernator mahdiydi qamaw ushın jibergen áskeriy toparı joq etip taslandı.

1882-jılı Xartumǵa mısrlı Abdul Qadır general-gubernator etip saylandı. Ol mahdiyler háreketin bastırıwǵa urındı. Biraq, sátsizlikke ushıradı. General Xiks basshılıǵındaǵı inglis áskeri Sudan ansorları tárepinen qıyratıldı. Inglisler Sudanǵa general Gordon basshılıǵında áskeriy bólim jiberdi. Biraq, bul áskerler de ansorlar tárepinen joq etildi hám Sudan azat etildi.

1885-jılı Sudanda ǵárezsiz mahdiyler mámleketi dúzildi. Qozǵalań basshısı Mahdiy Muhammed Axmed ólip, onıń birinshi xalifi (xalif tórtew edi) Abdullah hákimiyattı iyeledi. Omdurman qalası paytaxt etip belgilendi. Armiya mámlekettiń tiykarǵı tayanıshı bolıp qaldı. Biraq, elde ishki narazılıqlar kúsheydi. Bul jaǵday mahdiylerdi kúshsizlendirdi. Bunnan paydalanǵan Ullı Britaniya Efiopiyanı Sudanǵa qarsı gijgijledi. Nátiyjede, 1885-jılı eki mámleket ortasında urıs háreketi baslandı. Efiopiya húkimdarı Yoxanni Abdullahtı ulıwma dushpanǵa qarsı gúreske shaqırdı. Biraq, Abdullah buniń esesine Yoxannidan islam dinine ótiwin talap etti. Aqıbetinde, pitim dúzilmedi. Efiopiya — Sudan urısında kóp qan tógildi. 1889-jılı Efiopiya imperatorı Menelik sudanlılar paydasın gózlewshi pitimdi dúziwge májbúr boldı.

1889-jılı avgustta Ullı Britaniya — Mısr birlesken áskerleri Sudan mahdiyleriniń áskerleri ústinen jeńiske eristi hám Sudannıń tiykarǵı bólimin basıp alıwǵa eristi.

**Ullı mámleketlerdiń Arqa Afrikadaǵı siyasatı**

1883-jıl Tuniste Franciya ústemligi ornatılǵan hám buǵan shekem ol Aljirdi de iyelegen edi. Aljirde XIX ásirdiń aqırında 300 mıńnan aslam francuz jasaytuǵın edi. Ónimdar jerler francuzlar qolında edi.

Aljirde koloniya zulımlıǵına qarsı gúresti. 1912-jılı «Jas Aljir» partiyası dúzilip, olar sud islerinde aljirliler ushın «jergilikli kodeks» kemsitiwshi tártibin biykar etiw, salıq alıwda aljirliler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hám evropalılardı teńlestiriw, xalıq bilimlendiriwdi keńeytiw, saylanatuǵın lawazımlarda arablar ushın orınlardı kóbeytiw usaǵan talaplar qoydı.

Evropa mámleketleriniń koloniya bóliniwinde Franciya Marokkoǵa da iye boldı. Italiya Franciyanıń Marokkoǵa bolǵan huqıqların tán aldı. Bunıń esesine Italiya Liviyaǵa tiyisli huqıqqa iye boldı. Franciya Marokkoǵa qarsı urıs ashıw ushın báne izledi. 1907-jılı Marokkoda francuz shıpakeri óltirildi. Usı báne menen Franciya tezlik penen urıs baslap jiberdi. Qısqa waqıt ishinde Franciya Marokkonıń barlıq tiykarǵı qalaların basıp aldı. Marokkonıń ayırım aymaqları Ispaniyaǵa berildi. Liviya uzaq waqıt Osmaniyler mámleketi koloniyası bolıp keldi. 1911-jılı 29-sentyabrde Italiya Liviyaǵa basqınshılıq urısın basladı. Osmaniyler mámleketinde itibarlı juwap sharası kórilmedi. Aqıbetinde, 1912-jılı 5-noyabr kúni Liviya Italiyanıń koloniyasına aylandı.

***Ansorlar*** (arabsha — járdemshiler, saplaslar) — Muhammad (s.a.v) sahabalarınıń bir taypasınıń atı. (Olar 622-jılı Mákkeden Madinaǵa kóship barǵan musılman imigrantlarǵa hám Rasulullohqa járdem bergen hám Islam dinin qabıllaǵan Madinanıń avs hám hazraj qáwimleriniń aǵzaları bolǵan).

***Mahdiy*** (arabsha — Allah tárepinen tuwrı jolǵa jeteklewshi) — Islamda aqırzaman bolǵanında kelip, jerde ádillik ornatadı, dep iseniwshi payǵambar.

1. Arqa Afrikada arab mámleketleri qalay Osmaniyler mámleketi koloniyasına aylanǵanın esleń.
2. Arqa Afrikada qaysı ullı mámleketler mápleri duslasqan?
3. Mısr xalqınıń milliy-azatlıq gúresi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Mahdiyler qozǵalańı haqqında aytıp beriń.

1. Ahmad Orabibey xızmetin aytıp beriń.
2. Sudan — Efiopiya ortalarındaǵı kelispewshilik nelerden ibarat edi?
3. Franciyanıń Aljir hám Marokkodaǵı siyasatın bir-birine salıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 34- §. Tropikalıq* hám Qubla Afrika elleri

**Tropikalıq hám qubla Afrika haqqında**

XIX ásirdiń sońģı shereginde Afrikada koloniyalıq basqınshılıģı jáne de kúsheydi. Qubladaģı qazılma baylıqlarģa bay jerlerde almaz hám altın kánleriniń tabılıwı evropalılardıń «aģılıp keliwlerin» tezlestirdi. Qubla Afrikanı koloniya etiwde Ullı Britaniya tiykarģı rol oynadı. Bul jerge Germaniya da kirip kele basladı. Mozambik hám Angola usaģan jerlerdi birlestiriwdi portugallar óz rejelerine kirgizdi. Tiykarģı koloniya oraylarınan biri — Burlar Respublikası (Transvaal hám Oranj ģárezsiz respublikaları) bolıp qaldı. 70-jıllardan baslap Ullı Britaniya óz koloniyaların birlestirip, federaciya dúzbekshi boldı.

**Batıs hám Shıģıs Afrika ushın gúres**

Batıs Sudan, Senegal hám Nil dáryası basseyni XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Franciya, Gollandiya hám Ullı Britaniya ortasında báseki maydanına aylandı.

1892-jıl Franciya Batıs Sudandı basıp aldı. Batıs sudanlılardıń azatlıq gúresinde Samori Ture atı jarqın iz qaldırdı. Ol ataqlı láshkerbası hám siyasatshı edi. Francuzlar 1898-jılı ģana onı baģındıra aldı. Tutqınģa alınģan Samori Gabonģa súrgin etildi hám sol jerde qazalandı. Kóp ótpey Shad kóliniń átirapı baģındırıldı hám Gvineya buģazı boyları da Franciyaģa baģındırıldı. Oģan Franciya Gvineyası dep at berildi.

Ullı Britaniya hám Franciyadan keyin Belgiya da Afrika jerleri ushın gúreske qosıldı. Kongo basseynindegi jerler Belgiya koloniyası dep járiyalandı. Kóp ótpey evropalılar Shıģıs Afrikaģa da kirip kele basladı. Nil dáryası baslanıw basseynlerin ilimiy úyreniw bánesi menen evropalılar Buganda mámleketin ashtı. Ol Ullı Britaniya tárepinen dúzilgen Uganda protektoratı quramına kirgizildi. Zanzibar arab sultanlıģı da qul sawdasına qarsı gúres bánesi menen nemisler, francuzlar hám inglisler tárepinen bólip alındı. XIX ásirdiń aqırında Ullı Britaniya Bunoro mámleketin basıp aldı.

---

* Tropikalıq Afrika degende Oraylıq Afrika túsiniledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Afrika elleri**

(Karta kishreytirilgen súwret halatında berilgen.)



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

XX ásir baslarında Batıs Afrikaniń Gambiya, Syerra-Leone, Altın Jaǵa, Nigeriya, Senegal, Franciya Gvineyası, Pil Súyegi Jaǵası, Dagomeya — Franciyanıń; Togo, Kamerun — Germaniyanıń; Gvineyanıń bir bólimi Portugaliyanıń koloniyası edi. Evropa kolonizatorları túrli basqarıw sistemaların engizdi. Atap aytqanda, Ullı Britaniya jergilikli basqarıw sistemasın saqlap, olardı óz mápine boysındırdı.

Batıs Afrikada koloniyalar ushın gúreste Gollandiya, Belgiya, Portugaliya, Ullı Britaniya, Germaniya, Franciya hám AQSH mápleri soqlıǵıstı. Belgiya korolı Kongonı ilimiy úyreniw associaciyasın dúzip, onıń sayasında sheberlik penen is alıp bardı. Bara-bara ol Belgiya koloniyasına aylandı. Kongonıń bir bólimi Franciyaǵa, jáne bir bólimi Portugaliyaǵa tiyisti.

**Qubla Afrika**

Qubla Afrikada dúnyanıń eń iri almaz kánleri bar edi. Inglis siyasatshısı Sesil Rods «De Rods» kompaniyasın dúzip, almaz kánlerin óz qolına aldı. Kóp ótpey Transvaal altın hám mıs kánleri ashılıp, bunı da iyeledi. Onıń baslaması menen «Britaniya—Qubla Afrika jeńillikli kompaniyası» dúzildi. Kompaniya «Keyptaunnan Kairǵa shekem Ullı Britaniya koloniyası bolıwı kerek», degen mániste basıp alıwshılıq háreketlerine ruqsat aldı. Tez arada, Arqa Rodeziyada inglis protektoratı ornatıldı. Ullı Britaniya burlarǵa qarsı urısqa tayarlandı. 1899-jılı inglis — bur urısı baslandı. 1902-jıl Bur Respublikası (Transvaal hám Oranj) Britaniya múlkleri quramına qosıp alındı.

1910-jılı Ullı Britaniya koloniya aymaqları bolǵan Transvaal, Oranj, Natal, Kaptı «Qubla Afrika Awqamı» atı menen birlestirdi.

**Madagaskardıń iyeleniwi**

Hind okeanınıń batısında, Afrikanıń qubla-shıǵıs jaǵasında jaylasqan bul ataw ullı mámleketler kolonizatorlıq siyasatında ayrıqsha boldı.

1883-jılı Franciya Madagaskarǵa urıs járiyaladı hám bul urıs tárepler ushın teń emes pitim menen juwmaqlandı. Franciya Madagaskar ústinen protektorat ornattı hám onıń sırtqı siyasatın qadaǵalaytuǵın boldı. 1896-jılı Franciya Madagaskardı óz koloniyası dep járiyaladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Zuluslar** Ullı Britaniya zuluslardı boysındırıw ushın qataŕ urıs alıp bardı. Zuluslar húkimdarı Ketchvayo 1879-jılı úsh soqlıǵısıw dawamında inglislerdiń 20 mıń adamlıq armiyasın qıyrattı. Biraq, Ullı Britaniya toplar járdeminde basım keldi hám Zululend jerlerin iyelep, onı mayda hákimliklerge bólip tasladı. Zululend hákimliklerin óz ara urıstırıp, óz paydasına islew inglis húkimdarlarına tán bolıp qaldı.

**Somali hám Efiopiya** Efiopiya hám Somali 1869-jılı Suec kanalınıń ashılıwı sebepli ayrıqsha sawda-ekonomikalıq hám áskeriy-strategiyalıq áhmiyetke iye bolıp qaldı. Bul jaǵday kolonizatorlardı biyparıq qaldırmadı.

Bunnan aldın 1867-jılı inglisler Efiopiyaǵa qarsı urıs ashıp, patsha («negus» dep atalǵan) Feodor II niń birlestiriwshi siyasatın joqqa shıǵardı. Túrli dinler ortasında narazılıq sebepli Feodor II ge qarsı bolǵan ruwxanıylardan paydalanıp, inglisler habash (efiop) áskerlerin qıyrattı. Feodor II ózin-ózi óltirdi.

Hákimiyat basına inglis tárepli kúshler otırǵızıldı. Biraq inglisler Efiopiya xalqınıń keskin qarsılıǵına ushırap, elden shıǵıp ketiwge májbúr bolǵan. 1889—1913-jılları Qızıl teńiz boyı hám Somali yarım atawı Ullı Britaniya, Franciya, Italiya ortasında bólinip alındı.

Efiopiyada Italiya óz koloniyalıq rejelerin engiziwge urındı. Biraq, buǵan erise almadı. Efiopiya óz ǵárezsizligin saqlap qaldı.

**Gerero hám namalar** Qubla Afrikanıń arqa-batıs bólimi Germaniya tárepinen basıp alına basladı. Jergilikli gottentot hám gerero qáwimleri rezervaciyalarǵa quwıldı. Qalǵanları nemis kolonizatorlarına qul bolıp qaldı. Gerero qáwimleri azatlıq ushın Samuil Magarero basshılıǵındaǵı basqınshılarǵa qarsı qozǵalań basladı. Biraq, qozǵalańshılar qıyratıldı. Gererolardan tiri qalǵanları eldiń arqa tárepine qashıp, jan saqlawǵa májbúr boldı.

Nama qáwimleri de qozǵalań kóterdi. Namalardıń qozǵalańın Xendrik Vitboy basqardı. Vitboy nama qáwimlerin birlestiriwge muwapıq boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Xendrik Vitboy**

Biraq, ol 1905-jılǵı sawashta nabıt boldı. Onıń óliminen keyin de namalar gúresti jáne eki jıl dawam ettirdi. Biraq, zamanagóy nemis texnikası ústin keldi. Germaniya basqınshıları namalardan 140 mıń adamdı qırıp tasladı. Germaniyaǵa qarsı Shıǵıs Afrikanıń qublası hám orayında (Tanganika) baslanǵan qozǵalań 2 jıldan aslam dawam etti. Nemis áskerleri 120 mıń afrikalılardı qırıp taslap, qozǵalańdı bastırdı. Bul aymaqta neshe ásirlerden beri jasap kelgen úlken-úlken qáwimler birotala joq bolıp ketti.

1. Qubla Afrika nege ullı mámleketler mápleriniń soqlıǵısıwına sebep bolǵan?
2. Batıs Afrikada qaysı ullı mámleketler mápleri soqlıǵısqan?
3. Shıǵıs Afrika qaysı ullı mámleketler ortasında bólindi?
4. Ullı Britaniya hám Bur Respublikaları ortasındaǵı urıslar qanday nátiyje menen tamamlanǵan? Aytıp beriń.
5. Gerero hám namalar kimler edi?

1. Tropikalıq hám Qubla Afrikanıń qaysı mámleketlerinde qanday qımbat bahalı metallar barlıǵın anıqlań hám kartaǵa belgileń.
2. Xendrik Vitboydıń ulı tárepinen jazılǵan qosıqtı yadlań.

Shabandozlar! Qáne, atlanıń dárhal,
Hámmege jetedi oq-dári, qural.
Biraq eki etpeń sárdardıń sózin,
Túnde jol júriń de, tańda oq atıń.
Ǵáplette qaldırıń dushpandı hár waq,
Biraq sheginiwdi oylamań hárgiz.
Dúnyada bolmaǵan, bolmaydı hesh waq,
Jeńis dáminen mazalıraq bir dám.

*Xendrik Vitboy ulı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# VII BAP 1914 – 1918-JÍLLARDAǴÍ BIRINSHI JÁHÁN URÍSÍ

## 35- §. Birinshi jáhán urısınıń baslanıwı hám barısı

### Urıstıń baslanıwı

Birinshi jáhán urısınıń baslı sebebi eki áskeriy-siyasiy topar arasında bólingen dúnyanı qayta bólip alıw ushın baslanǵan gúres edi. Dúnyanıń jetekshi mámleketleri óziniń jawız maqsetleri jolında baylıq arttırıw ushın millionlaǵan insanlardı qurban etiwge bel bayladı. 1914-jıldıń 28-iyulinde serbiyalı milletshil G. Princip tárepinen Sarayevo qalasında Avstriya-Vengriya taxtı miyrasxorı Frans Ferdinand óltirildi.

Avstriya-Vengriya húkimeti Serbiyaǵa awır talaplar menen ultimatum jiberdi. Serbiya húkimeti ultimatumnıń tek bir talabına, yaǵnıy qasttan ótkeriletuǵın tergew jumısların Avstriya-Vengriya mámleketlik huqıqıy mákemeleri alıp barıwına kelisim bermedi. Bul Avstriya-Vengriyanıń 28-iyulde Serbiyaǵa urıs járiyalawına báne boldı. Serbiya awqamlası Rossiya buǵan juwap retinde áskeriy mobilizaciyanı járiyaladı.

Bunnan Germaniya ústem sheńberleri 1-avgustta Rossiyaǵa, 3-avgustta onıń awqamlası Franciyaǵa urıs járiyalaw ushın paydalandı. Usı payıtta, Germaniya Belgiyanıń biytárepligin buzıp, bul mámleketke hújim etti. Belgiyanıń biytárepligi haqqındaǵı xalıqaralıq hújjetke bir waqıtlar Prussiya da qol qoyǵan edi. Biraq, Germaniya húkimeti bul hújjetti «bir bet qaǵaz» dep atadı. Germaniyanıń Belgiyaǵa hújimine juwap retinde Ullı Britaniya Belgiyanı qorǵaw bánesi menen 4-avgustta Germaniyaǵa urıs járiyaladı. Birinshi jáhán urısı baslandı. Yaponiya Germaniyadan Qıtaydaǵı koloniya aymaqların Yaponiyaǵa beriw talabı menen shıqtı. Kelisim bermegen soń, 23-avgustta Yaponiya Germaniyaǵa qarsı urıs járiyaladı. Germaniya Osmanlı túrkler imperiyasın, keyin ala Bolgariyanı óz tárepinde turıp urısta qatnastırıwǵa eristi. Tez arada Kavkaz artı, Siriya hám Palestinada, Balkan yarım atawında, Germaniyanıń Afrikadaǵı koloniyalarında jańa frontlar júzege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Jasın tezliginde jeńiske erisiwiniń joqqa shıǵıwı**

Germaniya armiyası generalı fon Shliffen jasın tezliginde jeńiske erisiw rejesin dúzdi. Reje boyınsha, Germaniya armiyası biytárep Belgiya aymaǵı arqalı Franciyaǵa hújimge ótiwi, Germaniya — Franciya shegarasında toplanǵan Franciya armiyasın qorshap alıp, onı gúzge shekem qúyratıp hám sol arqalı Franciyanıń baǵınıwına erisiwi kerek edi. Soń, qısqa waqıt ishinde, Rossiyanı da jeńiwdi jobalastırǵan edi.

3-avgustta hújimge ótken Germaniya armiyası bir ay ishinde Parijge jaqınlasıp qaldı. Franciyanıń baǵındırılıwı anıqtay edi. Hátte, húkimet waqtınsha bolsa da Parijden shıǵıwǵa májbúr boldı. Biraq, Shliffen rejesi ámelge aspadı. Buǵan Franciya húkimetiniń ótinishi boyınsha, 17-avgustta Rossiyanıń Germaniya hám Avstriya-Vengriyaǵa qarsı baslanǵan hújimi sebep boldı.

Batıs frontta Germaniya áskeriy qúdiretiniń kúshsizleniwi Franciyanı saqlap qaldı. Sonday-aq, bul jaǵday Franciyaǵa kúsh toplap qarsı hújimge ótiwge imkan jarattı. Germaniya rus armiyasın Shıǵıs Prussiyadan qısıp shıǵarsa da, rus armiyası Avstriya-Vengriyaǵa qarsı hújimin dawam ettirdi.

Marna dáryası boyında Franciya hám Ullı Britaniyanıń birlesken armiyası 1914-jıldıń sentyabrinde Germaniya áskerlerine qarsı hújimge ótti. Marna sawashında hár eki tárepten 2 mln. ǵa jaqın ásker qatnastı. Bul sawashta Ullı Britaniya hám Franciya armiyasınıń qolı bálent keldi.

Awır awhalǵa túsip qalǵan nemis komandirligi 9-sentyabrde pútkil Batıs front boylap sheginiwge májbúr boldı.

Marna sawashında erisilgen jeńis sebepli Germaniyanıń jasın tezliginde jeniske erisiw rejesi pushqa shıqtı.

**Osmaniyler mámleketiniń urısqa kirisiwi**

Osmaniyler mámleketi ústem toparlarınıń kópshiligi Germaniya tárepinde turıp urısta qatnasıwdı maqsetke muwapıq dep esapladı. Sebebi, olardıń pikirinshe, Osmaniyler mámleketiniń ózi basıp alıwı múmkin bolǵan jerleri yaki Rossiya, yaki Ullı Britaniya qol astında edi.

Mine, usı basqınshılıq niyetin ámelge asırıw tilegi Osmaniyler mámleketin 1914-jıldıń 2-avgustında jasırın sharayatta Germaniya menen awqamlas shártnamasın dúziwge alıp keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Germaniya Osmaniyler mámleketine úlken muǵdarda qarız usınıs etti. Osmaniyler mámleketinen usı qarızdı alǵan waqıtta-aq urısqa kirisiwge wáde aldı. Germanshıl, áskeriy wázir hám bas komandir Anvar pashsha Osmaniyler mámleketi flotına nemis admiralı Sushan komandirliginde Qara teńizge shıǵıwǵa hám Rossiyanıń aymaqların oqqa tutıwǵa buyrıq berdi.

2-noyabr kúni Rossiya Osmaniyler mámleketi hújimine qarsı urıs járiyaladı. Urıs háreketleri Kavkaz frontın júzege keltirdi. 5—6-noyabr kúnleri Ullı Britaniya hám Franciya da Osmaniyler mámleketine urıs járiyaladı.

Antanta áskeriy teńiz kúshleri Osmaniyler mámleketine qarsı Dardanell qoltıǵında áskeriy operaciyalardı baslap jiberdi. Germaniya múmkin bolǵan barlıq imkaniyatlardan paydalanıp, Osmaniyler mámleketine járdem kórsetti. Nátiyjede, Ullı Britaniya áskeriy teńiz flotı úlken zıyan kórdi.

**«Ullı sheginiw»**

Shıǵıs front 1915-jılı tiykarǵı urıs háreketleri maydanına aylandı. Germaniya hám Avstriya-Vengriya óz qurallı kúshleriniń yarımına jaqının Rossiyaǵa jiberiwge qarar etti. Awqamlaslardıń áskerleri 1915-jıldıń báhárinde hújim háreketlerin Galiciyadan (Batıs Ukraina) basladı. Nátiyjede, báhár hám jazda rus armiyası qorǵanıw urısların alıp barıwǵa májbúr boldı hám misli kórilmegen dárejede zıyan kórdi. 850 mıń soldat hám oficer nabıt boldı. 900 mıń áskeri tutqınǵa alındı. Biraq batısta inglis-francuz áskerleri keskin háreket baslamadı.

Rus armiyası sonsha qarsılıq kórsetse de, kúshler teń bolmaǵan urıslar sebepli Polshanı, Baltik boyı, Batıs Belorussiya hám Batıs Ukrainanıń bir bólegin taslap shıǵıwǵa májbúr boldı. Bul sheginiw birinshi jáhán urısı tariyxına «Ullı sheginiw» atı menen kirgen.

**Batıs fronttaǵı awhal**

Shıǵıs fronttaǵı dáslepki tabıslardan ruwxlanǵan Germaniya Batıs fronttaǵı awhalın da ózgerttirip almaqshı boldı. Bul orında ol ulıwma jańa qural — suw astı kemelerinen úlken úmit etti. Sonday-aq, Germaniya áskeriy háreketler aymaqlarındaǵı hárqanday suw ústi kemelerin de shóktiriw niyetinde boldı. Solay isledi de. Germaniya suw astı kemeleri



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ullı Britaniyanıń «Luzitaniya» úlken jolawshılar tasıw kemesin shóktiridi. Onıń bortında ulıwma 2000 ǵa jaqın jolawshı (126 si AQSH puqarası) bar edi. Jolawshılardıń yarımınan kóbi nabıt boldı. Germaniya flotı júzlegen júk kemelerin de joq etti.

Germaniya tek suw astı kemelerinen paydalanıp qalmadı. Ol 1915-jıldıń aprelinde Ipr sawashında urıslar tariyxında birinshi mártebe ximiyalıq qural — záhárli gaz (xlor) qollandı. Bunıń nátiyjesinde 15000 adam záhárlendi. Olardan 5 mıńı nabıt boldı. Biraq, bul qural da Germaniya kútken nátiyjeni bermedi. Antanta armiyası tez arada gazge qarsı qorǵaw quralı (protivogaz) benen támiyinlendi.

**Italiyanıń urısqa kirisiwi**

Italiya rásmiy «Úshlik awqamı»nıń aǵzası bolsa da, onıń maqseti urısta kimniń qolı bálent keliwine isenim payda etiw hám de qaysı tárep Italiyaǵa urıstan soń kóp olja wáde etiwin kútip turıw edi.

Antanta Italiyaǵa ol soraǵan aymaqlardıń barlıǵın beriwge ırazı boldı. 1915-jıldıń aprelinde Antanta menen Italiya arasında Londonda shártnama dúzildi. Onda Italiya bir aydan soń óziniń burıngı awqamlaslarına qarsı urısqa kirisiwi zárúr edi. Bul minnetleme Ullı Britaniyanıń Italiyaǵa 50 mln. funt sterling qarız beriwi menen bekkemlendi. Kóp ótpey Italiya húkimeti «Úshlik awqamı» haqqındaǵı shártnamadan shıqqanlıǵın bildirdi. 23-mayda bolsa Avstriya-Vengriyaǵa qarsı urıs járiyaladı. Italiyanıń Antanta tárepine awdarılıwı Germaniya diplomatiyasınıń úlken jeńilisi edi.

**Yaponiyanıń Uzaq Shıǵıs hám Tınısh okeandaǵı háreketleri**

Evropadaǵı urıs háreketleri Uzaq Shıǵıs hám Tınısh okeandaǵı Yaponiyanıń áskeriy háreketleri ushın qolaylı sharayat jarattı. Ol 1915-jıldıń yanvarında Qıtay húkimeti aldına Shandun wálayatın Germaniyadan Yaponiyaǵa ótkeriw; Shıǵıs Ishki Mongoliya hám Qubla Manjuriyada Yaponiyanıń jetekshiligin bekkemlewge imkan beriw; Port-Artur, Qubla Manjuriya hám Andun-Mukden temir jollarınıń ijara múddetin taǵı 99 jılǵa uzaytıw; Yaponiya puqaralarınıń Qubla Manjuriya hám Shıǵıs Ishki Mongoliyada jer maydanlarına iye bolıw usaǵan talaplardı qoydı. Sol waqıtta, Yaponiya buǵan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

AQSHtıń aralasıwı múmkinliginen táshwishke túsip qaldı. Sol sebepli, Qıtay aldına qoyǵan bir qatar talaplardan bas tarttı.

8-mayda Qıtay Yaponiyanıń biraz jumsartılǵan talapların qabıl etti.

Rossiya armiyasınıń ullı sheginiwi Bolgariyanıń kimniń tárepinde urısıw máselesin sheshti. 1915-jılı 15-sentyabrde Bolgariya Germaniya, Avstriya-Vengriya hám Osmaniyler mámleketi arasında awqamlasına qosılıwı nátiyjesinde «Tórtlikler awqamı» júzege keldi.

14-oktyabrde Bolgariya, Germaniya, Avstriya-Vengriya áskerleri Serbiyaǵa hújimge ótip, onı basıp aldı.

***Ullı sheginiw*** — rus armiyasınıń 1915-jıl báhár hám jazına awır joǵaltıwlar menen sheginiwi.
***«Xlor» (záhárli gaz)*** —1915-jıldıń aprelinde birinshi ret urıslar tariyxında qollanılǵan ximiyalıq qural.

1. Birinshi jáhán urısınıń kelip shıǵıw sebepleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
2. Urıs qalay baslanıp ketti?
3. Germaniyanıń jasın tezliginde jeńiske erisiw rejesi qay tárizde sátsizlikke ushıradı?
4. Nege Italiya «Úshlikler awqamı» shártnamasınan shıǵıp ketti?
5. Evropadaǵı urıs háreketlerinen Yaponiya qalay paydalandı?

1. Frans Ferdinand haqqında maǵlıwmat jıynań.
2. «Jasın tezligindegi jeńis» sózine itibar beriń. Ol jáne qay jerlerde qollanılǵan?
3. «Luzitaniya» kemesiniń shóktiriliwin táriyiplep beriń.
4. Ullı Britaniya mámleket ǵayratkeri Lloyd Jorjdıń tómendegi sózlerine túsinik beriń:
«Tariyx óziniń menmenlershe qaysarlıǵı menen qurallas rus dosların apatshılıqqa duwshar etken Franciya hám Ullı Britaniyanıń áskeriy komandirliginen juwap talap edi. Olar ruslardı ańsat qutqarıwı múmkin edi».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 36- §. 1916–1917- jıllardaǵı urıs háreketleri

**Verden sawashı** Germaniya ústem toparları Rossiyanı basıp ala almaǵannan soń, tiykarǵı itibardı Batıs frontqa qarattı. Bunnan gózlegen maqset — Franciya táǵdirin úzil-kesil sheshiw edi. Sonıń ushın Germaniya Franciyanıń Verden qorǵanına hújim jasadı. Sebebi, bul qorǵan Parijdiń jolın tosıp turatuǵın edi. Germaniya armiyasınıń hújimi 1916-jıldıń 21-fevralında baslandı hám 21-martqa shekem dawam etti. Nemis piyada áskerleri hújimge kóterilgende francuzlar kútilmegende olardı toplardan qattı oqqa tuttı.

Nemis armiyası tek 7 km aldıǵa jıljıy aldı. Germaniya armiyasınıń Verden baǵıtındaǵı áskeriy háreketlerin páseytiw maqsetinde Franciya bas komandiri nemislerdiń Somma dáryası boylap ótken qorǵanıw sızıǵın jarıp ótiwge qarar etti. Francuz hám inglis armiyası Somma dáryası boyında hújimge ótti. Bul qanlı sawash noyabrge shekem dawam etti.

Bul sawashta inglisler urıslar tariyxında birinshi márte jáne bir jańa qural — tankti iske qostı. Polattan islengen bul qorqınıshlı qural dushpan armiyasın albırattı. 1916-jıldıń dekabrinen baslap nemis armiyası qorǵanıwǵa ótiwge májbúr boldı. 21-dekabrde Verdan sawashı juwmaqlandı.

Verden hám Somma sawashları oǵada qırǵın sawash boldı. Olarda hár eki tárepten 2 millionnan aslam áskerler nabıt boldı. Verden sawashınıń tariyxqa «Verden qırǵını» atı menen kirgenligi tosınnan emes.

**Shıǵıs fronttaǵı awhal** Germaniya armiyası 1916-jıl fevralda Batıs frontta hújimge ótken soń, Franciya Rossiyadan járdem sorawǵa májbúr boldı. Buǵan juwap retinde general A.A. Brusilov basqarǵan rus armiyası may ayında hújimge ótti. Avstriya-Vengriya armiyasınıń Galiciyadaǵı frontı jarıp ótildi hám Avstriya-Vengriya armiyasına qattı soqqı berildi. Rus armiyasınıń hújimi aqıbetinde Avstriya-Vengriya armiyasınıń 1 millionnan aslam áskeri nabıt boldı. 400 mıńnan aslamı qolǵa alındı. Rus armiyası aldıǵa ótiwge miyasar boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Rumınıyanıń urısqa kirisiwi**

1914-jılı oktyabrde Rossiya-Rumıniya shártnaması dúzildi. Bunda, Rossiya Rumıniyanıń aymaqlıq pútinligin kepillikke aldı. Sonday-aq, Rumıniyanıń Avstriya-Vengriya imperiyasındaǵı rumınlar jasaytuǵın aymaqlarǵa bolǵan huqıqın tán aldı.

1916-jıldıń avgustında Rumıniya menen Antanta mámleketleri arasındaǵı shártnamaǵa qol qoyıldı hám Rumıniya Avstriya-Vengriyaǵa qarsı urısqa kiriw minnetlemesin aldı. Bunıń esesine oǵan Transilvaniya, Bukovina hám Banattıń úlken bólimi wáde etildi. 28-avgustta Rumıniya Avstriya-Vengriyaǵa qarsı urıs járiyaladı. Biraq, áskeriy jaqtan bekkem tayarlıq kórmegen Rumıniya armiyası tez qıyratıldı.

**Tárepler diń rejeleri**

1917-jılı Antanta qurallı kúshleriniń san jáǵınan ústinligi 40 % ti quradı. Hátte, áskeriy-ekonomikalıq jaqtan qalaq Rossiya da 1917-jıldıń baslarında aylıq oq-dári hám áskeriy texnika islep shıǵarıwda eń joqarı kórsetkishke eristi. Antanta jıldıń baslarında-aq hújimdi baslawdı rejelestirdi. Sheshiwshi soqqını bolsa jazda beriwge qarar etti.

Usı dáwirde, «Tórtlikler awqamı» da qol qawıstırıp otırmadı. 1916-jıldıń avgustında general-feldmarshal fon Gindenburg Germaniya armiyasınıń komandiri etip tayınlandı hám kóp ótpey Germaniya armiyasınıń 1917-jılǵı háreket rejesin dúzdi. Reje front sızıǵı kólemin azaytıw maqsetinde armiyanı aldınnan bekkem tayarlap qoyılǵan aqırǵı punktine shekem qaytarıwdı kózde tutqan.

**AQSHtıń urısqa kirisiwi**

Urıs baslanǵan waqıtta AQSH biytáreplik járiyalaǵan edi. Biraq, AQSH Birinshi jáhán urısınıń barısın dıqqat penen baqlap bardı. Urısıwshı toparlardıń heshqaysısı tolıq jeńiske erisiwin qálemedi. Ol Evropanıń bir-birine dushpan bolǵan mámleketler toparına bólingenshe qalıwın qáleytuǵın edi.

Urıstıń úlken áskeriy qárejetler talap etiwi hám uzaq sozılıwı jaǵdayında AQSH júdá úlken finanslıq máp kóriwi anıq edi. Bul imkaniyattı qoldan shıǵarıwdı qálemegen AQSH Antantaǵa járdem kórsete basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Atap aytqanda, bir ǵana 1915-jılı AQSH Ullı Britaniya hám Franciya menen 500 mln. dollar muǵdarında qarız beriw haqqındaǵı shártnama dúzdi. Áste-aqırın Evropadaǵı 20 mámlekettiń AQSHtan qarızı 10 mlrd. dollardı quradı.

1917-jıldıń fevralınan baslap Germaniya Ullı Britaniyaǵa qarsı sheklenbegen suw astı urısı járiyalaǵanı hám bul urıstıń AQSH máplerine de úlken zıyan jetkergenligi AQSH ústem toparların biypárwa qaldırmadı.

Qolaylı pursattan paydalanǵan AQSH húkimeti 6-aprelde Germaniyaǵa urıs járiyaladı. AQSH áskeriy kúshleriniń dáslepki bólimleri iyunda Franciya aymaǵına taslandı. Bir jıldan soń Batıs frontta sawash júrgizip atırǵan AQSH ármiyalarınıń sanı 2 mln. adamdı quradı. AQSHtıń urısqa kirisiwi urıs táǵdirin Antanta paydasına sheshiw jolında úlken sebep boldı.

1. Germaniya Verden urısınan qanday maqsetti gózlegen edi?
2. A. A. Brusilovtıń Galiciya frontı sızıǵın jarıp ótiwi qanday áhmiyetke iye boldı?
3. Somma dáryası boyındaǵı sawashtıń áhmiyeti haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Rumınıya nege Antanta tárepinde urısqa kirdi?
5. Ne ushın AQSH tek 1917-jılǵa kelip urısqa kirdi? AQSHtıń urısqa kiriwi I jáhán urısında qanday rol oynadı?

1. Urıslarda tanktiń roli haqqında referat tayarlań. Olar házir qanday áhmiyetke iye?
2. Urısta AQSH qollaǵan hiylekerlik siyasatınıń mazmunın ashıp beriń.

## 37-§. Birinshi jáhán urısınıń juwmaqları hám aqıbetleri

**Urısıp atırǵan mámleketlerdiń awhalı**

Urıs, onıń qatnasıwshıları bolǵan mámleketler ishki turmısına keri tásir kórsetti. Ekonomika áskeriy maqsetlerge baǵındırıldı. Awır hám jeńil sanaattıń tiykarǵı bólimi urıs talapları ushın isledi. Urıs awıl xojalıǵın da awır awhalǵa salıp qoydı. Awıl xojalıq ónimlerin islep shıǵarıw keskin kemeydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Derlik barlıq mámleketlerde azıq-awqat jetispewshiligi júzege keldi. Nátiyjede, húkimetler azıq-awqat ónimlerine kartochka tártibin (qatań belgilengen norma) engizdi.

Xalıq arasında shovinizm kúshli úgit-násiyatlana baslandı. Solay etip, urıs parlament demokratiyasına kúshli soqqı berdi.

Pútkil urıs dawamında bir de bir parlament qanlı sawashqa qarsı narazılıq bildirmedi.

Endi mámleket óndiristi tártipke sala basladı. Bankler, shiyki zat bólistiriw hám áskeriy buyırtpalar ústinen mámleket húkimetiniń qadaǵalawı kúsheydi.

Urıstan sharshaǵan xalıq urıstıń tez tamamlanıwın talap etip húkimetke qarsı shıqtı. Sonlıqtan, urıstıń dáslepki jıllarında jámiyette turaqlasqan puqaralıq birligi buzıldı. Ayırım frontlarda áskerlerdiń doslasıwı, dushpan táreplerdiń bir-birine oq atıspawı júz berdi. Sebebi, armiya da urıstan sharshaǵan edi.

**Rossiyanıń awhalı**

Urıs Rossiyanıń ekonomikalıq hám siyasiy awhalın hádden zıyat keskinlestirip jiberdi. Aqıbetinde, 1917-jıldıń fevral ayında Rossiyada revolyuciya júz berdi. Rossiya imperatorı taxttan waz keshiwge májbúr boldı. Hákimiyat burjuaziya qolına ótti. Ol waqıtsha húkimet dúzdi.

Waqıtsha húkimet urıstı dawam ettiriwge qarar etti hám hátteki usı jıldıń jazında ol rus armiyasınıń hújimin de shólkemlestirdi. Biraq, bul hújim sátsizlikke ushıradı.

Bul sátsizlik Rossiyadaǵı siyasiy jaǵdaydı taǵı da qıyınlastırıp jiberdi. Nátiyjede, 1917-jıldıń 7-noyabrinde mámleket awdarıspaǵı júz berdi. Waqıtsha húkimet awdarıldı. Hákimiyattı V. I. Lenin basshılıǵındaǵı bolshevikler (kommunistler) partiyası basıp aldı hám ol Sovet húkimeti dep atalǵan húkimet dúzdi.

1917-jıdıń 8-noyabr kúni Sovet mámleketi «Tınıshlıq haqqında»ǵı (sulh) dekretti qabıl etti.

Bul dekrette basqınshılıq urısı keskin qaralanǵan hám onı adamzatqa qarsı eń awır jınayat dep járiyalanǵan edi.

Sovet húkimeti hárqanday sharayatta da separat pitim dúziwge umtıldı. Sebebi, armiya jawıngerlik ruwxın tolıq joǵaltqan hám Shıǵıs fronttıń usı sharayatta urıstı dawam ettiriwi tolıq qıyralıw menen barabar edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1917-jıldıń dekabrinde Sovet Rossiyası hám Avstriya-Germaniya komandirligi arasında jarasıw pitimine qol qoyıldı. Bunday pitim Rumınıya menen de qol qoyılǵan edi. Solay etip, Shıǵıs front háreketsiz qatıp qaldı.

**Basqa frontlardaǵı awhal**

1917-jıldıń aprel ayında Antantanıń Batıs fronttaǵı quralllı kúshleri hújimge ótti. Germaniya qorǵanıw sızıǵın jarıp óte almadı. Kerisinshe, bul sawashlar aqıbetinde úlken qurbanlar boldı. Bul hújimge Franciya quralllı kúshleriniń Bas komandiri Nevel basshılıq etkeni ushın «Nevel qırǵını» degen at aldı.

1917-jılı Italiya armiyası sátsizlikke ushıradı. Ullı Britaniya hám Franciyanıń jedel ráwishte járdem kúshleri Italiyanı saqlap qaldı. 1917-jıldıń noyabr ayında inglis armiyasınıń hújimin qaytarıwda Germaniya jáne bir jańa qural — ognemyotti qollandı.

Mesopotamiya hám Palestina frontlarında inglis armiyasınıń háreketleri kúsheydi. 1917-jıldıń martında inglisler Baǵdad qalasın iyeledi. Gúzde Osmaniyler mámleketi Arabiya yarım atawın tolıq, Palestinanıń bolsa bir bólimin qoldan berdi.

**Sovet Rossiyasınıń urıstan shıǵıwı**

Sovet Rossiyası 1918-jıldıń 3-mart kúni «Tórtlikler awqamı» menen olardıń shártleri tiykarında Brest tınıshlıq shártnamasına qol qoydı. Shártnamanıń shártleri Rossiya ushın júdá awır edi. Bunda Rossiya óz armiyasın tolıq demobilizaciya etiwi, áskeriy flotın portlarǵa qaytarıwı lazım edi. Sonday-aq, Rossiya Baltik boyı, Polsha, Finlyandiya hám Ukrainadan bas tartıwı kerek edi. Ukraina hám Finlyandiya ǵárezsiz mámleketler dep tán alındı. Kavkazdaǵı Kars, Ardagan hám Batumi Osmaniyler mámleketine berildi. Bunnan tısqarı, Rossiya Germaniyaǵa 6 mlrd. marka muǵdarda reparaciya tóleytuǵın boldı.

**Vudro Vilsonnıń tınıshlıq baǵdarlaması**

AQSH prezidenti V. Vilson 1918-jıldıń yanvarında I jáhán urısınan soń tastıyıqlanatuǵın tınıshlıq shártnaması hám qaytadan dúziletuǵın dúnyanıń siyasiy kartası boyınsha AQSHtıń kózqarasın dúnyaǵa málim etti. Bul kózqaras tariyxqa «Vilson tınıshlıq baǵdarlaması» atı menen kirgen. Bul baǵdarlama keyin ala jeńgen Antantanıń jeńilgen «Tórtlikler awqamı» menen dúzilgen shártnamalarına tiykar bolıp xızmet etken.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Urıstıń sońǵı basqıshı**

Batıs frontta barlıq diviziyalardıń tiykarǵı bólimin toplaǵan Germaniya 1918-jıldıń martında hújimge ótti. Bul onıń aqırǵı hújimi boldı. Biraq, bul hújim tabısqa alıp kelmedi. Sonday sharayatta Ullı Britaniya hám Franciya jeke komandirlik dúziwge qarar etti. Franciya marshalı Fosh birlesken kúshlerdiń komandiri etip tayınlandı. Franciya armiyaları qarsı hújimge ótti. Antanta hújimin toqtatıwdıń ilajı bolmadı.

Sentyabr ayında Bolgariyaǵa keskin soqqı berildi. Ol urıs háreketlerin toqtattı hám urıstan shıqtı. Avstriya-Vengriya jarasıw pitimin dúziw haqqında Antantaǵa jolıqtı. 3-noyabr kúni isınday shártnamaǵa qol qoyıldı hám Avstriya-Vengriya da urıstan shıqtı. Osmaniyler mámleketi Antanta menen jarasıw pitimine qol qoyıwǵa májbúr boldı.

Urıs Germaniyada revolyuciyalıq jaǵdaydı júzege keltirdi. 9-noyabrde Germaniya imperiyası quladı. Imperator Vilgelm II taxttan bas tarttı hám elden qashıp ketti. 10-noyabrde Germaniya social-demokratiyalıq partiya jetekshisi Ebert basshılıǵında jańa húkimet dúzildi. 11-noyabrde Kompen toǵayında, marshal Foshtıń shtab vagonında Antanta menen Germaniyanıń táslim bolǵanlıǵı haqqında pitimge qol qoyıldı. Solay etip, birinshi jáhán urısı Antantanıń jeńisi menen tamamlandı.

1919-jılı 28-iyunde Versalda pitim shártnamasına qol qoyıldı. Tórtlikler awqamı mámleketleri talandı, kóplegen aymaqlarınan ayırıldı, 132 mlrd. marka reparaciya tóleytuǵın boldı. Birinshi jáhán urısında dúnyanıń 38 mámleketi qatnastı. Olarda 1,5 mlrd. tan aslam xalıq jasaytuǵın edi. Urısqa 74 mln. ǵa jaqın adam jiberilgen. Jámi 10 mln.ǵa jaqın adam nabıt boldı, 20 mln. nan aslam adam bolsa mayıp, jaradar boldı. Bunnan tısqarı, júdá kóp adam kesellik hám ashlıqtan ólip ketti. Adamzat birinshi jáhán urısına shekem bolǵan 1000 jıl dawamında júz bergen barlıq urıslarda da sonshelli qurban bolmaǵan edi. Birinshi jáhán urısınıń tiykarǵı qatnasıwshı mámleketleri óziniń milliy baylıǵınıń úshten bir bólimin joǵalttı.

***Dekret*** (latınsha — qarar) — joqarı hákimiyat basqarıw organı shıǵarǵan hám nızam kúshine iye bolǵan qarar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Reparaciya*** (latınsha — tiklew) — xalıqaralıq huqıqta urısta kórilgen zıyandı tolıq yaki az bólegin qaplaw ushın jeńilgen mámleket jeńgen mámleketke tóleytuǵın kompensaciya.
***Separatizm*** (latınsha — ajırataman) — ajıralıp shıǵıwǵa umtılıw. Xalıqaralıq huqıqta awqamlas mámleketlerdiń biri tárepinen awqamlaslar ruqsatısız hám olar menen kelispey turıp, urısıp atırǵan dushpan mámleket penen dúzilgen pitim.
***Sulh*** — urıs háreketlerin toqtatıw ushın dúzilgen pitim. Xalıqaralıq shártnamalardıń bir túri.

1. Urıstıń urısıp atırǵan mámleketlerdiń ishki awhalına kórsetken tásiri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
2. Sovet húkimetiniń «Tınıshlıq haqqında»ǵı dekreti mazmunı haqqında aytıp beriń.
3. Sovet Rossiyası qay tárizde urıstan shıqtı?
4. Ne ushın Brest tınıshlıq shártnamasınıń shártleri júdá awır bolsa da Sovet húkimeti oǵan qol qoyǵan?
5. «Tórtlikler awqamı» quramındaǵı mámleketlerdiń izbe-iz jeńiliw procesi haqqında aytıp beriń.

1. Urıstıń ekonomikalıq awhalǵa tásirin aytıp beriń.
2. «Tınıshlıq haqqında»ǵı dekrettiń mazmunı neden ibarat?
3. Ognemyot degen ne? Ol qalay jetilisti?
4. German blogi jeńilgenligi haqqında referat jazıń.
5. Tómendegi hújjetli material mazmunı boyınsha pikirlesiń:

AQSH prezidenti V.Vilsonnıń 1916-jıl iyul ayında sóylegen sózinen:

«Biz dúnyada úlken rol oynawımız múmkin. Sizler bir fakti itibarǵa aldıńız ba, aqırǵı bir yaki eki jıl ishinde biz qarızdar mámleketten qarız beriwshi mámleketke aylandıq. Jáhándegi artıqsha altınnıń sonshelli kóp bólegi biziń qolımızda, burın heshqashan bunshelli altınǵa iye bolmaǵanbız. Usı waqıttan baslap biziń jumısımız qarız beriw, úlken xalıqaralıq kárxanalarǵa járdemlesiw hám olardıń jumısın alǵa qoyıwdan ibarat bolıp qaldı. Biziń pútkil jáhándi kóp muǵdarda qarjı menen támiyinlewimizge hám onı óz bilgenimizshe hám qálegenimizshe basqara alıwımızǵa tuwrı kelmekte».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BÓLIM | ILIM HÁM MÁDENIYAT

## VIII BAP. XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ – XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA ILIM HÁM MÁDENIYATTÍŃ RAWAJLANÍWÍ

### 38- §. Materiallıq óndiriste texnika hám ilimniń rawajlanıwı

**Ullı ashılıwlar**

Bul dáwirde óndiris kúshlerdiń óskenligi hám jámiyettiń mútájlikleri artqanı sebepli transport, elektr, arxitektura, metallurgiya, mashinasazlıq hám basqa tarawlarda iri ashılıwlar boldı. Dúnya ellerinde temir jollardıń kóbeyiwi nátiyjesinde parovozsazlıqta iri ózgerisler boldı. Ápiwayı hám kúshsiz bolǵan puw mashinaları ornına ishki janıw dvigateli hám elektr dvigatelleri jaratıldı. Elektr dvigatelinen dáslep transportta paydalanıldı. 1895-jıldan Ullı Britaniya hám AQSHtıń iri qalalarında tramvay qollanıla baslandı. Temir jollardı elektrlestiriw tarawında tájiriybeler ótkizildi. Kemeler qurılısında polat keń kólemde paydalanıla baslandı.

**Elektr**

Elektr sanaatı joqarı dárejede rawajlanǵan eller tez rawajlandı. Sanaattıń rawajlanıwı fabrika, zavod, sawda orınları hám mákemelerdiń jasalma jarıtqıshlarǵa bolǵan talabın jıl sayın arttırıp bardı.

1876-jılı rus alımı *P.N. Yablochkov* «elektr shamı» dep atalǵan lampanı oylap taptı. Amerikalı oylap tabıwshı *T. Edison* hawası sorıp alınǵan kómir talshıqlı jarıtqısh lampasın jarattı. Nyu-Yorkta Edison qurǵan birinshi ıssılıq elektr stanciyası júzlegen tutınıwshılardı energiya menen támiyinley baslaǵan.

Qurılıs salasında úlken ózgerisler júz berdi. Endi metall hám aynalardan keń paydalanılatuǵın boldı. Sol sebepli, fabrikalar, banklar, bazarlar, sawda dúkánları, vokzallar, úy-jaylar, úlken miymanxanalar hám basqalar qurıla baslandı.

**Qurılısta metall hám aynadan paydalanıw**

Qurılısta cement úlken áhmiyetke iye boldı. Jańa qurılıs materialı — temir-beton payda boldı. Onı francuz bag-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Tomas Edison.**

manı *Mone* oylap tapqan dep esaplanadı. Ol temir-betonnan úlken gúltúbekler tayarlaǵan. Jańa materiallar temir-beton, metall hám shiyshelerdiń paydalanılıwı imaratlar arxitekturasına tásir etti. 1889-jılı Parijdegi Jáhán kórgizbesi ushın francuz injeneri *Eyfel* oǵada úlken tek metalldan jasalǵan, biyikligi 300 m bolǵan minara qurdı. Bunnan keyin Amerikada biyikligi 400 m ge shekem bolǵan biyik imaratlar qurılısında paydalandı.

Temir jol tunnellerin ashıw hám temir jol kópirlerin qurıw texnikası da ózgerdi. 1880-jılı Alp tawlarındaǵı belgili Sen-Gotard shıǵarlıǵı astında 15 kilometrlik tunnel qurıldı.

Bul dáwirde gidroqurılıs texnikası da ózgerdi. Atlantika okeanı menen Tınısh okeanın bir-birine tutastırıwshı Panama kanalı qurıp pitkerildi.

**Metallurgiya** Metallurgiya sanaatın rawajlandırmay turıp, qurılıs shiyki zatların tayarlaw múmkin emes edi. Metall eritiw texnikası jetilistirildi. Metallurgiyada avtomatlastırıwdı nemis alımı *R. Kirxgof* jarattı. Pechlerdiń sıyımlılıǵı arttı. Shoyındı polatqa aylandırıw máselesi sheshildi. Sanaat ushın zárúr sulfat kislota islep shıǵarıwda jańa texnologiyalar payda boldı. Jasalma soda alıwdıń ammiak usılı engizildi.

1886-jılı elektrolit jolı menen alyuminiy ajıratıp alındı. XX ásir basında *L. Bakeland* (Belgiya) plastmassa alıw jolın taptı.

Bul dáwirde mashinasazlıq keń rawajlandı. Metall kesiw procesin ilimiy jaqtan tekseriwge rus ilimpazı *I.A. Time* tiykar saldı. Elektr menen kepserlew usılın dáslep amerikalı elektrotexnik *Tomson* qollanǵan edi.

**Neftti qayta islew** XIX ásir aqırı hám XX ásir basında neftti qayta islew sanaatı júzege keldi. Ishki janıw dvigateliniń rawajlanıwı menen benzin alıw mashqalası payda boldı. Benzin menen isleytuǵın jeńil dvigateller jaratıwda nemis alımı *G. Daymler* úlken tabısqa eristi. Ol



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

avtomobil, motorlı qayıq, motociklge ornatılatuǵın dvigatellerdi jarattı.



**Birinshi avtomobil. 1885-jıl**

1897-jılı *R. Dizel* janılǵı qısılǵanda óz-ózinen jalınlanıp ketetuǵın jańa dvigatel dóretti. Birinshi aeroplanlardı jaratıwda rus oylap tabıwshısı *A. F. Mojayskiy,* inglis konstruktorı *G. Filipps,* francuz oylap tabıwshısı *K. Aderlar* úlken úles qostı. 1903-jılı aǵa-ini *Uilber* hám *Orvill Raytlar* samolyotta ushtı. Sanlı esaplaw mashinaların *Charlz Bebbij* (Angliya), tigiw mashinaların programmalastırıwdı *Jozef Mari Jakkard* (Franciya), samolyotlardı avtomat basqarıwdı *L. Sperri* (AQSH), raketaplandı *N. I. Kibalchich* (Rossiya) jarattı.

**Radiotelefon**

Texnika tarawındaǵı ashılıwlardan biri radionıń oylap tabılıwı boldı. Nemis ilimpazı *G. Gerc* elektromagnit tolqınları tarqalıwın dúnyada birinshi bolıp tájiriybede dálilledi. Rus ilimpazı *A. S. Popov* sımsız baylanıs ushın elektromagnit tolqınların shıǵarıw hám qabıl etiw usılın taptı hám kerekli ásbaplardı (peredatchik hám priyomnik) jarattı. Solay etip, radioǵa tiykar salındı. Ullı Britaniyada *G. Markoni* tárepinen sımsız telegraf oylap tabıldı.

XIX ásirdiń aqırında texnikanıń jańa tarmaǵı — telefon tez rawajlandı. Shotlandiyada tuwılıp, Amerikada jasaǵan texnik *A. Bell* telefon apparatına birinshi bolıp patent aldı. Telefon basqa oylap tabılıwlardan parqı sonda, ol derlik barlıq ellerde tez dástúrge aylandı. Dáslepki qala telefon stanciyası AQSHta iske qosıldı. Sonnan keyin Parij hám Berlinde telefon stanciyaları ashıldı.



**A. S. Popov**

*T. Edison* ses jazıp alıw hám onı tákirarlap esittiriw apparatı — fonograf islep shıqtı. Onıń tiykarında grammofon hám basqa mexanikalıq usılda ses jazıp alıw ushın qollanılatuǵın ásbaplar payda boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Áskeriy taraw** XIX ásirdiń aqırlarınan dúnyanı qayta bólistiriw ushın gúres baslanıwı menen áskeriy taraw hám ekonomika ortasında baylanıs tereńlesti. Mashinalastırılǵan industriya bir qansha áhmiyetli áskeriy-texnika jańalıqların ámelge asırıw imkanın berdi.

Bul dáwirde barlıq ellerde dala armiyası hám dala artilleriyası sanı toqtawsız ósti, bul jaǵday piyada hám artilleriya áskerleri ushın qural-jaraq islep shıǵarıwdıń san hám sapa jaǵınan tez ósiwine sebep boldı.

Bul dáwirde magazinli (oq dári) tez atar mıltıq oylap tabıldı. Biraq, tútinli poroxtıń qollanılıwı bul mıltıqtıń jawıngerlik sapasın kemeyttiretuǵın edi. Magazinli mıltıqlar tez-tez atıw waqtında tútin tarqalıwına úlgere almay, atıwshılarǵa nıshan jaqsı kórinbeytuǵın edi. Solay etip, áskeriy is ámeliyatı tútinsiz porox oylap tabıw wazıypasın qoydı.

1884-jılı francuz ilimpazı *Vele* piroksilinli tútinsiz porox tayarlawǵa eristi. Rossiyada *D. I. Mendeleev* francuzlardan ǵárezsiz ráwishte tútinsiz poroxtıń sırın taptı. Kóplegen ellerde tútinsiz porox islep shıǵarıw jolǵa qoyıldı.

Mıltıqtıń jetilistiriliwi hám poroxtıń jaqsılanıwı menen birge, jaqsı qurallanǵan, kóp sanlı áskerlerdiń qısımına qarsılıq kórsetiwshi jawınger armiyalar júzege keldi.

Franciyada tez atar kóshpeli toplardıń, sonday-aq, jarılıwshı zatlardıń payda bolıwı armiyanıń jawıngerlik sapasın kóterdi.

Jańa jarılıwshı zat tayarlawda shveciyalı injener *A. Nobel* tań qaldırarlıq jańalıq ashtı. Ol 1888-jılı kóp jıllıq izleniwleriniń nátiyjesinde dinamit jarattı.

Birinshi jáhán urısı qarsańında oq atar qurallar hám artilleriya birqansha jetilistirildi. Stanoklı pulemyot penen bir qatarda urıs dawamında jeńil qol pulemyotları da jaratıldı. Oǵada uzaqqa atatuǵın toplar payda boldı. Ishki janıw dvigateli ornatılǵan, shınjırlı, qalqanlı artilleriya menen qurallanǵan tank sawash sharayatında birinshi ret inglisler tárepinen qollanıldı. Tank qıyratıwshı sawash quralına aylandı.

XX ásirdiń baslarında saatına 220 km ge shekem tezlik penen ushatuǵın, ushıw biyikligi 7000 metrge shekem, al ushıw uzaqlıǵı 900 km ge shekem bolǵan samolyotlar islep shıǵıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Solay etip, bul dáwir ilimiy-texnikanıń jedel rawajlanıwı menen xarakterlenedi.

1. XIX ásirdiń 70-jıllarında jáhánniń iri rawajlanǵan ellerinde texnikanıń rawajlanıw dárejesi nelerge tiykarlandı?
2. Qaysı mámleketlerde transport hám temir jollar eń áhmiyetli, strategiyalıq áhmiyetke iye tarawlar sıpatında qaraldı?
3. Rus oylap tabıwshılardan kimlerdi bilesiz? Olar ilimniń rawajlanıwına qanday úles qosqan?
4. Birinshi samolyottı kim oylap tapttı hám dáslepki samolyot neshinshi jılı párwaz qıldı?
5. Uzaq aralıqlardı jaqın etiw maqsetinde telefon apparatları qashannan baslap iske túsirilgen?
6. Radionı oylap tapqan kim? Házirgi kúnde radionıń ornı qanday?

1. Házir dúnya elektrsiz jasay ala ma? Pikir júrgiziń.
2. Ne sebepten Ózbekstanda atom elektr stanciyası qurılıp atırǵanlıǵın fakrler járdeminde dálillep beriń.
3. Alfred Nobel haqqında referat jazıń.

## 39- §. Anıq hám tábiyiy pánlerdiń rawajlanıwı

**Tábiyat iliminiń rawajlanıwı**

XIX ásir aqırı — XX ásir basları — házirgi zaman tábiyat iliminiń rawajlanıwındaǵı eń áhmiyetli dáwirlerden biri. Tábiyat haqqındaǵı ilimlerdiń hár qıylı tarawlarında revolyuciyalıq ashılıwlar bolǵan, álem haqqındaǵı eski túsiniklerdiń tamırına balta urılǵan dáwir.

Bul dáwirde tábiyat iliminiń rawajlanıwı ayırım eller ortasında ekonomikalıq básekiniń kúsheyiwi hám dúnyanıń jańa aymaqlarına ekonomikalıq jaqtan kirip barıwǵa umtılıwı menen baylanısqan.

Tábiyat haqqındaǵı anıq ilimler bul dáwirde de keń kólemdegi tájiriybe tiykarında rawajlandı hám bul ámeliy tájiriybeni jańa ilimiy oylap tabılıwlar nurı menen bayıttı.

Bul dáwirde ilim jáne de qánigelestirildi hám ilimniń jańa tarawları júzege keldi. Burınǵı ayırım alınǵan ilimler óz ara birlesti. Atap aytqanda, fizika menen ximiya shegarasında óz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aldına fizika-ximiya payda boldı. Jańa ashılıwlar XX ásirdiń ekinshi yarımındaǵı ilim-texnika revolyuciyasına (ITR) jol ashıp berdi. Bilimlerdiń jańa tarawı—texnika ilimleri júzege keldi. Olar, tiykarınan, ótken dáwir ilimiy tabısları negizinde óndiristi jetilistiriw mashqalaları menen shuǵıllanatuǵın edi.

Ilimniń rawajlanıwı álemniń birligi haqqındaǵı ideyanı alǵa súrdi, ekinshiden bolsa álem haqqındaǵı bilimlerimiz salıstırmalı, degen juwmaqqa alıp keldi.

### Matematika, ximiya, fizika

Matematika tarawındaǵı oylap tabıwlar rus ilimpazı *N. I. Lobachevskiy,* italyan ilimpazı *Y. Beltrami*, Avstriya matematigi *D. Gilbert* hám basqa ilimpazlardıń atları menen baylanıslı. Rus ilimpazı *N.Y. Jukovskiy* 1904-jılı tapqan jańalıǵı, házirgi zaman aerodinamikasınıń rawajlanıwı ushın tiykar boldı. Bul qanattıń kóteriw kúshin anıqlaw formulası edi.

Rus alımı *A. S. Popovtıń* izertlewleri elektromagnit tolqınların sımsız baylanıs ushın keń kólemde paydalanıw imkaniyatın berdi. *P. N. Lebedev* ilimiy jumısları nátiyjesinde elektromagnit tolqınlarınıń ulıwma shkalasındaǵı bos orın — ádettegi radiotolqınlar menen infraqızıl nurlar ortasındaǵı boslıq toltırıldı. Lebedev jaqtılıqtıń elektromagnit teoriyasın dálilledi.

1870-jılı inglis ilimpazı *U. Kurks* siyreklestirilgen hawadaǵı katod nurların oylap taptı. 1897-jılı inglis ilimpazı *J. Tomson* katod nurları teris zaryadlı bóleksheler — elektronlar aǵımı ekenligin anıqladı. 1888-jılı *V. Galvane* teris zaryadlanǵan metall plastinka iymek lampa nurı menen jaqtılandırılǵanda óz zaryadın joǵaltıwın dálilledi.

Atom bólekshelerin úyreniwge rus ilimpazı *D.I. Mendeleev* tiykar saldı. Ol 1869-jılı barlıq ximiyalıq elementlerdiń atom salmaqları ortasındaǵı baylanıslılıq bar ekenligin oylap taptı hám óz atı menen atalıwshı turaqlı dáwirlik sistemanı jarattı.

Atomnıń ishki strukturasına kirip barıw nurlanıwdı úyreniw menen baylanıslı edi. Francuz fizigi *A. Bekkerel* bul qubılıstı úyrenip, uran atomları jaqın jerde turǵan denelerden ótip ketetuǵın nurlardı óz-ózinen shıǵarıwın anıqladı. Parijde *M. Sklodovckaya-Kyuri* tájiriybeler procesinde óz-ózinen nur shıǵarıw tek uran atomlarına ǵana tán emes degen juwmaqqa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


**Albert Eynshteyn**

keldi. Belgili atomlardıń bul ózgesheligin ol radioaktivlik dep atadı. Ol ómirlik joldası — ataqlı francuz fizigi *P. Kyuri* menen birge ayırım radioaktiv elementler uranǵa qaraǵanda intensivirek nur shıǵaratuǵının dálilledi. Erli-zayıplı *Kyuriler* eki áne sonday elementti ajıratıwǵa muwapıq boldı. Bul elementler poloniy (*M. Sklodovskaya-Kyuridiń* watanı húrmetine, sebebi ol Polshadan edi) hám radiy (nurlanıwshı) dep ataldı.

Ilimpazlar atom zattıń eń mayda bólekshesi emesligine isenim payda ete basladı. XX ásirdiń baslarında birinshi mikrobólekshe — elektron oylap tabıldı. Kóp ótpey radioaktiv elementler tarqalǵan waqıtta tap usı elektronlar ajıralıp shıqqanlıǵı belgili boldı. Inglis fizigi *E. Rezerford* barlıq atomlar awır yadroǵa iye ekenligin dálilledi. Ol atomnıń planetar modelin jasadı, bul modelde yadro («quyash») átirapında elektronlar («planetalar») aylanatuǵın edi.

Daniyalı fizik *N. Bordıń* dúzetiw kirgizdi, onıń modelindegi elektronlar bir orbitadan ekinshisine sekirip ótip, energiya porciyasın (kvant) shıǵaradı. Bul klassik Nyuton fizikası menen pútkilley ajıralıwı edi hám klassik fizikanıń nızamları mikrodúnya ushın durıs kelmey qalǵanlıǵın kórsetetuǵın edi.

Keńislik penen waqıttıń óz ara qatnası haqqındaǵı ilimiy kózqaras ta ózgerip bardı. 1905-jılı nemis ilimpazı *A. Eynshteyn* salıstırmalılıq teoriyasınıń tiykarǵı ideyaların járiyaladı. Denelerdiń úlkenligi hám waqıttıń uzınlıǵı salıstırmalı dep dálilledi, keńislik penen waqıttıń ózgeshelikleri materiallıq obyektlerdiń háreketine baylanıslı. Tezlik jaqtılıq tezligine jaqınlasıp barǵanında waqıttıń ótiwi páseyedi, denelerdiń úlkenligi qısqaradı.

Biologiyada da ilgerilewler boldı. *G. Mendeldiń* násillik nızamların oylap tabıwı — genetikanıń rawajlanıwına tiykar saldı. Pikirlewdiń materiallıq negizlerin biliwge dáslepki qádemler qoyıldı. Rus fiziologi *I. P. Pavlov* insan háreketiniń negizinde bas miy qabıǵında júz beretuǵın materiallıq fiziologiyalıq procesler jatıwın dálilledi. Solay etip, pikirlew procesi joqarı dárejede payda bolǵan materiyanıń ayrıqsha ózgesheligi boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Organikalıq sintez tarawında da tabıslarǵa erisildi. *V. Grinyar* 1900-jılı túrli organikalıq zatlardı sintezlew usılın ashtı. *P. Grisstiń* diazotlaw reakciyasın oylap tabıwı azotlı boyawlardıń úlken bir klasın jaratıw múmkinshiligin berdi.

Boyawlardı sintezlew tarawındaǵı jumıslar dáriler islep shıǵarıwdıń rawajlanıwına járdem berdi. Ximiyalıq proceslerdi izertlewge termodinamikanıń engiziliwi nátiyjesinde, ximiyalıq termodinamika payda boldı. 1887-jılı shved ilimpazı *S. Arrenius* elektrolitlik dissociaciya teoriyasın jarattı. 1881-jılı *M. G. Kucherov* bolsa gidratlanıw reakciyasın ashtı.

**Tábiyattanıw**

Nemis ilimpazı *T. Shvannıń* barlıq organizmlerdiń kletkalı dúzilisi haqqındaǵı jańalıqları tábiyattanıwdıń ilimiy tiykarın bekkemlewge xızmet etti. Inglis tábiyattanıw ilimpazı *Charlz Darvinniń* «Túrlerdiń kelip shıǵıwı» miyneti ilimde úlken burılıs boldı. XIX ásirdiń sońǵı sheregi darvinizmniń tarqalıw hám qarar tabıw dáwiri boldı. Dúnya boylap 5 jıllıq sayaxatı dáwirinde toplanǵan úlken botanikalıq hám zoologiyalıq materiallardı ulıwmalastırıw tiykarında *Ch. Darvin* pútkil tiri tábiyat, sonnan, adam da evolyuciya procesiniń ónimi, degen juwmaqqa keldi.

**Mikrobiologiya**

Mikrobiologiya ilimindegi revolyuciyalıq ózgeris francuz mikrobiologi hám ximigi, házirgi zaman mikrobiologiya hám immunologiya pániniń tiykarshısı *Lui Paster* atı menen baylanıslı. Ol ashıw procesin úyrenip, vino, pivo hám basqa ónimler islep shıǵarıw sanaatına ilimiy tiykar saldı. Ónimniń ashıw procesin mikroblar keltirip shıǵaratuǵın biologiyalıq proces ekenligin dálilledi. Pasterdiń tájiriybeleri túrli azıq-awqat ónimlerin sterillew hám pasterlew usılların jaratıw ushın úlken áhmiyetke iye boldı. Ullı ilimpaz adam, haywan hám quslardıń juqpalı kesellikleri — kúydirgi, qutırıw, xolera hám basqaların úyrenip, olardıń (ásirese, qutırıwdıń) aldın alıwshı emlew usılların jarattı. Onıń izleniwleri immunitet haqqındaǵı ilimniń jaratılıwı ushın tiykar boldı.

**Medicina**

Medicina ilimi de tabıslarǵa eristi. 1880-jılı nemis ilimpazı *K. Eber* súzek (tif), 1884-jılı *F. Lyufler* difteriya keltiriwshi mikrobtı taptı. Nemis ilimpazı *R. Virxov* házirgi zaman patologiyalıq anatomiya tiykarların



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jarattı. 1875-jılı rus ilimpazı *F. A. Lesh* amyoba dizenteriyasın tuwdırıwshı mikrobtı anıqladı.



**Vilgelm Rentgen**

Fizika tarawındaǵı ashılıwlar da medicinaǵa járdem berdi. Maksvelldiń elektromagnit tolqınları haqqındaǵı teoriyasınan kelip shıǵıp, 1895-jılı nemis fizigi *Vilgelm Konrad Rentgen* hár qıylı buyım, nárselerden hár túrli ótiwshi kórinbeytuǵın nurlardı oylap taptı. Nurlardıń kelip shıǵıwı hám payda bolıwı ilimpazǵa belgisiz edi hám olardı «X nurlar» dep atadı. Usı ashılıwǵa tiykarlanǵan hám ilimpazdıń atı menen «Rentgen» apparatı jaratıldı. Endi shıpakerler ishki jaraqatlardı, súyek sınıwların kóriwleri múmkin edi. Bul ushın fizikler arasında birinshi bolıp Rentgenge Nobel sıylıǵı berildi.

Ximiya tarawındaǵı ashılıwlardan da medicinada ónimli paydalanıldı. Sabın alıwdıń sanaat usılın iyelew, onnan emlewxanalarda, ásirese xirurglar tárepinen paydalanıw operaciyalar payıtında infekciya qáwpin kemeyttirdi.

Juqpalı keselliklerge qarsı gúreske tuberkulyoz keselligin shaqırıwshı bacillanı oylap tapqan nemis ilimpazı *Robert Kox* (1843 — 1910) úlken úles qostı. Ol epidemiyalarǵa qarsı profilaktikalıq ilajlardı islep shıqtı hám dári-dármaqlar jarattı. Rus ilimpazı, Nobel sıylıǵınıń laureatı *I. Mechnikov* bolsa organizmlerdi mikroblardan qorǵaw haqqında jańa táliymat jarattı.

***Ilim*** (arabsha) — adamnıń oqıw, úyreniw hám turmıslıq tájiriybesi arqalı arttırǵan bilimi.
***Pán*** (arabsha) — durıslıǵı ámelde tastıyıqlanǵan, tábiyat hám jámiyet nızamlılıqların ashıp beriwshi hám de qorshaǵan ortalıqqa tásir kórsetiwshi bilimler sisteması.
***Sterilizaciya*** (latınsha — taza) — medicina hám biologiyada túrli zatlar, baylaw materialları, azıq-awqat ónimlerin zıyanlı mikroorganizmlerden tolıq tazalaw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Pasterlew*** (avtor shaxs Paster atınan alınǵan) — zıyanlı mikroorganizmlerdi óltiriw ushın suyıqlıqtı 60 — 80°C ǵa shekem qızdırıw hám olardı tez suwıtıw.
***Bacilla*** — kesellik qozdırıwshı hám tarqatıwshı mikroorganizm (mikrob — tayaqsha).

1. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında ilim-pánniń rawajlanıwına sebep bolǵan ilimpazlardı aytıp beriń.
2. Fizika páninde qanday ashılıwlar ámelge asırıldı?
3. Ximiya ilimi tarawında ilimiy ashılıwlardı ámelge asırǵan belgili ilimpazlardıń jumısı haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında qaysı jańa ilim tarawlarına tiykar salındı?

1. Jámiyet turmısında ilimniń áhmiyeti qanday? Pikirlesiń.
2. Genetika házir qay jerlerde qollanılmaqta?
3. Ch. Darvin táliymatına házir qalay qaralmaqta? Evolyuciya degen ne
4. Usı temada alǵan maǵlıwmatlarıńızdı fizika, ximiya hám biologiya sabaqlıqlarıńızdan alǵan maǵlıwmatlar menen toltırıń. Sizde payda bolǵan ayırım pikirler hám sorawlar boyınsha oqıtıwshıńızǵa múrájáát etiń.
5. Sol dáwirde ne ushın elimizden dúnyaǵa belgili tábiyattanıw ilimleri boyınsha ilimpaz jetisip shıqpaǵan?

## 40-§. Xalıq bilimlendiriwi. Gumanitar pánler. Kórkem óner

**Xalıq bilimlendiriwi**

Texnikanıń rawajlanıwı joqarı dárejeli qánige hám jumısshılarǵa bolǵan talaptı kúsheytip jiberdi. Rawajlanǵan ellerde 12 — 13 jasqa shekem bolǵan balalardı ulıwma májbúriy hám biypul oqıtıw engizildi. Bul faktor xalıq sawatlılıǵın arttırıwǵa alıp keldi.

Jeńillestirilgen oqıw orınlarınıń tarawı keńeydi. Biraq, xalıqtıń tiykarǵı bólimi jarlı jasaǵanlıǵı, tómen úy-jay sharayatları, balalıǵınan tirishilik ushın pul tabıw zárúrligi bir qatar ellerde kóplegen balalardı oqıwdı aqırına jetkermesten mektepti taslap ketiwge májbúr etetuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonday-aq, bilimlendiriw tarawında unamsız tárepleri de bar edi. Ayırım ellerde jaslardı milletshilik, rasalıq ruwxta tárbiyalawǵa itibar berilgen edi. Ásirese, AQSHta xalıq bilimlendiriw sisteması rasalıq ruwxında edi. Negrlerdiń balaları ushın arnawlı mektepler ashılǵan bolıp, bul mekteplerde aq denelilerdiń balaları ushın shólkemlestirilgen mekteplerge qaraǵanda az kólemde bilim beriletuǵın edi. Eldegi rasalıqqa qarsı gúres máselesi *Garriyet Bicher-Stoudıń* «Tom toǵaning kulbasi» shıǵarmasında óz kórinisin anıq taptı.

Bul dáwirde Shıǵısta xalıq bilimlendiriwi tarawında Batıstıń jetiskenlikleri en jaydırıla baslandı. Evropa tásiri kúsheydi.

XX ásirdiń baslarına kelip, jámiyettiń rawajlanıwı ushın zárúr bolǵan tábiyiy ilimlerdiń, texnikanıń tez rawajlanıwı diniy úrp-ádetlerden awlaq bolǵan ilimiy dúnyaǵa kózqaras dárejesiniń bekkemleniwi ushın sharayat jarattı. Gumanitar ilimlerde, ásirese, filosofiya, ekonomika teoriyası, ádebiyat hám sociologiyada realistlik haqıyqatlıqtı sáwlelendiretuǵın shıǵarmalar júzege keldi. Bir qatar alımlar hám jazıwshılar insanlardıń jaqsı jasawı ushın, demokratiya, teńlikti támiyinlewshi jámiyetke umtılıwshı ideyalardı sáwlelendiriwshi shıǵarmalardı júzege keltirdi. Biraq, qalay etip bolsa da baylıq toplawǵa shaqıratuǵın shıǵarmalar da payda boldı.

Bul dáwirde mádeniyat, ádebiyat hám kórkem ónerdiń demokratiyalıq tiykarda rawajlanıwı ádebiyatta óz kórinisin taptı. Sol sebepli kritikalıq realizm hám naturalizm júzege keldi.

Bul dáwirde filosofiya ilimi de rawajlanıp, dáwirge iykemlesti.

### Filosofiya hám koloniyalıq ideyalar

Burın aǵartıwshılıq kúshli bolsa, endi insan huqıqlarına itibar kúsheydi. Ilimniń rawajlanıwı menen onıń jámiyettegi ornın belgilew, barlıq sociallıq mashqalalardı sheshiwde ilimniń unamlı qubılıs ekenligin dálillew kúsheydi.

Bul dáwirdiń belgili filosoflarınıń biri *Fridrix Nicshe* insan erki máselesine úlken itibar berdi. Insan barlıǵında maqluqlıq hám erkinlik birlesip ketkenin dálillewge háreket etti. Ol zardushtiylik tásiri astında «Zardusht tavallosi» shıǵarmasın jazdı. Bunda kúshli shaxslardı tárbiyalaw ideyası alǵa qoyıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*O. Shpengler* «Evropacentrizm»ge qarsı shıqtı. Hárbir mádeniyattıń ózine tánligi, bir-birinen ayrıqsha jağdayda rawajlanıw ideyasın tolıqtırdı. Bul pikirler onıń «Yevropa quyoshning botishi» shığarmasında óz kórinisin taptı.

*Z. Freyd* — psixoanaliz teoriyasınıń tiykarın salıwshı. Onıń shığarmaları XIX ásirdiń aqırı hám XX ásir baslarında Evropada ádebiyat hám kórkem ónerdiń rawajlanıwına úlken tásir kórsetti. Freyd islegen ullı revolyuciyanıń áhmiyeti sonda, ol Dekarttıń insan haqqındağı túsiniklerin biykarlap, fenomenologiyalıq (ayrıqsha, siyrek) tásiri járdeminde sanasızlıqtı analizlew múmkinligin dálillep berdi. Psixoanaliz túsiniklerine muwapıq, sanasızlıq bilip-bolmas process dep túsindiriledi.

Tariyxıy rawajlanıwdıń dáwirli modeli, dúnya dinleri (budda, xristian, islam)niń barlıq xalıqlardı jaqınlastırıwshı hám birlestiriwshi bas faktor ekenligi ideyaları alğa súrildi.

Solay etip, shirkew hújdan erkinligi, diniy isenim erkinligi, barlıq dinlerdiń teńligi principlerine kónlige basladı.

Bir qatar jazıwshılar óz shığarmalarında teńiz hám okeanlar «iyesi», «quyashı heshqashan batpaytuğın» imperiya bolğan Britaniya imperiyasın kóklerge kóterdi. Olar «aq deneli adam» basqalardan ústin bolıp, «reńli» xalıqlar arasına mádeniyat alıp kiriwge tayar turadı, degen isenimdi alğa súrdi. Bul pikir inglis jazıwshısı *R. Kiplingtiń* «Oq tanli kishining burch anduhi» kitabında da ushıraydı.

**Muzıka**

Muzıka kórkem ónerinde realizm hám xalıqshıllıq dekadentlershe náziklikke hám quramalılıqqa qarsı gúreste rawajlandı. Bul dáwirde Myunxende avstriyalı shańarağında tuwılğan kompozitor *Rixard Shtraus* «Salomeya», «Elektra», «Gullar oshıg‘i», avstriyalı simfonist *Gustav Maler* «Qazo qilgan bolalar haqida qo‘shiq», «Bolaning sehrli shoxı» hám basqa shığarmaları menen húrmetke eristi.

R. Shtraus mocartsha operanı qaytadan tikledi. Onıń shığarmaları janlandırıwshı, insanıylığı, gózzalıqtı jırlawı menen ajıralıp turdı. *Betxoven* dástúrlerin *G. Maler* rawajlandırdı. Maler muzıka shığarmalarınıń sociallıq áhmiyetin kóklerge kóterdi, quramalı muzıkalıq temalar menen ápiwayı xalıq namalarınıń birlesiwine erise aldı. Rossiyalı kompozitor *A. M. Skryabin* muzı-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kada dáwirdiń ideya hám obrazların sáwlelendirdi. Kompozitor, pianinoshı hám dirijyor *S. V. Raxmaninov* bay namalarda Watan temasın romantikalıq pafos hám lirika menen ashıp berdi.

**Súwretlew óneri** Súwretlew ónerinde jańa ağımlar júzege keldi. Bul jańa ağımlardıń biri impressionizm (tásirler) edi. Bul ağımğa kirgen xudojnikler haqıyqatlıqtı, baqlawdan alğan tásirlerin sol turısında sáwlelendirdi.

*Eduard Mane*, *Klod Mone*, *Ogyust Renuar* hám *Kamil Pissaro* impressionizmniń eń talantlı wákilleri edi. Olardıń názik boyawlar úylesimliligi sáwlelengen shığarmalarında ómirge sheksiz muhabbat súwretlengen. Olar quyash nurların, keńislik hám ayqınlıqtı súwretlewdiń jańa texnikalıq quralların taptı. Biraq, olar insannıń ishki dúnyasın, onıń jámiyetlik turmıstağı ornın kórsetip beriwdi óz aldılarına maqset etip qoymağan edi.

Súwretshilikte real turmıstı tolıq barlığınsha sáwlelendirgen ağım da bar edi. Bunda *Pol Sezann*, *Pol Gogen* hám *Vinsent van Gog* miynet adamların ayrıqsha orınlarda súwretley aldı. Sebebi, olar jumısshılardıń azap-aqıretlerinen qattı tásirlendi.

Ataqlı qıtaylı xudojnik *Jen Bonyan* jipek gezlemege súwret salıwdıń qolaylı usılın jarattı. Ullı francuz skulptorı *O. Rodenniń* «Mutafakkir» shığarmasına qarap heshkim insannıń, dekadentler isendirmekshi bolğanınday, «joqarı» kúshler qolında oyınshıq ekenligine isenbeydi.

Ulıwma, juwmaqlap aytqanda, gumanitar ilimler, ádebiyat hám kórkem óner dáwirdiń talabına aylandı hám de hár qıylı ideologiyanıń qáliplesiwine xızmet etti.

***Gumanitar*** (francuzsha — insanıylıq tábiyat) — insan shaxsına, insan huqıqı hám máplerine tiyislilikti ańlatıwshı túsinik.
***Gumanitar pán*** — insan hám onıń turmısın, mádeniyatın úyreniwshi pánler (tariyx, filosofiya, til tanıw, ádebiyat h.t.b.)
***Evrocentrizm*** — barlıq mádeniyatlardı evropalastırıw ideyası.
***Individ*** — ayırım adam, shaxs.
***Psixoanaliz*** — avstriyalı shıpaker hám psixolog ilimpaz Z. Freyd tárepinen islengen nerv kesselliklerin emlew usılı. Freyd táliymatına muwapıq, insannıń psixologiyalıq ómiri tuwma, sanasız sezimlerge baylanıslı. Insandağı túrli ruwxıy keshirmeler, ámelge aspağan tilekler joğalıp ketpeydi. Olar sana sheńberinen shığıp, sanasızlıq jağdayğa ótedi hám insannıń



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ruwxıy turmısına aktiv tásir etedi. Bul jaǵday ashıwlanıwda payda boladı. Onı emlewdiń tiykarǵı usılı sezimlerdi ǵayrıtábiyiy jol menen qanaatlandırıw yamasa olardı basqa iskerlik tarawına (dóretiwshilik, siyasat, miynet hám t.b.) kóshiriw.
***Filosofiya*** — tábiyat, jámiyet hám oy-pikirdiń rawajlanıwınıń ulıwma nızamlılıqları haqqındaǵı pán.

1. Xalıq bilimlendiriwiniń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetken faktorlardı aytıp beriń.
2. Z. Freyd táliymatında qanday ideya ústin turǵan?
3. Koloniyalıqtı jaqlaǵan jazıwshılar óz pikirlerin qanday ideyalar menen tiykarlaǵan?
4. Súwretlew óneriniń ullı tulǵaları haqqında aytıp beriń.

1. Sol dáwirdegi xalıq bilimlendiriwi menen házirgi dáwirdegi xalıq bilimlendiriwin salıstırıń.
2. Ne ushın Shıǵısta Batıstaǵıday anıq ilimler rawajlanbadı? Bul tarada dinniń roli qanday? Túsindiriń.
3. Házirgi musılman áleminen qanday ullı alımlar shıqqanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar toplań.

## 41-§. Ádebiyat

**Kritikalıq realizm**

Bul dáwirde Evropa elleriniń mádeniy turmısında realistlik aǵım menen dekadentlik aǵım ortasında gúres háwij aldı. Xalıq dekadentlik ruwxında jazılǵan shıǵarmalardı qabıl etpedi. Nátiyjede, turmıstı anıq sáwlelendiretuǵın shıǵarmalarǵa talap kúsheydi. Realist jazıwshılar átiraptaǵı haqıyqatlıqtı qorıqpastan anıq kórsetiwge umtıldı. Sonıń ushın bul dáwir realizm yaki «kritikalıq realizm» dep ataldı. Bul dáwirde rus ádebiyatı ǵayratkerleri *F.M. Dostoevskiy*, *L. N. Tolstoy*, *A. P. Chexov* sırt ellerdegi zamanlasları ushın realistlik dóretiwshiliktiń jańa imkaniyatların ashıp berdi.

*Gi de Mopassan* óziniń «Turmıs», «Ázizim», «Mont-Oriol» h.b. shıǵarmaları menen francuz kórkem ádebiyat dúnyasında sociallıq máselelerdi sheberlik penen súwretledi.

Amerika jazıwshısı *J. Londonnıń* dóretiwshiligi radikal umtılıwları menen ajıralıp turadı. Onıń «Temir taban» romanında adamzat aldındaǵı apatshılıq yamasa qorqınıshlı azaplar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



F. M. Dostoevskiy

aldın ala aytıp berildi. Avtobiografiyalıq «Martin Iden» romanında hadal dóretiwshi xalıqtıń jasalma mádeniyat penen tragediyalıq soqlıǵısıwın ashıp berdi.

Bul dáwirde satira úlken ahmiyetke iye boldı. Nemis jazıwshısı yumorist *G. Manniń* «Sadıq puqara» romanı hám «Imperiya» trilogiyasına kirgen shıǵarmaları júdá úlken áshkaralawshı kúsh retinde ayqın kórinedi. Onıń betlerinde kóplegen korol hám kanclerlerdi, aqsúyek hám hámeldarlardı, xalıqqa qıyanet islegenlerdi, wálayatlardan shıqqan aq súyeklerdi, hátte imperator Vilgelm II ni kóriw múmkin.

Sol dáwir dúzimin áshkaralawdıń belgili ustası, ataqlı francuz jazıwshısı *A. Frans* edi. Onıń «Silvester Bonnardıń jınayatı» shıǵarmasında «Úshinshi Respublika»nıń illetleri, ústem toparlardıń ruwxıy buzılıwı, siyasat iskerleriniń satqınlıǵı, monarxlardıń til biriktiriwleri keskin sınǵa alındı. Ataqlı amerikalı satirik jazıwshı *M. Tvenniń* romanları, gúrrińleri, maqalaları ashshı hám kúshli satiraǵa bay. «Sudsız jazalawshı Qurama Shtatlar» maqalasınıń atı yaki «Senator tyurmada otırmaǵan waqıtlarında nızam shıǵarıwshı adam», «Xalıq xızmetkerleri—paranı bólisiw ushın óz lawazımlarına saylanǵan adamlar» degen ótkir súwretlewlerdiń ózi qımbatlı edi.

Hind gumanist jazıwshısı *R. Tagor* filosofiyalıq tereńligi hám kórkemlik jaqtan jetiliskenligi menen ajıralatuǵın roman, pyesa, gúrriń hám qosıqları menen dúnyaga belgili boldı. Onıń dóretpeleri milliy ǵárezsizlikke jalınlı shaqırıqlardan ibarat edi. Ásirese, «Qıyralıw hám búlginshilik» romanı keń taraldı. Qıtaylı *Lu Sinniń* dóretpesinde gedeylerdiń awır awhalın súwretledi.

**Demokratiyalıq ádebiyat**

Demokratiyalıq ádebiyat wákiller teńlik hám ádalatlıq principleriniń jeńiske erisiwine, insannıń dóretiwshilik kúshlerine, onıń dúnyanı ózgerte alatuǵınına isenetuǵın edi. Olardan amerikalı jazıwshı *G. Bicher-Stou* edi. Onıń «Tom aǵanıń ılashıǵı» romanı jáhán ádebiyatınıń bahalı shıǵarmalarınan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Rabindranat Tagor**

boldı. Romanda XIX ásir Amerika qulları hám qul iyeleriniń turmısı, olar arasındaǵı qarama-qarsılıq, qulshılıqqa qarsı negrler kóterilisi anıq súwretlengen. Onıń «Men hám meniń hayalım», «Biz hám qońsılarımız» shıǵarmalarında Amerika turmısı anıq súwretlengen.

*Jek London*nıń tábiyattı boysındırǵan qaharman haqqındaǵı «Ómirge muhabbat», jumısshısı hám diyqanlar turmısına arlanǵan «Bir bólek gósh», «Teńiz qasqırı» hám basqa shıǵarmaları belgili.

Inglis dramaturgi *Bernard Shou* miynetlerinde ekspluataciyanı, meshanlıqtı, ádepsizliklerdi, júzegóylikti qaralaǵan. «Qariyalar úyinde», «Korol hám insan», «Shaytannıń shákirti», «Mayor Barbara» shıǵarmalarında jámiyettegi kemshiliklerdi áshkaralaw, sociallıq rawajlanıwǵa, ádalatqa xızmet etiwshi kúshlerdi zorlıqqa qarsı qoyıw ideyaları alǵa qoyıldı.

Francuz shayırı *Viktor Gyugo* óziniń «Qorqınıshlı jıl», «Qorlanǵanlar», «Toqsan úshinshi jıl» shıǵarmalarında zulımlıqqa, ádalatsızlıqqa qarsı narazılıq, basqınshılıqqa ǵázep, gúresshеń xalıqqa tilekleslik bildiredi hám qorlanǵan miynetkesh insannıń qayǵılı turmısı hám gúresin súwretleydi. Francuz jazıwshısı *Jyul Vern* ilimiy-fantastikalıq romanshılıqtıń belgili wákili. Jazıwshı «Hawa sharında bes hápte», «Jer orayına sayahat», «Kapitan Grant balaları», «On bes jaslı kapitan» shıǵarmalarınıń qaharmanları batır, márt, gúresiwshi adamlar bolıp esaplanadı.

Rus jazıwshısı *L. N. Tolstoy* ómiriniń sońǵı jıllarında patsha Rossiyasınıń mámleket, shirkew, ekonomikalıq hám jámiyetlik tártiplerin, ádepsizliklerdi sınǵa aldı. *A. P. Chexov* «Úsh apasińli», «Shiye baǵı» pyesalarında sociallıq máselelerdi ulıwmalastırıwǵa eristi.

Bul dáwirde yaponiyalı jazıwshı Roka Tokutomidiń «Kurosivo», «Jasamaǵan jaqsı», Naoe Kinositonıń «Jalınlı ústin» romanları feodallıq qaldıqlarǵa qarsı, milliy úrp-ádetlerdi saqlawǵa, sırt ellerdiń ruwxıy tásirine qarsı qaratılǵan edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Naturalizm** Naturalizm ádebiyattı kórkemlik jańalawda burılıs jasadı. Sol dáwirdiń turmısın ótkir kórkem boyawlarda súwretlegen bir topar kórkem óner xızmetkerleri ózlerin naturalistler dep atadı. Olardan biri francuz jazıwshısı *Emil Zolya* Franciyadağı barlıq klaslar hám sociallıq toparlardıń poziciyaların, turmıs dárejesin hám psixologiyasın kórsetiwdi aldına maqset etip qoydı. Onıń 20 tomlıq «Rugon-Makkarlar» shığarması Ekinshi imperiya dáwirindegi bir shańaraqtıń turmısı hám jámiyetlik tariyxına arnaldı. «Jerminal» hám «Qıyralıw» romanları onıń dóretpesiniń shıńı bolıp esaplanadı.

Italiyada naturalizim wákillerinen *Luidji Kapuana* hám *Jovanni Vega*lardı kórsetiw múmkin. Olar óz shığarmalarında Qubla Italiyadağı kámbağalshılıqtı, oğan qarsı gúresiwshilerdi kórkem sheberlik penen súwretledi. Amerika naturalistlerinen *Stiven Kreyn* «Mártliktiń qanlı belgisi», *Frenk Norris* «Girdap» shığarmalarında úlken sociallıq máselelerdi kóterip shıqtı.

Bul dáwirde dekadentlik ağımı da biraz rawajlandı. Evropa mámleketlerinde xalıqlardıń ruwxıy turmısındağı túskinlikti úmitsizlikti qálemge alğan jazıwshılardıń shığarmaları payda boldı hám tárbiyanı jaqsılaw ideyaları alğa súrdi. Olardıń wákilleri *P. Verlen, A. Ralebo, S. Mallorme* hám basqalar edi.

***Demokratiyalıq ádebiyat*** — ústem qatlamlar mápine emes, xalıq mápine xızmet etiwshi, adamlardı keleshekke isenimli ruwxta tárbiyalawshı, haqıyqatlıqtı anıq sáwlelendiriwshi ádebiyat.
***Meshan*** — Rossiyada revolyuciyağa shekem qala xalqınıń túrli taypaları — mayda sawdagerler, ónermentler hám sol sıyaqlılar.
***Dekadentlik*** (latınsha — túskinlik) — Evropa mádeniyatında krizis jağdayın ulıwma tárizde kórsetiwshi túsinik. Túskinlikke bet burıw, úmitsizlik keypi, ómirden beziwdi súwretlewshi ağım.

1. Kritikalıq realizm ádebiyatı qalay júzege keldi?
2. Demokratiyalıq ádebiyattıń ózine tán ózgesheligin kórsetiń.
3. Ádebiyattağı naturalizm hám dekadentlik, kritikalıq realizm ağımların salıstırıń.
4. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında jáhán ádebiyatınıń ullı ğayratkerleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?

1. Joqarıda atları tilge alıngan jazıwshılardıń qaysı shığarmaların oqığansız? Bul haqqında shığarma jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Qosımsha*

(Karta kishreytirilgen súwret halatında berilgen.)




**XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Latın Amerikası mámleketleri.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Rus–yapon urısı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ


Kirisiw........................................................................................................ 3

*I bólim*

**JÁHÁN XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ — XX ÁSIR BASLARÍNDA**

*I bap.* **DÚNYANÍŃ SOCIAL-EKONOMIKALÍQ HÁM SIYASIY KÓRINISI**

1-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında kapitalizmniń rawajlanıwında júz bergen túpkilikli ózgerisler ........................................ 4
2-§. Industrial civilizaciya........................................................................... 11

*II bólim*

**EVROPA HÁM AMERIKA MÁMLEKETLERI**

*II bap.* **BATÍS EVROPA MÁMLEKETLERI XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ HÁM XX ÁSIRDIŃ BASLARINDA**

3-§. Franciya-Prussiya urısı hám onıń juwmaqları.................................................16
4-§. Franciyada Úshinshi Respublika hám 1871-jıl 18-mart mámleket awdarıspağı.........................................................................18
5-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Franciyada ekonomikalıq hám siyasiy turmıs...............................................21
6-§. Franciyanıń ishki siyasatı.......................................................................... 23
7-§. Franciyanıń sırtqı siyasatı ..........................................................................27
8-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Germaniya. Imperiyanıń dúziliwi.................................................................. 30
9-§. Imperiyanıń ishki siyasatı ........................................................................... 33
10-§. Imperiyanıń sırtqı siyasatı.......................................................................... 35
11-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Ullı Britaniyanıń siyasiy hám ekonomikalıq awhalı ...............................39
12-§. Ullı Britaniyanıń ishki siyasatı ................................................................42
13-§. Ullı Britaniyanıń sırtqı siyasatı................................................................ 45

*III bap.* **XIX ÁSIR AQÍRÍ — XX ÁSIR BASLARÍNDA AMERIKA MÁMLEKETLERI**

14-§. Amerika Qurama Shtatları .........................................................................49
15-§. AQSHtıń ishki siyasatı............................................................................ 52
16-§. AQSHtıń sırtqı siyasatı.............................................................................. 55
17-§. XIX ásirdiń aqırı, XX ásirdiń baslarında Latın Amerikası mámleketleri ......................................................59
18-§. Latın Amerikasınıń basqa mámleketleri .................................................. 63

*IV bap.* **XIX ÁSIR AQÍRÍ — XX ÁSIR BASLARÍNDA ROSSIYA IMPERIYASÍ HÁM QUBLA-SHÍĞÍS EVROPA MÁMLEKETLERI**

19-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında patsha Rossiyasınıń sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq awhalı ...............................66
20-§. Rossiya Imperiyasınıń sırtqı siyasatı .........................................................69
21-§. Rossiyada Mámleket dumasınıń dúziliwi .................................................73




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

22-§. XIX ásir aqırı — XX ásir baslarında Avstriya-Vengriya imperiyası ........ 76
23-§. Avstriya-Vengriya imperiyasınıń sırtqı siyasatı ........ 80
24-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarındağı Italiya ........ 83
25-§. XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Balkan mámleketleri ........ 86

## *III bólim*
## AZIYA HÁM AFRIKA MÁMLEKETLERI

### *V bap.* XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ — XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA AZIYA MÁMLEKETLERI

26-§. XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında Yaponiya ........ 90
27-§. XIX ásirdiń aqırında Qıtay ........ 94
28-§. XX ásirdiń baslarında Qıtaydıń social-ekonomikalıq hám siyasiy awhalı ........ 97
29-§. XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Hindstan ........ 101
30-§. XIX ásirdiń aqırı — XX ásirdiń baslarında Iran ........ 105
31-§. XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Awǵanstan ........ 108
32-§. XIX ásirdiń aqırı—XX ásirdiń baslarında Osmaniyler mámleketi ........ 112

### *VI bap.* XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ — XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA AFRIKA MÁMLEKETLERI

33-§. Arqa Afrika mámleketleri ........ 116
34-§. Tropikalıq hám Qubla Afrika mámleketleri ........ 120

### *VII bap.* 1914—1918-JILLARDAĞÍ BIRINSHI JÁHÁN URÍSÍ

35-§. Birinshi jáhán urısınıń baslanıwı hám barısı ........ 125
36-§. 1916—1917-jıllardağı urıs háreketleri ........ 130
37-§. Birinshi jáhán urısınıń juwmaqları hám aqıbetleri ........ 132

## *IV bólim*
## ILIM HÁM MÁDENIYAT

### *VIII bap.* XIX ÁSIRDIŃ AQÍRÍ—XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA ILIM HÁM MÁDENIYATTÍŃ RAWAJLANÍWÍ

38-§. Materiallıq óndiriste texnika hám ilimniń rawajlanıwı ........ 137
39-§. Anıq hám tábiyiy pánlerdiń rawajlanıwı ........ 141
40-§. Xalıq bilimlendiriw. Gumanitar pánler. Kórkem óner ........ 146
41-§. Ádebiyat ........ 150



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

63.3(0) ya 72
J 60

**Jáhán tariyxı, 9.** Ulıwma orta bilim mekteplerinıń 9-klası ushın sabaqlıq /M. Lafasov hám basq. Qayta islengen hám tolıqtırılǵan 4-basılım. — T: «O'qituvchi» BPDÚ, 2019. — 160 b.

**UO'K: 94(100)(075.3)**
ISBN 978-9943-22-401-8 **KBK 63.3(0) ya 72**

**MOYLI FOZILOVICH LAFASOV**
**USMON TOSHPO'LATOVICH JO'RAYEV**
**ESHQOBIL XOLIQOVICH XOLIQOV**
**DILOROM QODIROVA**

# JAHON TARIXI

**Ta'lim qoraqalpoq tilida olib boriladigan maktablarning 9-sinfi uchun darslik**

Qayta ishlangan va to'ldirilgan 4-nashri

*„O'qituvchi“ nashriyot-matbaa ijodiy uyi*
*Toshkent – 2019*

Awdarmashılar *O. Baylepesov, S. Baynazarova*
Redaktor *S. Baynazarova*
Xud.redaktor *I. Serjanov*
Tex. redaktor *B. Turımbetov*
Operator *N. Qaypbergenova*

Baspa licenziyasi AI№ 012 20.07.2018. Original maketten basıwǵa ruqsat etildi 06.07. 2019. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. Kegli 12. «Times KRKP» garniturası. Ofset baspa usılında basıldı. 11,70 shártli b.t. 9,7 esap b.t. Nusqası 11 915 nusxa. Buyırtpa №

Original-maket Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń «Bilim» baspasında tayarlandı.
230103, Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

**Elektron mánzil:** bilim.baspa@inbox.uz

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń «O'qituvchi» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi.
Tashkent — 206, Yangishahar kóshesi, 1-úy. Shartnama № 32-19

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| T/n | Oqıwshı-nıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaq-lıqtıń alınǵan-daǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegishe bahalawǵa muwapıq toltırıladı**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| Qanaatlanarlıq | Muqaba jazılǵan, bir qansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandır-maydı | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsızlıq ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE